4

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ИЮЛЬ • 2022 • АВГУСТ

4



ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2022

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2022

# Псалъащхьэхэр

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 ирокъу

ЛIэщIыгъуэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэ.......... 3
Республикэм и унафэщIу щытахэр.......... 14
Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэпыщIэныгъэр къыщежьар.......... 22
Тхыдэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд Идархэ я лIакъуэм щыщхэр.......... 27
Егъэджэныгъэ Iуэхум и къежьапIэмрэ зэрызиужьамрэ.......... 32
Налшык къалащхьэу щыIэм я нэхъ дахэщ.......... 35
Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэр.......... 43
Совет Союзым и ЛIыхъужьхэр.......... 46
Хэкум и зыужьыныгъэм псэемыблэжу хуэлэжьахэр.......... 51
**КIыщокъуэ Алим.** Кхъужьей къудамэ. *Усэ*.......... 81
**Кулиев Къайсын.** ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ! *Усэ*.......... 83
**Бицу Анатолэ.** Iэзагъэ. *Усэ*.......... 85
**Балъкъэр Фоусэт.** Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу... *Усэ*.......... 89
**Зумакуловэ Танзиля.** Си щIылъэ, фIыуэ узолъагъу. *Усэ*.......... 91
Театр гъуазджэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэр.......... 93
Ди Олимп чемпионхэр.......... 95
ЩIыналъэм и юбилейхэр зэрагъэлъэпIар.......... 97

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭР – НОБЭ

Iуэху щIэкIэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ.......... 101
Махуэшхуэм дызэрыIущIэр.......... 104

## Прозэ

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Удз гъэгъам дэгъуэжхэр. *Рассказ*.......... 111

## Усыгъэ

**Гугъуэт Заремэ.** *Усэхэр*.......... 123

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Бицу Анатолэ и усыгъэр: зытеухуамрэ зэрыухуамрэ.......... 138

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Адыгэу укъалъхуныр насыпщ.......... 149

## Сабийхэм папщIэ

**Осеевэ Валентинэ.** *Рассказхэр*.......... 153

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз.......... 158

# ЛIЭЩIЫГЪУЭ ЗИ КIЫХЬАГЪ ГЪУЭГУАНЭ

БлэкIар и гъуазэрэ къэкIуэнур и плъапIэу псэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм я къулеигъэ нэхъыщхьэр илъэсищэ гъуэгуанэ къызэзынэкIа и хэку дахэрщ. ИIэ фIыр игъэбагъуэрэ зыхуэныкъуэр зэригъэпщу зы лIэщIыгъуэкIэ къэгъуэгурыкIуа республикэм тхыдэ къулей икIи гъэщIэгъуэн иIэщ. ЛъэхъэнэкIэ зэпыбудми, илъэс бжыгъэкIэ къэппщытэжми, фIым хуэмыпабгъэу, зыужьыныгъэм и лъагъуэм темыту зы махуи къыхуихуакъым. Пэжщ, куэд ягъэващ ди япэ итахэм, лъэпощхьэпо мымащIи къызэранэкIащ, иджы псэу дэри ди нэгу щIэкIа теплъэгъуэ шынагъуэхэр ди зэманым къыщыхъуащ.

Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхухэм я гур зэи кIуэдакъым, Iейр зыщагъэгъупщэрэ фIыр я нэщэнэу псэуа мыхъумэ. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэмрэ къарумрэ къытхэзылъхьэр ди япэ итахэрщ, ди лъахэр зыухуахэрщ, хэкур езыгъэфIэкIуахэрщ, нобэрей дуней дахэр къытхузэзыгъэпэщахэрщ. Ипэ дыдэм къыщыщIэддзэрэ дэфтэрхэм къытхуаIуэтэжхэр и лъабжьэу илъэсищэм дриплъэжмэ, гъэщIэгъуэн куэд къэтщIэнущ.

Зи гугъу сщIы дэфтэрхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 1917 гъэм екIуэкIа революцэ зэщIэхъееныгъэхэм яужькIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я пащхьэ къиува къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ я къэрал ухуэныгъэм и Iуэху зэрахуэныр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм теухуат а илъэсым къызэрагъэпэщауэ щыта, Бгырыс лъэпкъхэм я I съездыр. Абы щаубзыхуат Кавказым и бгырыс зэкъуэтхэм я зэгухьэныгъэ икIи ар лъэпкъ-политикэ Iыхьэ щхьэхуэу къыщалъытащ, и Комитет Нэхъыщхьэмрэ гъэзэщIакIуэ органымрэ иIэжу. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ къабгъэдэкIыу а Комитетым хагъэхьащ уэчылхэу Куэцэ Пщымахуэрэ Шаханов Басиятрэ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и январым къащтауэ щытащ «ГуащIэрыпсэухэм я хуитыныгъэм и декларацэр». Абы ипкъ иткIэ Урысейр федеративнэ ухуэкIэм хуэкIуащ. Абы щыгъуэ ди къэралым фIащащ Урысей Советскэ Федеративнэ Социалистическэ Республикэ (РСФСР), и япэ Конституцэу 1918 гъэм октябрым и 7-м къащтар и гъащIэ хабзэ нэхъыщхьэу. А зэман дыдэм Кировымрэ Орджоникидзерэ къыхалъхьауэ щытащ бгырыс лъэпкъхэр Тэрч автономнэ областу зэхыхьэну. Абы ехьэлIа унафэр къыщащтащ Тэрч областым щыпсэу лъэпкъхэм я съезду 1920 гъэм ноябрым и 17 – 18-хэм екIуэкIам. Апхуэдэу къэхъуащ Автономнэ Горскэ Советскэ Социалистическэ Республикэр. МазитI дэкIри, РСФСР-м и ВЦИК-м ар хабзэ лъабжьэ зиIэ къэрал къэунэхуныгъэу къилъытащ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ лъэпкъ щIыналъэ щхьэхуэу хыхьащ а республикэм. Ар лъэпкъ-къэралыгъуэ ухуэныгъэм и япэ лъэбакъуэт.

1921 гъэм майм и 21-м Къэбэрдей окружной исполкомымрэ парткомымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт Къэбэрдейр Горскэ республикэм къыхэкIыжу езым и къэралыгъуэ иухуэжыныр. Апхуэдэ Iуэхум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэу къалъытэрт, япэрауэ, щIыналъэм иIэ хуитыныгъэхэр къызэремэщIэкIыр, етIуанэрауэ, Урысей унафэщIхэм езым пыщIэныгъэ яхуиIэжмэ зэрынэхъ фIэкъабылыр. Апхуэдэу щIыпIэм игъуэта зыужьыныгъэми къигъэувырт къэрал ухуэныгъэ нэхъ лъагэ иIэну. Абы теухуауэ Сталинымрэ Къалмыкъ БетIалрэ телефонкIэ щы-

зэпсалъэм жаIам щыщ Iыхьэ щахъумэ архивым. Абы итщ: «Кавбюром къыбгъэдэкI унафэу къэфлъытэ хъунущ Къэбэрдейр Автономнэ область щхьэхуэ хъуныр РСФСР-м и дежкIэ политикэ икIи хозяйственнэ екъулIэныгъэ къызыпэкIуэну Iуэхугъуэу зэрыщытыр, – къыхигъэщащ Сталиным. – Къэбэрдейр Горскэ Республикэм къызэрыхэкIыжым къикIыркъым а республикэр щэщэжу. Ар дяпэкIи республикэу къанэ хъунущ, сыту жыпIэмэ Къэбэрдейм нэмыщI абы иджыри къыхонэ цIыху мелуаным нэс зыщыпсэу щIыпIэ зэхуэмыдэхэр...».

Ди къэралыгъуэр зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум ехьэлIа унафэ къыщащтат окрпарткомым и зэIущIэми. Абы зэритымкIэ, Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэр политикэ, экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ хуэхьэзырщ Урысей Федерацэм и зы Iыхьэ хъуфыну. Абы къыхэкIкIэ окрпарткомым къигъэуващ а Iуэхур Советхэм я съезду июнь мазэм екIуэкIынум щызэфIахын хуейуэ.

Апхуэдэуи хъуащ. Къэбэрдейм и Советхэм я IV съезду 1921 гъэм и июным и 11 – 13-хэм щыIам Iэтауэ щытепсэлъыхьащ а Iуэхум. Абы кърихьэлIа делегати 140-м щыщу 94-р адыгэт, 39-р урыст, 7-р нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщт. Къэбэрдейм къэралыгъуэ иIэным теухуауэ зэIущIэшхуэм и утыкум цIыху 20 къыщыпсэлъащ. Къатхъэн Назир, Абазэ Данил сымэ жаIэрт Къэбэрдейм иухуэн хуейр мыобласту, атIэ республикэу, арщхьэкIэ ар иджыри пасэIуэу къыщалъытащ зэхуэсым икIи Къэбэрдейр автономнэ область щхьэхуэу Горскэ республикэм къыхэкIыныр игъуэ дыдэу, ар цIыхубэ лъэIуу зэрыщытыр жаIащ.

А лъэхъэнэм Налшык зыгъэпсэхуакIуэ щыIэт Сталиныр. Абы съездым къыхуигъэхьа письмом итт: «Къуэш сэлам гуапэ фызох съездым кърихьэлIа делегатхэм. Си узыр къызэрыхъеям къыхэкIкIэ, фи лэжьыгъэм сыхэтыну Iэмал сиIэкъым, ауэ сэ гурэ псэкIэ сыфщIыгъущ икIи хуабжьу си гуапэщ Къэбэрдей щIыналъэ цIыкIур Урысейм и зы автономнэ Iыхьэ хъуну зэрыхущIэкъур. Лэжьыгъэ купщIафIэ фиIэну, хозяйственнэ IэнатIэхэм екъулIэныгъэ щызыIэрывгъэхьэну сынывохъуэхъу. Сталин И.В.».

Къэрал унафэщIым и апхуэдэ дэIыгъыныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэт ди щIыналъэм и дежкIэ. Абыи и лъэр нэхъри жан ищIауэ, Къэбэрдейм и Советхэм я IV съездым унафэ ищIащ РСФСР-мрэ ГССР-мрэ я пашэхэм Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэм къабгъэдэкI лъэIукIэ – Къэбэрдейр автономнэ область ящIыну – зыхуагъэзэну, а Iуэхум теухуа доклад шэщIа абыхэм я пащхьэ илъхьэн хуейуэ. Апхуэдэ унафэр тэмэму икIи игъуэу къызэрилъытэмкIэ резолюцэ къищтащ РКП (б)-м и Налшык къалэ зэгухьэныгъэм и зэхуэсми.

Апхуэдэ дэфтэрхэр хуагъэхьэзырат 1921 гъэм июлым и 3-м екIуэкIыну РКП (б)-м и ЦК-м и Кавбюром и Пленумым. Абы хэтащ Кировымрэ Орджоникидзерэ. Къэбэрдеймрэ Горскэ республикэмрэ я лIыкIуэхэм ящIа докладхэм тепсэлъыхьа нэужь, пленумым унафэ ищIащ Къэбэрдейр Горскэ республикэм къыхэкIыну. Унафэм итт: «РКП (б)-м и ЦК-м и Кавбюром, Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэм я лъэIур, Къэбэрдейм и окрисполкомым, окрпарткомым, Къэбэрдейм и депутатхэм я съездым, РКП (б)-м и Налшык къалэ зэгухьэныгъэм къыщащта дэфтэрхэр и лъабжьэу, къелъытэ Къэбэрдейр Горскэ республикэм залымыгъэкIэ хэгъэтыныр къемызэгъыу».

Къэбэрдейм и автономием ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ВЦИК-м щытепсэлъыхьын мурадкIэ, 1921 гъэм августым и 8-м Москва кIуащ Къэ-

бэрдейм и лIыкIуэ гуп, Къалмыкъ БетIал я пашэу. ВЦИК-м и Президиумым 1921 гъэм сентябрым и 1-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей автономнэ областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ:

«1. Автономнэ Горскэ Советскэ Социалистическэ Республикэм РСФСР-м пыщIэныгъэ хузиIэ къэбэрдей лъэпкъым и автономнэ областыр къыхэгъэщхьэхукIын, мыпхуэдэ щIыналъэхэр, абыхэм къепха я мэзхэри хъупIэхэри я гъусэу:

а) Бахъсэн щIыналъэ – къуажэхэр: Каменномост, Сэрмакъ, Ашэбей Ипщэ, Ашэбей Ищхъэрэ, Зеикъуэ, Къызбрун I, Куба, Шэрихьэт, Къэрэгъэш, Къызбрун III, Алътуд, Ших-Измайловскэ, Кыщпэк, Старэ Крепость, Къызбрун II, Къулъкъужын Ипщэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Дзэлыкъуэкъуажэ, Бахъсэн, Крем-Константиновскэ, Черниговскэ къутыр, Матвеевкэ къутыр, Николаевскэ 2-нэ къутыр, Петропавловскэ;

б) Налшык щIыналъэ – къуажэхэр: Налшык къалэ, Ново-Полтавскэ, Лашынкъей, Шэджэм I, Шэджэм II, Щхьэлыкъуэ, Нартан, Кэнжэ, Ново-Ивановскэ, Баксано-Курскэ, Вольнэ, Александровскэ лъэхъуэщыр;

в) Аруан щIыналъэ – къуажэхэр: Старэ Шэрэдж, Аруан, Псыгуэнсу, Жэмтхьэлэ, Къэхъун, Аушыджэр, Старэ Урыху, Старэ Лэскэн, Лэскэн II, Урыху, Шэрэдж Ищхъэрэ, Аргудан, Пришибскэ, Котляревскэ, Александровскэ;



г) Къэбэрдей цIыкIу щIыналъэ – къуажэхэр: Плановскэ, Курп Ипщэ, Дей, ХьэпцIей, Курп Ищхъэрэ, Арыкъ, Акъбащ, Неурожайнэ, Терскэ, Кизлярскэ, Гнаденбург, Раздольнэ, Сухотскэ къутыр.

Къэбэрдей автономнэ областым и Советхэм я I съездыр екIуэкIыхукIэ, властыр IэщIэлъщ Революцэ комитетым. Абы и къалэнщ областым и Советхэм я I съездыр икIэщIыпIэкIэ зэхуишэсыну. А съездым хихынущ губерние исполкомым и хуитыныгъэхэр зиIэ ГъэзэщIакIуэ комитет.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ наркомымрэ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ наркомымрэ я пщэ илъщ Автономнэ Къэбэрдей областым и гъунапкъэхэр щаубзыхукIэ сэтей къэхъу Iуэхугъуэхэр ягъэзэкIуэжыну.

Автономнэ Горскэ Советскэ Социалистическэ Республикэм къыхэкIыу Автономнэ Къэбэрдей областым хыхьа щIыпIэхэм я унафэр зэIэпыхыныр 1921 гъэм октябрым и 1 пщIондэ зэфIэгъэкIын».

А гъэ дыдэм и ноябрь мазэм Къэбэрдей Советхэм я съезд екIуэкIам Къэбэрдей Советскэ автономнэ областым и щыIэныгъэр нэсу къызэригъэпэщащ. А зэхуэсым кърихьэлIа лIыщхьэхэм ящыщщ ВЦИК-мрэ РКП (б)-м и ЦК-мрэ хэт, Кавказ Ищхъэрэ дзэ щIыналъэм и командующэ Ворошиловыр, Езанэ шуудзэм и командующэ Будёный, Кавказ Ищхъэрэ дзэ щIыналъэм и Дзэ советым хэт Бубнов, Тэрч областым и дзэ комиссар Белянкович.

РСФСР-м и ВЦИК-м деж щылажьэ Къэбэрдей представительствэ декабрым и 15-м къызэрагъэпэщащ. Абы и къалэнт Къэбэрдейм и экономикэмрэ политикэмрэ епха Iуэхухэр къэрал къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэхэм щыдигъэкIыну, щиубзыхуну.

КъэунэхуагъащIэ областым и Iуэхухэр тэмэму зэтеублэныр гугъуехь куэд зыпылъ лэжьыгъэ инт. Абы сыткIи зыкъыщIигъэкъуащ къэралым. Ди архивым хэлъ дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, а зэманым зэхэкъутарэ зи цIыхухэри мэжэщIалIэу щыта Урысейм

хуабжьу зыкъытщIигъэкъуащ, ди Къэбэрдей къэралыгъуэр лъэ быдэкIэ увын папщIэ. 1921 гъэм сентябрым и 2-м Лениным Iэ щIидзауэ щытащ ди щIыналъэм ахъшэ сом мелуани 5 къызэрыхуаутIыпщыр зэрыт унафэм. Апхуэдэу Къэбэрдейм зэман кIэщIым къриубыдэу къыIэрыхьащ промышленнэ оборудованэхэр, мэкъумэш техникэ, жылапхъэхэр, цIыхубэр зыхуеину хьэпшып зэхуэмыдэхэр.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и пэщIэдзэм балъкъэр лъэпкъри лъэIуащ Горскэ республикэм къыхэкIыну. 1922 гъэм январым и 16-м РСФСР-м и ВЦИК-м диIыгъащ балъкъэрхэм я лъэIур икIи РСФСР-м хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыр къызэрызэрагъэпэщымкIэ декрет къищтащ. А унафэр занщIэу гъэзэщIа хъуакъым, сыту жыпIэмэ лъэпкъитIым я зэгухьэныгъэм и мардэхэмкIэ щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэртэкъыми. Абы ехьэлIауэ зы гупсысэм щыхуэкIуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Советхэм я I съезду 1922 гъэм декабрым и 6-м екIуэкIаращ.

Къэбэрдей, балъкъэр лъэпкъхэм я дежкIэ тхыдэ мыхьэнэшхуэ иIэт къэралыгъуэ зэрагъуэтам. Къэралым и кIуэцIкIэ щагъуэта увыпIэмрэ гулъытэмрэ нэхъри къаIэтат цIыхубэм яхэлъ жыджэрагъыр, абыхэм я къарури зэфIэкIри гъащIэщIэр ухуэным адэкIи хуиунэтIат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Советхэм я I съездым хэтахэм къабгъэдэкIыу Лениным хуагъэхьа хъуэхъу тхылъым итт Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр цIыкIуми, РСФСР-м и экономикэм, щэнхабзэм зауужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIыфын Iыхьэ ину къызэрыщIэкIынумкIэ псалъэ быдэ зэратыр.

УзэплъэкIыжмэ, къыжыIапхъэщ ди республикэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр гугъуехьышхуэхэмкIэ, ехъулIэныгъэ лъагэхэмкIэ, социально-экономикэ текIуэныгъэ инхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ зы автономиеу зэрызэгухьам Iэмал къитащ щIыналъитIми я экономикэ лъэщагъыр, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр зэуIуу къэгъэсэбэпынымкIэ, псом ящхьэжыращи, лъэпкъитIым я цIыхубэр гъащIэщIэр ухуэным зэгъусэу, я дамэпкъ зэгъэкъуауэ яужь ихьащ.

1922 – 1925 гъэхэм хэхауэ дриплъэнщи, ди щIыналъэм къэралыгъуэ щигъуэта а япэ илъэсиплIыр зы лIэщIыгъуэ псо ирикъуу къыпщохъу. Гур хохъуэ, ахэр къэзыIуатэ дэфтэрхэм уащыхэплъэкIэ.

Зауужьырт щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, лъэпкъ литературэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм. 1922 гъэм Налшык къыщызэIуахащ мэкъумэш IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ техникум. ИужькIэ къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэр, къызэIуахащ совпарт школ, Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу, педтехникум. Долинск лэжьэн щыщIидзащ цIыхуи 100-м зэуэ зыщагъэпсэхуфыну санаторэ. Налшыки областым и нэгъуэщI щIыпIэхэми жылагъуэ зэгухьэныгъэм зыщауужьырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзылъхугъэхэм я I съезд, партымрэ комсомолымрэ я конференцхэр екIуэкIащ, япэ пионер гупхэр къэунэхуащ, егъэджакIуэхэм, Iэщыхъуэхэм я совещанэ инхэр къызэрагъэпэщащ, бгырыс бзылъхугъэхэм я япэ клуб къызэIуахащ.

1923 гъэм Налшык къыщыдэкIащ адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр, иужькIэ яубзыхуащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я тхыбзэр, адыгэбзэм, балъкъэрыбзэм я алыфбейхэр къыдэкIащ.

Спортымрэ физкультурэмри зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. 1923 гъэм Налшык япэу щекIуэкIащ «Физ-

культурникым и махуэр». КъыкIэлъыкIуэ илъэсым абы къыщызэрагъэпэщащ япэ областной спорт олимпиадэ. ФизкультурэмкIэ иIэ зыужьыныгъэхэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и облсоветым Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым къыбгъэдэкI саугъэт 1925 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ.

ЩIыналъэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм тепсэлъыхьырт 1922 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс зыбжанэкIэ къыдэкIа «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я къэщIэрэщIэжыныгъэ» политико-экономикэ икIи литературэ журналыр.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, ди лъахэр зыужьыныгъэм и гъуэгум техьащ. ПсэукIэщIэм хуэжыджэрти, цIыхубэр абы телажьэрт жэщ-махуэ ямыIэу. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ щыухуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ Къалмыкъ БетIал, Энеев Магомед, Къатхъэн Назир сымэ зи пашэ большевикхэмрэ абыхэм я дарэгъухэмрэ.



30 гъэхэм увыпIэшхуэ щаубыд Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм. А лъэхъэнэм ди щIыналъэм мэкъумэшым ехьэлIа и IэнатIэхэм зэдэууэ заужьырт, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр дэнэ лъэныкъуэкIи щызэщIэплъэрт. Псалъэм папщIэ, колхозхэтхэм я япэ союзпсо зэхуэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр къэралым щыпашэ областихым яхэту къыщраIуат. Ди щIыналъэр лэжьакIэ пэрытым и еджапIэ хъуат. 1934 гъэм япэ дыдэу Ленин орденыр зратахэм ди хэгъэгур ящыщщ. А дамыгъэ лъапIэр къыпэкIуащ колхозхэр къызэгъэпэщыным, гъэбэгъуэным хуэунэтIауэ щIыналъэм къыщызэщIэрыуа ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэм. Ди Iэщыхъуэрэ гъавэгъэкIыу мин 17,7-м щIигъур лэжьыгъэм щыпашэт.

1935 гъэм ноябрым и 4-м Кавказ Ищхъэрэ крайисполкомымрэ ВКП (б)-м и Кавказ Ищхъэрэ крайкомымрэ унафэ къащтат колхоз нэхъыфIхэр ягъэгушхуэну, пэрытхэм я зэфIэкIыр щапхъэ ящIыну. Ди щIыналъэм щыпашэхэм яхэту Кировым и цIэр зезыхьэ (Зеикъуэ), Андреевым и цIэкIэ щыIэ (Кэнжэ), Къалмыкъым и цIэр зыфIаща (Шэджэм Ищхъэрэ), «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу), «Ленинцы» (Ново-Ивановскэ) колхозхэр крайм и ЩIыхь пхъэбгъум иратхат. А илъэс дыдэм и декабрым хозяйствэ 27-м къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Звеном и унафэщI Мысостышхуэ Былэ, колхоз тхьэмадэ Къуий БатIэ, бригадир Яковенкэ Михаил сымэ Ленин орденыр, хозяйствэ унафэщIхэу Блэныхь Темыркъан, Темыржан Хьисэ, бригадирхэу Спивак Михаил, Къарэ Мусэ, КIуащ Мухьтар, Къэрмокъуэ Лэкъумэн, Тихоненкэ Пётр, Чурсин Михаил, Гъуэгунокъуэ Хьэжысмел, Царяпин Георгий, УанащIэ Малил, Гуэщей Хьисэ, колхоз тхьэмадэм и къуэдзэ Хьэждэгу Къэралхъан, звеноводхэу Проникинэ Аня, ГъукIэжь Хьаний, тракторист КIэмыргуей Хьэмид сымэ орден зэмылIэужьыгъуэхэр къратащ.

1937 гъэм и февраль мазэм республикэм къыIэрохьэ мэкъумэш IэнатIэм щыжыджэр ди лэжьакIуэу 28-р зэрагъэпажэм теухуа хъыбар гуапэ. Фермэ унафэщIхэу Тхьэлыджокъуэ МатIитI (Алътуд), Гъурдыгъуэ Башир (Къэрэгъэш), Джэду Бэчмырзэ (Зэрэгъыж), шыхъуэхэу

Шэкэр Мусэ (Шэджэм Ищхъэрэ), Тогъузей Батий (Аргудан), Нэхущ ТIэмашэ (Къулъкъужын Ипщэ), Къэгъэзэж Билал (Жэмтхьэлэ), Настуев Абдулыхь (Балъкъэр Ипщэ) сымэ Ленин орденыр къыхуагъэфэщащ.

Индустриализацэм и гъуэгум техьа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэм къыпхуэмыщIыхужыну зихъуэжат. Япэ илъэситхум къриубыдэу предприятэщIэу 44-рэ ирагъэжьащ. Областым и къэрал промышленностым псори зэхэту продукцэу къыщIигъэкIым и процент 85,5-р абыхэм яхуэзэрт. А лъэхъэнэм Совет Союзым промышленнэ продукцэу щагъэхьэзырым проценти 103,5-кIэ хэхъуамэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым процент 605,4-рэ щыхъурт. ТIощI-щэщI гъэхэм республикэм щаухуащ Налшык лы комбинатыр, Гидрометаллург, крахмал, Дохъушыкъуей спирт заводхэр, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ щIакхъуэ комбинатыр, Бахъсэн ГЭС-р, промышленность псынщIэм, ерыскъы промышленностым я IэнатIэхэр. Псори зэхэту а илъэсхэм яутIыпщащ предприятэу 778-рэ. Абыхэм ящыщу 57-р къэралым ейуэ. ЦIыхубэ хозяйствэм хэхъуэу къыIэрыхьэм и процент 70,9-р щIыналъэм и промышленностым къитырт.

«ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зезыхьэ Налшык дэта машинэщI заводыр республикэм и предприятэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщт. И лъабжьэр щагъэтIылъар 1928 гъэращ. Заводыр шыгун щагъавэ къудамэ зыхэт механикэ лъэщапIэт. Предприятэм къыщIигъэкIырт ГЭС цIыкIухэм папщIэ турбинэхэр. ЩрагъэжьагъащIэм хьэку теIубэхэр (плитахэр), тебэхэр щащIырт, зауэ нэужьым машинэхэр щызэрагъэпэщыжырт, жьыхухэр къыщыщIагъэкIырт. ЩIыдагъэм зэрелэжь, фIагъышхуэ зиIэ Iэмэпсымэхэр щIынымкIэ лIэщIыгъуэ кIуам и бгъущI гъэ пщIондэ абы СССР-м бжьыпэр щиIыгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэу къекIуэкIа Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым ди республикэм и тхыдэм хитхащ гуащIэдэкI лъагэкIэ гъэнщIа гуимыхуж напэкIуэцIхэр. ЦIыху мини 6,5-рэ щылажьэ предприятэ лъэрызехьэм къыщIигъэкI «цIугъэнэхэр» IуэхущIапIэ мини 10-м нэблагъэм ирагъашэрт. 1934 гъэм ирагъэжьа комбинатым Совет къэралыгъуэм и промышленностым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

1936 гъэм сентябрым и 20-м Бахъсэн ГЭС-р яутIыпща нэужь, республикэм щыяпэ подстанцыр Налшык къалэ щагъэуващ. 1936 гъэм октябрым и 14-м, Бахъсэн ГЭС-м икIыу Псыхуабэрэ Мэшыкъуэрэ токыр яIэрыхьащ, щэкIуэгъуэм и 7-м Псыхуабэрэ Минводрэ электромафIэгукIэ зэпащIащ. А къэхъукъащIэ гъуэзэджэр Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я энергетикэ системэм и зыужьыныгъэм и щIэдзапIэт, ди щIыналъэм и социально-экономикэ гъащIэм и IэнатIэ псоми къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэм я лъабжьэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэми ехъулIэныгъэфIхэр яIэт. Колхозхэтхэм я япэ союзпсо съездым, 1933 гъэм и февралым екIуэкIам, ди республикэм и цIэр къэралым щыпашэ областихым яхэту къыщраIуат.

НэгъуэщI щIыпIэхэм я лIыкIуэхэр, езыхэм я жэрдэмкIэ, къытхуеблагъэрт, ди республикэм и зэфIэкIым зыхагъэгъуазэрт, Iуэху зехьэкIэщIэм кIэлъыплъырт, ди мэкъумэшыщIэхэм къагъэсэбэп Iэмалхэр яджырт.

40 гъэхэм я пэщIэдзэм а лъэхъэнэм хуэфащэ экономикэ лъэщагъ республикэм бгъэдэлът, цIыхухэм зыхэпсэукIын яIэт. Ауэ фашист

зэрыпхъуакIуэхэм мамыр гъащIэр къызэпаудащ, ди щIыналъэм къихьэри, фабрикэхэр, заводхэр, школхэр, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, псэупIэ унэхэр зэтракъутащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ хозяйствэм сом мелардитIым щIигъу и уасэ хэщIыныгъэ къыхуахьащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм гъащIэм и лъэныкъуэ псомкIи республикэм жыджэру зиужьащ. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэр 1941 гъэм къалэжьу щытам щIигъуащ, промышленностым зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ.

1946 – 1950 гъэхэм Къэбэрдей АССР-м и цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжынымрэ зегъэужьынымкIэ илъэситху планыр къащта нэужь, комбинатыщIэхэр, фабрикэщIэхэр яухуащ, Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр, Налшык машинэухуэ заводыр, Бахъсэн ГЭС-р, союзпсо мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI предприятэхэр зэрагъэпэщыж, пхъэм, ерыскъыхэкIхэм щелэжь IэнатIэхэр къоунэху. 50 гъэхэм икухэм «Цветметприбор» (СКЭП), «Кавказкабель», «Севкаврентген», бетон заводхэр, вакъэ фабрикэр къызэIуахащ, Тырныауз вольт мащIэ Iэмэпсымэ комбинатыр ирагъэфIэкIуащ. ЩIыпIэ къэрал, кооператив промышленностым псынщIэу зиужьырт, псэуалъапхъэу къыщIагъэкIым хэхъуэрт. Республикэм и предприятэхэм я продукцэхэр хамэ къэрал пщыкIутхум, къапщтэмэ, Болгарием, Венгрием, Индием, Финляндием, нэгъуэщIхэми ящэхурт.



1957 гъэм июлым и 4-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м етIуанэу къыхуагъэфащэ Ленин орденыр.

Экономикэм и IэнатIэ псоми зэдэууэ зрагъэужьын мурадкIэ, 1959 – 1965 гъэхэм ятещIыхьа илъэсибл планыр къэрал унафэкIэ нэхъ пасэу ягъэхьэзырауэ щытащ. А илъэсхэм республикэм и цIыхубэ хозяйствэм сом мелуан 451,2-рэ халъхьащ. Абы щыщу сом мелуани 190,2-р – промышленностымрэ ухуэныгъэ инымрэ.

Зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу промышленностым къыщIигъэкIым хуэди 2,3-кIэ, IэнатIэхэм я бжыгъэм хуэди 3-кIэ хэхъуащ. Къапщтэмэ, предприятэщIэу 20 къызэIуахащ. Апхуэдэщ Налшык гидрометаллург, станокухуэ, Тырныауз вольт мащIэ аппаратурэ, Прохладнэ «Кавказкабель», Тэрч налмэс Iэмэпсымэ, Бахъсэн агрегат, Нарткъалэ шино-ремонт заводхэр, нэгъуэщIхэри. Промышленнэ продукцэ лIэужьыгъуэщIэу 500 къыщIагъэкIыу хуежьащ. IэнатIэхэм я лъэщагъым хагъахъуэрт, техникэщIэхэр щагъэувырт. Илъэсибл планымкIэ предприятэ 19 ирагъэфIэкIуэн хуеямэ, 25-м а лэжьыгъэр щызэфIагъэкIат.

60 гъэхэм я пэщIэдзэм «Искож» комбинатым и япэ чэзур яутIыпща нэужь, промышленность псынщIэм и продукцэм хуэдищкIэ хэхъуащ. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр къэралым и руда къыщIэхыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщт. Электротехникэ, приборухуэ, станокухуэ, инструментальнэ промышленностым лъэщу зиужьырт. ХъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыпIэщIэ 18 геологхэм къызэIуахат. Иджы республикэм щылажьэрт ерыскъы, щIыпIэ промышленностымкIэ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ министерствэхэр, псэуа-

лъапхъэхэмкIэ IуэхущIапIэ. Ухуэныгъэ индустрие лъэщ къызэрагъэпэщат. Налшык, Нарткъалэ, Тырныауз, Прохладнэ къалэхэм гъущI-бетон, псэуалъапхъэ щагъэхьэзыр заводхэр (ЗЖБИ) щаухуат. «Налшык» трестыр 1961 гъэм щIэрыщIэу къызэрагъэпэщыжа «Къэббалъкъпромстрой» трестым хагъэхьащ абы щыгъуэм.

А илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым электрокъарур хъарзынэу къыIэрыхьэрт. Ар Кавказ Ищхъэрэ энергетикэ системэм хэтт. 1961 гъэм республикэм газыр къэшэн щIадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и заводхэмрэ фабрикэхэмрэ я продукцэхэр Совет Союзым и щIыналъэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал 40-м щIигъум хурагъашэрт.

Республикэм и рабочэхэм, инженер-техникэ лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым хуэфащэ пщIэ къыпэкIуащ. Абыхэм ящыщ куэдым орденхэмрэ медалхэмрэ къратащ, Налшык къалэм и етхуанэ ухуакIуэ управленэм и бригадир Алмэ Алий, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и убрууакIуэхэу Домнич Михаил, Архэст Хьэбас, геолог нэхъыщхьэ Нефёдов Николай сымэ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ, езы предприятэм «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденыр, Прохладнэ ремонт заводым Ленин орденыр къыхуагъэфэщащ.

Республикэм и гъавэгъэкIхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ илъэсибл планым (1959 – 1965 ) къалэнышхуэхэр къащищIырт. Ахэр зрагъэхъулIэн папщIэ, мэкъумэш щIапIэхэмрэ Iэщ бжыгъэмрэ куэдкIэ хагъэхъуэн хуейт. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу, къэралым а IэнатIэхэм тыншу зыщаужьыртэкъым. Ауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр и къалэнхэм мыIейуэ пэлъэщырт – гъавэр, лыр, гъэшыр къэлэжьынымкIэ ехъулIэныгъэ нэрылъагъуэхэр иIэт. Илъэсиблым къриубыдэу, пашэхэм яхэту, колхозхэмрэ совхозхэмрэ электрификацэ ящIри, республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм индустриальнэ лъабжьэ къыхузэрагъэпэщащ. 1965 гъэм ирихьэлIэу тракторхэм я бжыгъэр минихым нэсат, комбайнхэм, автомашинэхэм, культиваторхэм къахэхъуэрт.

Илъэсибл планыр щагъэзэщIа зэманым трактору 2449-рэ, хьэцэпэцэр зэрыIуахыж комбайну 311-рэ, нартыхур къызэрыдачыжу 841-рэ, культиватору 1110-рэ, хьэлъэзешэ автомашинэу 956-рэ, нэгъуэщI мэкъумэш техникэ зэмылIэужьыгъуэхэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэхэм къаIэрыхьащ. Псы здэкIуэ хьэсэхэм зрагъэубгъуащ, агрохимиер тегушхуауэ къагъэсэбэпащ, гъавэ щIэкIэм и Iэмалхэр ирагъэфIэкIуащ. Iэщ гъэхъунымкIэ къапэщыта планхэри ягъэзэщIащ. А зэманым къриубыдэу мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэм хуэдитIым щIигъукIэ хэхъуащ.

ЕхъулIэныгъэхэр нэрылъагъут. Мэкъумэш IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ РСФСР-м и республикэхэмрэ областхэмрэ я деж Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыпашэт. Аргудан къуажэм и колхозым и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым къэрал псор щыгъуазэт. Гектар миным щIигъум щызэрахьа нартыхум дэтхэнэми хуэзэу центнер 80 къыщытрахырт абы. Зи гугъу тщIы илъэсхэм РСФСР-м и Бэракъ Плъыжь зэIэпахымрэ япэ, етIуанэ саугъэтхэмрэ ди мэкъумэшыщIэхэм блэнейрэ къыхуагъэфэщащ, гъавэгъэкIрэ Iэщыхъуэу 650-м къэрал дамыгъэ лъапIэхэр кърагащ. Нартыху бэв къэгъэкIыным теухуа Союзпсо зэхьэзэхуэм республикэм и щIалэгъуалэр жыджэру хэтащ икIи мызэ-мытIэу бжьыпэр щаубыдащ. Абы и щыхьэтщ ВЛКСМ-м и ЦК-м комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым япэ увыпIэр щэнейрэ къызэрыхуигъэфэщар.

ЦIыхубэ хозяйствэм зегъэужьыным тещIыхьа илъэсибл планыр гъэзэщIэным хузэхаубла зэхьэзэхуэхэр республикэм и дэнэ щIыпIи зэщIэплъауэ щекIуэкIащ. Мурадышхуэхэм къаруущIэ къазэрыхилъхьэр ягъэнаIуэу, хэкупсэ зэщIэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщрагъэубгъурт, мэкъумэшыщIэхэр, рабочэхэр, ухуакIуэхэр а Iуэхум жыджэру хэту. 1965 гъэм ирихьэлIэу «Коммунист лэжьыгъэм и ударник» цIэр цIыху мин 20-м зэрахьэрт. Лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэу, тынш зыщIу къагупсысым и бжыгъэм хэхъуэрт. Илъэсиблым къриубыдэу, ахэр нэсат мини 4-м. Техникэ IэмалыщIэу мин 26-рэ IэнатIэхэм щыхапщат, псори зэхэту сом мелуан 22-м нэблагъэ зы илъэсым къыдагъэхуэу.

Республикэм и цIыхубэ хозяйствэм зэрызиужьыну илъэсибл планым ипкъ иткIэ, промышленнэ продукцэу къыщыщIагъэкIым хуэдитIым щIигъукIэ хагъэхъуэн хуейт. Ар езы къэралым зыхуигъэувыжам нэхърэ хуэдитIрэ ныкъуэкIэ нэхъыбэт. Апхуэдэ къалэнышхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр тригъэгушхуат предприятэщIэхэр куэду зэраухуэм, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ я лъэщагъым зэрыхагъахъуэм, IэнатIэ щхьэхуэхэр егугъуу зэрызэрагъэпэщыжым. Республикэм и предприятэ псоми Iэмэпсымэхэр щахъуэжырт, технологиещIэхэм щыхуэкIуэрт, ди губгъуэхэмрэ Iэщ фермэхэмрэ лэжьыгъэшхуэ щагъэхъейрт...

1996 гъэм и гъатхэм КПСС-м и XXIII съездыр зэхэтащ. Абы илъэсиблым кърикIуар щызэхалъхьэжащ, СССР-м и цIыхубэ хозяйствэм адэкIи зэрызиужьыну щIыкIэр щаубзыхуащ. Апхуэдэуи а илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хыхьащ ди цIыхуиблым «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ.



СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ (зэрызэкIэлъыкIуэу) 1966 гъэм мартым и 22-м Дзэлыкъуэ щIыналъэр зи хэщIапIэ «Iуащхьэмахуэ» колхозым и унафэщI Бакъ Нарзан, Совет районым щыIэ «Путь к коммунизму» колхозым и лэгъупэжь Аттоев Сэлихь, Май щIыналъэм ит «Красная нива» колхозым и тхьэмадэ Евтушенкэ Николай, «Налшык» совхозым и жэмыш пашэ Чигировэ Шамкъыз, майм и 20-м – Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и бригадир Архэст Хьэбас, июным и 23-м – КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретарь Ахъмэт Мусэбий, Прохладнэ районым Чапаевым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и звеньевой Емышэ Хьэлий сымэ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. А пщIэшхуэр къыпэкIуат ахэр къэмылэнджэжу зэрылажьэм.

60-70 гъэхэр щэнхабзэм гулъытэшхуэ щигъуэта, зыужьыныгъэ иным щыхуэкIуа илъэсхэу щытауэ жыпIэ хъунущ. 1960 гъэм къызэIуахауэ щытащ Культурно-просветительскэ училищэр. Абы щыгъуэм республикэ псом зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр къыщыхахат гъуазджэм, щэнхабзэм хуагъэсэн папщIэ. А училищэр япэ къэзыухахэм щэнхабзэ дунейм щыцIэрыIуэ куэд къахэкIащ. А гъэ дыдэм февралым и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я союзми и бжэхэр зэIуихащ икIи 80 гъэхэм ирихьэлIэу ар РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и къудамэ нэхъ инхэм ящыщ хъуащ. Абы хэтт композитор 15-рэ музыковеди 2-рэ. 1964 гъэм апрелым япэу ягъэлъэгъуауэ щытащ «Лалуцэ» лъэпкъ балетыр. Мис ар и къыщIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ Музыкэ театрым. ИлъэситI дэкIри, абы къыкIэлъыкIуащ «Дахэнагъуэ» балетыр.

1965 гъэм ирихьэлIащ къафэмрэ уэрэдхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым къэфакIуэхэр къыхагъэкIыу «Кабардинка»-р щхьэхуэу утыку къыщихьар. Ансамблым хэта уэрэджыIакIуэхэр хор щхьэхуэу ягъэпсащ.

1967 гъэм екIуэкIащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я япэ республикэ съездыр. Абы щаубзыхуащ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм папщIэ щIапхъэ псори. Мы Iуэхум теухуауэ къалэн куэд дыдэ зыгъэзэщIахэм, нобэ щэнхабзэ IуэхущIапIэу Налшык дэтым я нэхъыбэр езыгъэщIахэм ящыщщ Ефэнды Джылахъстэн.





1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэгъэлъэпIащ КъБАССР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъур. А гъэм августым и 31-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ди лъахэм орден ещанэр – Октябрь Революцэм и орденыр – къыхуагъэфэщауэ щытащ. А зэманым ирихьэлIэу КъБАССР-м и ныпым иджыри зы дамыгъэ къытехутащ – Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр.

XX лIэщIыгъуэм и 1970 – 1980 гъэхэр ди къэралыр псэукIэм ехьэлIа гугъуехь щыхэхуа лъэхъэнэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Совет Союзым и республикэхэм къэрал щхьэхуитыныгъэ яIэн папщIэ декларациехэр къащтэу щIадзэ, президентхэр щыхах. А псом Совет Союзым и лъэр щIеудри, мэкъутэж, гъащIэм и IэнатIэ псоми хэщIыныгъэхэр ягъуэт, щытыкIэ гугъу къохутэ.

1991 гъэм къэрал псоми хуэдэу, республикэм и политикэ, экономикэ ухуэкIэм зэхъуэкIыныгъэхэм щыщIидзащ. А илъэсым январым и 30-м КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщащтащ 1936 гъэ лъандэрэ зытет автоном республикэм къытекIыу, къэралыгъуэ иIэу адэкIэ зиужьыну, адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр къэралыбзэу щызекIуэну.

1992 гъэм январым и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту хахащ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр. Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и еханэ сессием и зэIущIэр 1992 гъэм и март мазэм зэхэтащ, абы КъБАССР-р КъБР-кIэ щызэрахъуэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрхэм я советым и унафэщIу Черкесов Георгий щыхахащ.

1993 гъэм декабрым и 12-м КъБР-м и Парламентым и палатитIыр къызэрагъэпэщри, илъэси 4-кIэ лэжьэну яубзыхуащ. А лъэхъэнэм ди республикэм экономикэ, политикэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи УФ-м и хэгъэгу куэдым ядэлэжьэн щIидзащ. 1997 гъэм КъБР-м КонституцэщIэ къищтащ. Къэралыр гугъуехь щыхэт лъэхъэнэми, ди хэку цIыкIум зэхъуэкIыныгъэфIхэр хуэмурэ щекIуэкIырт. Къэрал мылъкуу щыт предприятэ къомым къадэкIуэу экономикэм лIэужьыгъуэ куэдкIэ зиужьу хуежьащ, акционер, фермер, щхьэ закъуэ IэнатIэхэр къызэIуахырт, иныкъуэхэр приватизацэ ящIырт. Экономикэр лъэ быдэкIэ увыным сэбэп хуэхъуа лъэбакъуэ куэд ячащ а лъэхъэнэм. ЦIыхубэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэушати, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр, хасэхэр, зэгухьэныгъэхэр къызэрагъэпэщырт. Абыхэм пашэ яхуэхъур лъэпкъ интеллигенцэрат. А Iуэхугъуэхэм куэдкIэ я фIыгъэщ щэнхабзэр, бзэр, хабзэр, тхыдэр джыным, хъумэным цIыхухэм гулъытэ хэха хуащI зэрыхъуар, ахэрат цIыхубэм я гупсысэр зыунэтIыр.

Псоми ящIэж а лъэхъэнэм КъБР-м и цIыхухэр зыхэта гугъуехьхэри. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо иримыхьэлIами, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ гъуэгуанэ дахэ къызэдакIуащ, щылъэпэрэпаи щехъулIаи щыIэу.

Иджыпсту дызыхэпсэукI XXI лIэщIыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр щогугъ социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэшхуэхэр къахуихьыну. ИкIи а хъуэпсапIэхэр зыIэрагъэхьэу, унафэщI набдзэгубдзаплъэхэр гурэ псэкIэ я хэкум хуэлажьэу, цIыхубэр къэкIуэну дахэм хуэпабгъэу мэпсэу!

# РЕСПУБЛИКЭМ И УНАФЭЩIУ ЩЫТАХЭР

## *Къалмыкъ БетIал*



*(1920-1929 – Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэщI, 1930-1938 – ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ БетIал (1893-1940) и гъащIэри и IуэхущIафэ псори епхащ республикэм, абы и къалащхьэм я зыужьыныгъэм. Зи гум захуагъэр щытепщэ, бгырысым и пагагъэр зыхэлъ БетIал лIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэхэм лъэкI къыигъэнакъым ди цIыхубэм я гъащIэм фIыкIэ зихъуэжын папщIэ.

1920 гъэм Кавказ Ищхъэрэм Совет властыр щагъэуву Бгырыс республикэ къэунэхуа нэужь, Къалмыкъ БетIал зи пашэ большевик гупым, а гъэмахуэм Налшык зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуа Сталини я дэIэпыкъуэгъуу, яхузэфIэкIащ а республикэм Къэбэрдейр къыхагъэкIын.

1921 гъэм сентябрым и 1-м Урысейпсо гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Налшык зи къалащхьэ Къэбэрдей автономнэ щIыналъэ яухуэну. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Балъкъэрри Бгырыс республикэм къыхэкIыжри, Къэбэрдейм гухьащ.

Облисполкомым и унафэщIу хаха Къалмыкъым и нэIэ щIэт Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэщIэрэщIэжу хуежьащ. Экономикэр зэрыригъэфIэкIуам къыдэкIуэу, ар цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным тележьащ.

А лъэхъэнэм Налшык къыщызэIуахащ Ленин еджапIэ къалэ цIыкIур (ЛУГ). Абы щылэжьэну кърагъэблэгъащ егъэджакIуэхэр, унафэщIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр зыгъэхьэзырыну къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэр.

Къалмыкъ БетIал набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт къалащхьэм зэрызиужьым, абы щаухуэ IуэхущIапIэщIэхэм, къыщызэрагъэпэщ IэнатIэщIэхэм щалэжь псоми. ЩIэх-щIэхыурэ кIуэрт ЛУГ-м, сабий унэхэм, школхэм, ухуэныгъэ щрагъэкIуэкI дэтхэнэ щIыпIэми ар щалъагъуртнт.

Хэкупсэ нэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым IуэхуфI куэд хуилэжьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Къэбэрдей цIыкIу псыщIэгъэлъадэ системэмрэ Акъбащ ГЭС-мрэ я ухуэныгъэхэр. Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ Бахъсэн ГЭС-р зэрызэфIагъэувар, бгырысхэм я унэхэм, IуэхущIапIэхэм уэздыгъэ зэрыщIашар, республикэм и псыежэх зыбжанэм электростанц цIыкIухэр зэрытрагъэувар, Налшык унэлъащIэ щащI «Чинар», IэфIыкIэ къыщыщIагъэкI фабрикэхэр, Кавказ Ищхъэрэм щыцIэрыIуэу щыта, лыхэкIхэм щелэжь комбинатыр, лъахэхутэ музейр, лъэпкъ театрыр зэрыдащIыхьар, нэгъуэщIхэри.

1932 гъэм Псыхуабэ къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтыр. ИужькIэ Налшык щаухуащ а еджапIэр къыздэIэпхъуэжа унэр.

ЦIыхубэ хозяйствэмрэ щэнхабзэмрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ, КъБАО-м Ленин орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. 1936 гъэм и декабрым щIыналъэр Автоном республикэ хъуащ. Абыхэми, шэч хэмылъу, и фIыгъэшхуэ хэлъащ Къалмыкъ БетIал.

## *Кудрявцев Александр*



*(1938-1939 – ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

1928 гъэм Крупская Н. и цIэр зезыхьэ Коммунист ГъэсэныгъэмкIэ академием щIэтIысхьащ, 1938 гъэм Краснэ профессурэм и институтым курситI къыщиухащ.

1924 гъэм щегъэжьауэ – комсомолым и район комитетым, иужькIэ Томск губерние комитетым, Западносибирскэ край комитетым щыIащ. 1930 гъэм щегъэжьауэ ВКП (б)-м хэтащ.

1933-1934 гъэхэм – Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ. ВКП (б)-м и Анжеро-Судженскэ къалэ комитетым, ВКП (б)-м и ЦК-м къулыкъу щрихьэкIащ.



## *КIумыхъу Зубер*



*(1939-1944 – ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ. 1944 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Лъэпкъ Комиссархэм я Советым и унафэщIу щытащ.

## *Мазин Николай*



*(1944-1949 – ВКП (б)-м и Къэбэрдей обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ.



## *Бабич Василий*

*(1949-1956 – ВКП (б)-м и Къэбэрдей обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ. Партым и XX съездым и лIыкIуэу щытащ.

## *Мэлбахъуэ Тимборэ*



*(1956-1985 – КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Ди лъахэм щекIуэкI псэукIэр зэтеувэным хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуэзыщIа цIыху щэджащэхэм ящыщщ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр. Зи гъащIэ гъуэгур республикэм и тхыдэм къыпхугуэмых а къулыкъущIэр нобэ жьантIэм дэс дэтхэнэ зыми и нэгум щIэтщ гъащIэ блэкIам и дамыгъэу.

Мэлбахъуэ Тимборэ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Мэртэзей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Абы курыт еджапIэр къыщиуха нэужь, инженер IэщIагъэм хуеджэну и мураду, Новочеркасск дэт институтым щIэтIысхьащ. ИужькIэ а зэманым Дзауджикау (Владикавказ) щылажьэ мэкъумэш институтым зригъэдзыжри, агроном IэщIагъэр иIэу абы къыщIэкIащ.

Дзэм къулыкъу щищIэу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, Тимборэ фронтым кIуащ. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу ар 1946 гъэм Хэкум къэкIуэжащ. А илъэс дыдэм Мэлбахъуэм КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьэн щIидзэри, 1985 гъэ пщIондэ парт къулыкъущIэу екIуэкIащ. А зэманым щыщу илъэс 30-кIэ ар КПСС-м и обкомым и Япэ секретару лэжьащ.

1985 гъэм илъэс 68-рэ хъууэ Мэлбахъуэ Тимборэ зигъэпсэхуну тIысыжащ, ауэ абы иужькIи и псалъэм пщIэ имыIэу щытакъым. 90 гъэхэм республикэм къыщыхъея Iуэху зэхэзэрыхьахэр гуащIэ щыхъум, Мэлбахъуэ Тимборэ и ущиеми цIыхубэр щIэдэIуауэ щытащ.

Мэлбахъуэм и зэманращ республикэм щIэныгъэм хэпщIыкIыу зыщыщиужьар, а лъэхъэнэм къызэIуаха еджапIэхэм я нэхъыбэр нобэми мэлажьэ. УкъызыхэкIа лъэпкъыр къыпфIэмыIуэхунымрэ уи анэдэлъхубзэр умыщIэжынымрэ емыкIуу хэлъым шэрыуэу, уигъэукIытэу ар зэрытепсэлъыхьу щытар гукъинэжщ. А псалъэхэм я мыхьэнэр ноби кIуэдауэ пхужыIэнукъым.

БлэкIам пщIэ щIыхуащIыр япэ итахэм къащIэна акъылымрэ зэфIэкIымрэ зыфIамыгъэкIуэду я нобэм трагъэлэжьэн щхьэкIэщ.

Мэлбахъуэ Тимборэ хуэдэ цIыхушхуэхэр щIагъэлъапIэр и Хэкум мурадыфI хуэзыщIа дэтхэнэ зыри и къарум щымысхьын, IуэхуфIхэр иукъуэдиифын, гугъуехьхэм къапимыкIуэтын папщIэщ.

## *Елисеев Евгений*



*(1985-1990 – КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт лэжьакIуэ. 1959 гъэм щегъэжьауэ ВКП (б)-м хэтащ, 1986-1990 гъэхэм КПСС-м и ЦК-м и кандидату щытащ. 1984-1989 гъэхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Лъэпкъ Советым и депутату щытащ, Хакасие АО-м къыбгъэдэкIыу. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатт.



## *КIуэкIуэ Валерэ*



*(1990 – КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ комитетым и Япэ секретарь, 1990-1991 – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI, 1992-2005 – КъБР-м и Президент)*

Зи гъащIэ псор и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ я зэIузэпэщыныгъэм тезыухуа, зи акъылрэ зэфIэкIрэ Хэкушхуэм къыхуэзыгъэсэбэпа, Iулыдж лъагэрэ пщIэ инрэ иIэу дунейм тета политик цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэ жыджэр, унафэщI губзыгъэ, цIыху щыпкъэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и лъэужьыр иджыри кIуэдакъым.

Ар Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1941 гъэм октябрым и 18-м къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкIэ и факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. 1964 гъэм Кыщпэк дэта «Трудовой горец» колхозым агроном нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ. АдэкIэ и щIэныгъэм щыпищащ Москва Мэкъумэш хозяйствэмкIэ дэт Союзпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи 1970 гъэм абы и аспирантурэр къиухащ. Ди щIыналъэм къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм экономист нэхъыщхьэу, иужькIэ къудамэм и унафэщIу щылэжьащ. 1972-1974 гъэхэм Аруан районым щыIэ «Ленинский» совхозым и унафэщIу щытащ.

2 Заказ №1601

АдэкIэ щIидзащ КIуэкIуэм къэрал политикэм щыпхиша гъуэгуанэ бгъуфIэм. 1974 гъэм щегъэжьауэ 1983 гъэ пщIондэ Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунист партым и Аруан райкомым и япэ секретару щытащ. А лъэхъэнэм наIуэ къэхъуащ IэщIагъэлIым бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэр, Iуэху зехьэкIэ пэрытыр. УнафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и нэIэм щIэт куейр щIэх дыдэу республикэм и экономикэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI щIыналъэ хъуащ.

1985 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым мэкъумэш IэнатIэмкIэ и секретару щытащ, 1988-1990 гъэхэм обкомым и етIуанэ секретарщ. 1990 гъэм февралым и 21-м щегъэжьауэ сентябрым и 1 пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ.

1990 гъэм РСФСР-м и цIыхубэ депутату зыкъиигъэлъэгъуащ. Абы и закъуэт ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэхыныгъэхэм хыхьар. ИкIи мартым и 4-м процент 89,7-м Iэ хуаIэтри, пхыкIауэ щытащ.

1990 гъэм мартым и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI хъуащ. 1990 гъэм и июлым щегъэжьауэ 1991 гъэм и август пщIондэ КПСС-м и ЦК-м хэтащ.

Республикэм щыпсэу цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIыр гъэбыдэным, абы лъэпкъ зэгурыIуэныгъэрэ зэдэIуэжыныгъэрэ илъыным хущIэкъуащ КIуэкIуэ Валерэ. ЩIыналъэм и экономикэ щытыкIэм хэгъэхъуэныр, псэукIэм и фIагъыр къэIэтыныр – апхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ къулыкъущIэр емызэшу зэлэжьар. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу республикэм щытепщэ хъужащ зэгурыIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ. Абыхэм дыхуашащ социально-экономикэ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрыгъэхьэным.

КIуэкIуэ Валерэ сыт щыгъуи хущIэкъуащ Урысей Федерацэм и лъэщагъыр гъэбыдэным, абы хыхьэ щIыналъэхэм щхьэхуитыныгъэ яIэн зэрыхуейр игъэбелджылыуэ. Ди республикэм и къэкIуэнур зыхилъагъуэр зыхэт къэралым и лъабжьэр нэхъ лъэщ щIынырт. Апхуэдэу КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ куухэр яхуиIэ хъуащ гъунэгъу республикэхэм, областхэм, крайхэм. Ноби ефIакIуэ а зэдэлэжьыныгъэхэр сэбэп яхуэхъуащ лъэныкъуитIми я социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

1997 гъэм январым и 12-м КIуэкIуэр етIуанэу хахыжащ, цIыхубэм я процент 99-м Iэ яIэтащ Валерэ КъБР-м и Президент къулыкъум къыпэрынэным и телъхьэу. 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым хэтащ. 2002 гъэм и январым къулыкъущIэ лъэрызехьэм ещанэу дзыхь хуащIащ республикэр. 1996 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ хъуху къулыкъу лъагитI зэдихьащ абы – а зэманым Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ.

Политик цIэрыIуэм пщIэшхуэ щиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми. Ар жыджэру хэлэжьыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал Iуэхухэр зэфIэхыным, къэрал унафэхэр къэщтэным, гъэзэщIэным.

Псэ хьэлэлкIэ лэжьыгъэм зэрыпэрытым, набдзэгубдзаплъэу и пщэрылъ зэригъэзащIэм папщIэ жылагъуэ, къэрал гулъытэшхуэ иIащ абы.

КъБР-м, УФ-м я политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм хуищI хэлъхьэныгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэныб-

жьэгъугъэр зэрыщигъэбыдэр, къэралыгъуэм зэпIэзэрытыныгъэ щыгъэIэным зэрыхэлIыфIыхьыр къалъытэурэ КIуэкIуэ Валерэ къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ», ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжьым, Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, Октябрь Революцэм я орденхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и ФIыщIэ тхылъыр, УФ-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, Абхъазым и «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденым и II нагъыщэр, нэгъуэщIхэри.

## *Къанокъуэ Арсен*



*(2005 - 2013 – КъБР-м и Iэтащхьэ)*

Ди лъэхэм и зыужьыныгъэм куэд хэзылъхьа, ноби хэзылъхьэ политик цIэрыIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хэуващ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр.

Ар 1957 гъэм февралым и 22-м Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Плехановым и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым и сату-экономикэ факультетыр къиухащ. Сатум епха Iуэху куэд зэригъэкIуэкIащ, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэм и къуэдзэу щытащ. 2005 гъэм сентябрым и 27-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къигъэлъагъуэри, Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Iэтащхьэу хахащ. Илъэситху нэужьым, ар етIуанэу хахыжри, а къулыкъум тетащ 2013 гъэ пщIондэ.

КъБР-м и УнафэщIу щагъэува махуэм щегъэжьауэ ар иужь ихьащ щIыналъэм и экономикэм зегъэужьыным, инвестицэхэмрэ иджырей технологиехэмрэ къигъэсэбэпкIэрэ, туризмэм зегъэубгъуным, мэкъумэш IэнатIэмрэ промышленностымрэ егъэфIэкIуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэу зэрылэжьа зэманым къриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэ щIэт гупымрэ куэд къайхъулIащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным епхауэ. Ар и фIыгъэщ жылагъуэм и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэр, хэкум зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къэрал властым и органхэм къапэщыт къалэнхэмрэ IупщIу зэхигъэкIыу, япэ игъэщыпхъэхэр игъэнаIуэурэ зи къалэнхэм пщэрылъ ящищIу зэрыщытам.

КъБР-м и лIыщхьэу щыщыта лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм нэрылъагъуу ефIэкIуэныгъэхэр къыпэкIуащ. Къапщтэмэ, мэкъумэшхэкI къыщIэгъэкIыныммкIэ 2010 гъэм КъБР-р КИФЩI-м пашэ щохъу. Социально-экономикэ IэнатIэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэмрэ инвестпроектхэр къызэригъэсэбэпамрэ къапэкIуащ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, республикэм ику иту щат улахуэм, пенсэхэм зэрыхэхъуар, еджапIэщIэхэр, медицинэ

IуэхущIапIэ зыбжанэ къызэрызэIуахар, ди къалэхэм, къуажэхэм я теплъэр зэрефIэкIуар, нэгъуэщI Iуэху дахэ куэди.

Абы и жэрдэмкIэ икIи езым и ахъшэкIэ иригъэщIащ Налшык дэт мэжджытыр, КъБР-р езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Фэеплъ аркэр, Кавказ зауэжьым (1763-1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр, «Синдика» хьэщIэщыр, «Эльбрус» шхапIэр иджырей мардэм изагъэу зэригъэпэщыжащ. ЗызыщIигъэкъуа, зыдэIэпыкъуа цIыхухэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыным хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщIэ Къанокъуэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Зэныбжьэгъугъэм и орденыр (2007), «Хэкум и ЩIыхь» орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр (2010), «Мамырыгъэмрэ псапэ зыпылъ Iуэхухэмрэ папщIэ» дыщэ медалыр (2008).

КъБР-м къыбгъэдэкI сенаторым сытым дежи и нэIэ щIэтщ и адэжь хэкум и экономикэм тегъэпсыхьа проектхэр Москва деж щыпхыгъэкIыныр, экономикэ зыужьыныгъэр егъэфIэкIуэныр. ИкIи адыгэлI нэсыр быдэу хущIокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIым федеральнэ къулыкъущIапIэхэр щыгъуазэу щытыным, абы и псэукIэм зиужьын папщIэ дэIэпыкъуэгъу хъуным, федеральнэ, республикэ IуэхущIапIэхэр тыншу зэдэлэжьэным.

Иджыпстуи сенатор Къанокъуэ Арсен УФ-м и Президент Путин Владимир и жылагъуэ зэIущIапIэу Налшык дэтым къокIуэ цIыхухэм щаIущIэну, я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъазэхэм я гуныкъуэгъуэхэм щIодэIу, а гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ сэбэп мэхъу.



## *КIуэкIуэ Юрэ*



*(2013 - 2018 – КъБР-м и Iэтащхьэ)*

Полицэм и генерал-полковник, УФ-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр зи IуэхущIафэкIэ зи пщIэр къэзылэжьыжа, жэуаплыныгъэ зыхэлъ цIыхущ.

Ар 1955 гъэм августым и 13-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. Ростов дэт къэрал университетым и юридическэ факультетыр 1979 гъэм къиухри, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм щылажьэу щIидзащ.

1979 гъэм щегъэжьауэ 1987 гъэм нэсыху КъБР-м и МВД-м и уголовнэ къэлъыхъуакIуэ IэнатIэмрэ социалистическэ мылъкур зыдыгъухэм ебэнынымкIэ и IэнатIэмрэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгъащ.

1987 гъэм щегъэжьауэ 1991 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрхэм я Советым и административно-финанс къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

1991 гъэм щыщIэдзауэ 1995 гъэм нэсыху КъБР-м и МВД-м и криминальнэ милицэм и унафэщIым и къуэдзэу, Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ управленэм и унафэщIу щытащ. 1995 – 1999 гъэхэм КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэщ – криминальнэ милицэм и унафэщIщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Палатэм тIэунейрэ (1993, 1997 гъэхэм) хахащ икIи абы Законодательствэмрэ шынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщIу щытащ.

1999 гъэм Москва къалэм яшэри, Урысейм и МВД-м и КъызэгъэпэщакIуэ-инспектор управленэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэуващ.

2003 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и МВД-м ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэу, 2005 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и МВД-м зэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ и департаментым и унафэщIым и япэ къуэдзэу щытащ.

2008 гъэм КIуэкIуэ Юрэ Урысейм и МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ щIэуэ къызэрагъэпэща и департаментым и унафэщIу ягъэуващ.

2011 гъэм и июнь мазэм Урысей Федерацэм и Президентым и УказымкIэ полицэм и генерал-полковник КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр УФ-м и МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIу ягъэуващ.

2012 гъэм и сентябрь мазэм щегъэжьауэ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ Урысейпсо институтым и унафэщIщ.

2013 гъэм декабрым и 6-м КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну къагъэкIуэж.



Нэхъ ипэкIи Хэкум щIэх-щIэхыурэ лъагъунлъагъу къэкIуэжырт ар, ауэ 2005 гъэм октябрым и 13-м щIэпхъаджащIэхэр Налшык къалэм къытеуа нэужь, КIуэкIуэ Юрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэлъэтащ, МВД-мрэ ФСБ-мрэ зэуIу ящIа я гупым и унафэщIу. Командировкэр илъэсым щIигъукIэ екIуэкIащ. Езы Iуэхур зэхэгъэкIыныр илъэсипщIым нэблагъэкIэ екIуэкIащ. КIуэкIуэ Юрэ 2013 гъэм и декабрым къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу лэжьащ.

А зэманым къриубыдэу щIыналъэм щызэфIагъэкIар мащIэкъым: IуэхущIапIэщIэхэр къэунэхуащ, мэкъумэш IэнатIэр кIуэ пэтми йофIакIуэ, социальнэ Iуэхухэм гулъытэ ин ягъуэтащ, инвестицэ Iуэхухэм зужь, сымаджэщ, сабий гъэсапIэ, курыт еджапIэ, щэнхабзэмкIэ унэщIэ пщIы бжыгъэхэр къызэIуахащ. И мыхьэнэкIэ нэхъ цIыкIукъым щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуари. Шэч хэмылъу, а псор зи ехъулIэныгъэр псом япэу КIуэкIуэ Юрэрэ абы къуэту дэлэжьахэмрэщ.

Къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр, абыхэм «Жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым папщIэ» медалыр, ЛIыхъужьыгъэ орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр яхэту, кърatащ.

# КЪЭБЭРДЕЙМРЭ УРЫСЕЙМРЭ Я ЗЭПЫЩIЭНЫГЪЭР КЪЫЩЕЖЬАР

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт и лэжьыгъэм къызэрыхэщымкIэ, XVI лIэщIыгъуэм икухэм Шэрджэсым и гъунапкъэ дыдэу щыта Къэбэрдейм щыIа щытыкIэр ткIий икIи хьэлъэ дыдэ хъуат, пщыхэр зэныкъуэкъужу, лIыфIыпIэ зэримыгъахуэу зэпэуврэ зэзэуэжу зэрыщIадзам къыхэкIыу. Ар бийм Iэзэу къигъэсэбэпырт: щIэх-щIэхыурэ лъахэм къытеуэрт, зауэ гуащIэхэр кърищIэкIырт.

ЩытыкIэр зэщIэплъэ, щIэхуабжьэ зэпытт. Тыркум, Кърым хъаныгъуэм, шамхъалхэм, нэгъуейхэм, Къетыкъуэхэ я пщы унэм и лIыкIуэхэу кърымхэм я телъхьэ хъуахэм дзэ лъэщ япэгъэувын фIэкIа, нэгъуэщIкIэ уазэрыпэмылъэщыфынумирихулIэри, пщышхуэ Идар Темрыкъуэ урыс пащтыхь Иван IV зыхуигъэзащ.

1557 гъэм Къаныкъуэ Къанлы я пашэу къэбэрдей лIыкIуэхэр Москва кIуащ. Ахэр пащтыхьым елъэIуащ шамхъалхэм ящихъумэну. Къэбэрдей лIыкIуэхэм урыс пащтыхьым жраIащ урыс къэралымрэ къухьэпIэ адыгэ къэралымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм хуэдэ езыхэми иращIылIэну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэу къэбэрдей лIыкIуэхэм къагъэлъэгъуащ урыс-къэбэрдей зэгурыIуэныгъэхэм я гъусэу къуэкIыпIэ куржы пащтыхьыгъуэхэу Картлырэ Кахетиемрэ («Ивер щIымкIи») зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну пщэрылъ къызэрыхуащIар. А гъэ дыдэм (1557 гъэм) Москва къэкIуащ Къэбэрдейм и ныкъуэкъуэгъу шамхъалхэмрэ Тюмен пщыгъуэмрэ я лIыкIуэхэр, урысхэм я жьауэм щIагъэувэну лъаIуэу.

1558 гъэм пщышхуэ Идар Темрыкъуэ Москва игъэкIуащ чыристан диныр къищтэу Михаил зыфIаща, пащтыхьым и пщIантIэм щIэныгъэшхуэ щызэзыгъэгъуэта, бояр пашэ икIи цIэрыIуэ хъуа и къуэ СулътIаныкъуэ (урыс дэфтэрхэм зэритыр мыпхуэдэущ: Салнук). СулътIаныкъуэ и къуэшхэу Думэныкъуэ, Мамсырыкъуэ, Белгъэрыкъуэ сыми 1560 гъэм пщэрылъ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу урысхэм я щыхьэрым кIуащ зыбжанэрэ. Урыс правительствэм фIэфIтэкъым шамхъалхэр кърым уэсмэнхэм зэрателъхьэр, и дамэгъу къэбэрдейхэм къазэреныкъуэкъур, абыхэм я бийуэ Iуэхугъуэ куэд зэрилэжьыр икIи абы къыхэкIыу ахэр и жьауэм щIигъэувэн идакъым. Идэн дэнэ къэна, 1560 гъэм дзэзешэ цIэрыIуэ Черемисин И. С. я пашэу дзэшхуэ тенджыз защIэкIэ Астрэхъэн къригъэшри, шамхъалхэм япигъэуващ. Шамхъалхэр урысыдзэшхуэм пэлъэщынутэкъыми, шынэхэри, Тарки щаIэ зэхуэсыпIэ хуэщIар ябгынащ икIи къэбэрдейхэм къатеуэныр пIалъэкIэ зэпагъэуащ. Къэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъуар зыфIэмыфIхэри щыIэт. Пщы Къетыкъуэ ПщыIэпщокъуэ зи пашэ гупым ар даIыгътэкъым. Абыхэм Кърымым и жьауэм щIэтмэ нэхъ къащтэрт.

ЩыIэт урысхэри кърымхэри зымыдэ нэгъуэщI зы гупи. Къэбэрдейр щытыкIэ гугъу икIи хьэлъэ дыдэ щихуам жыжьэ плъэф цIыху Iущу, хэкулIу зыкъигъэлъэгъуащ пщышхуэ Идар Темрыкъуэ. 1558 – 1567 гъэхэм къриубыдэу урыс лIыкIуэхэр Къэбэрдейм хэ къэкIуащ, Идар Темрыкъуэ и лIыкIуэхэу Москва щыIэхэми зыбжанэрэ яхуэ-

защ, плIэ зауэ дэIэпыкъуныгъэ къратащ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIащ урыс шабзауэхэм ирагъэкIуэкIа мафIэ зауэхэм. Абыхэм шабзэхэм мафIэр къыпылъэлъу ядзырт, бийр ягъащтэрт, зэхэзехуэн ящIырт, мыдрей зауэлIхэм ахэр, зыкъэщIэжыпIэ ирамыгъахуэу, зэтраукIэрт. Къэрал щIыб политикэри Iэзэу иригъэкIуэкIырт Идар Темрыкъуэ. Дагъыстэн шамхъалхэм ебийт, куржыхэм ныбжьэгъугъэрэ къуэшыгъэкIэ ябгъэдэтт, Кърым хъаныгъуэмрэ абы и дамэгъу Нэгъуей ЦIыкIу Ордамрэ япэщIэтын папщIэ Нэгъуей Ин Ордар къигъэсэбэпырт, благъагъэкIэ запищIауэ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъуари зи фIыщIэр Темрыкъуэт.

ЦIэрыIуэ хъуа пщышхуэм, япэм абы иригъэкIуэкI политикэр зымыдэу щыта къэбэрдеипщхэр къыгухьэрт, къыкъуэувэрт. Къэбэрдеипщхэм я закъуэтэкъым. Лъахэм и гъунэгъу къэралыгъуэхэмрэ къэралыгъуэжьхэмрэ я лIыщхьэхэми зэгурыIуэныгъэхэр кърашIылIэну хущIэкъухэрт. 1562 – 1563 гъэхэм Идар Темрыкъуэ урыс дзэзешэхэр и гъусэу зауэ-зекIуэ ин куэд иригъэкIуэкIащ и политикэмрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ я бийуэ къэув адыгэпщхэм, псом хуэмыдэу Къэтыкъуэ ПщыIэпщокъуэ зи пашэ гупымрэ ахэр дарэгъу зыхуэхъуа Шамхъал Бударрэ яхуэгъэзауэ. ИтIанэ апхуэдэ зекIуэхэр сэбэпышхуэ хъурт Къэбэрдейм Урысеймрэ Куржымрэ яхуиIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIи. Идар Темрыкъуэ иригъэкIуэкI къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм и фIыщIэкIэ Къэбэрдейр нэхъ зэкъуэт, нэхъ лъэщ хъури, Кавказым и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым и цIэр фIыкIэ щыIуащ. Абы щыхьэт тохъуэ Тыркум Урысейм и лIыкIуэу щыIа Новосильцев И. П. жиIар: «Пщы Идар Темрыкъуэ и щIыр Тарки деж къыщожьэри, псым дэкIуэу зиукъуэдийурэ, тенджызым йоуалIэ».



1567 гъэм Идар Темрыкъуэ и лъэIукIэ урысхэм Сунжэ псы хэлъэдапIэмрэ Тэрч псыгуэжыпIэмрэ я зэхуакум деж щаухуащ урыс къалэ. Ар ирагъэухуэн ямыдэу къэувауэ щытащ Къэтыкъуэхэрэ Шамхъалхэрэ. Ахэр хуейтэкъым Кавказ Ищхъэрэм и курыкупсэм деж щаухуэ къалэм дарэгъу зызыхуащIа Тыркумрэ Кърымымрэ я зекIуапIэхэр зэхуищIыну. Астрэхъэн, Азие Курытым, шамхъалхэм я деж кIуэ гъуэгухэри игъэбыдэнут абы. ЗэхуамыщIми, урысхэм ямыщIэу, абыхэм я Iизыныншэу бжьиз якIуфынутэкъым. Урысхэм ягухьэну хуэмей адыгэпщхэм, урыс къалэр ирамыгъэухуэн щахузэфIэмыкIым, кърым хъаным зыхуагъазэри жраIащ абы а Iуэхур къигъэувыIэну: «Идар Темрыкъуэ и щIым урыс къалэр иращIыхьмэ, фэ фи закъуэкъым хилъэфэнур, Тюмени шамхъалхэри Мэзкуу адэкIэ къыщыхутэнущ». Кърым хъан Долэт-Джэрий урыс лIыкIуэхэм епсэлъащ. Абыхэм ар зытрагъэхьакъым. Хъаным жиIащ зэи ар зэрахуимыгъэгъунур. ЩIэх дыдэ и псалъэри игъэпэжащ.

Бжьыхьэм, 1567 гъэм, кърым пащтыхьищ, дзэшхуэхэр я гъусэу, адыгэхэм я щIыр къазэуну игъэкIуащ. Москва дамэгъу зэрахуэхъуар ямыдэу Идар Темрыкъуэ еныкъуэкъуу щыта къэбэрдеипщхэр занщIэу Кърымым и лъэныкъуэ хъуахэщ. Кърымым щыпсэуну кIуа тэтэрхэм, нэгъуей мырзэхэм я гъусэу абыхэм къару лъэщ къызэрагъэпэщри, адыгэхэм къадэIэпыкъуну къэкIуа урысыдзэм япэуващ. А зэманым уэсмэнхэмрэ персхэмрэ яку дэлъа щытыкIэр аргуэру зэщIэплъэжащ. Абыхэм я зауэ-зекIуэ гъуэгур Кавказ ИщхъэрэмкIэ кIуэцIрыкIырт.

НэгъуэщI щIыпIэкIэ укIуэфынутэкъыми, ахэр гъуэгум ткIийуэ кIэлъыплъ урысхэм елъэIуащ ар хуит къыхуащIу кIуэцIрагъэкIыну. Урысхэм абыхэм я хьэтыр ялъэгъуакъым.

1559 гъэм къырым-тырку дзэшхуэр Астрэхъэн ихьащ ар яубыду, Кавказ Ищхъэрэм имыхьэу, атIэ абы къыпакIухьу Кавказ щIыбымкIэ Ширван кIуэ гъуэгухэр Тыркум къыхузэIуахыну. Ар гъуэгу жыжьэт икIи нэхъ гугъут. Дон псышхуэр зэпаупщIу, Индылыпсым тету ехыу, Каспие тенджызри зэпаупщIыжын хуейт. Кавказ щIыбымрэ Ширванрэ зыIэрагъэхьа нэужь, Азие Курытым ис муслъымэнхэм зыпащIэнут. А псом нэмыщIыжкIэ – нэхъыщхьэ дыдэр – Москва Кавказым зыщиубгъуныр къызэпыудынырт.

1570 гъэм Идар Темрыкъуэ зи пашэ шуудзэр къырым пащтыхь Адыл-Джэрий зытеуа абазэхэм ядэIэпыкъуну кIуащ. Ахупс деж щекIуэкIа иужьрей зауэ гуащIэм Темрыкъуэ уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Идар Темрыкъуэ и къуэхэу Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ бийм яубыдри, гъэр ящIащ. Пащтыхь гуащэ, Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэней) дунейм ехыжа, абы иужькIэ, куэд мыщIэу, и адэри лIа нэужьи, урыс пащтыхь Иван IV Урысейм Къэбэрдейм хуиIэ дамэгъу щытыкIэр къигъэтIэсхъакъым. Идархэ я пщы унэри ихъумащ. Гъэр хъуа Темрыкъуэ и къуэхэр къаригъэутIыпщыжыну Бэхъшысэрай егъакIуэ Шапкин Борис. Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ урысхэм къащэхужауэ лIыкIуэ унафэхэм иткъым. Ауэ 1578, 1580 – 1590 гъэхэм ятха дэфтэрхэм итхэм ятепщIыхьмэ, Мамсырыкъуэ Къэбэрдейм къигъэзэжри, и адэм кърихьэжьауэ щыта Iуэхур текI имыIэу игъэзэщIащ. Къэбэрдеймрэ Москварэ яку дэлъа зауэ-политикэ зэхущытыкIэмрэ къырым-тырку къарухэм драгъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ зэпыуакъым XVI лIэщIыгъуэм и иужьрей Iыхьэ щанэми. Идар Темрыкъуэ иригъэкIуэкIа политикэм пищащ абы и къуэш Къамболэти, пщы уэлий хъуа нэужь. Идархэ, Къетыкъуэхэ, ТаусултIанхэ я лIыкIуэхэм я пашэу ар 1578 гъэм Москва кIуащ. Къэбэрдейми шэрджэс псоми я цIэкIэ Къамболэт лъэIуащ Сунжэ псы хэлъэдапIэмрэ Тэрч псыгуэжымрэ я зэхуакум деж урыс къалэ щаухуэу дзэзешэхэмрэ зауэлIхэмрэ абы дагъэтIысхьэну. А гъэ дыдэм дзэзешэ Новосильцевым къалэр иухуащ, иужькIэ, Къырымымрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкIэр (къалэр зэраухуам щхьэкIэ) щызэщIэплъэм, ар якъутэжащ, ауэ Кавказ Ищхъэрэм кIуэцIрыкI гъуэгум я нэIэ трагъэкIакъым икIи я Iизыныншэу зыри ирагъэкIуакъым. 1558 гъэм и январь мазэм Мамсырыкъуэрэ Къундетрэ зи унафэщI лIыкIуэхэр Москва кIуэри, къэбэрдейхэр урыс къэралым и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэжащ. Къэбэрдей лIыкIуэхэм я тхьэрыIуэхэр дэфтэрхэм иратхэри, ахэр тхыгъэхэмкIэ ягъэбыдэжащ. Дэфтэрхэм иратха унафэхэм ящIыгъуу пащтыхь Иван и къуэ Фёдор Къэбэрдейм и пщышхуэ Идар Къамболэт Къэбэрдей щIы псоми я ЩIыхь тхылъ къритауэ щытащ, дыщэ мыхъур тету. Абы тхьэрыIуэ зэгурыIуэныгъэр етIуанэу игъэбыдэжырт. XVI лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым Идархэ я пщы унэм ткIийуэ пэщIэтащ Къетыкъуэхэрэ ТаусултIанхэрэ. Абыхэми я лIыкIуэхэр щхьэхуэу Москва ягъакIуэрт. Къэбэрдейхэм я лъэIукIэ тхьэрыIуэхэмкIэ зэращIылIа зэпсэлъэныгъэхэм хагъэхьат бийр къатеуэмэ, урыс зауэлI къыхэха къагъакIуэу къадэIэпыкъуну. Урысхэм я телъхьэ хъуа къэбэрдеипщхэм ар къагъэсэбэпурэ Къырымымрэ шамхъалхэмрэ я жьауэм щIэувахэм ебэнырт.

Адрейхэми зи блыгу щIэувахэр Iуэхум къыхашэрт. Къэбэрдеипщхэм я кум къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэмрэ бэнэныгъэмрэ урыс правительствэми къэрым хъаныгъуэми я фейдэ хэлът. Абыхэм къадэщI, къадэIэпыкъу хуэдэу защIурэ, дэтхэнэми и лъэр Кавказ Ищхъэрэм щигъэбыдэрт.

1589 гъэм тэрч дзэзешэ Хворостин А. И. лIыкIуэ тхылъым иритхащ къэбэрдеипщ Идар Къамболэт дунейм зэрехыжар, абы и пIэ иувэным щхьэкIэ, пщыхэр зэрызэныкъуэкъуар. Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, август мазэм, зэуэзэпсэу лIащ Къетыкъуэ Аслъэнбэчи. Къэбэрдейм Хасэшхуэ щекIуэкIащ. Хасэм Аслъэнбэч и пIэкIэ щыхахащ Къетыкъуэ Жансэхъу.

1580 – 1590 гъэхэм урыс пащтыхьым къэбэрдейхэмрэ адрей бгырыс лъэпкъхэмрэ ярищIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэхэр къанэ щымыIэу зэригъэзэщIам абы и пщIэр иIэтащ. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм Москва хуаIэ щытыкIэм зихъуэжащ. Урысхэм Кавказым щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр къалъытащ дунейпсо дипломатием и текIуэныгъэу. Абыхэм я лъэр Кавказ гупэм зэрыщагъэувар куэдым я гуапэ хъуакъым. Мыхъуам къыщымынэу, ар ямыдэу къэуващ Тыркумрэ Къырымымрэ. Абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкIэр аргуэру зэщIэплъэжащ.

1592 – 1594 гъэхэм Тыркум Урысейм и лIыкIуэхэу щыIа Нащокин Г., Иванов А. сымэ мамыр зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну уэсмэнхэм я уардэунэм щыкIуам, абыхэм ткIийуэ, пхъашэу къепсэлъащ: «Фи пащтыхьым и цIыхухэр къэбэрдейхэмрэ шамхъалхэмрэ ящIхэм ихьащ, шамхъалхэм ди пащтыхьым къулыкъу хуащIэ... Фи пащтыхьым шэрджэсхэм я щIым къалэ ирыригъэщIыхьащ, Тэрч къыщыщIэдзауэ къалиплI щывухуащ, Темырхъан (Дербент) кIуэ гъуэгури фубыдащ». Синан-пэщэ визирь иным урыс пащтыхь Иван и къуэ Фёдор письмо хуитхащ Тэрчрэ Къэбэрдей щIыналъэмрэ урыс къалэхэр зэрырищIыхьар, Тэн Iус къэзакъхэр Азов зэрытеуар къигъэлъагъуэу. Москва къригъэблагъэу Куржы пащтыхь Александр зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIар имыдэу ткIийуэ къигъэуващ Дон къэзакъхэр Азов иришыжу Астрэхъэнрэ Къэзанрэ Тыркум яритыжыну.



Урыс лIыкIуэхэм уэсмэнхэмрэ тыркухэмрэ зэгурыIуэныгъэхэр щращIылIэхэм деж куэдрэ къагъэсэбэпу щытащ «Псыхуабэ шэрджэсхэр» пасэм къыщыщIэдзауэ урысхэм яйщ» жыхуиIэ Iуэху еплъыкIэр. Унафэхэр зратхэ тхылъым ит тхыгъэхэр щапхъэу къахьурэ, урысхэм псоми я фIэщ ящIыну хэтт шэрджэс адыгэхэр зэман жыжьэ блэкIам рязанхэу щытауэ, Иван IV и пащтыхьыгъуэм Кавказым къэIэпхъуэжу урысхэм я жьауэм щIэуващ. Абы къыхэкIыу, пащтыхьым ахэр ихъумэн папщIэ, Тэрч къалэ щиухуащ, шэрджэсхэр къалэншэу псэуфынукъым, жаIэри.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр лIыкIуэхэм куэдрэ къагъэсэбэп, я дэфтэрхэм иратхэу щыта щхьэкIэ, Истамбылрэ Бэхъшысэрайрэ ар я фIэщ зэи хъуакъым. Тырку, Къырым лIыкIуэхэри хущIэкъурт шэрджэсхэр езыхэм яйуэ къыщIрагъэдзыну. Ахэр муслъымэнщ, ди къэралыгъуэм и цIыхухэщ, жаIэрт. XVI лIэщIыгъуэм и кIэм тырку сулътIанымрэ Къырым хъаныгъуэмрэ яужь ихьащ Кавказ Ищхъэрэр яубыдыну. Керчь

топ 18 яшащ. Урысейми дзэшхуэ яшэну загъэхьэзырырт, ауэ абы зэран хуэхъуащ Венгриер яубыдыну Австриемрэ Тыркумрэ зэрызэпэувамрэ Мубэрэч-Джэрий зэрылIамрэ.

1557 гъэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тхыдэтххэр зэхуэмыдэу топсэлъыхь. Щызэдауи щыIэщ. Ауэ XVI лIэщIыгъуэм щыIа щытыкIэм тепщIыхьмэ, а зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хэбдзын хэлъкъым. Ахэр зыкIи зэран хуэхъуакъым Къэбэрдейм зиужьыным. Абы зыри къыпэрыуакъым езым и къэрал щIыб, къэрал кIуэцI Iуэху иригъэкIуэкIыжыну. Уеблэмэ, и экономикэм фIыуэ зиIэтри, и пщIэмрэ и зэфIэкIымрэ хэпщIыкIыу, нэрылъагъуу хэхъуащ. Ауэ нобэ языныкъуэхэм къызэралъытэм, зэрыжаIэм, зэратхым хуэдэукъым Iуэхур зэрыщытар – Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зауэ-политикэ Iуэхугъуэхэр зэгъусэу ирагъэкIуэкIын папщIэ дамэгъу зэхуэхъуауэ аращ. Къэбэрдейми Урысейми езыхэм я щIыналъэ яIэжу щытащ, я гъунапкъэхэр гъэбелджылауэ. Дэтхэнэми щызекIуэрт езым и хабзэ. Зым и Iуэхум адрейр хэIэбэртэкъым. Къэбэрдейми Урысейми яIащ езыхэм я къэрал дамыгъэхэр, къэрал IуэхущIапIэхэр. Налогхэри щхьэхуэ-щхьэхуэу ятырт. Зым адрейм ейм и Iуэху хилъхьэртэкъым.

1557 гъэм Къэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъуар дунейпсо хабзэм тету ятхащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар хъума хъуакъым. Ди деж къэсар тхыдэм ехьэлIа Iуэхухэр щызэхуахьэса тхыгъэхэм хэхуа Iыхьэхэрщ. ЗэгурыIуэныгъэхэр IыхьитIу зэхэтащ: «тхьэрыIуэ псалъэрэ» «дыщэ мыхъур зытелъ ЩIыхь тхылъу».

# ТХЫДЭМ УВЫПІЭ ЩХЬЭХУЭ ЩЫЗЫУБЫД ИДАРХЭ Я ЛІАКЪУЭМ ЩЫЩХЭР

## *Къэбэрдей пщы уэлий Темрыкъуэ*

*(1502 – 1571)*

«Адыгэ (шэрджэс) энциклопедием» зэрыщатхамкIэ, Темрыкъуэ XVI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къалъхуащ. Абы и лIыкIуэхэр 1557 гъэм Москва щигъэкIуам щыгъуэ, ар илъэс щэ никъуэм щхьэдэхауэ зэрыщытам – лIыку ныбжьым зэритам – шэч хэлъкъым: и къуэхэр балигъ хъуауэ, ипхъу нэхъыжьитIыр лIы дэкIуауэ щытащ абы щыгъуэ.

Темрыкъуэ и адэр, Идар, адыгэ лъэпкъхэр зэгуэзыгъэхьауэ щыта Инал пщышхуэм и къуэрылъху Иналмэс и къуэщ. Адыгэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, Идар и анэр бжьэдыгъупщ, Хъымыщ Елджэр ипхъущ. И ныбжь нэса нэужь, Къэбэрдейм и унафэр иубыдын мурад ищIри, Идар пщыхэм (Жанхъуэтхэ, Минболэтхэ) зауэ ярищIылIащ – Къызбрун зауэкIэ зэджэр. Абы и ужькIэ Идар Къэбэрдейм и гупсэ пщыгъуэ къыщыIэрыхьащ – ИдарейкIэ зэджэр, абы пщышхуэ щыхъуащ. Темрыкъуэ къызыщалъхуар аращ – Идарейрщ. И адэр лIа нэужь, Темрыкъуэ Идарейм пщышхуэ IэнатIэр къыщылъысащ. Абы щыгъуэ ар зи ныбжь нэса, къаруушхуэ зыбгъэдэлъ пщы лъэрызехьэт.



Идарейм пщышхуэ щыхъуами, Темрыкъуэ жагъуэгъумрэ ныкъуэкъуэгъумрэ и куэдт, пщыхэр псори зригъэувэлIэн хузэфIэкIатэкъыми. Нэхъ Iеижырати, Къэбэрдейм псэугъуэ кърататыртэкъым зэрыпхъуакIуэхэм – щIэх-щIэхыурэ къытеуэрт Тырку СулътIанымрэ Кърым хъанымрэ я дзэхэр.

Пщы губзыгъэм, Темрыкъуэ, къыгурыIуащ Къэбэрдейм и Iуэхур хэплъэгъуэ зэрыхъуар, зэрыпхъуакIуэхэм зэрамыгъэтыншынур, гуващIэхами мафIэм хисхьэнкIэ, я хуитыныгъэр яфIэкIуэдынкIэ шынагъуэ къазэрыкIэщIэзэрыхьар. Тырку сулътIанми Кърым хъанми я IэмыщIэ зиплъхьэ зэрымыхъунур зэхищIыкIащ Темрыкъуэ – тIури зыхущIэкъур Къэбэрдейр я лъэгу зэрыщIагъэувэнырт, Iэпхлъэпх зэращIынырт – абы щIэбэгтэкъым Къэбэрдейхэр.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ Инал пщышхуэм и зэман лъандэрэ Къэбэрдейри Шэрджэсри зэрыпхъуакIуэхэм зэрамыгъэтыншам – зы илъэси дэкIакъым бийхэр ди хэкум къимызэрыгуауэ. Адыгэ лъэпкъхэр зэгуигъэхьэн, зэрыпхъуакIуэхэм яхуэфащэ удын яридзын хузэфIэкIащ Инал, ар дэнэ къэна, бийхэр зыфIэлIыкI къэралыгъуэ лъэщ иухуащ. Инал лIа нэужь, абы и бынхэр зэщыхьэжащ, Къэбэрдейри Шэрджэсри пщыгъуэ-пщыгъуэурэ зэхуагуэшыжащ – нэгъуэщIу жыпIэмэ, зэрыпхъуакIуэхэм я дежкIэ тегушхуэгъуафIэ хъуащ. Бийхэм кърацIылIэ зауэхэм Къэбэрдейри Шэрджэсри къарууншэ хэхъухьауэ, пщыхэр зыр зым еныкъуэкъуурэ лIыфIыгъэ зэримыгъэхуауэ апхуэдэ зэманщ Темрыкъуэ утыкум къыщихьар.

Пщышхуэ IэнатIэр къылъыса нэужь, Темрыкъуэ, псом япэрауэ, зиужь ихьар Къэбэрдейр зы унафэм щIэгъэувэнырщ – абыкIэ щапхъэт Темрыкъуэ и адэшхуэм и адэ Инал Нэху. Ауэ ар Iуэху тынштэкъым: зэрыжытIащи, Къэбэрдейр бийхэм къатIысыхьат, пщыхэм я нэхъыбэ-

ри жагъуэгъу къыхуэхъуати, и мурадыр зэрызригъэхъулIэн Iэмалымрэ хэкIыпIэмрэ и мащIэт. Тыркуми Къырымми я IэмыщIэ зрилъхьэн мурад иIэтэкъым Темрыкъуэ, махуэ къэс къыхагъэзыхь пэтми. Абы и зэманым зы илъэси дэкIакъым тыркухэмрэ Къырым хъанымрэ я дзэхэр Къэбэрдейм къытемыуауэ. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуэм, зы хэкIыпIэ закъуэщ Темрыкъуэ къыхуэнэжар: къыщхьэщыжын, къыдэIэпыкъун, бийхэм ящызыхъумэн къэрал лъэщ гуэрым дзей хуэхъун хуейт.

1557 гъэм Темрыкъуэ и лIыкIуэхэр Москва кIуащ, урыс пщышхуэм епсэлъэн папщIэ. Урысейр лъэ быдэкIэ щыув зэмант ар, къаруушхуэ бгъэдэлъ хъуат, дэнэ лъэныкъуэкIи зыщиукъуэдийрт, бийхэр къыфIэлIыкIырт, тегушхуэгъуафIэ ящIыжыфынутэкъым. Урысейм хуэдэ къэрал лъэщт Къэбэрдейр бийхэм ящызыхъумэфынур – ар щIэх дыдэ къыгурыIуащ Темрыкъуэ. Аращ Урысейм дзей зыщIыхуищIар, абы щIыхыхьар.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, бийхэр махуэ къэси къызытегуплIэ Къэбэрдейм дзэ къигъакIуэурэ Темрыкъуэ куэдрэ къыдэIэпыкъуащ Урысейр.

Тэрч псым и Iуфэм абы и лъэIукIэ къалэ быдапIэ зыбжанэ къыIуащIыхьащ урысхэм. Ар ягу техуакъым зэрыпхъуакIуэхэм – урыс пащтыхьым къеныкъуэкъу зэпытащ Темрыкъуэ хуащIа къалэ быдапIэхэр якъутэжын хуейуэ.

Темрыкъуэ и хэкур Урысейм зэрыхыхьам, урысхэр дзей зэрищIам нэхъри къигъэгубжьащ Тырку СулътIанри Къырым Хъанри – Къэбэрдейм нэхъри къытракъузащ, дзэ къраутIыпщурэ Iэджэрэ къытегуплIащ, ауэ Темрыкъуэ и зэманми иужькIи зэрыпхъуакIуэхэм яхузэфIэкIакъым Къэбэрдейр я IэмыщIэ иралъхьэну, я лъэгу щIагъэувэну. Аращ Темрыкъуэ 1557 гъэм ича лъэбакъуэр ди лъэпкъым дежкIэ щIэмахуэр – Къэбэрдейр абы лъандэрэ ящыхъума хъуащ бийхэм.

Къэбэрдейм и хуитыныгъэм и закъуэкъым Темрыкъуэ зыщIэзэуар. 1570 гъэм Къырым Хъаным и дзэр Шэрджэсым къытеуащ. Бийм пежьащ Къэбэрдей пщышхуэм и дзэр. Афыпс деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм Темрыкъуэ уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Бийр абдеж щызэхакъутащ, ауэ зауэм къыхиха уIэгъэм Темрыкъуэ 1571 гъэм илIыкIащ.

Я адэм и гъуэгум ирикIуащ Темрыкъуэ и къуэхэри и къуэрылъхухэри: ахэр Урысейм пэжкIэ бгъэдэтащ – Мамсырыкъуи, Думэныкъуи, СулътIани, адрейхэри. Урысей къэралым зиузэщIын, лъэ быдэкIэ увын папщIэ, куэд ялэжьащ Идар Темрыкъуэ и щIэблэхэм – зи къуэпсыр а пщышхуэм деж къыщежьэ пщы Черкасскэхэ.

И къуэхэм нэмыщI, Къэбэрдейм я пщышхуэ Идар Темрыкъуэ пхъуищ иIащ: Алътыншаш, Мэлхъурыб, Гуащэнэ. Я дэлъхухэм хуэдэу, зэшыпхъуищри щыцIэрыIуэщ Къэбэрдейми Урысейми я тхыдэм.

## *Урыс пащтыхъ гуащэ Марие (Гуащэнэ)*

*(1544 – 1569)*

Урысей пащтыхь Иван и япэ щхьэгъусэ Анастасие лIа нэужь, абы дэкIуауэ щытащ Идар Темрыкъуэ ипхъу нэхъыщIэ Гуащэнэ. Чыристан диныр къищта нэужь, Гуащэнэ Марие къыфIащащ. 1561 гъэм

щыщIэдзауэ Темрыкъуэ и пхъур Урысейм я пащтыхь гуащэ хъуащ, а цIэр зэрихьащ дунейм тетыху. Зы бынщ Марие иIар (Василий зыфIаща щIалэ цIыкIур), ари сабийуэ 1563 гъэм дунейм ехыжащ. Пащтыхь гуащэ Черкасская Марие Москва Кремлым (Спасскэ куэбжэм пэмыжыжьэу) дэта Вознесенскэ цIыхубз къулъшырыфым щыщIалъхьащ.

Темрыкъуэ и пхъур урыс пащтыхьым зэрыритам Къэбэрдейми Урысейми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ, абы нэхъри благъэ зэхуищIащ 1557 гъэм зэгухьауэ щыта къэралитIыр.

Урыс пащтыхьым Марие тыгъэ къыхуищIауэ щыта дыщэ фалъэр Кремлым дэт оружейнэ палатэм щахъумэ. Килограммищ хъу дыщэ фалъэр Иван Марие щритар абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр щекIуэкIа махуэрщ, ар урыс дыщэкI IэщIагъэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм хабжэ.

Урыс тхыдэм нэмыщI, Темрыкъуэ ипхъу Марие и цIэр къыхэнащ урыс IуэрыIуатэми: абы щыгъунэжщ къэбэрдей пщыпхъу, урысей пащтыхь гуащэ Идар Гуащэнэ (Марие) теухуа уэрэдхэр, хъыбархэр.

## *Къасым хъан гуащэ Алътыншаш*
*(1525 – 1583)*

Алътыншаш Темрыкъуэ ипхъу нэхъыжьщ. Ар Астрэхъэн дэса нэгъуеипщым и къуэ Бекбулат и щхьэгъусащ. Астрэхъэн нэгъуейхэм я хэкумрэ Къэбэрдеймрэ зэгъунэгъуащ, я гъунапкъэ зэпыхьэу. Темрыкъуэ ипхъу нэхъыжьыр нэгъуей пщышхуэм и къуэм щIритам щхьэусыгъуэ иIэт: нэгъуейхэр дзей къищIын щхьэкIэщ.



Астрэхъэн Урысей къэралыгъуэм хагъэхьа нэужь (1556 гъэм), Бекбулатрэ Алътыншашрэ Ока псым и Iуфэм Iус Къасым хъаныгъуэр кърататщ: Темрыкъуэ и малъхъэр, Бекбулат, абы тепщэ (хъан) щыхъуащ. Бекбулат лIа нэужь, абы и къуэ Саин-Булат Москва яшэри, урыс пащтыхь тахътэр дзыхь къыхуащIащ. Темрыкъуэ и пхъурылъхур (чыристан диным ихьа нэужь, Симеон Бекбулатович зыфIащар) урыс пащтыхь тахътэм тесащ илъэситIкIэ – 1574 – 1576 гъэхэм.

## *Нэгъуей хъан гуащэ Мэлхъурыб*
*(1528 – 1597)*

Индылрэ Уралрэ я зэхуаку дэсащ НэгъуеишхуэкIэ зэджэ хъаныгъуэр, Iэпхъуэшапхъуэу. Нэгъуеишхуэм я хъан Измаил и къуэ Тинахъмэт и щхьэгъусащ Темрыкъуэ ипхъу курытыр – Мэлхъурыб. Измаил лIа нэужь, Нэгъуеишхуэм я тепщэ хъуащ Темрыкъуэ и малъхъэр. Урысеймрэ Нэгъуеишхуэмрэ нэхъри благъэ зэхуэхъуащ – Тинахъмэт и щхьэгъусэр, Мэлхъурыб, урыс пащтыхь гуащэ Марие и шыпхъут: я адэм и жыIэм фIэкIакъым тIури – Урысейр, Къэбэрдейр, Нэгъуеишхуэр нэхъри зэрыубыдын щхьэкIэ, яхузэфIэкI къагъэнакъым.

## *Къэбэрдеипщ, лIыкIуэ, зауэлI хахуэ Мамсырыкъуэ*
*(1524 – 1601)*

1566 гъэм Къэбэрдейм щыщ шу гуп Москва кIуауэ щытащ. Шу гупыр Идар Темрыкъуэ и лIыкIуэт, я Iэтащхьэр пщышхуэм и къуэ Мам-

сырыкъуэт. Темрыкъуэ и цIэкIэ лIыкIуэхэр урыс пащтыхьым елъэIуащ Тэрчрэ Сунжэрэ щызэхэхуэм деж къалэ-быдапIэ щаухуэну. Темрыкъуэ и лъэIур къыхуищIащ Иван ЕплIанэм. Дзэ къыщIагъури, Мамсырыкъуэ 1567 гъэм къаутIыпщыжащ, Сунжэ и Iуфэм къалэ-быдапIэ щаухуащ, ар зи фIыщIэр, псом япэрауэ, Мамсырыкъуэщ. Къалэм дэс урысыдзэр къэбэрдейхэм къадэIэпыкъуащ, ахэр «Тыркумрэ Кърымымрэ я IэмыщIэ имыхуэн щхьэкIэ». Дауи, ар ягу техуакъым тырку сулътIанми кърым хъанми – абыхэм зауэ кърашIылIащ Къэбэрдейм, урыс пащтыхьми тракъузащ Тэрч къалэ-быдапIэр икъутэжын хуейуэ. 1571 гъэм Афыпс щекIуэкIа зауэм уIэгъэ щыхъури, Темрыкъуэ абы илIыкIащ. Урыс пащтыхьым Тэрч къалэ-быдапIэр икъутэжын хуей хъуащ, абы дэса дзэри дишыжащ.

Къэбэрдеипщхэр гуп зыбжанэ зэрыгъэхъури, Мамсырыкъуэ лIы Iущыр абыхэм яIэщIэкIуэдащ. Къазиипщым ар 1601 гъэм иригъэукIащ, и къуэш Думэныкъуэ щIыгъуу.

Москва и уэрамхэм ящыщ зым ноби зэрехьэ Мамсырыкъуэ и цIэр – Мерзляковкэ. Мамсырыкъуэ и цIэрэ и хъыбаррэ ущрохьэлIэ пасэрей урыс уэрэд куэдми.

Урыс пащтыхь Иван Васильевич кърым хъан Долэт-Джэрий 1570 гъэм хуитхащ: «Хъыбар къытIэрыхьащ пщы Темрыкъуэ и къуитI, Мамсырыкъуэрэ Бибэрыкъуэрэ, хъаныкъуэ Адыл-Джэрий и IэмыщIэ ихуауэ. Ахэр къытхуэбутIыпщыжамэ, сыткIэ укъыдэлъэIуми, пхуэтщIэнт».

Мамсырыкъуэ и уэрэдыр вариант 90-у щыIэщ. Уэрэдым лъабжьэ иIэщ: Гуащэнэ пащтыхьым щыхуашэм щыгъуэ, абы щIыгъуа шу гъусэхэм яхэтащ Темрыкъуэ и къуитI – Мамсырыкъуэрэ СулътIанрэ. А тIури цIэрыIуэ щыхъуащ урысей къалащхьэм. СулътIан Москва къыдэнауэ щытащ, чыристан диным ихьа нэужь, Михаил къыфIащауэ.

ЗэралъытэмкIэ, Мамсырыкъуэ и уэрэдыр хэкIыпIэ хуэхъуащ Лермонтовым и усыгъэ цIэрыIуэми – «Пащтыхь Иван Васильевич, опричник щIалэм, сатуущIэ хахуэ Калашниковым я пшыналъэм».



## *Урыс дзэпщ цIэрыIуэ Къанщауэ*

*(1586 – 1651)*

Къэбэрдей пщышхуэ идар Темрыкъуэ и пхъуищым нэмыщI, къуитху иIащ – Думэныкъуэ, Мамсырыкъуэ, Бибэрыкъуэ (Белгъэрыкъуэ), МатIэ (Мазлэ), СулътIан сымэ. Зэшхэм я нэхъ цIэрыIуэр, дауи, Мамсырыкъуэщ: Урысейми Къэбэрдейми я тхыдэм щыгъунэжщ абы и хъыбархэр. Мамсырыкъуэ (урыс щIэныгъэлIхэм зэратхымкIэ, Мамстрюк) лIыгъэшхуэ зыхэлъа, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ нэхъри благъэ зэхуэхъуным хэлIыфIыхьа дзэпщ, лIыщхьэ цIэрыIуэщ, и адэм зытригъэхьа гъуэгум тетащ, и гъащIэр иухыху.

Мамсырыкъуэ и къуэщ Черкасский Дмитрий. 1979 гъэм къыдэкIа «Совет энциклопедие псалъалъэм» зэритымкIэ, Черкасский Дмитрий (Къанщауэ) 1613 – 1634 гъэхэм дзэпщ къулыкъу зэрихьащ. Дзэпщхэр а зэманым къалэшхуэхэм, абыхэм къедза щIыналъэхэм я Iэтащхьэу щытащ, зэрыдзэпщым нэмыщI. Абы ипэкIэ Черкасский Дмитрий дзэпщ Пожарский Д. М. дэзэуащ, Москва полякхэм къаIэщIэзыхыжа

урысыдзэм щыщ зы дзэ полк (пакIэ) IэщIэлъащ, Углич, Вязьмэ, Дорогобуж къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. Калугэ хуит къыщащIыжым щыгъуэ, Лжедмитрий и щхьэгъусэ Мнишек Маринэ гъэр зыщIар Черкасский Дмитрий зи пашэ дзэращ.

Смоленск и гъунэгъу Белая къалэ-быдапIэр полякхэмрэ литовцхэмрэ къыщыIэщIагъэкIыжым щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ, Черкасский Дмитрий «Дыщэ дамыгъэ» лъапIэр къратащ. Апхуэдэ дамыгъэ лъапIэ а зэманым зыхуагъэфащэ хабзэр къэралым и пащхьэм фIыщIэ ин дыдэ щызиIэ дзэпщышхуэхэрат – апхуэдэущ Мамсырыкъуэ и къуэ Черкасский Дмитрий (Къанщауэ) Урысейм и тхыдэм къызэрыхэщыр.

Боярин цIэ къыфIащауэ, Къанщауэ Къэзан приказыр зэрихьащ, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, Урысейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм и унафэр IэщIэлъащ. Боярин цIэ зыфIащыр пащтыхьым и гъунэгъу дыдэ дзэпщ, лIыщхьэ, къулыкъушхуэ зезыхьэ цIыху цIэрыIуэхэрат, абыхэм ящыщащ Темрыкъуэ и къуэрылъхур. 1633 гъэм и бжьыхьэм, Польшэм щезауэм, урысыдзэм дзэпщ нэхъыщхьэ яхуэхъуар Мамсырыкъуэщ.

«Энциклопедие псалъалъэм» зэритымкIэ, Черкасский Дмитрий щылIар 1651 гъэрщ, и хьэдэр Новоспасскэ къулъшырыфым (Москва) щыщIалъхьащ.

# ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ ІУЭХУМ И КЪЕЖЬАПІЭМРЭ ЗЭРЫЗИУЖЬАМРЭ

Ди щІыналъэм и тхыдэм и напэкІуэцІхэм къызэраІуэтэжымкІэ, 1859 гъэм Налшык щаухуауэ щытащ япэ школхэр. Абы лъабжьэ хуэхъуат «Бгырыс еджапІэхэм я уставыр». А дэфтэрым ипкъ иткІэ, къалащхьэм къыщызэІуахат классищ къыщыбух хъуну еджапІэ. Абы сабийхэр щыхурагъаджэрт, псом япэрауэ, дин Іуэхум, адэкІэ урысыбзэм, есэпым, географием, гулъытэ щыхуащІырт сурэт щІынымрэ дахэу тхэнымрэ.

ЕджапІэм хэт пансионым щыІэхэр унагъуэ къулейхэм, лъэпкъ цІэрыІуэхэм къахэкІа щІэблэт. Нэхъ иужьыІуэкІэ еджапІэм къащтэу хуежьащ адыгэ, балъкъэр мэкъумэшыщІэхэм я бынхэри. 1873 гъэм егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр класс хэха къыщызэІуахащ окружной еджапІэм. ИтІани, лъэпкъ щІэныгъэлІу, ІэщІагъэлІу диІэр мащІэ дыдэт: 1878 гъэм ирагъэджа цІыху 7384-м адыгэу яхэтыр 89-т, балъкъэру – 35-т. Апхуэдэ еджапІэхэм щІэныгъэ щызрагъэгъуэтауэ щытащ ди лъэпкъ щІэныгъэм, щэнхабзэм я лъабжьэр зыгъэтІылъахэу ХьэтІохъущокъуэ Къазий, Абыкъу Мухьэмэд, Къармэ Исхьэкъ, Сэхъу Гъузер, Тамбий Пагуэ сымэ, нэгъуэщІхэми. АдэкІэ абыхэм къащІэуващ егъэджэныгъэ ІэнатІэм ди лъахэм зыщезыгъэужьа, абы и жылэ псоми щІэныгъэм и нэхур дезыгъэдза ІэщІагъэлІ гупышхуэ.

1917 гъэм екІуэкІа Октябрь революцэм жылагъуэ зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къыкІэлъыкІуащ. ДэнэкІи хуэдэу, ди щІыналъэми яужь щихьащ цІыхубэ щІэныгъэншагъэр гъэкІуэдыным. РСФСР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и наркомым 1918 гъэм къыдигъэкІа «Зи цІыху бжыгъэр мащІэ лъэпкъхэм щыщхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ» унафэм ипкъ иткІэ, 20 гъэхэм я пэщІэдзэм совет школхэр къыщызэрагъэпэщу хуежьащ Къэбэрдейми Балъкъэрми. ЕджапІэхэм хухахырт нэхъапэІуэкІэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ щыпсэуа унэшхуэхэр. ЩІэныгъэ зэгъэгъуэтыным хущІэкъу бгырысхэм жылэ зэхуэсхэм унафэхэр къыщащтэрт школхэр я щІыпІэм къыщызэІухыным ехьэлІауэ. Зэман кІэщІым къриубыдэу Налшык и закъуэ къыщызэІуахауэ щытащ еджапІи 10-м щІигъу. Тэрч облревкомым и унафэкІэ, а ІэнатІэм къепхауэ къызэІуахауэ щытащ щІыналъэм и школхэм ІэщІагъэлІхэр щыхуагъэхьэзыр курсхэр. А Іуэхум жыджэру хэтахэм ящыщщ лъэпкъ егъэджакІуэ цІэрыІуэхэу Цагъуэ Нурий, Елбэд Хьэсэн сымэ.

1921-1922 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щылажьэрт школ 65-рэ. Абыхэм кІуэрт ныбжьыщІэ 3500-рэ. Апхуэдэ ехъулІэныгъэм иригушхуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Советхэм я 3-нэ съездым унафэ щащІащ щІыналъэм хиубыдэ жылэ къэс, 1924 гъэм ирихьэлІэу, школ къыщызэІухын хуейуэ. Налшык Іэмал имыІэу лэжьэн щыщІидзэн хуейт еджапІэ къалэ цІыкІум, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІ хырых – къуажэ гъэзэщІакІуэ комитетым и секретаррэ ІэщІагъэлІрэ, парт, комсомол лэжьыгъэхэр зезыгъэкІуэн, егъэджакІуэ, тыкуэнтет – къуажэ къэс хуигъэхьэзырыныр и къалэн нэхъыщхьэу. Апхуэдэуи хъуащ: илъэситІ нэхъ дэмыкІыу ди щІыналъэм

щылажьэрт пэщIэдзэ школи 124-рэ, илъэсибл школи 2. Псори зэхэту абыхэм щеджэрт сабий 7619-рэ (абыхэм я Iыхьэ щанэм нэсыр хъыджэбз цIыкIухэт). А школхэм щылажьэрт егъэджакIуэ 262-рэ.

Школхэр шэщIауэ къыщызэIуах илъэсхэм адыгэбзэм и алыфбейр щыIэт хьэрып, урыс тхыкIэхэм тету. Ди къэралыгъуэр щызэфIэувэ япэ илъэсхэм алыфбеитIри зэгъусэу къагъэсэбэпащ. ИужькIэ, 1923 гъэм и пэщIэдзэм, адыгэбзэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIа зэIущIэ ин Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. А Iуэхум яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. А зэманым ар Налшык округым щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу лажьэрт. Хъураным и алыфбейр 1925 гъэм иригъэфIэкIуауэ щытащ Борыкъуей ТIутIэ, арщхьэкIэ илъэси 5 дэкIри, абыи зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэс зыбжанэм абы тетащ.

1935 гъэм адыгэбзэр латин графикэм кърахри, урыс тхыкIэм ирагъэзэгъащ. А лэжьыгъэри зыгъэзэщIар Борыкъуей ТIутIэщ. Иджырей ди анэдэлъхубзэм иужьрей зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьар 1939 гъэрщ. Абы елэжьауэ щытащ еджагъэшхуэ Яковлев Николай зи пашэ щIэныгъэ комиссэ щхьэхуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным псэ хьэлэлу хуэлэжьа лъэпкъ IэщIагъэлI 22-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ, 1939 гъэм иратауэ щытащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр.



Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм курыт школхэм я нэхъыбэм лэжьыгъэр щызэпагъэуауэ щытащ IэмалыншагъэкIэ къыхэкIыу. Бийр ди щIыналъэм зэрырахужу абыхэм я бжэхэр къызэIуахыжащ икIи, псы хуэлIа къэкIыгъэм хуэдэу, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэ ныбжьыщIэхэм еджэным пащащ.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм хэпщIыкIыу зиужьащ зауэ нэужь лъэхъэнэм. Совет Союзым щызэтеува школ егъэджэныгъэр дуней псом щапхъэу къыщахьу екIуэкIащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм нэсыху. Къэралым а лъэхъэнэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр егъэджэныгъэ IэнатIэми нэсащ. ЩытыкIэр къалъытэри, республикэм и курыт школхэм зэрыщрагъаджэ программэхэм хагъэхьауэ щытащ лъэпкъщIыналъэ Iыхьэр. Абы ипкъ иткIэ гулъытэ хэха хуащIу хуежьащ лъэпкъыбзэхэр, тхыдэр, щэнхабзэр джыным. Апхуэдэу школакIуэхэм нэхъ хэкъузауэ ирагъэджу хуежьащ зрагъэгъуэтыну я мурад IэщIагъэм епха предметхэр (профильнэ егъэджэныгъэ). КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм гулъытэ игъуэтащ еджапIэхэр Интернетым пыщIэным, дунейпсо мардэхэм яхуэкIуэ технологие пэрытхэр лэжьыгъэм шэщIауэ къыщыгъэсэбэпыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ щIэблэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ 266-рэ. Абыхэм екIуалIэ ныбжьыщIэ мини 115-м щIигъум ядолажьэ IэщIагъэлI мин 12-м нэс. Абыхэм ящыщу мини 7,5-м щIигъур егъэджакIуэщ. Ди мащIэкъым Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэфIхэр, ди куэдщ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр. Курыт школхэм, лицейхэм курыт щIэныгъэ щызэзыгъэ-

3 Заказ №1601

гъуэт ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм щыхагъахъуэ ди республикэм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэхэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (1932 гъэ), КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр (1981 гъэ), Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтыр (1990 гъэ), КооперацэмкIэ, экономикэмрэ правэмкIэ Белгород университетымрэ Иджырей гуманитар академиемрэ я къудамэхэу ди республикэм щылажьэхэр. Студент минхэм щIэныгъэ куу щрагъэгъуэт а еджапIэ нэхъыщхьэхэм, абыхэм къепха колледжхэм ящыщ дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ IэнатIэм адэкIи зиужьыным, дапщэщи хуэдэу, республикэм и унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI, ди къэралыгъуэр нэхъри зэрыбгъэбыдэ хъуну Iэмалхэм ар зэращыщыр къагурыIуэу.

## НАЛШЫК КЪАЛАЩХЬЭУ ЩЫIЭМ Я НЭХЪ ДАХЭЩ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гугъу щыпщIкIэ, занщIэу уи нэгу къыщIэувэр абы и къалащхьэ Налшыкщ. ТхыдэкIэ бейуэ, теплъэкIэ дахэу, псэукIэкIэ хуэщIауэ, IуэхущIапIэкIэ къулейуэ, и цIыхухэмкIэ пашэу къэгъуэгурыкIуэ къалэм и ныбжьыр илъэс 300-м нэблэгъащ. А гъуэгуанэр хуабжьу бжьыфIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иджы къалэм иубыд щIыпIэр къэбэрдеипщ лъэрызехьэхэм 1724 гъэм псэупIэ зэращIрэ зиужь зэпыту къогъуэгурыкIуэ. ЦIыхухэр зыхуей хъу псомкIи къызэгъэпэща щIыпIэр иджы къэрал псом къыщацIыху, европей мардэхэм изагъэу зеужь, зыгъэпсэхуакIуэ, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэр гъунэжщ.

Узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, уи нэгу зыщебгъэужьынымкIэ, гухэхъуэу ущыхьэщIэнымкIэ, IэфIу ущышхэнымкIэ Налшык хуэдэ щыIэкъым жаIэ зэпытщ щIэх-щIэхыурэ къеблагъэ хьэщIэхэм.

Пщыхэм псэупIэ ящIа щIыпIэм лъэхъэнэм зыдихъуэжурэ 1921 гъэм ар къалэ хъуащ, итIанэ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и центру щытащ, 1936 гъэм декабрым и 5-м КъБАССР-м и къалащхьэу яубзыхуащ, 1991 гъэ лъандэрэ Налшык Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэщ.



### *Тхыдэм дриплъэжмэ…*

Иджырей тхыдэджхэм къызэралъытэмкIэ, Кавказ къуршышхуэм и жьэгъум щIэлъ мэзылъэ щIыпIэм щежэх псы уэрым и Iуфэм 1724 гъэм къетIысэкIащ пщыхэу Къетыкъуэ Аслъэнбэч, Тэтэрхъан Жамбот, Жанхъуэт Кушыку сымэ я жылэхэр. Иджыпсту Налшык зэрыс щIыпIэр КъетыкъуэпщымI и хэщIапIэу щытауэ жаIэ. Ауэ щыхъукIэ, а илъэсым къыщыщIидзащ къалащхьэм и тхыдэм, абы и ухуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ.

Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм Налшык слобода хъуащ, иужькIэ зауэ быдапIэ статусыр Iуахыжри, граждан унафэ щызекIуэ жылэу яубзыхуащ. Слободар къалэ щащIар Октябрь революцэ иныр иухыу Совет властыр щIыпIэм щагъэува нэужьщ. 1921 гъэм, сентябрым и 1-м, Урысейпсо гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Налшык зи къалащхьэ Къэбэрдей автономнэ щIыналъэ яухуэну. Ди щIыналъэм и къалащхьэ хъуа нэужь, Налшык теуващ зыужьыныгъэ махуэм и лъагъуэм. Абы дэс цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуэрт, къалэ экономикэм, промышленностым я зэфIэкIым зиузэщIырт, бгъэдэлъ курорт Iэмалхэр ефIакIуэрт. ЗыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм цIэрыIуэ ищIа щIыналъэм щекIуэкI мамыр гъащIэр къызэпиудауэ щытащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм.

### *Дзэ щIыхьым и къалэ*

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Налшык щыдэса зэман кIэщIым къриубыдэу хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ къалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щIигъум я псэр ятащ ди къэралым и хуиты-

ныгъэм папщIэ. Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щхьэкIэ къалэм щыщ цIыхуи 8-м къыхуагъэфэщащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр, къалэдэс мини 10-м щIигъум къратащ нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. МафIае илъэсхэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ 1985 гъэм Налшык къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэ орденым и I-нэ нагъыщэр.

Фашистхэм Налшык щIыдагъэ къыщIэшыпIэм и «куэбжэу» къалъытэрт. Абы къыхэкIыу, къаруушхуэкIэ къыпэщIэуващ, тхьэмахуэ зыбжанэкIэ шэкъэуэж зэпымыум хэтащ къалэр.



Нэмыцэхэм, шэч хэмылъу, я плъапIэт Кавказ къуршыжьхэри. 1942 гъэм Iуащхьэмахуэ нацист ныпыр щыхатIауэ щытащ зэрыпхъуакIуэхэм. Ар Кавказым и лъэр зэрыщIаудам и нэщэнэу къалъытэу джэгушхуэхэр ящIырт лъахэм къихьа нэмыцэхэм. Абы щыгъуэм Гитлери и фIэщ хъуат Кавказыр къыIэрыхьауэ. Ауэ я кIэн къикIакъым.

Зауэм щIимыдзэ щIыкIэ, Налшык псэукIэфI щызэтеубла къалэу зиужьт, ауэ мафIэр къызэрыхъейуэ, къэралым бгъурыуващ «ДиIэ псори фронтым, диIэ псори текIуэныгъэм папщIэщ» жаIэу. Машинэухуэ заводым деж щегъэжьауэ IэфIыкIэ щащI фабрикэм деж щиухыжу дзэм къыщысэбэпын хьэпшыпхэр къыщIагъэкIырт. Къалэдэсхэр жэщми махуэми зэпымыууэ лажьэрт, минэхэмрэ гранатэхэмрэ бжыгъэншэу къыщIагъэкIырт.

Гъуазджэм и лэжьакIуэ минитхум я унагъуэхэр я гъусэу къашат Налшык, зэхэуэ гуащIэ щекIуэкI щIыпIэхэм кърашурэ. Псалъэм папщIэ, режиссёр Немирович-Данченкэ, композитор Прокофьев Сергей сымэ зауэм и пэщIэдзэм Налшык дэсащ. Ауэ 1942 гъэм и августым бийр километр 20 нэхъ къэмынэжу, ди къалащхьэм гъунэгъу къыхуэ-

хъуат. Жэщ-махуэ ямыIэу цIыхухъуи, цIыхубзи, ныбжьыщIи танкхэр къызэтезыгъэувыIэну кумбхэр къратIыкI, дзотхэр ящI.

Налшык пхыкIыу, Грознэ щIыдагъэ къыщIэшыпIэм нэсын папщIэ нэмыцэ хьэщхьэрыIуэхэм танк 200, бомбардировщик 70 къыдаутIыпщхьэ. Ар дэ зэрызытхъумэ техникэм нэхърэ хуэдэ 20-кIэ нэхъыбэт. Налшык Iэщэ зыIыгъ зыри къыдэмынэу бийм пэщIэувауэ щытащ абы щыгъуэм икIи зэхэуэр жэщищ-махуищкIэ екIуэкIащ. Нацистхэм я кхъухьлъатэхэр пщIы бжыгъэкIэ къыщхьэщыхьэрт ди лъахэм. 1942 гъэм октябрым и 28-м фашистхэм зыIэщIалъхьащ къалэ ныкъуэзэхэкъутэр. Дэсхэр оккупацэ гъащIэ дыджым пэщIэуващ. ЖаIэм зымащIэкIэ фIэкI цIыхур бийм IэщIэкIуадэрт, лей зэрахьэрт. Налшык дэт фабрикэхэр, школхэр, сымаджэщхэр, театрхэр къанэ щымыIэу зэтрагъэсхьащ.

1943 гъэм и пэщIэдзэм Дзэ Плъыжьым удын иредз фашистхэм. Ахэр апхуэдэ къару, дауи, пэплъакъым. Иджы ди къалэм и кум ит, автовокзалым деж щыт танкыр и щыхьэтщ а щIыпIэм деж зэхэуэ гуащIэ зэрыщекIуэкIам. ЯтIэмрэ шэдымрэ хэна танкхэр былымхэр я дэIэпыкъуэгъуу къыхалъэфыжырти, я гъуэгум пащэрт. Январым и 4-м фашистхэр Налшык дахужауэ щытащ.

Абы иужьым иту 1943 гъэм февралым и 13-м Iуащхьэмахуэ щыхатIауэ щыта нэмыцэ ныпри къыхачыж, Бэракъ Плъыжьыр Кавказым щохуарзэ.



Апхуэдэ лIыгъэм и джэлэс нэс хъуащ Налшык. Абы щыпсэухэм зэрахьа хахуагъэм, фронтым Iутахэм, тылым щыIахэм я псэемыблэж хэкупсагъэм папщIэ 2010 гъэм, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, Налшык къыфIащащ «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр.

## *ПсэукIэр екIурэ-ещхъу щызэфIэуващ*

Совет Союзым и лъэхъэнэм Налшык цIэрыIуэ хъуауэ щытащ бгъэдэлъа промышленнэ зэфIэкIымкIэ. ЗыгъэпсэхупIэ щIыпIэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди къалащхьэм зыщаужьат электроникэ, машинэ ухуэныгъэ, металлургие IэнатIэхэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ ткIийхэми пхыкIыфащ къалащхьэр. Къалэм и унафэм щIэтщ абы къедза жылэхэу Белая Речкэ, Кэнжэ, Хьэсэней, Iэдииху. Абыхэми заужь, экономикэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэхэр къыщызэIуах.

Социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэ инхэр щызэфIах Налшык. Абыхэм ящыщщ школыщIэхэр, щэнхабзэ IэнатIэщIэхэр, транспорт линиещIэхэр, дин IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэсэныгъэ екIурэ курыт щIэныгъэрэ зыгъуэта ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэм щыхагъахъуэ Налшык дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэхэщ зи къэхутэныгъэхэмкIэ къэралым, хамэ щIыпIэхэм цIэрыIуэ щыхъуа ди щIэныгъэ IэнатIэхэу Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зыфIаща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университететыр, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтыр, Бгы лъагэ геофизикэ

институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтыр, нэгъуэщIхэри.






Налшык и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм щыIэ кIапсэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ. Абыхэм цIыхухэр даш къалащхьэм къыщхьэщыт Iуащхьэ лъагэхэм я щыгум.

Къалащхьэм игъуэт социально-экономикэ зыужьыныгъэр иужьрей лъэхъэнэм нэрылъагъущ. Промышленностым, ухуэныгъэм, сату, транспорт IэнатIэхэм къыщалэжь мылъкум хэпщIыкIыу хэхъуащ. Хуабжьу заубгъуащ сотовэ связым и IэнатIэхэм, цIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш ящIу. Социально-экономикэ къару лъэщу къалъытэ къалэм хьэрычэт Iуэхум лъабжьэ быдэ зэрыщигъуэтар. Мы зэманым Налшык щолажьэ хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэ минхэр. Экономикэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI а IэнатIэм и фIыгъэ куэд хэлъщ Налшык зэрызиужьым.

Налшык дэтщ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ аэропорт. Кхъухьлъатэхэм напIэзыпIэм унагъэсынущ къэралым и щыхьэр Москва, ди Хэкум, хамэ щIыпIэхэм я къалэ зэхуэмыдэхэм. Налшык и курыкупсэм итщ гъущI гъуэгу станцышхуэ. АбыкIэ къалэр пыщIа мэхъу къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм. Иджыблагъэ къызэIуахащ «Налшык – Ищхъэрэ» автовокзалыщIэ. Ар къызыхуэт щымыIэ ухуэныгъэ инщ, цIыхум я тыншыгъуэ куэд къыщылъытауэ. Апхуэдэ дыдэ вокзалышхуэ щаухуэ Налшык и ипщэ къыдэлъэдапIэми.

Республикэм къэралыбзэу щыгъэува бзищымкIэ – урысыбзэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ – лэжьыгъэр щызэфIах IуэхущIапIэхэм. А бзэхэмкIэ Налшык къыщыдокI ин-цIыкIуми газетрэ журналу пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэхэщ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газетхэу «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», къэрал газетхэу «Советская

молодежь», «Горянка». Къалащхьэм дунейм къыщытехьэ журнали 6-м щыщу щыр сабийхэм папщIэ къыдокI. «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм щIэджыкIакIуэхэм я деж пщIэшхуэ щиIащ. Налшык щолажьэ «Эльбрус», «Печатный двор», «Котляровхэ» тхылъ тедзапIэхэр, нэгъуэщI уней тедзапIэхэри.

## *Курортымрэ туризмэмрэ щофIакIуэ*

Езыр-езыру къэунэхуа щIыуэпс къулейм и фIыгъэкIэ, ди къалащхьэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ зыгъэпсэхупIэхэр и куэд хъуащ. Налшык курортым щоIэзэ зи лъыр фIыуэ земыкIуэхэм, зи лъатэр къызэузхэм, мыбэуэфхэм, псантхуэ узыфэ зиIэхэм, къупщхьэ, гу-лъынтхуэ, тэмакъ узыфэхэр гъэхъужыным, нэгъуэщIхэми.

Республикэм и санаторэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ щхъуантIагъэр щыкуэд Налшык и щIыпIэ дахэм – Долинск – щыIэщ. Абы узыншагъэм щеIэзэ IуэхущIапIэ 25-рэ щолажьэ. ЗыгъэпсэхупIэм и гъунэгъущ республикэм и эндокринологие, аллергологие, «Брак и семья» центрхэр.

Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист-рекреацэ комплексым IуэхущIапIэ 211-рэ къызэщIеубыдэ. Абыхэм яхэтщ санаторэу 20-м щIигъу, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагеру 19, альпинизм базэу 22-рэ, хьэщIэщу 32-рэ, турист агентствэу 47-рэ.



Езы «Налшык» курортым щIы гектар 360-рэ еубыд. Абы щыIэщ сабий санаторэ, турист базэ куэд. Абыхэм илъэс къэс къокIуэ Урысейм и щIыналъэ псоми къикI сабий минхэр. КъищынэмыщIауэ, хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэр къашэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм къикIхэр гъунэжщ.

Къалэм пыIудза зыгъэпсэхупIэхэм я гугъу пщIымэ, нэхъыбэ дыдэ къыздэкIуэр Iуащхьэмахуэ лъапэщ. Абы щыIэ хьэщIэщхэр 30 мэхъу. Абы щыщу 5-р турист хьэщIэщщ, 6-р зыгъэпсэхупIэ базэщ, 5-р зыгъэпсэхупIэ пансионатщ, 4-р альплагерщ. Псори зэхэту абы цIыху 3000 щIохуэ.

Iуащхьэмахуэ бгы-лыжэ комплексым къэжыхьыпIитI иIэщ: Чегетрэ Iуащхьэмахуэ бгыхэмрэ. Чегет, Iуащхьэмахуэ бгы кIапсэ гъуэгухэм я кIыхьагъыр километр 12 мэхъу. Бгы-лыжэ гъуэгухэм я кIыхьагъыр километр 35-м щIегъу. Нэхъ кIыхь дыдэр, метр 2500-рэ хъур, «Старый кругозор – Азау» гъуэгурщ. Абы зыщызыгъэпсэхухэм Налшык къыщыувыIэну яфIэфIщ, махуэм бгым дэкIрэ пщыхьэщхьэм къалэ зэIузэпэщым къекIуэлIэжу.

Туристхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур къалъытауэ, республикэ унафэщIхэм гулъытэ хуащI курортхэм я инфраструктурэр егъэфIэкIуэным, хьэщIэщ пэшхэм къахэгъэхъуэным, апхуэдэуи а унэтIыныгъэмкIэ къыхалъхьэ жэрдэмхэр дэIыгъыным. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэкIэ, а Iуэхугъуэхэм сом мелуан 250-рэ хухахащ.

Мы илъэсым зэрыщIидзэрэ ди деж щыIащ цIыху мин 300-м нэблагъэ. Ди щIыналъэр жыджэру хэтщ туризмэм зегъэужьынымкIэ щыIэ программэхэм я нэхъыбэм. ДяпэкIэ я мурадщ «Ростуризм»-м и

гъусэу модульнэ хьэщIэщхэр къызэрагъэпэщыну. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыныр, промышленностым и IэнатIэхэм проектышхуэхэр щыгъэзэщIэныр, еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, гъуэгушхуэхэр ухуэныр, пэщIэдзэ медико-санитар дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм щрат IуэхущIапIэхэм зегъэужьыныр, сабийхэм я узыншагъэр хъумэныр, технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп медицинэм зегъэубгъуныр, псэупIэ унэхэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм епхахэр.

Транспорт IэнатIэм щIыналъэм адэкIи зыщегъэужьыным хуэгъэпсауэ я мурадщ «Налшык» аэропортыр зэрагъэпэщыжыну. ДыщIыгъужыпхъэщ «Iуащхьэмахуэ» курортыр Урысей Федерацэм бгы-лыжэ туризмэм зыщиужь щIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы зэман гъунэгъум зэрыхъунур. Кавказ Ищхъэрэм щыIэ курортхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэри яхэту, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыIэ турист центрхэм япызыщIэну автомобиль гъуэгущIэ яухуэнущ.

## *ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм*

Кавказ Ищхъэрэм ит парк нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Налшык къалэм щыIэр – ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр. Ар гектар 250-рэ мэхъу. Абы къыщокI бзииху, жыгей, псей, япон хьэиуей, нэгъуэщI жыг лIэужьыгъуэ куэд. Жыг хадэр зэрыхасэрэ илъэс 200-м ноблагъэ.



БлэкIа лIэщIыгъуэм и тIощI гъэхэм паркым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтауэ щытащ. Иджыпсту паркым иIэ теплъэр и фIыщIэщ архитектор Казин Владимир. Абы зэриубзыхуам тету паркыр ефIэкIуэным я гуащIэ халъхьащ республикэм щыпсэухэми. Ахэр я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм кIуэурэ лэжьакIуэхэм ядэIэпыкъуащ.

КъагъэщIэрэщIэжа жыг хадэр 1923 гъэм октябрым къызэIуахащ, «Интернациональнэ» цIэр иIэу.

2007 гъэм абы фIащащ «ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэ» цIэр.

Къалэ паркыр кIуэ пэтми нэхъ ин мэхъу. 1930 гъэхэм жыггъэкI Ковтуненкэ Иван абы псей щхъуантIэхэр щыхисащ. ИужькIэ паркым ихьэпIэ хуащIащ метритху и лъагагъыу, абы ирихьэлIэу и цIэри яхъуэжащ: «Кабардинский парк». Илъэсищ фIэкIа дэмыкIыу, аргуэру паркым и цIэр яхъуэжащ – «Сталиным и цIэр зезыхьэ парк» фIащащ. И ихьэпIэри щIэуэ ягъэуващ, Весин Владимир ищIауэ.

Зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ дахэ, зэIузэпэщ хъууэрэ макIуэ цIыхубэм я зыгъэпсэхупIэ, нэгузегъэужьыпIэ, Налшык къалэ дэт ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр. 2002 гъэм ар къалъытащ Урысейм и парк нэхъ щхъуантIэ дыдэу.

Абы итщ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр, удз дахэ хьэсэ гъэщIэрэщIахэр, удз гъагъэкIэ щIа махуэрыбжэр, ПащIэ Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ я фэеплъхэр, нэгъуэщI куэди.

Къапщтэмэ, мы паркыр цIэрыIуэ зыщIар ит жыг лIэужьыгъуэхэращ. Урысейм и нэхъ къулей дыдэхэм хабжэу къекIуэкIащ ар. КъэкIыгъэхэм фIыуэ хэзыщIыкI Кос Ю. 1951 гъэм итхащ: «Ди

щIыналъэм къыщыкI жыг, гъуей лъэпкъ 55-м къищынэмыщIауэ, мы хадэм ущрохьэлIэ Америкэ Ищхъэрэм къикIа жыг лъэпкъ 25-м, Европэ Курытымрэ Ипщэмрэ щыщ жыг лъэпкъ 17-м, Японием, Китайм, Кореем къраха жыг лIэужьыгъуэ 15-м, Азие Курытымрэ Азие ЦIыкIумрэ щыкI жыг лIэужьыгъуэ 17-м. Языныкъуэхэр щIыпIэ куэдым къыщыкIыркъым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, жыгейр, магнолиер, гингко, платан, нэгъуэщIхэри. Абы и закъуэкъым, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ущрохьэлIэ хуиту мэзхэм къыщымыкIыж, кIуэдыжыгъуэ ихуауэ жыхуаIэ къуацэ лIэужьыгъуэ 28-м. Дызытепсэлъыхь къэкIыгъэхэмрэ жыгхэмрэ Долинск щызэрехьэ, кIэлъоплъ жыггъэкI зэчиифIэ Ковтуненкэ Иван». Иужьрей илъэсхэм ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм жыг мини 8 щыхасащ.






Паркым ис къуалэбзухэм ятеухуауэ... 1960 гъэхэм къуалэбзу лIэужьыгъуэ 159-рэ диIащ, иджыпсту абыхэм я бжыгъэр 49-м нэс къехащ.

НэхъапэIуэкIэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ущрихьэлIэрт жыглыц лIэужьыгъуэ 97-рэ, нобэ абыхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ. Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэ 89-рэ къыщокI паркым. Абыхэм я проценти 10-р гъуэтыгъуейхэм ящыщщ.

Жыг хадэм къыщыкI удз гъагъэхэм я лIэужьыгъуэм и бжыгъэр, хуэгъэфэщауэ жыпIэмэ, 100 – 200-м нызэрохьэс.

1970 гъэхэм паркым къыщаущыхьырт кхъуэ пIащэхэм, мэз бжэнхэм, бажэхэм, тхьэкIумэкIыхьхэм, къилъатэрт шылэджэдхэмрэ мэзджэдхэмрэ. Иджыпсту абыхэм уащрихьэлIэнукъым, я лъыхъуакIуэ уежьэми.

Жыг хадэм блож Налшыкыпсыр. Ари ящыщщ дызытепсэлъыхь нэгузыужьыпIэхэм.

## *ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу*

Республикэм и къалащхьэм щопсэу КъБР-м и цIыхухэм я процент 33-р. Лъэпкъи 100-м щIигъум къахэкIа цIыхухэр дэсщ мы зэманым Налшык. Зыщыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ динымрэ емылъытауэ, ахэр хущIокъу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрызэдэпсэуным. Щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъри ягъэбыдэ лъэпкъхэм яку дэлъ мамыр зэхущытыкIэр, зым адрейм хуиIэ шыIэныгъэр, пщIэр.

Дэтхэнэ ехъулIэныгъэми и щIыбагъ къыдэлъщ цIыху гуащIэрэ акъылрэ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Налшык и унафэщIу лэжьащ Хъурей Мухьэдин Тыкъуэ и къуэр, Тхьэмокъуэ Хьэжмусэ Къасым и къуэр, Шэру Мухьэмэд ХъуатIэ и къуэр, ГъукIэпщ Мусэрбий Мухьэмэд и къуэр, Дыду Владимир Зырамыку и къуэр, Лъостэн Георгий Чэлимэт и къуэр, Исмэхьил Алий Исмэхьил и къуэр, Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэр, Хъурей Феликс Ахьмэд и къуэр, Сыжажэ Валерэ Хъусен и къуэр, Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр, Хьэмгъуокъу Леонид Башир и къуэр, Хьэгъэс Залымджэрий Iэбузед и къуэр, Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартин и къуэр, Алэкъей Арсен Михаил и къуэр. Иджыпсту Налшык къалэ администрацэм и унафэщIщ Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэр. Зи цIэ къитIуа дэтхэнэми и гъащIэм, и лэжьыгъэм, Iуэху зехьэкIэмрэ хэлъэтымрэ, шэч хэмылъу, къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ къалащхьэм и тхыдэмрэ абы игъуэта зыужьыныгъэмрэ. Республикэм, къалэм я унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI Налшык европей псэукIэ мардэм тет щыхьэр екIу хъуным.

ЗэрыжытIащи, нобэ ар Кавказ Ищхъэрэм и къалэ, зыгъэпсэхупIэ нэхъыфI дыдэщ. КъищынэмыщIауэ, унафэщIхэм ягъэнэхъыщхьэр къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, дэтхэнэми тыншыпIэ къыхузэгъэпэщынырщ. А псори къазэрехъулIэр нэрылъагъущ налшыкдэсхэм я нэгу ущиплъэкIэ, ди гъуэгу захуэхэм ущрижэкIэ, ди щIыпIэ дахэхэм къыщыщыпкIухькIэ. Республикэм и илъэсищэм ирихьэлIэу абы и теплъэр нэхъри ягъэщIэрэщIащ. Насыпщ Налшык ущыпсэунуи, ущылэжьэнуи, зыщыбгъэпсэхунуи.

# СОЦИАЛИСТ ЛЭЖЬЫГЪЭМ И ЛІЫХЪУЖЬХЭР

Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкІэ 1938 гъэм декабрым и 27-м къащтауэ щытащ. Ар иратырт промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, транспортым, сатум, щІэныгъэ, техникэ къэхутэныгъэхэм епха Іуэхухэм ІэмалыщІэхэр ирахьэлІэурэ зезыгъэужьхэм, Совет къэралыгъуэм и пащхьэм фІыщІэ ин къыщызыхьхэм, СССР-м и щІыхьымрэ и лъэщагъымрэ хэзыгъахъуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу а цІэ лъапІэр зыхуагъэфэщахэр ди щІэджыкІакІуэхэм едгъэцІыхун мурадкІэ тыдодзэ ди лъахэгъу лІыхъужьхэм я цІэ-унэцІэхэмрэ зыпэрыта ІэнатІэхэмрэ.

**Іэбубэчыр Нажмудин Билал и къуэр** *(1928–1984)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Прохладнэ районым Чапаевым и цІэр зэрихьэу щыІэ колхозым и унафэщІ.

**Алмэ Алий ТІалиб и къуэр** *(1935–1999)* – Къэбэрдей-Балъкъэр совнархозым Ухуэныгъэхэмрэ псэуалъэапхъэхэмкІэ и управленэм и ухуакІуэ ІэнатІэ №5-м и каменщикхэм я бригадир.



**Іэрэмысэ Ахьмэд Къамболэт и къуэр** *(1933–1983)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Аруан районым и Арщыдан къуажэм Ленинным и цІэр зезыхьэ и колхозым и звеньевой.

**Архэст Хьэбас Кашиф и къуэр** *(1922–2001)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыІэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и «Молибден» къыщІэхыпІэм и проходчик.

**Атэбий Мыхьэмэт ЧыцІбатыр и къуэр** *(1915–1999)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Совет районым щыІэ «Москва» колхозым и унафэщІ.

**Аттоев Сэлихь Хьэрун и къуэр** *(1934–1992)* Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Совет районым щыІэ «Путь к коммунизму» колхозым и Іэхъуэ нэхъыщхьэ.

**Ахъмэт Мусэбий ХьэпІытІэ и къуэр** *(1922–1983)* – КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретарь.

**Ахъуэхъу Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр** *(1929–2019)* – Телемеханикэ аппаратурэ къыщыщІагъэкІыу Налшык дэт заводым и унафэщІ.

**Бакъ Нарзан Мурат и къуэр** *(1926–2000)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Дзэлыкъуэ районым щыІэ «Іуащхьэмахуэ» колхозым и унафэщІ.

**Бгъэжьнокъуэ Хьэчим Гъумар и къуэр** *(1915–2002)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн районым ЩоджэнцІыкІум и цІэр зэрихьэу щыІэ колхозым и унафэщІ.

**Бырс Анзор Хьэцу и къуэр** *(1892–1988)* – Къэбэрдей АССР-м хыхьэ Іуащхьэмахуэ районым Кировым и цІэр зэрихьэу щыІэ колхозым и унафэщІ.

**Брагин Владимир Василий и къуэр** *(1934–1995)* – Налшык къалэм дэт «Севкавэлектроприбор» заводым и слесарь.

**Дадэ ХьэмытIэ Iэубэчыр и къуэр** *(1937–2011)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Тэрч районым щыIэ «Заря коммунизма» колхозым и тракторист-машинист.

**Домнич Михаил Василий и къуэр** *(1926)* – Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и убрууакIуэ.

**Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэр** *(1921–2021)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Май районым щыIэ «Красная нива» колхозым и унафэщI.

**Емышэ Хьэлий Хьэмашэ и къуэ** *(1929–2018)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Прохладнэ районым Чапаевым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и звеньевой.

**Залиханов Михаил Чоккай и къуэр** *(1939)* – СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академиеу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыIэм и Бгылъэ-геофизикэ институтым и унафэщI, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и член-корреспондент.

**Къалмыкъ Хьэжмурат ТIалэ и къуэр** *(1926–1965)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Iуащхьэмахуэ районым Кировым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и шыхъуэ нэхъыжь.

**Къамбий Мухьэб Алим и къуэр** *(1923–2020)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Дзэлыкъуэ районым щыIэ Каменномост курыт еджапIэм и унафэщI.

**КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр** *(1914–2001)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ.

**Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд Алий и къуэр** *(1938–1977)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Прохладнэ районым Чапаевым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и звеньевой.

**Кудряшовэ Александрэ Порфирий и пхъур** *(1915–2005)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Прохладнэ районым щыIэ «Прималкинский» зерносовхозым и комбайнер.

**Моллаев Шарафудин Екъуб и къуэр** *(1929–?)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Тырныауз къалэм щыIэ «Молибден» къыщIэхыпIэм и шахтер.

**Нефедов Николай Константин и къуэр** *(1908–1978)* – Кавказ Ищхъэрэ совнархозым и Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и геолог нэхъыщхьэ.

**Пэнагуэ Азмэтджэрий Жэр и къуэр** *(1931–1996)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Тэрч районым щыIэ «Красная звезда» колхозым и унафэщI.

**Пащты Салимэ Мэзан и пхъур** *(1900–2002)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн районым Сталиным и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и жэмыш.

**Попурэ Андрей Фёдор и къуэр** *(1907–1977)* – Орджоникидзе гъущI гъуэгум и Котляревскэ Iыхьэм и электромеханик.

**Тэрчокъуэ Къамболэт КIыцу и къуэр** *(1911–1977)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Аруан районым Лениным и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и унафэщI.

**Тетуев Шамсудин Жунус и къуэр** *(1932–1994)* – Узбекистаным и Компартым и Акалтын райкомым и япэ секретарь, Сырдарьинскэ область.

**Тхьэкъуахъуэ Башир Хьэбыж и къуэр** *(1927–1980)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн районым щыIэ «Красный Кавказ» колхозым и унафэщI.

**Уммаевэ Фазика Хъусейн и пхъур** *(1938–2022)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Шэджэм районым Байсултановым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и жэмыш.

**Хьэжмэт Хьэсэн Къущхьэ и къуэр** *(1931–2007)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн районым ЩоджэнцIыкIум и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и производственнэ къудамэм и унафэщI.

**Чигировэ Шамкъыз Магомед и пхъур** *(1940–?)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыIэ «Нальчикский» совхозым и жэмыш пашэ.

**Щауэ Iэхьед ТIытIу и къуэр** *(1932–1997)* – Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн районым ЩоджэнцIыкIум и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и бригадир.



**Щоджэн ТIэлашэ ПIытIэ и къуэр** *(1898–1978)* Къэбэрдей АССР-м хыхьэ Iуащхьэмахуэ районым Кировым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым шы гъэхъунымкIэ и унафэщI.

## СОВЕТ СОЮЗЫМ И ЛIЫХЪУЖЬХЭР



### *Къанкъуэщ Ахьмэдхъан*

Дзэ кхъухьлъатэзехуэ хахуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан Тэрч районым хыхьэ Дейскэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIт ар, 1938-1942 гъэхэм Йошкар-Ола щыпсэуащ, абы щыIэ аэроклубым и унафэщIу щытащ.

Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ фронтым хуэпабгъэрт Ахьмэдхъан. 1942 гъэм и декабрым ар зауэм кIуащ, кхъухьлъатэзехуэ IэкIуэлъакIуэуи зыкъыщигъэлъэгъуащ.

Ахьмэдхъан и шыпхъуитIымрэ и къуэшымрэ фашистхэм яукIат. Мис абыхэми, совет сэлэт минхэми ялъ ищIэжыну и тхьэрыIуэт щIалэ хахуэм. Шынэ имыщIэу Къанкъуэщыр зэрызэуа илъэс закъуэм къриубыдэу 108-рэ лъэтащ, нэмыцэхэми хэщIыныгъэшхуэ яритащ.

ЛIыгъэ зэрызэрихьам, хахуагъэ ин зэрыдалъэгъуам, и закъуэу кхъухьлъатэу 8, гъусэ иIэу 3 къызэрыриудыхам, 5 зэрикъутам папщIэ, ар Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIащ.

Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зэрыс кхъухьлъатэр 1943 гъэм Керчь и деж къыщраудыхащ.





### *Къардэн Къубатий*

Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1917 гъэм июлым и 9-м къыщалъхуат щIалэ хахуэр.

Кхъухьлъатэм итIысхьэрэ уэгум ихьамэ, Къубатий бийм и щхьэр щIригъэхьэрт. Уэгум итхэр зыр зым щриджэкIэ, цIэ лей зыфIащ хабзэти, Къардэным зыфIищыжат и Хэкум и цIэр – Къэбэрдейр.

ЗауэлIым теухуауэ полковник Маркелов Василий игъэхьэзыра тхылъым мыпхуэдэу итт: «Капитан Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэм, эскадрильем и унафэщIым, фашизмэм и бийуэ екIуэкIа зауэм зыкъыщигъэлъэгъуащ шынэ зымыщIэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэу, лIыхъужь нэсу. 1941-1943 гъэхэм адыгэ зауэлI хахуэм 577-рэ уэгум зиIэтащ, абы щыщу 170-м щIылъэрызекIуэ дзэхэм ятеуащ, зыIэтыгъуи 117-м фашист кхъухьлъатэхэм езэуащ. Кхъухьлъатэ 21-рэ къриудыхащ, бийм и техникэрэ и цIыху куэдрэ Iисраф ищIащ».

1943 гъэм и август мазэм Къардэным къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

Генерал-майор Къардэн Къубатий хэтащ ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ Москва щекIуэкIа еплъыныгъэшхуэм. Къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ, иужьрей илъэсхэм Москва щыпсэуащ. Ар дунейм ехыжащ 2011 гъэм майм и 13-м.

## *Къардэн Къэбард*



Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэр 1920 гъэм Аушыджэр къыщалъхуащ. Абы и гъащIэр ещхьт вагъуэижым – махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Къэбард сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу иукIащ, топу 18 икъутащ, къуентхъыу танки 7, автомашинэ 78-рэ ди дзэм къаIэрыхьэным хэлIыфIыхьащ...

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къэбард теухуа тхыгъэу щыIэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ зауэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиян и тхылъ «Танкым телъ удз гъэгъа» зыфIищам.

## *Къуэныкъуей Назир*



ГъащIэр зэрылъапIэр, упсэуну зэрынасыпыр фIы дыдэу ящIэрт Хэку зауэшхуэм хахуэу щызэуа, лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыта кхъухьлъатэзехуэхэм. А гъащIэр фIэфIт икIи игъэлъапIэрт ерыщу бийм пэщIэта Къуэныкъуей Назири. Дагъэгъэсыныр иухарэ и кхъухьлъатэри ныкъуэкъутэ хъуауэ ар къыщелаи къэхъуащ.



Апхуэдэ гузэвэгъуэ куэд пэщIэхуащ Лашынкъей къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуа щIалэр. Уэгум уиту бийм упэувамэ, зы напIэ дэхьеигъуэкIэ утеплъэкъукI хъунукъым. А Iуэху бгъэдыхьэкIэр зи гъуэгугъэлъагъуэ Къуэныкъуейр зэрымыгужьейм, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъуми хэкIыпIэ къыхуигъуэтыфу акъыл жан зэриIэм мызэ-мытIэу къригъэлащ.

Къуэныкъуей Назир Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. Абы и бгъэм хэлът «Бэракъ Плъыжь» орденитI, «Вагъуэ Плъыжь» орденитI, медалхэр. Зауэ нэужьым Назир кърατащ Совет Союзым и ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэри.

1975 гъэм Назир дунейм ехыжащ.

## *Мэсей Аслъэнджэрий*



1920 гъэм Ерокъуэ къуажэм къыщалъхуа щIалэм зэрыпсэуну къыхуиухар илъэс 25 къудейт. Ар зауэм дамыгъэкIыну хуит къызэращIам ебакъуэри яфIэкIуат.

1944 гъэм и гъатхэм Мэсейр Белорус фронтым щызэуащ, танк взводым и унафэщIу щытащ. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ ар. Езым къигупсыса Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм

хэщIыныгъэшхуэ иритащ. Абы икъутащ топ зэмылIэужьыгъуэу 11, жыр быдэм къыхэщIыкIа машинэу 10, Iэщэ зэрылъ транспорту 10, Iэщэрэ шэрэ зэрылъ гу зэщIэщIауэ 85-рэ. Люблин, Демблин, Мазовец къалэхэр къыщащтэми ар япэ итащ, бийр игъэгулэзу. 1945 гъэм и апрелым лейтенант Мэсей Аслъэнджэрий «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэку зауэшхуэр иухыным къэнэжа щымыIэу ар Вислэ деж щыхэкIуэдащ.



## *Яхэгуауэ Михаил*

Псыгуэнсу щыщ Яхэгуауэ Михаил КъуэкIыпIэ Жыжьэм къулыкъу щищIэрт. Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху Яхэгуауэр миномёт батареем связисту хэтащ. Фронтым Iутар, зауэ IэнатIэм зыгуэр хэзыщIыкIыр фIыуэ щыгъуазэщ дэнэ деж къыщахьа текIуэныгъэми связистхэм я фIыщIэ зэрыхэлъыр.

Днепр япэу зэпрыкIа зауэлI гупым яхэтащ Михаил. 1943 гъэм октябрым и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Унафэ къищтащ Днепр щызэпрыкIым зэрахьа лIыхъужьыгъэм папщIэ 78-нэ фочауэ дивизэм щыщ цIыху 18-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр фIащыну. Абыхэм ящыщт Яхэгуауэр.



360-нэ фочауэ полкым и миномёт батареем и ефрейторым дамыгъэ лъапIэ къызэрырата тхылъым иратхащ: «ЩIыпIищым кIапсэр щызэпыудауэ къехутэ Яхэгуауэм. Биишэхэр а щIыпIэм къызэрытелъалъэр илъагъу пэтми, и псэм емыблэжу псынщIэу связыр зэфIегъэувэж, абы и фIыгъэкIи миномёт батареем хузэфIокI бийм удын иридзыжын. Зауэр здекIуэкIым аргуэру Михаил къихутащ кIапсэр зэрызэпыудар, ауэ ар щызэпыча щIыпIэр иджыри бийм иIыгът. Абы щыгъуи шынакъым Яхэгуауэр – кIапсэр зэпищIэжыну ежьащ. ЩIалэ хахуэм гъуэгум фашист зауэлIитху къыщыхуэзати, псори зэтриукIащ, связри зэфIигъэувэжащ. Батареем бийм езэуэну аргуэру Iэмал игъуэтыжащ...»

Яхэгуауэ Михаил зауэ гуащIэ куэдми къелри ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ Москва щекIуэкIа парадым хэтащ. ГурыфIыгъуэшхуэм къызэщIиIэтэу ар блэкIащ фашист нып фIыцIэхэр зи лъабжьэм щIадза Мавзолейм.

Яхэгуауэр 1990 гъэм февралым и 19-м дунейм ехыжащ.



## *Иуан Хьэсэн*

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр СССР-м къыщытеуа махуэм щегъэжьауэ Иуан Хьэсэн Iэщэр игъэтIылъакъым. Ар яхэтащ Ленинград зыхъумахэм, Прибалтикэр хуит къэзыщIыжахэм, Европэм и щIыпIэ куэдми щызэуащ.

1945 гъэм и гъатхэпэ мазэт, ди дзэхэр Берлин гъунэгъу хуэхъуат. Одер псым и адрыщI ныджэм зыщызыгъэбыда нэмыцэхэм зы совет

зауэлI абы зэпрамыгъэкIыну я мурадт. АрщхьэкIэ Хьэсэн и ротэр жэщ гуэрым псым зэпрокI, япэ ищахэм псы Iуфэм зыщагъэбыдэ. Зэхаубла зэхэуэ гуащIэм Хьэсэн лIыгъэшхуэ щызэрихьэу хэтащ. Къарухэр зэрызэхуэмыдэми, къикIуэтын хуей зэрыхъуми игъэдзыхэртэкъым ар, зыгъэгулэзыр и ротэм игъуэт хэщIыныгъэрт. Танкым нэхърэ мынэхъ тIасхъэ, жырым къыхэщIыкIа езырызекIуэ машинэжьхэм Iэ пцIанэкIэ япэщIэтын хуейуэ къахуихуэми, зи Хэку-анэм игъэгушхуэ сэлэтхэм шынэ ящIэртэкъым. Ахэр гъунэгъу дыдэ къыщыхуэхъукIэ, я лъабжьэм лагъымыр щIадзэрти, жыр къутахуэхэр зэбрылъеикIыу зэтракъутэрт. Апхуэдэу Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр къегъауэ. ЕтIуанэми гранатэр иреутIыпщ. Нэгъуэщ I ар зыми хунэсакъым, гъунэгъуу къыщыуа лагъымым и лъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкъищIэжащ уIэгъэщым щIэлъу. Зигъэхъеину хуежьащ – лъэкIакъым. ЗыкъиIэбэрэбыхьу щIидзэмэ, и зы лъакъуэр пытыжкъым. 1945 гъэм апрелым и 10-м Иуаным къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. Газетым тету а унафэм къыщеджам ар иджыри сымаджэщым къыщIатхыкIыжатэкъым.

А гъэ дыдэм абы Къэбэрдейм къигъэзэжащ. Хьэсэн ди республикэм и унафэщIхэм яхэту щылэжьам IуэхуфI куэд зэфIигъэкIащ. Иуан Хьэсэн ТIалиб и къуэр 1972 гъэм дунейм ехыжащ. Ар къыщалъхуа Дохъушыкъуей щагъэуващ абы и фэеплъ. А къуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуаным и цIэр зэрахьэ.



## *Тамбий Владимир*



ТIасхъэщIэх гупым и пашэ сержант Тамбий Владимир пщэрылъ къыщащIат и гупыр щIыгъуу Днепр зэпрыкIыну икIи езыхэм яхуэзанщIэ псы Iуфэм бийм къаруэ щиIэр зыхуэдизыр къащIэу, рацэкIэ къатыну. Абыи и закъуэтэкъым, советыдзэр Днепр зэпрыкIыху бийм фIаубыдын хуейт ахэр щитIысыкIыну щIыпIэр.

Ди тIасхъэщIэх хахуэхэр толъкъуныр зыпэмылъэщ къыр быдэу бийм пэщIэтащ. Фашист куэди Iисраф ящIащ, ауэ езыхэми ящыщу тIу къаукIащ.

«Ура!» лъэщым псы IуфэмкIэ зыкъыщеIэт. Дыдейхэр къэсат...

155-нэ фочауэ дивизэм и зауэлIхэм Днепропетровск яубыдыж. А махуэ дыдэм уIэгъэ хьэлъэ мэхъу Тамбий Владимир. Дохутыр Iэзэхэм абы и гъащIэр хуахъумащ, ауэ и зы лъакъуэр памыхыу хъуакъым.

«Бий икIуэтам къебгъэрыкIуэжын щIидза нэужь, Тамбий Владимир, зауэлI ахъырзэман зыбжанэ фIэкIа щIымыгъуу, куэдкIэ езыхэм нэхърэ нэхъыбэ нэмыцхэм къэмылэнджэжу яфIиIыгъащ яубыда щIы кIапэр...

Бийм къаруущIэ кърищалIэурэ хэнейрэ къебгъэрыкIуащ, ауэ сержант Тамбиймрэ абы и гъусахэмрэ фашистхэр ирахужьэжурэ къыздикIам нэс яхужырт, езыхэм яубыда зауапIэри зыIэщIагъэкIакъым», – апхуэдэу итт Москва ягъэхьа тхылъым.

1944 гъэм февралым и 22-м Тамбий Владимир Георгий и къуэм къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

4 Заказ №1601

Зауэ нэужьым ар щыпсэуащ Армавир. «Сыныкъуэдыкъуэщ» жиIэу ар тIысыжакъым, хузэфIэкI ищIэу, фIыуэ къалъагъуу цIыхухэм яхэтащ. 1981 гъэм Тамбийр дунейм ехыжащ. Ауэ ноби абы и фIыщIэр кIуэдакъым, и лIыхъужьыгъэр щIэблэм щапхъэу къахуэнащ.



## *Мусэ Менлы*

Москва деж лIыгъэшхуэ зэрахьэу бийм пэщIэтахэм яхэтащ Къармэхьэблэ къуажэм щыщ Мусэ Менлы. Зауэм щыIухьа япэ махуэм щегъэжьауэ абы и ныбжьэгъуфIу щытащ фочауэ взводым и унафэщI Лисицэ Пётр. ЛIыгъэ зыхэлъ щIалэщIэр игъэгушхуэу къыбгъэдэтащ ар Менлы.

И лIыхъужьыгъэм, зэрыпсэемыблэжым къыпэкIуэу Мусэ Менлы орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщат. Псом хуэмыдэу ар иригушхуэрт «ЩIыхь» орденым. Ар лIэужьыгъуищу щыIэти, тIур къыхуагъэфэщакIэт.

Зэгуэрым тIасхъэщIэх къикIыжауэ абы къещIэ и ныбжьэгъу Лисицэ Пётр зэраукIар. Абы игу къокIыж Москва щахъума лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуа и ныбжьэгъу лъапIэм цIыхугъэу дилъэгъуар, и нэпсри хуэубыдыркъым. Менлы командирым йолъэIу Лисицэ и снайпер фочыр къратыну.

А зэманым къыщыщIэдзауэ Мусэр фашистхэм ещэу щIедзэ. Ар гъуанэдэууэ дэнэкIи къиукIырт, и ныбжьэгъу Пётр илъ ищIэжырт.

1945 гъэм майм и 31-м Мусэ Менлы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэри.

Зауэм къикIыжри, Менлы колхозыр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ. ЯпэщIыкIэ гъэш фермэм, итIанэ мэл пщыIэм я унафэщI къалэнхэр игъэзэщIащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи щытащ.

1963 гъэм Мусэ Менлы дунейм ехыжащ. Ауэ Хэкум щыгъупщэркъым и бын хахуэр. Абы и цIэр фIащащ Налшык, Бахъсэн къалэхэм, къуажэхэм я уэрамхэм. Мусэм и гъащIэр къызыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр, сурэтхэр щIэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм.

# ХЭКУМ И ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭМ ПСЭЕМЫБЛЭЖУ ХУЭЛЭЖЬАХЭР

## *Къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ*



Ахъуэхъу Аслъэнбий хуэдэ цIыху республикэм илъэсищэм зэ къыхъуэми аращ. Ар цIыху телъыджэт. ФэрыщIагъым хуэхейт. И фIэщу лэжьыгъэм бгъэдэтт. Iуэху гуэр иIэу зыгуэр и пэшым щIыхьамэ, фIыуэ хищIыкIын хуейт зытепсэлъыхьым. ЗанщIэу упщIэр нахуэу игъэувырт: сыт уэрэ сэрэ зи Iуэху зетхуэнур?

Аслъэнбий лажьэу плъагъуныр гухэхъуэт. Сыт хуэдэ Iуэхури захуагъэм, цIыхугъэм тету зэфIигъэкIырт. Зы дакъикъэкIэ зэи зэхуэсым къыкIэрыхуакъым. Кремль сыхьэтыр иритебухуэным хуэдэу, и чэзум щIыхьэрти, иригъэкIуэкIын щIидзэрт. Зэманым щысхьырт. КIыхьу, зыгуэр кърагъэкIуэкIын щIадзамэ, мыпхъашэу, ауэ хэкъузауэ зэпиудырти, «Iуэхум дытевгъэпсэлъыхь. Дакъикъитху уиIэщ!» жиIэрт. Апхуэдэхэм деж и Iэзагъыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым: мыхьэнэ нэхъ зиIэр IэщIэмыхуу Iуэхур иубзыхуфырт.



Мэлбахъуэр е Ахъуэхъур щыпсалъэкIэ, бадзэ блэлъэтамэ зэхэпхынт, апхуэдизкIэ псоми заущэхурти. ЦIыхухэм яфIэфIт абыхэм едэIуэн. Ахэр псалъэ къудейтэкъым, я псалъэмкIэ Iуэху пыухыкIа зэфIагъэкIырт.

Ахъуэхъум хуэдэ адыгэлI куэд имысауэ жаIэ республикэм. Уи гъащIэм абы хуэдэ цIыхум ущыхуэзэну къыщыпхуихуэр зэзэмызэщ. Адыгагъэмрэ къэралым узэрыщытыпхъэу ибжымрэ и хьэлым щызэригъэзэгъыфырт. Адыгэ хабзэми ебэкъуэнутэкъым, и къулыкъум къигъэув пщалъэри ищIэжырт.

## *Совет властым папщIэ бэнэныгъэ иригъэкIуэкIырт*



Парт, къэрал лэжьакIуэ Къэрэшей Хьэжумар 1875 гъэм Астэмрей (Акъбащ Ипщэ) къуажэм къыщалъхуащ. Кавказ Ищхъэрэм Совет властыр щыгъэувыным папщIэ бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIахэм ящыщщ. 1918 гъэм и гъатхэм ар большевикхэм яхыхьащ, езыр къыщалъхуа къуажэм щыIэ революцэ комитетым и пашэ хъуащ. Граждан зауэм и зэманым Къэрэшей Хьэжумар и унэм мазэ бжыгъэкIэ щыIащ Орджоникидзе Серго и штабыр. Абдежым гвардие хужьым зэрапэщIэтыну Iэмалхэр къагупсысырт.

Совет властыр ягъэува нэужь, Къэрэшей Хьэжумар Тэрч областым и гъэзэщIакIуэ ко-

митетым и япэ УнафэщI хъуащ. Абы нэмыщIи, Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и УнафэщIым и къуэдзэт.

Къэрэшей Хьэжумар Джылахъстэней щIыналъэм и псыщIэгъэлъадэ системэм, Акъбащ кIэнауэм, ГЭС-м я ухуэныгъэхэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ. ЩIыналъэм и мэкъумэш хуэIухуэщIэхэр зэтеувэнымкIэ а ухуэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. Къэрэшейр дунейм ехыжащ 1927 гъэм. Псыхуабэ сымаджэщым щIэлъу фошыгъу узым илIыкIащ. Налшык щыщIалъхьэжащ.

Къэрэшей Хьэжумар и цIэр фIащауэ щытащ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым (1927 гъэм щегъэжьауэ 1948 гъэ пщIондэ Къэрэшейм и цIэр зэрихьащ иджыпсту ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым), апхуэдэуи Тэрч къалэм, Акъбащ Ипщэ къуажэм я уэрам зырызым.

Къэрэшей Хьэжумар и щхьэгъусэ Лул я къуажэм къыщызэригъэпэщауэ щытащ япэ парт бзылъхугъэ зэгухьэныгъэр. 1929 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэщIым и къуэдзэ ящIат. А гъэ дыдэм Советхэм я V Союзпсо съездым и лIыкIуэу хахат. 1942 гъэм, къуажэр нэмыцэ-фашистхэм яубыда нэужь, Лул зэрыпарт лэжьакIуэр и щхьэусыгъуэу яукIащ. 1962 гъэм «Бэракъ Плъыжь» орденыр къыхуагъэфащэжат.

## ***ЛIыгъэ зэкъым зэригъэлъэгъуар***





Беслъэней Хьэбалэ Жанхъуэт и къуэр 1886 гъэм Абей къуажэм (Урожайнэ) къыщалъхуащ. Ар пасэу къэнащ анэншэу. ЩIалэ цIыкIур, и ныбжьыр илъэсипщI фIэкIа мыхъуауэ, и адэм Павлодольскэ станицэм ишэри, и цIыхугъэ гуэрым деж къигъэнауэ щытащ, урысыбзэ иригъэщIэн папщIэ. Илъэсищ зэрыдэкIыу абы къришыжри, Екатериноградскэ станицэм дэс и ныбжьэгъу къэзакъым иритащ. Абы щыIэу Хьэбалэ школри къиухащ, ныбжьэгъу Iэджи игъуэтащ.

1905 гъэм, и ныбжьыр илъэс 20 ирикъуауэ, Хьэбалэ я къуажэ къигъэзэжри, къуажэ правленэм писару лэжьэн щыщIидзащ. Ауэ мыгувэу къэхъеящ япэ революцэр. Ар къэзыIэтахэм я лъэныкъуэу уващ Хьэбалэ. А зэманым Джылахъстэнейм зыкъыщызыIэта мэкъумэшыщIэхэм я Iэтащхьэм Беслъэнейр быдэу япыщIат.

1918 гъэм, совет властыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыува нэужькIэ, Хьэбалэ хах Налшык и окружной цIыхубэ Советым. Абы нэмыщIауи ар Малэ-Къэбэрдей полкым и унафэщI ящI.

1918 гъэм и декабрым Налшык щекIуэкIа VI цIыхубэ зэхуэсым Беслъэней Хьэбалэ щыхахащ Налшык и окрисполкомым хэтыну, абы и административнэ къудамэм и унафэщIу лэжьэну. Хьэбалэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ совет властым и телъхьэхэр зэуIу щIауэ бийм пэщIэгъэувэнымкIэ. Абы и унафэм щIэт дзэр лIыгъэшхуэ игъэлъагъуэу щызэуащ Ставрополь щIыналъэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Осетие Ищхъэрэми, Шэшэнми, Ингушми.

Граждан зауэм и лъэхъэнэм Беслъэней Хьэбалэ лIыгъэшхуэ зэкъым зэригъэлъэгъуар. Абы и щапхъэ куэд щыIэщ. Кавказ Ищхъэрэм хужьыдзэр ирахужыху, ар зы махуи псэхугъуэ ямыгъуэту зауэ IэнатIэм пэрытахэм ящыщщ. Хьэбалэ къарууэ иIэр ирихьэлIащ а лъэхъэнэм нэхъыбэм ягъэзахуэу щыта Iуэхур текIуэным – щалъхуа лъахэм совет властыр щыгъэувыным. Беслъэнейм а зэман бзаджэр къэмыланджэу ирихьэкIащ, лIыгъэм и щапхъэу, псэемыблэжу.

Совет властыр ди хэкум щыува нэужьи къызыхэкIа лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьащ Беслъэней Хьэбалэ. 1920 гъэм щыщIэдзауэ, зы илъэси дэмыкIыу, КъБАО-м и унафэщI органхэм – облисполкомымрэ партым и обкомымрэ – хэтащ ар.

1921 – 1924 гъэхэм ар щытащ областым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, ревтрибуналым и коллегием хэтащ. 1925 – 1928 гъэхэм Беслъэнейр лэжьащ Нагорнэ, Малэ-Къэбэрдей окружной гъэзэщIакIуэ комитетхэм я унафэщIу, 1929 – 1930 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и прокурору щытащ.

Апхуэдиз къарурэ гуащIэрэ властыщIэр зэтеувэным хилъхьа пэтми, 1937 гъэм Беслъэней Хьэбалэ лъэужьыншэу ягъэкIуэдащ, революцэ лъэхъэнэм бийм хуэлэжьауэ ягъэкъуаншэри.

## ЦIыхубэм щхъэузыхь захуэзыщIа





Парт, щэнхабзэ лэжьакIуэ Къатхъэн Назир Адэлджэрий и къуэр 1891 гъэм Псыхъурей къуажэм къыщалъхуащ. 1911 гъэм Бахъсэн духовнэ еджапIэр къиухащ. Налшык училищэр къиуха нэужь, хьэрыпыбзэмрэ КъуэкIыпIэм и тхыдэмрэ иригъэджу а еджапIэ дыдэм щылэжьащ.

1918 гъэм сентябрым и 25-м шу 1400-рэ щIыгъуу гвардие хужьыр зэбгрихужри, шэрихьэтыр зи лъабжьэ дзэ-революцэ совет къызэригъэпэщат, Темыржан Мэтджэрий и унафэщIу. 1918 гъэм и кIэухым Къатхъэн Назир къыхилъхьэри, Орджоникидзе Серго диIыгъауэ щытащ шэрихьэтым тет япэ совет колоннэ къызэгъэпэщыныр. Ар Мирненкэ Игорь и унафэм щIэтт. Колоннэм и лъэпкъ часть псоми я унафэр зыщIыр Къатхъэнырт. Колоннэм и мурадт Бичераховым и дзэр зэтекъутэныр, Кизляр и Iэхэлъахэм деж 12-нэ армэм и частхэм запищIэжу, Астраханьрэ 11-нэ армэм я тылымрэ кIуэ гъуэгур хуит къищIыныр. Псыхуабэ деж генерал Даутокъуэ-Серебряковым и дзэр щызэтрикъутауэ щытащ. 1918 гъэм и март мазэм Къатхъэн Назир хэтащ совет властыр къэзыщта Налшык округым и япэ зэхуэсыгъуэм. А гъэм щыщIэдзауэ ар Налшык ревкомым хэтащ, Налшык округым и милицэм я унафэщIу щытащ. 1919 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я еханэ зэхуэсыгъуэм и унафэщIт, Коминтерным и 2-нэ Конгрессым и лIыкIуэт. 1920 гъэм етIанэу гвардие хужьыр зэтрикъутащ – генералу 4-рэ офицеру 60-рэ гъэру иубыдащ. 1920 гъэм щегъэжьауэ ГъэзэщIакIуэ Комитет Нэхъыщхьэм и Къэбэрдей къудамэм, ЦIыхубэм я ерыскъыхэкIым и комиссариатым хэтащ, ЛэжьакIуэ-мэкъумэшыщIэ инспекцэм и унафэщIт.

1922 гъэм Советхэм я X урысейпсо зэхуэсым хэтащ. Ленин Владимир щыщIалъхьэм щыIа ЩIыхь къэрэгъулым Къатхъэныр щыщт. 1922-1924 гъэхэм РСФСР-м и РКИ-м и цIыхубэ комиссариатым Областым щыIэ и ЛэжьакIуэ-мэкъумэшыщIэ инспекцэм и унафэщIт. 1924-1926 гъэхэм Москва и ВЦИК-м и Президиумым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу хэтащ. ИужькIэ, 1928 гъэ пщIондэ СССР-м и ВСНХ-м и Президиумым и деж щыIэ Экономикэ IуэхущIапIэ Нэхъыщхьэм Лъэпкъ политикэмкIэ и Уполномоченнэт. 1928 гъэм апрелым и 23-м Къатхъэныр Москва щагъэтIысри, Налшык къашэжащ. Ар ягъэкъуэншащ къызэщIэхъееныгъэм зыхуэзыгъэхьэзыр националист гуп къызэригъэпэщауэ. Августым и 3-м IуэхумкIэ ягъэкъуэнша цIыхуихым, Къатхъэнри яхэту, я судыр укIкIэ ящIащ.

Перестройкэм и зэманым къагъуэтыжауэ щытащ 1923 гъэм июлым и 29-м Къатхъэн Назир Тыркум и лъэпкъ зэхуэс нэхъыщхьэм (ВНСТ) и лIыкIуэ Небиль-бей хуитхауэ щытар. «Сыкъэзыухъуреихь муслъымэн къабзэхэм къабгъэдэкIыу дыфхуогуфIэ ВНСТ-м Лозаннэм къыщащта зэгурыIуэныгъэм папщIэ. Зэрымуслъымэну дызэрыгушхуэн Iуэхущ. АдэкIэ, сыкъызэрывгъэгугъам тету, Батуми фи жэуап сыщыпоплъэ. Фи псалъэ быдэр си фIэщ щIэмыхъун щхьэусыгъуэ къыкъуэмыкIыху сыфпэплъэнущ. Зи гугъу фхуэсщIауэ щыта Iуэхум тету, сфIэзахуэщ сыкъызэрывгъэгугъа визэм и Iуэхум нэхъ фепIэщIэкIыныр: адэкIи сыгугъэнрэ, «хьэуэ» къыхэкIынрэ сщIэну сфIэигъуэщ. Къэбэрдей бгырысхэм я еплъыкIэмкIэ, псалъэ птауэ щытмэ, ар гъэпэжыным лIыгъи хэлъхьэжын хуейщ». Письмом къызэрыхэщымкIэ, Къатхъэн Назир Тырку къэралыгъуэм щыгугъат, абы и пашэхэм ящыщ гуэрым хуэзэну хуеят. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, а гъэ дыдэм и октябрым Тыркум и президент хъуауэ щыта Ататюрк Кемаль зыхуигъэзэну и мурадт. Ауэ, Къатхъэным и гугъэхэр зэхуэхъункIэ Iэмал закъуи иIакъым. Чекистхэр къеплъакIуэрт, и кIэм итт. Небиль-бей хуиутIыпща тхыгъэри, абыхэм яIэрыхьэри, зэрагъэтIысынум хуагъэхьэзыр дэфтэрхэм дыщIагъужакIэт. И пIалъэр къэсри, къызыкъуахыжат – 1928 гъэм апрелым и 23-м...

Кавказ Ищхъэрэм совет властыр щыгъэувыным хуищIа хэлъхьэныгъэм, лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу иригъэкIуэкIа бэнэныгъэхэм папщIэ 1990 гъэм декабрым и 27-м СССР-м и Президент Горбачев Михаил и УнафэкIэ Къатхъэн Назир «Бэракъ Плъыжь» орденыр хуагъэфэщэжащ.



## *Революционер, узэщIакIуэ*



Балъкъэр коммунист, совет властыр ухуэным папщIэ бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIа Энеев Магомед Гундэлэн къуажэм цIыхубэм фIыуэ къацIыху Али-хьэжы и унагъуэм 1897 гъэм къыщалъхуащ. Мыдрисэр къиухри, илъэсищкIэ Тыркум, Истамбыл щеджащ. И Хэкум къигъэзэжа нэужь, къыщыхъуа къуажэм еджапIэ къыщызэIуихащ. Математикэр, литературэр, географиер, хьэрыпыбзэр, урысыбзэр езым иригъэджырт. Большевикхэр къэунэхури, Энеевыр яхыхьащ. 1918 гъэм Псыхуабэ съезд щрагъэкIуэкIри,

Кавказ Ищхъэрэм совет властыр щагъэуват. Энеев Магомед Тэрч цIыхубэ советым хагъэхьащ. Совет Социалист Республикэ ухуэным хэлIыфIыхьахэм яхэтащ. 1919 гъэм Деникиным и гупым Налшык яубыдат. Ахэр зыщхьэщигъэкIын папщIэ, Энеевыр Баку кIуауэ щытащ. 1920 гъэм, Дзэ Плъыжьым текIуэныгъэ зыIеригъэхьа нэужь, абы къигъэзэжащ.

1921 гъэм Энеевыр балъкъэр окружной гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI хъуащ. 1923 гъэм и декабрым РКП (б)-м и Шэшэн къызэгъэпэщакIуэ бюром и секретару ягъэуващ. 1925 гъэм Коммунистхэм я академием курс ягъэкIуащ. 1928 гъэм еджэныр къиухри, Ростов кIуащ. А гъэ дыдэм августым и 27-м дунейм ехыжащ.

Энеев Магомед латин графикэм тету балъкъэрыбзэм азбукэ хузэхигъэувауэ щытащ. Балъкъэр тхыдэм Энеевыр революционер къудей мыхъуу, узэщIакIуэуи къыхощ.

Энеев Магомед и къуэ Энеев Тимур щIэныгъэлI цIэрыIуэт, РАН-м и академикт. Космонавтикэм куэд хилэжьыхьащ.

## *Япэ ректор*



Республикэм и тхыдэм зи цIэр быдэу къыхэнахэм ящыщщ политик Iэзэ, щIэныгъэлI ахъырзэман, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр (1916 – 1965). Университетым и зэфIэувэныгъэм Бэрбэч ХьэтIутIэ хуищIа хэлъхьэныгъэр къызэрымыкIуэщ. Езыр цIыху телъыджэт, и гупсысэкIэрэ Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищIэу. Абы гъащIэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цIыхубэм сэбэп яхуэхъун зэрыхуейрт. А унафэщI щыпкъэм и фIыгъэщ КъБКъУ-р къызэрызэIуахар, зэман кIэщIым къриубыдэу хэпщIыкIыу зэрызиужьар.



Бэрбэчыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм и илъэсибл школыр 1931 гъэм къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Новочеркасск къалэм. Абы иужькIэ Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 – 1940 гъэхэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Крупская Надеждэ и цIэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

1942 гъэм Бэрбэчым къиухащ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр икIи Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакIуэ къагъэкIуэжащ. А илъэсым и июль – сентябрь мазэхэм ар тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щыIащ КПСС-м и обкомым къепхауэ лажьэ парт школым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм пIалъэкIэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и къалащхьэ Тбилиси, иужькIэ Ткварчели къалэм щыпсэуащ. 1942 гъэм и октябрым къыщыщIэдзауэ 1943

гъэм и февраль пщIондэ партым и Тkварчели къалэ комитетым лектору щыIащ. Ди щIыналъэр бийм къыIэщIахыжу хуит хъужа нэужь, абы къигъэзэжащ икIи КПСС-м и Налшык къалэ советым и секретару, иужькIэ партым и Прималкинскэ къалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и февралым къыщыщIэдзауэ 1948 гъэм и март пщIондэ Бэрбэч ХьэтIутIэ лэжьащ Республикэ радиокомитетым и унафэщIу. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI къулыкъухэми. Бэрбэчыр щытащ КПСС-м и обкомым и оргинструктор къудамэм, административнэ IэнатIэм я пашэу. 1950 – 1957 гъэхэм ХьэтIутIэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщIэдзауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академием, КПСС-м и ЦК-м и нэIэм щIэту лажьэм, и илъэс курсхэм щеджащ икIи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьыныгъэмрэ» къэхутэныгъэ диссертацэр игъэхьэзыращ, ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ.

1956 гъэм и июль мазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщIхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпIэн зэрыхуейм теухуа тхылъ, абы ирихьэлIэу гъэзэщIапхъэу къалъытэхэр иту. А тхылъым щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуат пединститутыр къэрал университет щIыжын зэрыхуейм теухуа жэрдэмри. Нэрылъагъут экономикэмрэ жылагъуэмрэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Университет ди щIыналъэм къыщызэIухыпхъэу къэзылъытэ ХьэтIутIэ лIыгъэ къыкъуэкIащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриIэр куэдым къагуригъэIуэну, и мурадхэр зригъэхъулIэну. Бэрбэчым и Iуэху еплъыкIэр къыдаIыгъыу, лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр мызэ-мытIэу тхащ щIыналъэ, къэрал унафэщIхэм я деж, Бэрбэчым къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыIэмалыншэ Iуэхур къыхагъэщу.

1957 гъэм апрелым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэрыщызэIуахым теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищIащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапIэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкIыу нэгъуэщI зы укази къаIэрыхьащ республикэм и унафэщIхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору гъэувын тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр», – жиIэу иту.

Бэрбэчым игъэтIылъащ университетым и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ еджапIэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэми я лъабжьэ, къежьапIэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуа Iуэху зехьэкIэр. Езы Бэрбэчми и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ зэпытт. 1962 гъэм ирихьэлIэу игъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкIуар» доктор диссертацэр.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щIыбагъкIэ щызэфIиха Iуэхугъуэхэм папщIэ Бэрбэчым къыхуагъэфэщащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытIэу къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и унафэкIэ университетым фIащыжащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. ХьэтIутIэ и цIэр фIащащ ар къыщалъхуа Аушыджэр къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

## *Политик, унэтIакIуэ, лэжьакIуэ емызэшт*



ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд Хьэгуцырэ и къуэр 1923 гъэм февралым и 23-м Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык педучилищэм щеджа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым и япэ курсыр къиухауэ, 1942 гъэм и октябрь мазэм я къуажэм игъэзэжри, абы дэт илъэсибл еджапIэм лэжьэн щыщIидзащ. А илъэс дыдэм дзэм ираджэри, лъэсыдзэм хэтхэр щрагъаджэу Урюпинск дэт училищэм и курсант батальоным хэту зауэм макIуэ. Япэ зэхэуэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, илъэсрэ ныкъуэкIэ сымаджэщхэм щIэлъауэ советыдзэм къыхагъэкIыжащ. 1944 гъэм ШэджыхьэщIэр хах ВЛКСМ-м и Урожайнэ райкомым и япэ секретару. Апхуэдэу къыщIидзащ абы и жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэр, илъэс 43-кIэ зэпыу имыIэу ирихьэкIар.

ВЛКСМ-м и ЦК-м деж щыIэ комсомол школ нэхъыщхьэр 1946 гъэм къиухри, Мухьэмэд – секретару, иужькIэ КъБАССР-м и ВЛКСМ-м и обкомым и етIуанэ секретару лэжьащ. 1946 гъэм декабрым и 1-м ирихьэлIэу областым и комсомол зэгухьэныгъэм ВЛКСМ-м хэт цIыху 11 188-рэ къыщабжащ, ахэр пэщIэдзэ организацэу 545-м щызэгъэуIуат. Республикэм и комсомолхэм ящыщу 1479-р лэжьакIуэт, 3859-р колхозхэтт, 34-р инженерт, техникт. Областым и комсомол зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр лэжьапIэ IэнатIэхэр зэфIэгъэувэжынырт. Мухьэмэд и къару псори тригъэкIуадэрт комсомолхэмрэ зэгухьэныгъэхэм хэмыт щIалэгъуалэмрэ къызэщIиIэтэу ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI предприятэхэр, электрическэ станцхэр, псом хуэмыдэу Бахъсэн ГЭС-р, колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэфIагъэувэжыным.

Комсомолым и обкомым и лэжьыгъэр щIэрыщIэу зэтриублэжырт, унафэщIхэр хихыжырт. 1947 гъэм и март мазэм ВЛКСМ-м и область зэгухьэныгъэм и XVI конференцым щыжаIауэ щытащ: «лIыкIуэ 236-м щыщу 111-р Хэку зауэшхуэм хэтащ, цIыхуи 144-м правительствэ дамыгъэхэр яIэщ. Зауэр къызэзынэкIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ комсомолым и къалэ, район комитетхэм унафэщIу щолажьэ, япэ, етIуанэ секретарь 32-м ящыщу 25-р фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ».

Конференцым щаубзыхуат республикэм зэрызыкъиужьыжын, экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэрырагъэфIэкIуэн Iэмалхэр. ВЛКСМ-м

и обкомым и япэ секретару хахащ Кабалоев Билар, етIуанэр ШэджыхьэщIэ Мухьэмэдт.

1949 гъэм и сентябрым ШэджыхьэщIэм къыхуагъэлъагъуэ партым и Налшык райкомым и япэ секретарь къулыкъур. 1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хах. КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, 1956 гъэм ШэджыхьэщIэр КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэсиблкIэ лэжьащ. А илъэсхэм зи гугъу тщIы къудамэм къалэнышхуэ игъэзэщIащ парт, совет, лэжьапIэ IэнатIэхэр къэIэтыжыным ехьэлIауэ.

1963 гъэм ноябрым екIуэкIа XXVIII парт конференцым Мухьэмэд обкомым и секретару щыхахащ, обкомым и бюром щыхагъэхьащ. Пленумым и пщэ къыщыдалъхьащ идеологиемкIэ къудамэм и унафэщI къулыкъур.

1965 гъэм партым и обкомым лэжьыгъэшхуэ къызэригъэпэщырт. КПСС-м и къалэ комитетхэм яубзыхуар зэрахъуэжам, район комитетхэр щIэрыщIэу къызэрызэрагъэпэщыжам парт зэгухьэныгъэхэм я пщIэр иIэтащ. Илъэс къэс нэхъ быдэ хъурт зэкъуэш республикэхэм лэжьыгъэ, литературэ я лъэныкъуэкIэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр. ЩIэх-щIэхыурэ радио-теленэтынхэмкIэ, газет напэкIуэцIхэмкIэ зэхъуажэрт.

Сыт и лъэныкъуэкIи IэнатIэм хуэхьэзыр, Совет къэралыгъуэм, парт политикэм хуэпэж ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд мызэ-мытIэу КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ икIи илъэс куэдкIэ абы и УнафэщIу (1964 – 1985) щытащ. Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэм запыщIэным хуэлажьэ Совет комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ зыщ ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд. ИужькIэ «Хэку» обществэр зэхишащ икIи пенсэм кIуа нэужь, илъэс зыбжанэкIэ абы и унафэщIу щытащ.



ШэджыхьэщIэм и псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденхэр, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, медаль куэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, блэкIа лIэщIыгъуэм и 60-70 гъэхэм республикэм и идеолог нэхъыщхьэу къалъытэу щыта, Хэку зауэшхуэм и ветеран ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд Хьэгуцырэ и къуэр 1996 гъэм сентябрым и 1-м дунейм ехыжащ.

## *УсакIуэт, политик IэкIуэлъакIуэт*



Геттуев Магомет Исмэхьил и къуэр балъкъэр усакIуэщ, парт лэжьакIуэу щытащ. Ар 1916 гъэм ноябрым и 7-м Гундэлэн къуажэм къыщалъхуащ. 1938 – 1940 гъэхэм «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым щылэжьащ. 1941 гъэм партым и Шэрэдж райкомым и къудамэм и унафэщIу лажьэу IукIри, 1942 гъэм фронтым кIуащ.

1944 гъэм, балъкъэр лъэпкъыр щрагъэкIым, ар къыщыхутащ Къыргъыз ССР-м. 1946 – 1956 гъэхэм Къыргъыз, Таджик ССР-хэм я газетхэм щылэжьащ. 1955 гъэм Ленинабад къэрал педагогикэ инсти-

тутым филологиемкIэ и къудамэр къеух, 1957 – 1961 гъэхэм «Коммунизмге жол» газетым щолажьэ. 1961 гъэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и лекторщ. 1967 – 1979 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIщ, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIым и къуэдзэщ.

Геттуев Магомет и гуащIэм, зэфIэкIым, лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэу Октябрь Революцэм и орденыр, Хэку зауэ орденым и езанэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» орденыр, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и орденыр.

Геттуев Магомет литературэми купщIафIэу щылэжьащ. Абы усэхэмрэ поэмэхэмрэ итхын щIидзащ 1940 гъэхэм. Хэкум къигъэзэжа нэужь, усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэр цIыхубэм ягу дыхьащ – усыгъэм къыхэщырт ар и щIыналъэм псэкIэ зэрыхуэзэшар. БалъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи Геттуевым и тхылъхэр къыщыдэкIырт Налшыки Москваи. Ар ящыщщ балъкъэр художественнэ литуратурэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм. Геттуевыр ядэлэжьащ совет лъэхъэнэм и макъамэтх, уэрэдус куэдым. Къапщтэмэ, Геттуевым и усэхэм макъамэ щIэзылъхьахэм ящыщщ Фельцман Оскар, Лядовэ Людмилэ, Гладков Геннадий, нэгъуэщIхэри. А уэрэдхэр ягъэзащIэрт Пьехэ Эдитэ, Лещенкэ Лев, Толкуновэ Валентинэ сымэ.

1975 гъэм Геттуевым къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэр.

Геттуев Магомет 1985 гъэм дунейм ехыжащ.



## *Псэемыблэжт*



ХьэщIэлI Мухьэмэд 1911 гъэм октябрым и 13-м Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 16-м иту зи гуащIэдэкI лэжьыгъэр зыубла щIалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IуэхущIапIэр егъэфIэкIуэным къаруушхуэ ирихьэлIащ. «Шекер» колхозым и лэжьакIуэу къыщIидзэри, щIым тележьэнымрэ Iэщ зехуэнымрэ теухуауэ зэпымыууэ и щIэныгъэм хигъахъуэурэ абы IэнатIэ куэд игъэунэхуащ. ХьэщIэлIыр Орджоникидзе дэт зоотехникумым щеджащ. 1934 гъэм Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэн щIидзащ. Курсанту иригъэжьэри, 68-нэ шууей полкым и къудамэм и командир, СКВО-м и 4-нэ шууей корпусым и 126-нэ полкым и япэ эскадроным и старшина хъуащ. А полкыр и гъусэу 1937 гъэм майм и 1-м Москва и Утыку Плъыжьым щекIуэкIа дзэ парадым, майм и 2-м Кремлым щыIа Правительствэ зэIущIэм хэтащ.

Зэман зэхуэмыдэхэм ар лэжьащ колхоз лэжьыгъэм и учетым и унафэщIу, колхозым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, Старэ Шэрэдж, Старэ Лэскэн къуажэхэм гъавэ гъэтIылъыгъэхэмкIэ наркомым и уполномоченнэм и къуэдзэу, Лэскэн районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, а районым и цIыхубэ хеящIэу, Лэскэн районым и

ВКП (б)-м кадрхэмкIэ и секретару, Аруан районым щIы IуэхухэмкIэ и къудамэм, Лэскэн районым мэкъумэш къудамэм я унафэщIу, КПСС-м и Тэрч райкомым и япэ секретару, Аруан районым щыIэ колхоз-совхоз IуэхущIапIэм и унафэщIу, КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министру. 1975 гъэм пенсэм кIуащ.

ХьэщIэлI Мухьэмэд зыпэрыта дэтхэнэ IэнатIэми хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Зыпэрыувэ Iуэхум гурэ псэкIэ бгъэдэтт, зэпымыууэ и щIэныгъэм хигъахъуэрт. 1968 гъэм мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. Абы итхащ щIэныгъэ лэжьыгъэу, статья щхьэхуэу 70-м щIигъу. 1975 – 1987 гъэхэм ар лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым экономикэмкIэ и секторым и унафэщIуи, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьуи. Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ еджапIэ къыщызэIухыным теухуа псалъэмакъыр КПСС-м и щIыналъэ комитетым япэу къыщыхэзылъхьауэ щытар ХьэщIэлIырщ. А Iуэхугъуэр къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием ХьэщIэлI Мухьэмэд и цIэкIэ стипендие щыщаубзыхум щыгъуэ. Илъэс къэс ар ират агроном факультетым фIы дыдэу щеджэ студентхэм.

ХьэщIэлIыр жыджэру хэтащ республикэм и жылагъуэ гъащIэм. Ар СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ, зауэм, лэжьыгъэм, дзэ узэдахэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Советым хэтащ. Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсу къызэралъытам и щыхьэту абы къыхуагъэфэщащ Октябрь Революцэм и орденыр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр. 1973 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI» цIэ лъапIэр.



## *КIыщыкъуэ зыхущIэкъуар*



Къущхьэ Сэхьид щIэблэ игъуэтыным хуэпабгъэу илъэси 10-кIэ псэуауэ, иужькIэ къахэхъуа сабиитIри щIэх дыдэу лIэжат. Ещанэм щыпэплъэм, апхуэдэ гузэвэгъуэ иджыри къалъэмыIэсын папщIэ, адыгэхэм я фIэщ хъууэ, сэбэп къахуэхъуу щыIэ нэщэнэхэр къагъэсэбэпащ. Апхуэдэ зы нэщэнэт сабий къалъхуагъащIэр занщIэу кIыщым яхьрэ, гъущI гъэплъар зэрагъэупщIыIу псымкIэ ягъэпскIыу, «кIыщ» хэту цIэи фIащу зэрыщытар. ЩIалэ цIыкIум апхуэдэ хабзэхэр кIэлъызэрахьэри, КIыщыкъуэ фIащащ.

ЩIалэр, Тхьэм узэрелъэIун жыхуаIэм хуэдэу, жану, нэжэгужэу, гурыхуэу, жыIэда-Iуэу къэхъуащ. Ар дунейм къытехьащ 1923 гъэм майм и 1-м. Абы иужькIэ къалъхуащ Гъумар, Замилэ, нэхъыщIэ дыдэу Мухьэжид сымэ.

Хуэкъулейтэкъым Сэхьид и бынунэр, ауэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, щхьэж хузэфIэкIыр ищIэу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту къэгъуэгурыкIуащ. Адэ-анэм бынхэр адыгэ хабзэм щIапIыкIырт, нэхъыжьхэм, цIыхубзхэм, сабийхэм гулъытэ, пщIэ хуащIу, езыхэр

зэрыIыгъыу, нэмыс яхэлъу псэуну яущийрт. Сэхьид лэжьыгъэр фIыуэ илъагъурт, бзэ IэфI Iурылът, псэлъэрейтэкъым, жиIами тетыжт. Абы фIыуэ илъагъурт икIи гукIэ ищIэрт цIыху губзыгъэхэм я псалъэ Iущхэр – псом хуэмыдэу Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ сымэ къытхуагъэнахэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам, 20-30 гъэхэм псэуныгъэр нэхъ гугъуу щыщытам, Къущхьэхэ я гъунэгъухэм гу лъатэрт, адэм унагъуэ Iуэхухэр сабийхэм ящхьэщихыурэ, еджэным нэхъ егугъуным зэрыхуиущийм.

Абыхэм кIэщIу жэуап яритауэ щытащ Сэхьид: «Зэманым псори къигъэлъэгъуэнщ». ИкIи мыгувэу ар наIуэ къэхъуащ. КIыщыкъуэ еджапIэм щIэтIысхьа нэужь, еджэным и гур хуабжьу етауэ, егъэджакIуэм жиIэр псынщIэу къипхъуатэу къыщIэкIащ. Абы къыхэкIкIэ, егъэджакIуэхэм я советым и унафэкIэ, зы илъэсым 1-нэ, 2-нэ классхэр кърагъэухауэ щытащ.

Япэ дыдэу къуажэ школыр къэзыуха цIыху 11-м ящыщащ КIыщыкъуэ. Абы «5» защIэкIэ еджэныр къызэрырихьэлIам щыхьэт техъуэ дэфтэрым щытхъу тхылъ и гъусэу кърatыжат. А зэманым дыщэ медаль яту щытакъым. Школыр къэзыухахэм я аттестатхэр щыIэрагъэхьэж гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр 1941 гъэм июным и 21-м къуажэми районми ягъэлъэпIэну траухуауэ щытат. Пшыхьыр дахэ дыдэу зэфIэкIат. Ауэ а жэщым и пщэдджыжьым гум имыхужын нэщхъеягъуэшхуэр къэхъуащ – нэмыцэхэр ди къэралым къытеуащ. Школыр къэзыухагъащIэ КIыщыкъуэ, тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу, зауэм ираджэ, Краснодар дэт дзэ училищэм мазихкIэ щрагъаджэри, топгъауэ взводым и батареем и командир ящI.

Зауэ нэужьым КIыщыкъуэ къыхуагъэфэщащ Дзэ академием щIагъэтIысхьэну, ауэ адэ-анэм я лъэIукIэ, абы къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. КПСС-м и Iуащхьэмахуэ райкомым и къудамэм и унафэщIу илъэсиплIкIэ, абы иужькIэ секретару лэжьащ. Къэбэрдей институтыр, Горскэ мэкъумэш институтыр къиухащ. 1950 гъэм и ныбжьыр илъэс 27-м иту КIыщыкъуэ партым и Тэрч райкомым и япэ секретару хах. ЗэфIэкI хъарзынэ зэриIэм гу лъатэри, мыгувэу Налшык къашэж партым и обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIу.

Зэман дэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу хахащ. КъБР-м и Правительствэм КIыщыкъуэ щылэжьащ илъэс 21-кIэ. Абы щыщу илъэс 16-кIэ Правительствэм и УнафэщIу (1969 – 1984), щэнейрэ КПСС-м и съездхэм я лIыкIуэу щытащ. КъБАССР-м, РСФСР-м, СССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату илъэс 30-кIэ къекIуэкIащ.

Нэхъыжьхэм ящIэж а илъэсхэм республикэм зэрызиужьар: экономикэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ хуабжьу ипэкIэ кIуэтат. А псоми илъэс 40-м щIигъукIэ псэемыблэжу хэлэжьыхьащ КIыщыкъуэ, IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыту. ИкIи цIыхубэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ Iуэхугъуэ куэд гъащIэм хипщащ.

Къущхьэ КIыщыкъуэ зыцIыхуахэм ар я гум къинэжащ цIыху хьэлэлу, гуапэу, нэмысыфIэу, гущIэгъу хэлъу, фIы зэрилэжьыным хущIэкъуу зэрыщытамкIэ.

## *Лъэужьыфlэу псэуа лlы щыпкъэ*



Гупсысэ жан зэриlэм, lуэхум зэи зэрыхуэмыщхьэхым, зыпэрыхьэ lэнатlэр зэрыригъэфlакlуэм я фlыгъэкlэ цlыху щэджащэхэм я цlэр лъэпкъым, хэкум и тхыдэм къыхонэ. Апхуэдэу зи lуэхущlафэхэмрэ гъащlэ купщlафlэмрэ дэтхэнэми и щапхъэ нэсу къытхуэнащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакlуэ, илъэс 20-м щlигъукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министру лэжьа, «Хэку» зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамэм я тхьэмадэу щыта Ефэнды Джылахъстэн Къасым и къуэр (1924 – 2019). Гур щlэгушхуэ lуэхуфlхэм я къызэгъэпэщакlуэущ, цlыхубэм гурэ псэкlэ яхуэлэжьа lэщlагъэлl нэсущ ар дигу къызэринар. Театрым, музыкэм, гъуазджэм, цlыхубэ творчествэм республикэм зыщыщиужьа лъэхъэнэр къыгуэхыпlэ имыlэу епхащ Ефэндым и цlэм.

Иджыпсту дызэрыгушхуэ щэнхабзэ ухуэныгъэ нэхъ инхэри, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щадж lуэхущlапlэ нэхъыщхьэхэри республикэм щыухуэныр зи жэрдэму щытар, абы емытlысэхыу иужь итар Джылахъстэнщ.

ГъащIэм къыхуигъэув сыт хуэдэ къалэнми пэлъэщ акъылрэ къарурэ къызыкъуихыфырт абы. Ар умыгъэщlэгъуэнкlэ lэмал иlэтэкъым. Абы къыдэкlуэу, республикэм лъэпкъыу исыр зэхуигъадэрт, дэтхэнэми и лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ хъума зэрыхъуным егугъурт.

Къыщалъхуа республикэмрэ абы ис лъэпкъхэмрэ я lуэху дигъэкlын папщlэ ар зыщlэмыхьэф пэшрэ зыхуэмызэф къулыкъущlэрэ къэралым исакъым а лъэхъэнэм. Абы и фlыгъэкlэ ди лъэпкъхэм я къэкlуэкlыкlэмрэ я хабзэмрэ куэдым къаригъэцlыхуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр Москваи Урысейм и нэгъуэщl хэгъэгу куэдми щекlуэкlащ. А псори къызэбгъэпэщыныр тынштэкъым, къаруи зэмани текlуадэрт, ауэ Джылахъстэн цlыху емызэшт, гу къабзэт, губзыгъэти, зи ужь ихьэ псори къехъулlэрт.

Мэлбахъуэм и унафэкlэ, щэнхабзэмкlэ министр lэнатlэм щыпэрыувам и хъуэпсапlэ нэхъыщхьэмкlэщ и лэжьыгъэр зэригъэжьар – Музыкэ театр, оперэ, балет, опереттэ щагъэлъэгъуэфыну ухуэн щlидзащ. lуэху дахэ куэд щекlуэкlащ 30 гъэхэм зи бжэхэр къызэlузыха, совет властым и lэужь Къэбэрдей-Балъкъэр драмэ театрым. Цlыхухэр зыщыгуфlыкlауэ яухуахэм ящыщщ иджыпсту ди щlэблэм я зэфlэкlым, къэухьым зыщрагъэужь, кхъухь теплъэ зиlэ Сабий творчествэмкlэ республикэ унэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейр, къэфапlэр, зоопаркыр, макъамэмкlэ, гъуазджэмкlэ школхэр, институтхэр, библиотекэхэр. Щэнхабзэр щызэрахьэу lуэхущlапlэ куэд яу-

хуащ а зэманым, адыгэ, балъкъэр щэнхабзэри утыкушхуэхэм щагъэлъэгъуащ.

Зы гуфIэгъуи щекIуэкIыу къыщIэкIынтэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым къафэрэ джэгурэ хэмыту. 1934 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамбль къэунэхуащ. Джылахъстэн министр щыхъуам, а ансамблым нэхъри зиужьмэ нэхъ къищтэу, уэрэд жызыIэхэр хор ищIу, къэфакIуэхэр ансамбль щхьэхуэу игъэпсыну зэримурадыр Мэлбахъуэм жриIати, къыдиIыгъащ. Абы щыгъуэм хорыр радиокомитетым ей хъуат. ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ драмтеатрым япэу концерт щитащ къэфакIуэ ансамблым. Абдеж къыщежьащ «Кабардинка»-м и творческэ гъащIэр. Уеблэмэ къэфакIуэ ансамблым «Кабардинка» цIэр фIэзыщар Джылахъстэнщ. Илъэс 25-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я гъуазджэр «Кабардинка» ансамблым щигъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм, Курджым, СССР-м, Африкэм, Азием, Европэм.

Щэнхабзэм нэмыщI, парт, политикэ, къэрал IэнатIэхэми, жылагъуэ Iуэхуми пэрытащ Джылахъстэн. Хамэ къэрал куэдым щикъухьа адыгэ лъэпкъыр зэрыIыгъ, зэкIэлъыкIуэ, зэкъуэт хъужыным и гуащIэ хилъхьащ. «Хэку» обществэм щыщыIам лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм пыщIэныгъэ яхудиIэнымкIэ, ахэр хэкум къегъэблэгъэнымкIэ.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Иорданием, Сирием, Тыркум, США-м, Германием щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр гъэ къэс кърегъэблагъэрт, абыхэм я щIэблэ цIыкIухэм гъэмахуэм Налшык зыщрагъэгъэпсэхурт, нэхъ жыджэру къыдэлажьэхэр Налшык и санаторэхэм къиишэрт, ныбжьыщIэ 25-40 хуэдиз КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м къыщIагъэтIысхьэрт, апхуэдэ дыдэу КъБР-м и Правительствэм и унафэщIхэр яхэту ди республикэм икIа лIыкIуэхэр яхуеблагъэрт я псэукIэр зрагъэлъагъуну, зыхэс лъэпкъхэм зэрадекIуэкIыр зрагъэщIэну.



Апхуэдэу гурэ псэкIэ лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, зэпыщIэныгъэшхуэхэр иIэу и Iуэхухэр зэрызэфIигъэкIыр, дэнэ IэнатIэ ямыгъакIуэми щIэ гуэр зэрыхилъхьэр къалъытэрт республикэ унафэщIхэми.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ, секретарь ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд, КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ сымэ чэнджэщкIэ зыхуагъазэу апхуэдэт, и Iуэху зехьэкIэр зыхуэдэр ящIэрти. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, цIыхубэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ Джылахъстэн зэфIихыу щыта Iуэхухэр иджыри лъэхъэнэ куэдкIэ щапхъэу къахьынущ.

Ефэндым и лэжьыгъэм хуэфэщэн пщIэи игъуэтыжащ. Абы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ», ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, Иорданием и Вагъуэ орденым и япэ нагъыщэр, медаль зыбжанэ. Ар РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэт.

И лэжьэгъуэ пIалъэр иухыу тIысыжа нэужь, абы и Iэдакъэ къыщIэкIа, бзэ шэрыуэкIэ къэIуэта тхылъхэм зэман жыжьэм къыхэ-

на ди блэкIам теухуа гъэщIэгъуэн куэд къыщыгъэлъэгъуэжащ. Сыту бзэ дахэ Iурылът Джылахъстэн. Журналист, тхакIуэ нэсым хуэдэу дахэу итхыжащ абы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ бейуэ къекIуэкIа и гъащIэр. «Илъэсхэр, къэхъукъащIэхэр, цIыхухэр», «Афэрым, «Кабардинка» тхылъхэр махуэ къэс уи Iэнащхьэм телъ хъунущ, къызэгуэпхрэ щхьэпэ гуэррэ узыпэрытым утезыгъэгушхуэ псалъэрэ къипхыу.

## *Дохутыр Iэзэ, къызэгъэпэщакIуэ телъыджэ*



Республикэм и тхыдэм зи цIэр фIыкIэ къыхэнахэм ящыщщ 1970 – 1996 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру щыта Бер Мухьэдин. ИкъукIэ лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ абы а IэнатIэм. Апхуэдэуи щIыналъэм и жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэтащ.

Бер Мухьэдин 1934 гъэм Брамтэ (Вольный Аул) жылэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт школыр къиуха нэужь, Налшык и фельдшер-акушер еджапIэм щIэтIысхьащ. А зэманым ар комсомолми хыхьащ. Еджэныгъэм фIыуэ зэрыхэзагъэм къыдэкIуэуи, еджапIэм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми и зэфIэкI къыщигъэлъагъуэрт. КъызэгъэпэщакIуэ хъарзынэу зэрыщытым гу лъатэри, студентхэм я профкомым и унафэщIуи хахат.

1953 гъэм Берым Налшык и фельдшер-акушер еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. АдэкIэ лэжьыгъэм пэрыхьэнми е и щIэныгъэм пищэнми имыщIэу гупсысэгъуэ хэхуа щIалэм щхьэпэ хуэхъуащ зыщIэса еджапIэм и унафэщIым и чэнджэщыр.

«Дукельский Юрий щылажьэ пэшым сригъэблагъэри, си мурадхэр зригъэщIащ, езым и еплъыкIэри къызжиIэри, сытригъэгушхуащ Ленинград дэт медицинэ институтым сыщIэтIысхьэну. Сигу къэзгъэкIыжащ си анэм мастэ хэслъхьэфын папщIэ фельдшер сыхъуныр си хъуэпсапIэу зэрыщытар. Иджы Iэмал сиIэт дохутыр IэщIагъэр зэзгъэгъуэтыну. Аращи, си анэми сеIэзэфынущ!» – игу къегъэкIыж Мухьэдин щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну тегушхуауэ зэрыщытар.

Апхуэдэу, нэхъыжьым и жыIэм едаIуэри, Бер Мухьэдин 1953 гъэм щIэтIысхьауэ щытащ Ленинград дэт Санитар-гигиенэмкIэ медицинэ институтым. Зэреджэм хуэдэурэ ар институтым и кафедрэхэм ящыщ зым лаборанту щылэжьащ.

1959 гъэм Мухьэдин и къэкIуэнур зыхуэдэнур зыубзыху Iуэхугъуитl и гъащIэм къыщыхъуащ: ар партым хыхьащ икIи медицинэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэриIэм щыхьэт техъуэ дипломыр къыIэрыхьащ.

Берым и лэжьыгъэ гъуэгуанэр «Налшык» курортым дохутыр-инспектору къыщыщIидзащ. ИлъэсищкIэ абы щыIауэ абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ курорт управленэм и дохутыр-

инспектор нэхъыщхьэм и къулыкъур. 1963 гъэм ар ягъэуващ курорт поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэу. ИужькIэ ар лэжьащ «Терек», «Эльбрус» санаторэхэм я дохутыр нэхъыщхьэу.

А илъэсхэм Мухьэдин жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ КъБАССР-м и жылагъуэ гъащIэм. 1963 – 1969 гъэхэм ар Медицинэ лэжьакIуэхэм я профсоюзым и обкомым и президиумым хэтащ, 1965 – 1967 гъэхэм Налшык къалэ Советым и депутату щытащ.

IэнатIэ хъарзынэхэр иIэми, Мухьэдин сытым дежи щIэхъуэпсырт и Iэзагъэм, зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну. Абы медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ щыIэ курсхэм, семинархэм и щIэныгъэм щыхигъахъуэрт. Ауэ абыхэмкIи арэзы зыхуэмыхъужу, Ленинград Санитар-гигиенэмкIэ дэт медицинэ институтым и аспирантурэм 1967 гъэм щIэтIысхьэжащ икIи 1970 гъэм и диссертацэр пхигъэкIри, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрагъэувэми, IэщIагъэлI нэсу, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу, жэуаплыныгъэ зыхэлъ лэжьакIуэу зыкъэзыгъэлъагъуэ адыгэлIым и зэфIэкIхэри жылагъуэм щиIэ пщIэри къалъытэри, 1970 гъэм и апрель мазэм ар ягъэуващ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру. 1971 гъэм Мухьэдин КПСС-м и обкомым хагъэхьащ, иужькIэ куэдрэ а къалэныр пщэрылъ къыщащIащ. А илъэс дыдэм Берыр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ.



Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къулыкъур щрихьэкIа илъэсхэм псом хуэмыдэу наIуэ хъуащ Мухьэдин хэлъ къызэгъэпэщакIуэ хьэлыфIыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ IуэхущIапIэхэм я щытыкIэр, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэрзыхуэдэмзыщигъэгъуазэри, ар адэкIэ зэрыригъэфIэкIуэным, абы зэрызригъэужьыным теухуа хэкIыпIэхэр къилъыхъуэу щIидзащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху пыухыкIахэр къыхилъхьэрти, ахэр гъэзэщIа хъунымкIэ хузэфIэкI къигъанэртэкъым. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къыхишэрт КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и комиссэр.

Бер Мухьэдин министру щылэжьа лъэхъэнэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм я гугъу щыпщIкIэ, абы жеIэ: «Абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэри щытхъури си закъуэ къэзлэжьакъым. Пэжщ, а лъэхъэнэм а унэтIыныгъэм зыужьыныгъэшхуэхэр щекIуэкIащ. Министерствэм и лэжьакIуэхэм пыухыкIауэ тщIэн хуейр къыдгурыIуэрти, дызэгъусэу а Iуэхум ди къарур хуэдунэтIырт. Ауэ ахэр псори къыдэхъулIэн папщIэ республикэм и унафэщIхэм я зэхэщIыкIи дэIэпыкъуныгъи дыхуейт. Абыхэми зэрыхъукIи зыкъытщIагъэкъуащ, къетхьэжьэ Iуэхухэр къыддаIыгъащ».

Бер Мухьэдин и зэфIэкI лъагэхэм, республикэм и зыужьыныгъэм жыджэру зэрыхуэлэжьам я щыхьэтщ абы хуагъэфэща дамыгъэ, щIыхьыцIэ лъапIэхэр. Ар РСФСР-м, КъБАССР-м щIыхь зиIэ я дохутырщ, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр къратащ, «Налшык къалэ щIыхь зиIэ и цIыхущ», нэгъуэщI медаль, фIыщIэ, щытхъу тхылъ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIи ягъэпэжащ.

5 Заказ №1601

## *Щоджэн Iэбу и щапхъэ*



1931 гъэм июлым и 10-м Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ Щоджэн Iэбу. Къуажэ школым классибл къыщиуха нэужь, республикэм щыIэ интернат-школым ягъэкIуащ. Ар дыжьын медалкIэ къиухри, Москва Ломоносовым и цIэр зезыхьэ къэрал университетым и юридическэ къудамэм щIэтIысхьащ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, илъэс 23-м иту лэжьэн щIидзащ Iэбу. Налшык цIыхубэ хеящIэ къалэныр хъарзынэу щрихьэкIыурэ, и зэфIэкIхэм гу къылъатэри, КъБАССР-м и Суд Нэхъыщхьэм хеящIэу ирагъэблэгъащ. Жэуаплыныгъэ ин зэхьэлIапхъэ къулыкъум ар пэжым тету пэрытащ, Совет властым къигъэув хабзэхэр къызыхуэтыншэу зэрихьащ. Зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну ехъуапсэ щIалэр 1958 гъэм МКъУ-м и аспирантурэм щIэтIысхьащ, ауэ унагъуэ Iуэху щхьэусыгъуэкIэ къыщIэкIыжын хуей хъуащ.

Мэлбахъуэ Тимборэ ирегъэблагъэри, Щоджэныр КПСС-м и обкомым и аппаратым и инструктору илъэситIкIэ мэлажьэ. А IэнатIэм пэрыткIэрэ, абы парт лэжьыгъэм хъарзынэу зыхигъэгъуэзащ. ИужькIэ Iэбу республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ хъуащ. Ар икIи хеящIэт, граждан IуэхухэмкIэ къудамэми и унафэщIт. 1973 гъэм КъБАССР-м и прокуратурэм уголовнэ-суд IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI ящIащ. 1980 – 1986 гъэхэм Щоджэн Iэбу КъБАССР-м юстицэмкIэ и министру щытащ.

Нэхъ иужьыIуэкIэ Щоджэным и диссертацэр пхигъэкIри, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. 1991 гъэм ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм правэмкIэ и къэрал къудамэм и секретариатым и унафэщI IэнатIэм пэрыуващ. 1994 гъэм щIидзэри, ар КъБР-м и Конституционнэ Судым конституционнэ правэмкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэсиблкIэ лэжьащ. 2003 гъэм пенсэм кIуащ.

Жэуаплыныгъэшхуэ зэпхьэлIэн хуей къулыкъу лъагэ зэхуэмыдэхэм пэрыту илъэс куэдкIэ лэжьа Щоджэным и гуащIэр гулъытэншэ хъуакъым. 1983 гъэм абы Москва къыхурагъэхауэ щытащ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщI Яснов М., абы и секретарь Нешков Х. сымэ я Iэр зыщIэлъ тхыгъэ:

«Ныбжьэгъу Щоджэн Iэбу Къамбот и къуэ! 1983 гъэм январым и 10-м къыдэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Социалист хабзэхэр гъэбыдэным епхьэлIа уи гуащIэм папщIэ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыпхуигъэфэщащ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр.

## *ЗэфIэкI ин зыбгъэдэлъа*



БлэкIа лIэщIыгъуэм и жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэ пажэхэм ящыщщ КъБКъУ-м и ещанэ ректору щыта щIэныгъэлI цIэрыIуэ Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэр. Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэ пажэм и унафэр илъэс 20-м щIигъукIэ зыIэщIэлъа Лъостэныр лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэфIт, щIэм и телъхьэт, университетым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса и мурадхэр жыжьэ нэсырт. А мурадхэр нахуапIэ хъуным щIэныгъэлI цIэрыIуэм къаруушхуи бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэхэри ирихьэлIащ, КъБКъУ-р езым хуэдэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыфI хъуным елIалIэу.

Лъостэныр 1931 гъэм и май мазэм Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Аушыджэр адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык курыт еджапIэ №2-р ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Москва дэт горнэ институтым щIэтIысхьащ. Къыхиха IэщIагъэр и псэм къыдыхьэу зэрыщымытым щIэхыу гу лъызыта щIалэщIэм и еджэныр нимыгъэсу абы къыщIэкIыжащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым ар и студент хъуащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и философие факультетым. А лъэхъэнэм наIуэ къэхъуакIэт Владимир къызэгъэпэщакIуэ зэфIэкI лъагэхэр зэрыкъуэлъыр.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтауэ республикэм къэзыгъэзэжа Лъостэныр япэщIыкIэ КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и къудамэхэм ящыщ зым инструктору, иужькIэ партым и Прималкэ райкомым и етIуанэ секретару ягъэуващ. Лэжьыгъэм хуэIэижьу гу зылъата IэщIагъэлIым мыгувэу къыхуагъэфэщащ партым и Тэрч райкомым и япэ секретарь къулыкъур, итIанэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и парткомым и секретарь къалэныр. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, Лъостэным зыкъигъэлъэгъуащ жэуаплыныгъэ ткIий зыхэлъ унафэщIу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу. Къыдэлажьэхэм ар къызэралъытэр унафэщI къудейуэтэкъым, атIэ чэнджэщэгъуфIу, гу зэIуха зиIэ ныбжьэгъу пэжу яIэт.

1961 – 1969 гъэхэм Лъостэным и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием. Философие щIэныгъэхэм я кандидат хъуа нэужь, Владимир философиемкIэ абы и кафедрэм и егъэджакIуэу, и унафэщIу лэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щагъэува 1973 гъэм Лъостэн Владимир и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 42-рэт. Ауэ щIыхь лъагэрэ жэуаплыныгъэ инрэ зыпылъ апхуэдэ къулыкъу мытыншым пэрыхьа адыгэ щIалэр къыщыдзыха къэхъуакъым.

Лъостэным дзыхь къыхуащIа еджапIэ нэхъыщхьэр республикэм и IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр IуэхущIапIэ къудейтэкъым, атIэ щIэныгъэрылажьэхэм я къару зэхуэсыпIэт, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэхэм я утыкут.

1973 гъэм щегъэжьауэ университетыр къаухащ IэщIагъэлI мин 50-м, абыхэм яхэтщ хамэ къэралхэм щыщу ирагъэджахэри. Фундаментальнэ, прикладной къэхутэныгъэхэм гулъытэ хэха зэрахуищIар 80 гъэхэм я пэщIэдзэм физикэ, химие, полимер технологие, экологие къудамэхэр ефIэкIуэнымкIэ университетым сэбэп къыхуэхъужащ.

КъБКъУ-м зегъэужьыным хуэгъэзауэ Лъостэным зэфIигъэкIахэм ящыщщ еджапIэ корпусыщIэхэр, егъэджакIуэхэм папщIэ псэупIэ унэхэр, студент общежитхэр зэраухуар, зэреджэну Iэмэпсымэ лъапIэхэр, гъуэтыгъуейхэр къызэрищэхуар.

Апхуэдиз лэжьыгъэшхуэм ехъулIэныгъэфIхэри къыпэкIуащ икIи 1982 гъэм КъБКъУ-м къыхуагъэфэщауэ щытащ Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэм и орденыр. Университетыр Кавказ Ищхъэрэм щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм хабжащ.

Профессор, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ ахъырзэманым и къалэнхэм дэщIыгъуу жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуи кърихьэлIэу щытащ. Ар мызэ-мытIэу СССР-м, КъБР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату хахащ. Илъэс зыбжанэкIэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ, «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм и вузхэм я ректорхэм я Советым я унафэщIу лэжьащ.

Апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъа Лъостэным къэралым дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуигъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденхэр, медаль, щIыхь тхылъ зыбжанэр. Абы зэрихьэрт КъБР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр, ИнформатикэмкIэ дунейпсо академием и академикт.



## *Лъэужь дахэ къэзыгъэна*



Совет, урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщIу щыта Дохъущокъуэ Мусэ 1932 гъэм Нагорнэ районым хиубыдэу щыта Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. ВЛКСМ-м и ЦК-м деж щыIэ комсомол школ нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и къудамэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ. Агроном щIэныгъэлIщ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатщ.

1950 – 1957 гъэхэм ВЛКСМ-м и Нагорнэ райкомым и етIуанэ, иужькIэ и япэ секретару лэжьащ. 1960 – 1974 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ IэнатIэр иIыгъащ. 1974 – 1980 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м ЦIыхубэ къэпщытэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIу, 1980 – 1984 гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щытащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсиплIым лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу.

1989 – 1994 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI къулыкъур иIыгъащ.

Дохъущокъуэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуищIащ жылагъуэ-политикэ Iуэхум. Езыр КПСС-м и XXVII съездым и лIыкIуэу, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуэ зыбжанэм я депутату щытащ. КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и рескомым хэтащ. IэнатIэу зыпэрыта псори пщIэ иIэу ирихьэкIащ, дэтхэнэми и гуащIэ хилъхьэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьащ Дохъущокъуэ Мусэ. Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатым гулъытэшхуэ хуищIырт республикэм абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зытетым. IэнатIэ нэхъыщхьэ куэдым жэуаплыныгъэ хэлъу пэрыта щIэныгъэлIым зэфIэкI иIэт, гъащIэм кууэ хищIыкIырт, езым и хьэл-щэнкIэ зэпIэзэрытт, пенсэм щыкIуами, и гуащIэр изт. Ар УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэм егъэщIылIа совету Ипщэ федеральнэ округым щыIэм, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым я лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. Дохъущокъуэ Мусэ и зэфIэкIымрэ и гуащIэмрэ хуэфащэ пщIэ игъуэтащ. Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и Дамыгъэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр къыхуагъэфэщащ.



Дохъущокъуэ Мусэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Кавказ Ищхъэрэм и бгылъэ губгъуэхэр» (1972), «Нэхъыщхьэр нэгъуэщIхэм я деж щыпхь жэуапырщ» (1988), «Къэбэрдейм ис Дохъущокъуэхэмрэ Дэхъушыкъуэхэмрэ» (2001), «ЩхьэдэхыпIэм и гъунапкъэ нэшэкъашэ» (2003), «Зэманым, цIыхухэм, щIым ятеухуауэ» (2015) тхылъхэр.

Дохъущокъуэ Мусэ дунейм ехыжащ 2015 гъэм. Абы хузэфIэкIащ лъэужь дахэ къигъэнэну.

## *ЛъэпкъылI*



Мамхэгъ Михаил 1936 гъэм июлым и 14-м Тэрч къалэм къыщалъхуащ. 1959 гъэм Краснодар дэт Кубань мэкъумэш институтыр къиухащ инженер-механик IэщIагъэр иIэу. Мамхэгъыр и IэщIагъэм фIыуэ хэгъуэзауэ илъэсихкIэ абы ирилэжьащ, IэнатIэ зыбжани зэрихъуэкIащ. 1965 гъэм КПСС-м и Тэрч райкомым и етIуанэ секретару хах, абы къыкIэлъыкIуэу – республикэм нэхъ ин дыдэу ит «Мэкъумэш» IуэхущIапIэм и унафэщI ящI. 1974 гъэм Мамхэгъыр Тэрч райкомым и япэ секретару ягъэув.

1984 гъэм Михаил КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару хах, илъэситI докIри, етIуанэ секретарь мэхъу. 1988 гъэм щегъэжьауэ ар Правительствэм и УнафэщIщ. 1991 гъэм езыр и IэнатIэм IукIащ.

Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм и мэкъумэш IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ цIыхум мызэ-мытIэу Урысейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми къабгъэдэкIыу цIэ лъапIэхэмрэ саугъэтхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Мамхэгъ Михаил ящыщщ IуэхущIафэ дахэкIэ зэманыр зыгъэнщIахэм, цIыхубэ хозяйствэм зегъэужьыным зи гуащIэшхуэ хэзылъхьахэм. Губзыгъэт, IэнатIэ зехьэкIэм хуэIэзэт. Къулыкъушхуэ иIыгъми, къызэрыгуэкIт, бэм я псэм дыхьэрт. И псалъэм зэрытебгъуэтэжым и пщIэм хигъахъуэрт. Дунейм, гъащIэм щекIуэкIхэм, къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэ жанкIэ пхыплъыфырт, а псор тэмэму, пэжагъ хэлъу зэпилъытыфырт. Къыхуиухар кърихьэлIэхункIэ хэкумрэ лъэпкъымрэ хьэлэлу яхуэлэжьащ, и фIы куэд цIыхухэм яригъэкIащ. Аращ абы и цIэр щIытфIэлъапIэри и фэеплъыр мыкIуэдыжын зыщIри.

«ФIы зи мурадым къохъулIэ», – жаIэ. Лэжьыгъэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэ зэгъусэу къызыдекIуэкIа Мамхэгъ Михаил деж ар щынэрылъагъут. Абы и мурадыр къехъулIэу, и псалъэхэр яфIэлъапIэу щIыщытар и гу къабзагъэрт, нэгъуэщIхэм защIэгъэкъуэным дапщэщи и псэр зэретарт.

Республикэм щекIуэкIа ухуэныгъэшхуэхэр Мамхэгъым и цIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Апхуэдэщ къедза жылагъуэми ялъэIэсу яукъуэдия Налшык – Шэджэм – Бахъсэн псы кIуапIэ гупышхуэр, къалэхэмрэ посёлкэхэмрэ щагъэува псы гъэкъэбзапIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым троллейбусхэр зэрыщаутIыпщар, Печатым и унэр, Пионерхэмрэ школакIуэхэмрэ я унэр, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэр, нэгъуэщI куэди.

Пэжыгъэр япэ изыгъэщ цIыху къызыхэкIа лъэпкъым и насыпщ. Апхуэдэм и дуней тетыкIэм, и Iуэху зехьэкIэм Хэкум и пщIэр къеIэт, егъэин. Мамхэгъ Михаил хузэфIэкIар зы тхыгъэшхуэкIэ къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым: ищIэр фIэмащIэт, и гур фIымрэ гуапагъэмрэ хуэгъэпсати, зэувалIэр къехъулIэрт. А псор къыпэкIуэрт къыщыхъуа унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэ дахэм.

Ар къэрал лэжьакIуэ нэст, зэIэпахыу лIэщIыгъуэкIэрэ къыддекIуэкI адыгэ хабзэм ткIийуэ тетт. 1991 гъэм Налшык и утыку нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкIа демонстрацэхэмрэ пэкIухэмрэ я зэранкIэ, республикэр щытыкIэ гугъу дыдэм къихутат, зэпэщIэтыныгъэм пхуэмыгъэзэкIуэжыну насыпыншагъэ къишэным нэсат. Лъэныкъуэ псори арэзы зытехъуэну унафэхэр зэпэшэчауэ къащтэн хуейт. Абы тегушхуэфынур акъыл жан зиIэ, гупсысэ узыншэ къызыпкърыкI цIыху губзыгъэхэрт. Апхуэдэ жыжьаплъэхэм ящыщт республикэм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэ Мамхэгъ Михаил. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамыр псэукIэр, лъэпкъхэм я зэпIэзэрытыныгъэр ихъумэн, ди щIыналъэр зэкъуэту къызэтенэн папщIэ, республикэм и адрей унафэщIхэми хуэдэу, Правительствэм и Iэтащхьэ къулыкъум езыр текIащ. Ар и щыхьэтщ и лъэпкъым гууз-лыуз хуиIэу, абы и къэкIуэнум зэпымыууэ игъэпIейтейуэ зэрыщытам. Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нобэ зэрыщытепщэм, зэкъуэту зэрызиужьым Мамхэгъым и фIыщIэшхуэ хэлъщ.

## *ПщIэ зиIэ цIыхут*



Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КосмонавтикэмкIэ Урысей академиеу Циолковскэм и цIэр зезыхьэм и действительнэ член Дэгужьий Виталий 1935 гъэм декабрым и 25-м Украинэм, Донецкэ областым хыхьэ Енакиевэ къалэм къыщалъхуащ. И адэр адыгей лъэпкъыжьым къахэкIащ.

Зауэм и пэ къыихуэ илъэсхэм унагъуэр Донбасс щыпсэуащ, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, ар и анэмрэ анэшхуэмрэ ящIыгъуу Къэзахъстаным ягъэкIуащ. Караганда школым щыщIэтIысхьащ. 1944 гъэм еджэным щыпищащ Дмитров къалэм. ПэщIэдзэ еджапIэр къиухри, Днепропетровскэ университетым «Ракетные двигатели» унэтIыныгъэм щыхуеджащ. Щыстудентым ар спортым дихьэхырт, драматическэ гупжьейхэм екIуалIэрт, комсомолым хэтт. ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ абы къыхуагъэфэщащ ВЛКСМ-м и ЦК-м и щIыхь тхылъ.

Инженер ныбжьыщIэр щылэжьэну ехъуапсэрт псыщIагъ кхъуафэжьейхэм папщIэ баллистическэ ракетэхэр къыщIэзыгъэкI конструктор бюро №385-м, ауэ абы лэжьыгъэ IэнатIэ хуит зэрамыIэм къыхэкIыу щызэпкъралъхьэ цехым технологыу уващ. ИужькIэ, зэхъуапсэу щыта IэнатIэми ирагъэблэгъащ. ЯпэщIыкIэ къыщабж секторым, иужькIэ цехым и унафэщI хъуащ. Илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу ехъулIэныгъэфIхэр зригъэхъулIати, Кировым и цIэр зезыхьэ вагон щащI заводу Усть-Катав щыIэм и унафэщI къулыкъур къыхуагъэфэщащ. 1967 гъэм и февралым, илъэс 31-м иту, а IуэхущIапIэ абрагъуэм и унафэщI къулыкъур къыIэщIалъхьащ. Къалэм псэуалъэщIэхэр щаухуэрт, гъуэгухэм асфальт тралъхьэрт. А зэманым СССР-м и къалэхэм ящыщу Усть-Катав и закъуэт цIыхухэр трамвайкIэ пщIэншэу зекIуэну Iэмал щаIэр.

1974 гъэм Дэгужьийм СССР-м и Министрхэм я Советым ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ и институтыр къиухащ. И лэжьыгъэм папщIэ тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр. 1976 гъэм Златоустовск машинэ заводым и унафэщI, СКБ-м и унафэщIым и япэ къуэдзэ ящIащ. А зэманым Дэгужьийм къехъулIащ цIыхухэм я псэуныгъэр куэдкIэ иригъэфIэкIуэну – сымаджэщхэр, пионер лагерхэр, спорт IуэхущIапIэхэр, сабий садхэр къызэIуахащ, псэупIэхэр яухуащ.

1983 гъэм июным Дэгужьий Виталий къыхуагъэфэщащ машиностроениемкIэ министрым и къуэдзэ IэнатIэр. Абы и нэIэ къыщIэхуащ ракетэ комплексхэмрэ двигателхэмрэ къыщIэгъэкIыным ехьэлIа лэжьыгъэ псори. 1987 гъэм елэжьын щIидзащ «Энергия-Буран» МТКС программэм. 1988 гъэм, машиностроениемкIэ министр хъуа нэужь, а комплексым хэт гъэмахуэ конструктор гъэунэхуныгъэмкIэ къэрал комиссэр и нэIэ щIигъэуващ. 1989 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщI Рыжковым ар къуэдзэу иригъэблэгъащ. А зэманым къриубыдэу Виталий дунейм и къэхъукъащIэхэмкIэ къэрал

комиссэм и нэхъыщхьэу лэжьащ. Дэгужьийм и нэIэ щIэтащ Чернобыль АЭС-м щызэхэкъутахэр зэфIэгъэувэжыныр.

1990 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советыр СССР-м и Министрхэм я Кабинет ящIыжащ. 1991 гъэм январым и 15-м Дэгужьийр СССР-м и премьер-министрым и япэ къуэдзэ хъуащ. Министрхэм я Кабинетыр зэбграгъэкIыжа, Союзыр къутэжа нэужь, Виталий 1996 гъэм и август пщIондэ «Дзэ-промышленность инвестицэ компание» ОАО-м и генеральнэ унафэщIу лэжьащ. 1992 гъэм къэунэхуауэ щыта, къэралым имей пенсэ фондым абы и гуащIэ хэлъщ.

1997 – 2004 гъэхэм Дэгужьий Виталий КосмонавтикэмкIэ Урысей академиеу Циолковскэм и цIэр зезыхьэм и ветеранхэм я Советым и унафэщIу щытащ. 1998 гъэм абы и жэрдэмкIэ яухуауэ щытащ КосмонавтикэмкIэ урысей академием и ветеранхэм я псапащIэ фонд. Фондыр зи нэIэ щIэтари Дэгужьийрщ.

## *Генерал*



Генералым езым и пIэкIэ ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэр ищIапхъэщ, псынщIэу зэпилъытын хуейщ ныкъуэкъуэгъум и гупсысэр, абы хузэфIэкIынур зыхуэдизыр.

А псори зыхэпща, и къалэным хуэIэижь, ди къэралым и мызакъуэу, абы и щIыбкIи щекIуэкIа зэныкъуэкъу куэд зи нэгу щIэкIа, Вагъуэ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща генерал хахуэщ Ерыжокъуэ ТIутIэ.

Ерыжокъуэр 1940 гъэм Бахъсэн куейм хыхьэ Къэсейхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым, «Искож» комбинатыр щаухуэм комсомол лэжьакIуэу щыIащ. 1959 гъэм и бжьыхьэм ар армэм ираджащ икIи Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым къулыкъур щрихьэкIыу, сержант щIалэр Баку комиссар 26-м я цIэр зезыхьэ топгъэауэ еджапIэу Тбилиси дэтым и курсант хъуащ. Ар диплом плъыжькIэ къиухри, лейтенант хъуа адыгэ щIалэр 292-нэ фочгъауэ полкым и взводым и унафэщI ящIащ.

Ерыжокъуэ ТIутIэ и щIэныгъэм, IэщIагъэм хигъахъуэ зэпыту, и къулыкъукIэ дэкIуэтейуэ къекIуэкIащ. 1970 – 1974 гъэхэм ар Ленин Владимир и цIэр зезыхьэ дзэ академием щеджащ.

ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къалэн щищIащ Ерыжокъуэм. Ар щыIащ 117-нэ фочгъауэ полкым, 20-нэ мотострелковэ дивизэм, Урал дзэ округым и 44-нэ еджапIэ танк дивизэм, Москва дзэ округым и 13-нэ армэ корпусым я унафэщIхэм я къуэдзэу лэжьащ.

Чернобыль АЭС-р къыщыуам къиша гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ ноби ящыгъупщэркъым. Ерыжокъуэ ТIутIэ яхэтащ 1986 гъэм абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным телэжьа гупым.

Ерыжокъуэр Сыбыр дзэ округым, къыкIэлъыкIуэу Ипщэ лъэныкъуэ дзэм я унафэщIхэм я къуэдзэу щытащ, иужьым абы и къалэнхэр Азербайджаным щрихьэкIащ.

Афган зауэр ХХ лIэщIыгъуэм екIуэкIа зауэ гуащIэхэм ящыщ зыщ. Абы лIыгъэ щызыгъэлъэгъуахэм, советыдзэр къишыжыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ ТIутIэ.

1992 гъэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм къалэныр щезыхьэкІхэр зэрагъэмащІэм къыхэкІыу адыгэлІыр армэм къыхагъэкІыжащ, дзэ фащэр зэрихьэну икІи зауэ лъэхъэнэм къигъэсэбэпыну хуиту.

Урысей Федерацэм и Президент Ельцин Борис и лъэІукІэ Ерыжокъуэ ТІутІэ 1993 гъэм куржы-абхъаз зэныкъуэкъур щекІуэкІа щІыпІэм къалэн хэха иІэу ягъэкІуащ. Апхуэдэу ар хэтащ Буденновск къалэм дэт сымаджэщыр щаубыдам Басаев Щамил епсэлъахэм.

Ерыжокъуэ ТІутІэ 1966 гъэм лейтенант нэхъыжьым къыщыщІидзэри, 1991 гъэм генерал-полковникым нэсащ. И щІэныгъэкІи, ІэщІагъэкІи, лэжьыгъэкІи зиужьу, сыт хуэдэ къалэн пщэрылъ къыщащІми къэгъазэ имыІэу зэфІихыу къэгъуэгурыкІуащ Ерыжокъуэ ТІутІэ. АдыгэлІ хахуэр гулъытэншэ хъуакъым икІи къэрал дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къыхуагъэфэщащ.

## *Лэжьыгъэм хуэІэижь*



Сэбаншы Розэ Тэрч районым хыхьэ Мэртэзей къуажэм къыщалъхуащ. Зауэм зеиншэ ищІа сабийхэм папщІэ Налшык дэта республикэ школ-интернатым щеджащ. ГуащІэдэкІ лэжьыгъэм пэрыуващ илъэс 18-м иту. Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и аппаратым хэту иригъэжьэри, Зеикъуэ Іэпхъуа нэужь, комсомолхэм я райкомым щылэжьащ, япэщІыкІэ учетымкІэ къудамэм и унафэщІу, иужькІэ – етІуанэ секретару.



1953 гъэм Сэбаншыр ягъэкІуащ комсомолым и Налшык къалэ комитетым и етІуанэ секретару. 1954 гъэм партым и обкомым ар еджакІуэ игъэкІуащ Краснодар щыІэ парт школым. Ар къиуха нэужь комсомол лэжьыгъэм пэрыувэжащ. КъБАССР-м и комсомолым и обкомым и етІуанэ, иужькІэ япэ секретару хахауэ щытащ. Лэжьыгъэри къимыгъанэу, абы къиухащ КъБКъУ-м тхыдэмкІэ и къудамэр. 1963 гъэм Сэбаншы Розэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я советым и унафэщІу. А ІэнатІэм ар пэрытащ илъэс 23-кІэ. А зэманым республикэм зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтащ курортым, туризмэм, спортым. ВЦСПС-м профсоюзхэм яхухиха ахъшэр ухуэныгъэшхуэхэм халъхьауэ щытащ. Апхуэдэхэщ «Грушёвая роща» пансионатыр, «Нарт» хьэщІэщыр. Іуащхьэмахуэ лъапэ щаухуащ хьэщІэщхэмрэ кІапсэ гъуэгухэмрэ.

Совет Союзым и профсоюзхэм къабгъэдэкІыу Сэбаншыр хэтащ дунейпсо зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм.

1993 гъэм къызэригъэпэщащ «Горянка» газетыр. Илъэс 13-кІэ абы и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Іуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхь къыдэкІыгъуэхэр КъБР-м и Правительствэм и газет хъуащ.

Къэралым гулъытэншэу къигъэнакъым Сэбаншы Розэ и гуащІэдэкІыр. Абы къыхуагъэфэщащ Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхь тхылъыр. Ар жыджэру хэтащ ВЛКСМ-м и ЦК-м, партым и область

комитетым я лэжьыгъэм, ВЛКСМ-м и съездитIым, профсоюзхэм я 4, 5-нэ съездхэм, КПСС-м и XXI-XXIII съездхэм.

Розэ и лэжьыгъэм хьер къыпыкIырт, цIыхухэм пщIэ къыхуащIырт. ЦIыхубэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ абы къыфIащауэ щытащ «Илъэсым и цIыхубз» цIэр.

## *И Iуэху зехьэкIэр щапхъэщ*



Тау Пщыкъан Къес и къуэр къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ. Къулыкъухэм зэрыпэрыта зэман кIыхьым къриубыдэу абы зэрихьащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ IэнатIэхэр. Тау Пщыкъан экономикэ, къэрал IуэхущIапIэхэм щызэфIиха и лэжьыгъэфIхэм куэд щыгъуазэщ. Ар щытащ республикэм и профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэуи, КъБР-м и Парламентым и депутатуи.

И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и мафIэлыгъэм илыпщIами, абы къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэ хьэлъэм и бэлыхь псори и фэм дэкIами, зэрыбынитхум я нэхъыщIэми, ар зы махуи и анэм и кIэ къуагъ къуэсакъым. Зэхэзехуэн ящIри, 1937 гъэм я адэр яукIати, зеиншэу къэна унагъуэр хуабжьу гугъу ехьырт – я лъапсэр трахауэ я адэ къуэш нэхъыщIэм и гуэщым щыпсэурт. ЩIы Iыхьэ кърату, ятIэ чырбышым къыхэщIыкIа псэупIэ щаухуэфар Сталиныр дунейм ехыжу унагъуэр колхозым щыхагъэхьа 50 гъэхэм икухэрщ.

МащIэу къэжэпхъа нэужь, абы и нэгу щIэкIащ а лъэхъэнэм цIыхухэм я фэм дэкIар, гурэ псэкIэ ягъэвар, бийм зэтрикъута IэнатIэхэр къэIэтыжыным, къэралыр ерыскъыпхъэкIэ къызэгъэпэщыным цIыкIури инри зэрытелажьэр. И сабиигъуэм илъэгъуа-зэхихахэр игъащIэкIи и гум къинащ, нэхъыжьхэм я щапхъэфIыр гъуазэ хуэхъуащ.

Iуэхушхуэхэм къыхуалъхуа, мы гъащIэм къалэн щхьэпэ щызыгъэзэщIэн хуейуэ къызыпэщыт ныбжьыщIэр, школ нэужьым, Тимирязевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт мэкъумэш академием щIэтIысхьащ. Кэнжэ адыгэ жылэжьым къыщыхъуа щIалэщIэр жыджэрт, щIэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, еджэным хуэнэхъуеиншэт, жэщыбг хъуху тхылъым пэрысыфынут. И ныбжьым емылъытауэ, балигъынэкIэ гъащIэм пхыплъыф, Iуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу къэзыпхъуэтэф Пщыкъан и Iулыджым академием зыкъыщызэкъуихырт. И пщIэр зэрилъытэжым, гупсысэ къабзэхэр къызэрыбгъэдэкIым, зэрыакъыл жаным папщIэ, студентхэм «и лъым мафIэ хэтщ» жаIэрт.

Тау Пщыкъан жэуаплыныгъэ ин зыпылъ IэнатIэхэр ирихьэкIащ. Ар ящыщщ IуэхущIафэ хьэлэлкIэ, дуней тетыкIэ дахэкIэ мы гъащIэм зи увыпIэ щызыубыдыжахэм. Япэ махуэхэм щегъэжьауэ Пщыкъан зыщигъэгъупщакъым къргъэза дзыхьыр зыхуэдэр. А псор IупщIу хыболъагъуэ къызэринэкIа илъэсхэм. КъулыкъущIэхэр Iэджэу зэщхьэщедз. Таум къыдекIуэкIыр унафэ щIыкIэм и нэщэнэ нэхъыфIхэрщ. И гур псоми яхузэIухащ, зэпIэзэрытщ, ныбжьэгъу

пэжщ, тегъэгушхуакIуэ-узэщIакIуэщ. Илэжь, зэфIигъэкI Iуэхухэр цIыхухэм, гъащIэм, псэуныгъэм зэрехьэлIар и напщIэм телъщ.

Таум щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд и Iэдакъэм къыщIэкIащ икIи къытрыригъэдзащ. Абы игъэхьэзыращ республикэм и экономикэм пIалъэ кIыхькIэ зэрызиужьынум тещIыхьа программэхэр. Республикэм и Парламентым и депутату щыщытам жэрдэм купщIафIэхэр къыбгъэдэкIащ. Псалъэм папщIэ, «Инновацэ лэжьыгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законыр къызэращтам Пщыкъан и фIыщIэ хэлъщ. Абы къызэрилъытэмкIэ, КъБР-м и промышленнэ IэнатIэхэр щIыналъэм и экономикэ комплексым и лъабжьэр къызэзыгъэпэщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Таум и жэрдэмкIэ Налшык щрагъэкIуэкIауэ щытащ щIыналъэ экономикэм пыщIа гугъуехьхэр щызэпкъраха япэ щIэныгъэ-практикэ конференц.

Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр щиунэтIа зэманым Пщыкъан гуащIэрыпсэухэм я къыщхьэщыжакIуэ нэсу зыкъигъэлъэгъуащ, республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр тэмэм щIыным, жылагъуэм зыщызыубгъу ткIиягъыр къэгъэщэбэным къаруушхуэ ирихьэлIащ. Абы и щыхьэтщ и Iуэху еплъыкIэхэр щызэпкърихыу зэман зэхуэмыдэхэм къытрыригъэдза тхыгъэ купщIафIэхэр.

Урысей Федерацэм Жылагъуэ палатэ къыщызэрагъэпэщу щIадза нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы и япэ гупым 2005 гъэм хагъэхьар нэ жанкIэ гъащIэм пхыплъыф, екIуэкI Iуэхухэм нэхъыщхьэу хэлъыр кууэ зэпэзышэчыф Тау Пщыкъанщ. А зэманым УФ-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэт академик цIэрыIуэ Велихов Евгений. ЩIэныгъэлI щэджащэм и зэфIэкI лъагэхэм щыгъуазэт ди къэралми хамэ щIыналъэхэми я еджагъэшхуэхэмрэ политикхэмрэ. Тау Пщыкъан УФ-м и Жылагъуэ палатэм щызэфIиха лэжьыгъэфIхэм я щыхьэт наIуэт абы езы Велихов дыдэр къызэрыхущыта щIыкIэр. Аращ зи жэрдэмыр Таур КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и япэ (2009 гъэ), етIуанэ (2012 гъэ) зэхуэсхэм я тхьэмадэу ягъэувауэ зэрыщытари.

Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Тау Пщыкъан КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Эксперт-аналитикэ IуэхухэмкIэ советым и унафэщIщ мы зэманым. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я деж пщIэшхуэ щызиIэ тхьэмадэщ. Пэжыр япэ изыгъэщ, зи сэбэп куэд цIыхухэм езыгъэкIа Тау Пщыкъан и лэжьэкIэр, и Iуэху зехьэкIэр иджыпстуи щапхъэщ.

## ***ПщIэр и гуащIэм къыпэкIуащ***



Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Урожайнэ къуажэм 1939 гъэм сентябрым и 10-м къыщалъхуащ парт лэжьакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэ, республикэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэр.

1963 гъэм Сэхъум инженер-ухуакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. КПСС-м и ЦК-м и деж Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ щыIэ академиер 1980 гъэм къиухащ. 1963 гъэм «Къэббалъкъпромстрой» IуэхущIапIэм и прораб. «Къэббалъкъ-

промстрой» гъущI, бетон заводым инженеруи инженер нэхъыжьуи щылэжьащ. 1969 – 1975 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ, КъБР-м и Министрхэм я Советым УхуэныгъэхэмкIэ и IуэхущIапIэм и инженер нэхъыщхьэ IэнатIэхэм пэрытащ. 1980 – 1981 гъэхэм КПСС-м и Налшык къалэ комитетым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и инструкторт. 1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэхэмрэ архитектурэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI ящIащ. 1982 – 1986 гъэхэм ар и унафэщIу щытащ Налшык къалэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым. 1986 гъэм щегъэжьауэ 1988 гъэ пщIондэ КъБР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэщ, 1991 – 1995 гъэхэм КъБР-м и Премьер-министрым и къуэдзэу мэлажьэ. 1995 гъэм декабрым и 17-м УФ-м и Къэрал Думэм и етIуанэ зэхуэсыгъуэм, 1999 гъэм декабрым и 19-м УФ-м и Къэрал Думэм и ещанэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахащ. Ар хагъэхьащ Къэрал Думэм бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшым куэд ищIащ ди республикэм и экономикэм зиужьыным, абы ис лъэпкъхэр зэгурыIуэным, цIыхубэм я псэукIэр ефIэкIуэным теухуауэ. Абы ирогушхуэ къыщалъхуа, къыщыхъуа Джылахъстэней щIыналъэм и цIыхухэри республикэри. Iуэху дэзыщIахэми, и ныбжьэгъухэми къыхагъэщ ар гурэ псэкIэ республикэм зэрыхуэлэжьар, и хьэл-щэнкIэ цIыху пэжу, IуэхукIэ бгъэдыхьэр къимыгъэщIэхъуу, чэнджэщэгъу къахуэхъуу къызэрыгъуэгурыкIуар. IэнатIэу зыпэрытар пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэрырихьэкIар къалъытэу, Сэхъу Владимир «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр къыхуагъэфэщащ.



## *Иджыри и гуащIэ хельхъэ*



Илъэс куэд щIауэ республикэм и къулыкъущIэхэм яхэт Зумакулов Борис и цIэр фIыкIэ кърaIуэу къогъуэгурыкIуэ. И псалъэм пщIэ иIэщ, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм арэзы укъещI.

1940 гъэм январым и 15-м Тырныауз къыщалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуа Зумакулов Борис. Абы и къыдэкIуэтеигъуэр техуат республикэр хэлъэт зиIэ щIалэщIэхэм щахуэныкъуэ зэманым. Зумакуловым хэлът а псор: ищIэм нэхърэ нэхъыбэ къищIэну хущIэкъурт, Iуэху гуэр и пщэ далъхьэмэ, узыщигъэтхъуу игъэзащIэрт. 1962 гъэм, и ныбжьыр илъэс 22-м иту, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, иужькIи и япэ секретару хах. Зумакуловым и Iуэху дэхыкIэм гу къылъатэри, 1972 гъэм ВЛКСМ-м и ЦК-м щылэжьэну яшэ, Лениным и цIэр зезыхьэ Союзпсо пионер зэгухьэныгъэм и совет нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэр кърат. 1975 гъэм Зумакуловыр КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къашэж – щIалэм республикэр хуэныкъуэт.

КПСС-м и обкомым и къудамэм и унафэщIу, и секретару, и етIуанэ, и япэ секретару щытащ ар.

Партым и лъэлъэжыгъуэм абы къыдэлэжьа куэд утыкум икIыжащ, ауэ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, иужькIэ и доктор лэжьыгъэри пхызыгъэкIа Зумакуловым пищащ и гъуэгуанэм.

КПСС-м и ЦК-м жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и академиер къэзыуха политик жыджэрыр 1992 – 2001 гъэхэм КъБР-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ и министру лэжьащ.

Зумакулов Борис итхащ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд, статьяхэр, тхылъ щхьэхуэхэр, методикэ лэжьыгъэхэр.

2001 гъэм Зумакуловыр КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ хъуащ. А IэнатIэм зэрыпэрытрэ абы «КъБР-м жылагъуэм, цIыхум я хуитыныгъэр зэрыщызэтеувэр» серием щIэту тхылъ 12 къыдигъэкIащ.

И ныбжькIэ пенсэ кIуэгъуэ хъуами, ар жыджэру и IэнатIэм пэрытщ, республикэм и зыужьыныгъэм и гуащIэ хелъхьэ.

Зумакуловым и тхылъ нэхъыфIхэм ящыщщ «О времени и о себе» зыфIищар. Абы и гукъэкIыжхэм дыкъыщоджэ Гагарин Юрий, итальян тхакIуэ цIэрыIуэ Родари Джанни, Чилим и компартым и унафэщI Корвалан Луис, Совет Союзым и Маршалхэу Баграмян Иван, Голиков Филипп, Конев Иван сымэ ятеухуа гъэщIэгъуэн куэдым.

Зумакулов Борис илъэгъуамрэ илэжьамрэ цIыху гъащIэ зыбжанэм тебгуашэми, гуащIэкIэ хуэгъэнщIынут. АтIэми, ар зы цIыху гъащIэм къотIасэ.



## Iулыдж лъагэ зиIэ



Урысей жылагъуэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыщекIуэкIа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щытахэм ящыщ зыщ Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр. Ар Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Вольт лъахъшэ аппаратурэ къыщыщIагъэкIыу Тырныауз дэт заводым лэжьэн щыщIидзащ 1960 гъэм. 1962 – 1965 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. Абы къикIыжри, вольфрамрэ молибденрэ къыщыщIах заводым щылэжьащ.

1966 гъэм КъБКъУ-м и агрономие къудамэм щIэтIысхьэри, ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. «Налшык» совхозым щылажьэу, жэрдэм зыхэлъ щIалэм гу къылъатэри, КПСС-м и райкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIу ягъакIуэ. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал агропромышленнэ комитетым и парткомым и секретару, КПСС-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару, Бахъсэн куейм и депутатхэм я щIыпIэ советым и унафэщIу лэжьащ. 1992 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ къалэныр къыхуагъэфащэ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым депутату хахри, КъБР-м и Парламентым и япэ зэхуэсыгъуэм РеспубликэмкIэ и Советым и УнафэщIу лэжьащ. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэр

егъэфIэкIуэным, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIа Iуэху щхьэпэ куэд къиIэтащ.

1997 гъэм и апрель мазэм Нэхущ Заурбий Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутат хъуащ. УФ-м и Къэрал Думэм Федерацэмрэ щIыналъэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, абы дэщIыгъуу Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэм ехьэлIа комиссэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу щыщытам, абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ Урысейм и бюджет зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыным, политикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Конституцэм къызэригъэувым тету цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэным ехьэлIауэ.

Нэхущ Заурбий яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я Парламентхэм я Совет къызэзыгъэпэщахэм. КъБР-м и жылагъуэ-политикэ гъащIэм ар сыт щыгъуи жыджэру хэтщ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ иримыхьэкIами, ар и кIэм нэсу, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу, цIыхухэри и щхьэри къимыгъэщIэхъужу пэрытащ.

Урысей Федерацэм парламентаризмэм зыщегъэужьыным илъэс куэдкIэ зэрыхуэлэжьам, республикэм и къэрал къулыкъущIапIэхэм щызэфIигъэкIахэм папщIэ 2000 гъэм Нэхущым «ЩIыхь» орден къратащ, 2003 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Нэхущыр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, жэуаплыныгъэ ин зыхэлъ, пэжым тет унафэщIу, цIыхуу щытащ сыт щыгъуи, иджыри абы тетщ. Ар ящыщт КъБР-м и Япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ сыт и лъэныкъуэкIи дзыхь зыхуищIхэм. Мы зэманми пщIэ къыхуащIу ар хэтщ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм.



## *И гъащIэр мащIэми, и лъэужьыр инт*



Политик лъэщу, къулыкъущIэ емызэшыжу, IэщIагъэлI нэсу щыта цIыху цIэрыIуэхэм ящыщт Тыркуин Анатолэ. Мэздэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа щIалэр балигъыпIэ щиувэм еджакIуэ здиунэтIар Налшыкщ. И хэкужь къихьэжу щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, абы игъэзэжакъым, нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуакъым, атIэ и щIэныгъэри зэфIэкIри и адэжь лъахэм къыхуигъэсэбэпу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуащ.

Тыркуин Анатолэ Тимофей и къуэр Ставрополь крайм хыхьэ Курской щIыналъэм щыщ Азэней къуажэм 1944 гъэм августым и 12-м къыщалъхуащ. Иналхьэблэ дэт илъэсибл школым, Графскэ къутырым и курыт еджапIэм щеджащ. ИтIанэ Налшык къакIуэри, политехникэ техникумым, КъБКъУ-м щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Зы илъэскIэ прорабу лэжьащ, иужькIэ советыдзэм къулыкъу щищIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым и лаборант нэхъыжьу щытащ.

1970 – 1986 гъэхэм Тыркуиныр Налшык кооператив-ухуакIуэ техникумым и унафэщIым и къуэдзэу, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и управленэм и инженер нэхъыщхьэу, «Къэббалъкъгъуэгуухуэныгъэ» трестым и управленэм и унафэщIу лэжьащ.

1986 – 1993 гъэхэм Тыркуин Анатолэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэ къулыкъур ирихьэкIащ. А зэманым Тыркуиным и нэIэм щIэту яухуащ щIы хъеиным пэщIэтыфыну псэупIэ унэхэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр.

1991 гъэм абы къиухащ КПСС-м и ЦК-м епхауэ лажьэ, Жылагъуэ щIэныгъэхэм я академиер. 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 4-кIэ щытащ «Къэббалъкъконтракт» РКК-м и правленэм и пашэу. 1997 гъэм Тыркуиныр ягъэуващ республикэм граждан зыхъумэжыныгъэмрэ щытыкIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и Къэрал комитетым и министру. А къулыкъум зэрыпэрыта лъэхъэнэм къриубыдэу абы Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ нэгъуэщI щIыпIэхэм лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ цIыхухэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм, мафIэсхэм щыхъумэным ехьэлIауэ.

2004 гъэм и апрелым къыщыщIэдзауэ Тыркуин Анатолэ УФ-м и МЧС-м и Ипщэ щIыналъэ центрым и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъур зэрихьащ.

Гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ цIыхухэми лэжьыгъэми ябгъэдэта адыгэлIым и IэужьыфIхэр иджыри къыздэсым яIэт. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щылэжьа зэманхэм абы иIа Iулыджымрэ зэфIэкIымрэ къызэрымыкIуэт. И унафэщIхэми, езым и унафэ щIэтхэми, и лэжьэгъухэми пщIэшхуэ къыхуащIырт Анатолэ.

Езыр зэрыцIыхушхуэм хуэдэу гушхуи кIуэцIылът абы. ЩIыналъэхэм унафэщIу щылажьэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ федеральнэ къулыкъущIэхэм зэрабгъэдэтыфми. Тыркуиныр абы и лъэныкъуэкIэ цIыху щыпкъэт, дэтхэнэми зэрыбгъэдыхьэн Iэмалрэ зэрепсэлъэн бзэрэ къигъуэтыфырт, и лэжьэгъухэри ныбжьэгъу къищIыфырт.

ИпэкIэ хаша лъагъуэм тыншу ирикIуэну зыфIэфI къэрал Iуэхузехьэтэкъым Анатолэ, атIэ щIэуэ зыгуэр иухуэныр, гъуэгущIэ пхишыныр зыпищI щыIэтэкъым. МЧС-м и нэхъыщхьэу щагъэувам, а IэнатIэр ди республикэм щIэуэ щызэтригъэуващ, къудамэхэр зыхуей хуэзэу къызэIуихри, щылэжьэнухэри зыхуэфащэу къыхихащ. Абы и Iуэху зехьэкIэм къыпэкIуа хъугъуэфIыгъуэхэр ди хэгъэгум дежкIэ уасэ зимыIэщ. И цIыху щIыкIэкIэ, лэжьыгъэм зэрыхуэжыджэрымкIэ куэдым япэ ищыфырт Тыркуиныр. Къыпэщылъ къалэныр зыгуэрым пщэрылъ щищIу арэзыуэ зэи тIысыжтэкъым адыгэ щIалэр, атIэ емытIысэхыу и нэкIэ зригъэлъагъун хуейт Iуэхур здынэсар, зэхихын хуейт абы пэрытхэм жаIэр.

Налшык щылажьэми, Анатолэ щыгъупщэртэкъым къызыдэкIа Азэней жылэри къызыхэкIахэри. Ар сытым дежи сэбэп яхуэхъурт мэздэгу адыгэхэм, апхуэдэуи и лъэпкъэгъу зыдэс жылэхэм я зыужьыныгъэр и нэIэ щIигъэкIыртэкъым.

Тыркуинхэ Тимофейрэ Лидиерэ илъэс дахэ куэд къызэдагъэщIащ. КъащIэхъуа бынипщIым ящыщу тхуращ балигъ хъуар, адрейхэр пасэу дунейм ехыжащ. Хъыджэбзищрэ щIалитIрэ зэдапIащ абыхэм, быным я нэхъыщIэр Анатолэт. Арат щIэныгъэм нэхъ хуэнэхъуеиншэри. Еджэн къызэриухыу унагъуэ ищIащ, мэздэгу адыгэхэм ящыщ Дэхъухэ япхъу Людмилэ щхьэгъусэ хуэхъуащ.

Дунейм дахэу тета, цIыхум гуапэу яхущыта, Iуэхум пэжу пэрыта адыгэлIыр лъэужьыфIэ хъуащ. И унагъуэм, къыдалъхуахэм, и ныбжьэгъухэм я Iуэху фIы хъуным и закъуэтэкъым, атIэ и лъэпкъым и къэкIуэнур гъэдэхэнырт, и хэкум и зыужьыныгъэрт ар псэемыблэжу зыхуэлажьэри зыхуэпсэури.

Анатолэ и лэжьыгъэфIым папщIэ къратащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд. 1981 гъэм Тыркуиным къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, къыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар техникэ щIэныгъэхэм я кандидатт.

Илъэс 64-м иту дунейм ехыжащ Тыркуиныр. И гъащIэр мащIэми, и лъэужьыр инт  Анатолэ. Ар хэкупсэ нэсу, хэкулI пэжу зэрыщытам фIыщIэ куэд къыхуихьащ псэуху, и фэеплъри мыкIуэдыжын зыщIар аращ.

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Горький М. и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтымрэ КъБР-м и Къэрал саугъэтымрэ я лауреат КIыщокъуэ Алим*





# КIЫЩОКЪУЭ Алим

## КХЪУЖЬЕЙ КЪУДАМЭ

Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.
Арат цIыхубзым къысхуищIэну
СызэрелъэIур нобэм къэс.

Кхъужьей къудамэм и гъусэнут
Псы уэр уэрэду си гъэфIэн.
Пшынэншэу къуршхэр къеуджэкIмэ,
Сахэт си гугъэу сыгуфIэнт.

Сызыхуэныкъуэу сэ сыт щыIэ —
Данэм сыхэсми, сыхэхэсщ.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

Ди кхъужьеижьыр гум ихуакъым,
Езыр жыг уардэу щIым хэкIащ.
Жыг щхьэкIэ дыдэм сэ сыпысу
Си сабиигъуэр щIиупскIащ.

Уэлбанэ хъуамэ, шкIахъуэ пщыIэт,
ДыщIэст жыг щIагъым, дыщыджэгут.
Жэщ хъуамэ, бзухэм я тIысыпIэт.
А жыгыр ноби щIэтщ си нэгу.

Согъазэ нобэ, жысIэ защIэу
НэгъуэщI къэралхэм салъоIэс.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

*Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын*





## КУЛИЕВ Къайсын

## ЩIЫМ ЩЫПСЭУХЭ, СЫФХУОХЪУАХЪУЭ!

ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ
Уафэ къащхъуэр фщхьэщытыну.
ФыщымыщIэу дэрэжэгъуэ,
ЩIылъэ щхъуантIэм фытетыну.

ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Сыфхуохъуахъуэ унэ зыщIхэм,
Гъавэ зыщIэм, Iэщ зыгъэхъухэм, —
Берычэтыр зи Iэужьхэм.

ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Фэрщ уэрэдкIэ бзум щIагъахъэр.
Псыежэхи псыIэрыши
Фэрщ емышу зыхуэушэр.

ЩIым щыпсэухэ, фэращ дыгъэр,
БзийкIэ гуашэу, къыщIыкъуэкIыр.
Пшэплъ къыщIищIыр, уэшх къыщIешхыр,
ЩIым гъавэщIэр къыщIыхэкIыр.

ЩIым щыпсэухэ, фрехь гъащIэр
Фи щIэщыгъуэр имыкIыххэу.
Фэрщ зыхуэблэр мази вагъуи,
ЩIылъэм нурыр къракIыхыу.

ЩIым щыпсэухэ, фи насыпыр
КIэншэ хъуну сыфхуохъуахъуэ.
Фи IэрыкIщ фэ мы щIыгушхуэу,
Гъатхэ хадэу, зэщIэгъагъэр.

ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
ЩIэуахъътыншэр фэрщ цIыху гъащIэр.
Хэмылъатэмэ фи гуащIэ,
ЕкIуэкIынт дунейр кIыфI защIэу.
ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ...

*ЗэзыдзэкIар* **МЫКЪУЭЖЬ Анатолэщ**

*СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат,*
*СССР-м и цIыхубэ артист, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ*





## IЭЗАГЪЭ

*Ди лъэхъэнэм и дирижёр нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зы, къэралыгъуэ куэдым концертхэр иту къыщызыкIухь, урыс усакIуэ Iэзэ Вознесенский Андрей «нэхъыфIщ узэхъуажэмэ темыркъанхэмкIэ, узэхъуажэ нэхърэ термоядернэхэмкIэ» щIыжиIа* ТЕМЫРКЪАН Юрэ *хузотх.*

I

Нэхъ тынш щIым щохъур
Си лэжьэгъуэ махуэр,
Псэхугъуэ жэщыр щохъур нэхъ мамыр.
Ди нобэм къэкIуэн дахэм ижь къыщIехур,
Ар цIыху гупсысэ захуэм
И Iэмырщ.

Къэрал лъэщ куэдхэу
Зыхьхэм зэхуэдалъэу,

КъыщIадзэр я лIыкIуэфIхэм зэлъихьэн:
«Техуэжкъым
Iэщэ бзаджэу щIылъэм телъыр,
Ар гъэкIуэдыным хуейщ яужь ихьэн!»

ПхыкIынщ, шэчыншэу,
А унафэ екIур! —
Я дзыхь къэралхэм куэдкIэ зэрагъэз.
ЩIыхубэм ирагъэжьэм зэкIэлъыкIуэу,
ГуфIэгъуэу зэхуахьыф
Дахагъэ нэс!

«Дунейр дахагъэрщ ем къезыгъэлынур», —
ЖиIакъэ тхакIуэм.
Ухъу къабыл ар щIэх!
ЗауэщIэ мафIэу гъащIэр зыгъэлынур
Дахагъэ къабзэм
И бзэм дреужьых!



II

Дахагъэу щыIэр макъамэ-макъамэу
Зыхэгуэшауэ,
Уэ — музыкэ лъэщ!
УзыхэзыщIэм — кърихыжкъым къамэ,
Я нэхъ лIы ткIийми
И нэпс йогъэлъэщI!

УмыгъэгуIэ зы, угъэгумащIэ,
Уи къалэн лъапIэр —
Псэм егуэпэкIынщ.
ПлъэкIынщ уэ цIыхухэр пщIын
ГущIэгъу зэхуащIу,
ПлъэкIынщ пщIын ахэр
ЗэрымыукIын!

Уэ зэщIэбгъэстыр гу хуабагъэ мафIэщ,
ГуащIагъ-лъэщагъкIэ
Мо дыгъэм текIуэнщ.
Къэралхэм я кум блыну дэтыр — мывэм,
А мывэр, мылу,

Уи мафIэм дэткIунщ!

III

И Iэ лантIитIыр ешэщIри, бгъэ дамэу,
Темыркъан Юрэ —
Дунейр мэхъур щым.
ЩIиупскIэу щIедзэ ахэри, макъамэр
Хьэуам къыхишу, —
Къегъэушыр щIыр.

Къоушыр щIылъэр —
Жыгхэр мэщэнауэ...
Макъамэм хуэдэщ ищIа ахэр чэф.
Мэлыдыр уафэр, дэпу зэщIэнауэ
И вагъуэ минхэр, —
ЩIыр щыгуфIэр фIэфIщ.



Урехь бгъэгуфIэу
ЩIыр уэ жэщи махуи,
Музыкэ щыпкъэу гъащIэр зыгъэнэху!
... Темыркъан Юрэ хэлъыху и Iэр Iуэхум,
Дунейм,
жьы дихуу и гум,
зегъэпсэху!

IV

Музыкэ щыпкъэу
И уэчыл дахагъэм,
УощIыфыр гъэр уэ тыншу псоми ягу.
Щумыгъэгъупщэ зы цIыхум цIыхугъэр,
Уэ щумыгъэIэ
Дахагъэм хуэдэгу!

ГуфIэгъуэ жьыбгъэу, щIэуэ хэт и уни,
Хэт и къэрали
Уэру изэрыхь,
Парижи, Бонни, Рими, Вашингтони
Къэхьэху,
ЗащыщIи цIыхубэм гурыхь.

Нэхъ псэ ерыщу щыIэр гъэIурыщIэ,
Щумыдэ щIылъэм
Iэщэм щеIэбын.
ЗыIэти лъагэу, кудэ уэгу адрыщIри, –
ЩагъэпщкIу мыхъуну
Зы бомбэ абы!

V

Ди нобэм
КъэкIуэн дахэм ижь къыщIопщэ.
КъоIэсэ хуэму
Лъэхъэнэ IумпIейр.
Нэхъ тынш щIым щохъур
Си махуи, си жэщи,
Си гугъэр нэхущи, сыпэмыплъэ Iей.

КъызжеIэ си гум:
«Зэ дахагъэм и бзэр
Щыхъунщ щIым тепщэ!» –
Къытезмыхьэ шэч:
Адыгэ щIалэм дэпIейтейуэ и псэм,
Урыс симфоние Нью-ЙоркIэ къоIукI...

VI

Iэзагъэ,
ФIым уэ псэ зыIутыр хуэшэ!
Ухъу щIылъэм кIэншэу,
Музыкэ,
ЩыIун!
... Темыркъан Юрэ и дирижёр башым
ЛъэкIыну сфIощI дунейр къигъэдэIуэн!

**БИЦУ Анатолэ**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Балъкъэр Фоусэт*





## БАЛЪКЪЭР Фоусэт
## ДЫГЪЭ БЗИЙР СИ ПШЫНЭ IЭПЭУ...

Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу,
Мы лIэщIыгъуэм сэ сыкъыхалъхуащ.
Гъатхэм дахэу щIыр щихуапэм,
Япэ пцIащхъуэу абгъуэм силъэтащ.
Гугъэр, фIыгъуэр, насып IэплIэр
Си щIыб илъу цIыхухэм къахуэсхьащ.
Удз гъэгъам мэ IэфI япылъыр,
Жыг гъэгъахэр цIыхухэм сэ естащ.
Къыздэсхьащ нэхущ дыгъэпсыр,
Бзухэм уэрэд дахэу ягъэIуар,
Уэшхыпс хуабэу щIыр щIэхъуапсэр,
Лэгъупыкъум и дахагъэу хъуар.
Къыздэсхьащ мы щIы къэкъуалъэм

Псалъэ ткIийуэ ар зэрагъэупщIыIу;
Бгырыс пщащэу щытар лъахъшэу,
СщIыщ щхьэхуити, къуршхэм схьащ я щыгу.
Лъагъуныгъэм епщIыхь мыхъумэ,
ЗыхащIэну псэкIэ хуимытам,
ЕзгъэщIащ сэ абы хэлъ IэфIыгъэр,
Гухэлъ гуапэм хуиту зратащ...
Нэмыс дахэр псоми яхуэзгуэшу,
Дэрэжэгъуэр яхуэсщIу Iэпэгъу,
Дыгъэ бзийкIэ цIыху гъуэгухэр згъэнэхуу,
Мы лIэщIыгъуэм сэ сыкъыхыхьащ.

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький М. и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтым и лауреат Зумакуловэ Танзиля*





## ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля

## СИ ЩIЫЛЪЭ, ФIЫУЭ УЗОЛЪАГЪУ

Мо уэшхыр и щхьэ зэрыхуит!
Къыщошх, хуейм, къуршым,
Хуеймэ — тафэм.
Ар къошх, хуейм, махуэ,
Хуейм — махуитI…
Аращ укъыщалъхуамэ уафэм!

Бэлыхь щIым къыщалъхуахэр хэтщ.
Мес, псыежэхым, дэтщи нэпкъым,
И гъащIэр ехь хузауэ и пкъыр,
Лъэпощхьэпохэри и куэдщ:

Зэм къыпоувыр къыр мывэжьыр,
Зэм къыпогъуэлъыр жыг къэуар.

Зым къыпежыхь, зыр здырехьэжьэ…
Ещхьщ цӀыхум и псэукӀэм ар.

Си плъапӀэм, семыхьауэ гугъу,
ЛъэӀэскъым зэи си Ӏэр. Ауэ,
НэгъуэщӀ тыншыпӀэ сыхуэмейуэ,
Си щӀылъэ, фӀыуэ узолъагъу!

*ЗэзыдзэкӀар* **БИЦУ Анатолэщ**

## ТЕАТР ГЪУАЗДЖЭМ И ЛЪАБЖЬЭР ЗЫГЪЭТIЫЛЪАХЭР



**РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ ДыщэкI КIунэ.**



**РСФСР-м и цIыхубэ артист ТIыхъужь Алий.**



**РСФСР-м и цIыхубэ артист Токъуий Хъусен.**



**РСФСР-м и цIыхубэ артист Сонэ Мухьэрбий.**



**РСФСР-м и цIыхубэ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ я артист Ульбашев Мутай.**



**РСФСР-м и цIыхубэ артист Кучуков Магомет.**



**КъБАССР-м и цIыхубэ артист, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Болэ Мурат.**



**КъБАССР-м и цIыхубэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ я артисткэ Сибэч Быхуэ.**



**УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ.**



**УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я артист, Абхъазым и цIыхубэ артист Мысостышхуэ Пщызэбий.**

## ДИ ОЛИМП ЧЕМПИОНХЭР



1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Шыхъуэ Борис (лъакъуэрыгъажэ спорт).




1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпионкэ Ахэмын (Соколовская) Еленэ (цIыхубз волейбол).



1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Рогожин Сергей (шыгъажэ спорт).



2000 гъэм Сидней щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат (алыдж-урым бэнэкIэ).



2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч (алыдж-урым бэнэкIэ).



2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Махуэ Билал (бэнэкIэ хуит).



**2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпион Мудрэн Беслъэн (дзюдо).**



**2020 гъэм Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпионкэ Ласицкене (Кучинэ) Марие (лъагэу дэлъеинымкIэ).**

## ЩІЫНАЛЪЭМ И ЮБИЛЕЙХЭР ЗЭРАГЪЭЛЪЭПІАР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и махуэгъэпсым Къэралыгъуэм и махуэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд. Ар ягъэлъэпІэн щІадзащ 1921 гъэм сентябрым и 1-м, РСФСР-м и ВЦИК-м и унафэкІэ Къэбэрдей округыр Бгырыс АССР-м къыхагъэкІыжу Къэбэрдей автономнэ область къыщызэрагъэпэщам щегъэжьауэ.

ИужькІэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым хуэкІуэжащ. Автономие щхьэхуэ зэрыхъуам хуэгъэпса махуэшхуэ зэхыхьэхэр щрагъэкІуэкІыну махуэр илъэс къэс ягъэувырт абы теухуауэ къыдагъэкІ унафэ пыухыкІам тету. Ауэ, 1997 гъэм, КонституцэщІэр къыщащтэм ирихьэлІэу, республикэм и Парламентым сентябрым и 1-р КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэу игъэуващ икІи унафэ ищІащ дяпэкІэ ар махуэшхуэу (мылэжьэгъуэ махуэу) къалъытэну.

Республикэм и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд махуэшхуэр ягъэлъапІэу къызэрекІуэкІам теухуа гукъэкІыж тхыгъэ куэд щыІэщ, ауэ абыхэм къахэдгъэщынщ нэхъ гъэщІэгъуэну теплъэгъуэ зыбжанэ.

Абы теухуа япэ Іуэхугъуэшхуэр – автономиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищ зэрырикъур – 1924 гъэм ягъэлъэпІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр автономие областыр зэрыщыІа илъэсищым къызэщІикъуэжын зэфІэкІхэр иІэт. КъБАО-м и лІыкІуэу Москва щыІэхэми щІыналъэм и къулыкъущІэхэми махуэшхуэм жыджэру зыхуагъэхьэзыращ.



«Красная нива» совет журналым Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ къытрадза тхыгъэм Совет Союзым и щІыналъэ псоми щыпсэухэм зыщагъэгъэгъуэзэфынут. «Илъэсищ пІалъэ кІэщІым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр областым хъарзынэу зыкъиужьащ. ЩІыналъэм гъуэгуфІхэр щаухуэ; Къэбэрдейм и псы уэрхэм, мин бжыгъэкІэ Іэщхэр зыхэкІуадэу щытам, лъэмыжхэр тралъхьэ. ПхъэІэщэр къыщамыгъэсэбэпу щытам, тракторхэмкІэ щІыр щавэ, мэкъур къыщахыж. Налшык, Бахъсэн псыхэм электростанцхэр щаухуэ, абыхэм Іэмал къатынущ областым пхъэм щелэжь и промышленностыр ирикъуу токкІэ къызэгъэпэща хъунымкІэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ уэздыгъэхэмкІэ гъэнэхунымкІэ. Апхуэдэуи шы, Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъунымкІэ хозяйствэр зэфІагъэувэж. Къуажэ школхэм адыгэ, балъкъэр сабийхэр я анэдэлъхубзэкІэ щрагъаджэ. Налшык къыщызэІуахащ Совет властым и бийхэм яІэщІэкІуэдахэм я бынхэр, пионер ныбжьыщІэхэр, щрагъаджэ сабий къалэ цІыкІу. ТекІуэныгъэшхуэ къыщыхъуащ областым – щІыналъэм щыпсэу бзылъхугъэхэм дэкъузэныгъэр щхьэщахащ: ущымыгуфІыкІыу къанэркъым адыгэ, балъкъэр пщащэхэр спорт утыкухэм къихьэ зэрыхъуам...» – къыщыхьащ журналым ихуа тхыгъэм.

Махуэшхуэр гукъыдэжыншэ зыщІыр зы Іуэхугъуэт – 1924 гъэм гъаблэ къэхъуат. Абы къыхэкІыу махуэшхуэр Іэтауэ ягъэлъэпІакъым. Облисполкомым унафэ ищІащ щІыналъэм экономикэ щытыкІэ хьэлъэ зэрыщыІэм къыхэкІыу, автоном областыр къызэрыунэхурэ илъэсищ зэрырикъум хуэгъэпса махуэшхуэхэр, зэрагугъам хуэмыдэу, замыІэтыщэу ирагъэкІуэкІыну: шыгъажэхэмрэ цІыхушхуэ щызэхуэс зэхыхьэхэмрэ щагъэІакъым.

7 Заказ №1601

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэт 1936 гъэр. Областыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрыхъур Iэтауэ ягъэлъэпIащ, абы и щыхьэту къэнащ дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ сурэтхэр. А лъэхъэнэм щIыналъэм и пщIэр лъагэу иIэтат. ЕхъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьат унэтIыныгъэ псоми: промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм, егъэджэныгъэм... Бахъсэн ухуэныгъэшхуэхэр дащIыхьащ.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидроагрегатыр ирагъэжьащ. Джылахъстэней щIыналъэм и тхыдэм щыяпэу Тэрч районым и уэгъу щIыпIэхэр къэзыгъэщIэрэщIэжа псыщIэгъэлъадэ системэр щаухуащ. Колхоз мелуанырыбжэхэр къэунэхуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зытраххэм ящыщ зыт Кэнжэ къуажэм дэта, Ленином и орденыр зыхуагъэфэща Блэныхь Темыркъан зи унафэщIу щыта, Андреевым и цIэр зезыхьэ колхозыр.

«Налшык» курортым зиужьырт. Куэд дэмыкIыу ар хъуащ къэралым и курорт нэхъыфIхэм ящыщ зы. Абдеж щаухуащ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэща, Кировым и цIэр зыфIаща санаториещIэр. Абы ноби ди къалэр егъэдахэ, Долинск и щхъуантIагъэм екIуу къыхэщу... Къалэм и жыг хадэм пэгъунэгъуу «Интурист» хьэщIэщым и унэ хужь дахэр щаухуащ, иужькIэ абы «Налшык» фIэщыгъэр иратыжащ. 1920 гъэм и пэщIэдзэхэм егъэлеяуэ зи теплъэр къагъэщIэрэщIэжа жыг хадэр къэунэху къалэ-курортыр зэрыгушхуэхэм ящыщ зыт.

1936 гъэм кърахьэжьа махуэшхуэ дауэдапщэхэр октябрь мазэм ирагъэкIуэкIащ. Автономием къызэринэкIа илъэс 15-м иращIэкI зэхыхьэр Налшык и мызакъуэуи, Москваи щызэхэтащ. Апхуэдэу абы щрагъэкIуэкIащ ВЦИК-м и Президиумым и зэIущIэ. Абы щIыналъэм илъэс 15-м зэрызиужьам теухуауэ областым и унафэщIхэу Къалмыкъ БетIалрэ Черкесов Ишурэ къыщыпсэлъауэ щытащ.

Ди лъэпкъым дежкIэ тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ 1936 гъэм декабрым и 5-м РСФСР-м хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Автономнэ Совет Социалист Республикэ къызэрыунэхуар. Абы щIыналъэм и жылагъуэ, къэрал зэхэтыкIэм и пщIэр нэхъ лъагэ ищIырт.

КъыкIэлъыкIуэ юбилейм, щIыналъэр илъэс 20 зэрырикъум, республикэм нэхъ пасэу зыхуэгъэхьэзырын щIидзат. 1939 гъэм октябрым и 5-м ВКП(б)-м и обкомым и бюром иригъэкIуэкIа зэIущIэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр автономие щхьэхуэ зэрыхъурэ илъэс 20 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырыну Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьащ. Республикэм и унафэщIхэм унафэ ящIат къэралыгъуэм и илъэс 20 юбилеймрэ Октябрь Револющэ Иным и махуэшхуэмрэ зэгъусэу 1941 гъэм ноябрым и 7-м зэдагъэлъэпIэну.

Махуэшхуэр егъэлеяуэ Iэтауэ зэрагъэлъэпIэнум зыхуагъэхьэзырырт. СССР-м и цIыхубэ комиссархэм я советым деж кинематографиемкIэ щыIэ комитетым мурад ищIат «Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс 20 ирокъу» фIэщыгъэр иIэу кинофильм трихыну. ЩIэныгъэхэмкIэ академием «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъым и тхыдэр» тхылъхэр игъэхьэзырынут. «СССР на стройке» журналым и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэр республикэм триухуэнут. КъБАССР-м

гъуазджэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Темыркъан Хьэту пщэрылъ щащIат изобразительнэ гъуазджэм и лIэужьыгъуэ псомкIи гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къыщызэригъэпэщыну.

1940 гъэм къриубыдэу цIыхубэ хозяйствэ унэтIыныгъэм щызэфIагъэкIыну зыхуагъэувыжа къалэнхэм хыхьэу ерыскъы промышленностымкIэ, ухуэныгъэмкIэ техникумхэр, гъэлъэгъуэныгъэ комплекс, драмтеатр яухуэнут, Советхэм я унэр, Лениным и фэеплъыр нащIысыжын хуейт.

Республикэм и цIыхухэр лажьэрт, шхэжырт, хъер къызыпэкIуэ Iуэхухэм яужь итт, гъащIэм гугъэшхуэхэр хуаIэрэ я пщэдейм фIыкIэ хуэплъэу псэурт. Ауэ куэд дэмыкIыу зыпэмыплъэхха Iуэхугъуэхэр къалъыкъуэкIащ: Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Юбилейм ирихьэлIэу ягъэзэщIэну я гугъахэм щыщ куэд къайхъулIакъым, езы махуэшхуэри ягъэлъэпIакъым.

Зауэ нэужь лъэхъэнэрщ, 1946 гъэрщ, а Iуэхум къыщытрагъэзэжыфар. Зауэм и гъэунэхуныгъэ ткIийхэр зи фэ дэкIа цIыхухэр махуэшхуэм щIэхъуэпсырт. АрщхьэкIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм хэтыну псоми къахуиухатэкъым. ЩIыналъэм и автономиер илъэс 25-рэ щрикъум абы щыпсэухэм щыщ куэд Сталиным и репрессием кърикIуахэм ипкъ иткIэ республикэм ирашат. 1922 гъэм лъэпкъитIым – адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ – ягъуэта зэпыщIэныгъэр илъэс 13-кIэ къызэпиудауэ щытащ 1944 гъэм мартым и 8-м балъкъэрхэр щIыналъэм зэрырашам.



Зауэ нэужь юбилейр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъута цIыхубэ хозяйствэр щызэфIагъэувэж лъэхъэнэ хьэлъэм ирихьэлIат. Ахэр республикэм зэрырахужрэ илъэсищ дэкIат, а зэманым къриубыдэу щIыналъэм и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжыныткIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIат. Промышленнэ предприятэ куэдым лэжьэн щIадзэжащ, абыхэм яхэтт Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатыр, Бахъсэн и гидроэлектростанцыр, машинэ щащI заводыр. Зауэ зэманым абыхэм псоми хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтат икIи я лэжьыгъэр къызэтеувыIат.

Зэман кIыхькIэ мылэжьауэ къызэIуахыжащ Кировым и цIэр зезыхьэ санаторэр (зауэр щекIуэкIым ар госпиталу щытащ). Санаторэр илъэс псом лажьэрт икIи зэуэ цIыху 210-м абы зыщагъэпсэхуфырт. IуэхущIапIэм хэтт тхылъ мини 7 зыщIэлъ библиотекэ, концертхэр, театр теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуэну тIысыпIэ 600 зиIэ пэш щхьэхуэ.

Республикэм и зыужьыныгъэм я гуащIэ халъхьащ литераторхэми. Къэбэрдей къэрал тхылъ тедзапIэм дунейм къытригъэхьащ республикэм и тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Къэбэрдей АССР» къыдэкIыгъуэр. Абы ихуащ Кокиев Г. и «Къэбэрдейм и тхыдэм теухуа очерк кIэщIхэр», КIыщокъуэ А. и «ЦIыхубэ егъэджэныгъэ», Теунэ Хь., Магдебург И. сымэ я «Литературэмрэ гъуазджэмрэ», Отаров Д. и «Совет властым и илъэс 25-м къриубыдэу Къэбэрдейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр зыхуэдар», ЦокIыл К. и «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Къэбэрдейм щызэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэр», Маслов Е. и «Къэбэрдей АССР-м и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

Зауэ зэман нэужьыр лъэхъэнэ хьэлъэу щытами, республикэм и цIыхухэми нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа и хьэщIэхэми (уеблэмэ абыхэм яхэтащ Якутие АССР-м щыщхэри) махуэшхуэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсэун яхузэфIэкIащ. Саугъэтхэмрэ тыгъэхэмрэ къапэплъэрт сабийхэми. Махуэшхуэ зэхыхьэхэм ятеухуауэ республикэ газетым итхырт: «Къэбэрдейм и автономиер илъэс 25-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ шэIумыл (мороженое) лIэужьыгъуэщIэхэр къыдагъэкI. А махуэхэм ерыскъы комбинатым жылагъуэм ярищэну куэду къыщIигъэкIащ пхъэщхьэмыщхьэпсхэмрэ хьэлывэ IэфIхэмрэ».

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр августым и 31-м щегъэжьауэ сентябрым и 3 пщIондэ зэхэтащ. А махуэхэм екIуэкIащ гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, махуэшхуэ пэкIухэр, шыгъажэхэр. «Спартак» стадионым къыщызэрагъэпэща спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэмкIэ махуэшхуэр зэхуащIыжащ.

1957 гъэри тхыдэм къэхъугъэ щхьэхуэу къыхэнащ: Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ къикIыжри, щIыналъэм къагъэзэжащ балъкъэр лъэпкъым. Абы ипкъ иткIи республикэм и лъэпкъ-къэрал ухуэкIэр япэм зэрыщытам хуэкIуэжащ. ЩIыналъэм и зи чэзу юбилейр – 1961 гъэм автономиер илъэс 40 зэрырикъур – Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм гукъеуэншэу ягъэлъэпIащ. ЩIыналъэм и унафэщIхэм я къэпсэлъэныгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ ирату къыхагъэщырт республикэм и жылагъуэ, политикэ ухуэкIэм балъкъэрхэр къызэрыхашэжынум теухуа Iуэхухэр. Махуэшхуэхэм ирихьэлIэу газетхэм, радиом, телевиденэм щрагъэкIуэкIырт совет властым и илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм, СССР-м ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэм, социализмэмрэ коммунизмэмрэ ухуэнымкIэ зэрызэдэIэпыкъуным теухуа псалъэмакъхэр.

АдэкIи илъэс зэхуэмыдэхэм республикэм игъэлъэпIащ ар къызэрыунэхуам хуэгъэпса махуэшхуэ щIэщыгъуэ икIи гъэщIэгъуэн куэд. Иджы жэнэт лъахэкIэ дызэджэ республикэм и илъэси 100-р къэсащ. И гъуэгу кIыхь хъуну, илъэс бжыгъэ зэрырикъум хуэгъэпса махуэшхуэ куэд иIэтыну Тхьэм жиIэ.

## КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭР – НОБЭ

# Iуэху щIэкIэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щыпсэухэм гупсэхугъуэ щагъуэту, илъэс къэс цIыху мин бжыгъэхэр нэгу зегъэужьакIуэ къакIуэу, къыщрахьэлIэ хадэхэкIхэмкIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ, щагъэхьэзыр ерыскъыхэмкIэ цIэрыIуэу къогъуэгурыкIуэ. Иджырей КъБР-м и Iэтащхьэ ахъырзэманхэм Урысейм пщIэшхуэ щаIэу, къэрал къулыкъу инхэр къыхуагъэфащэу пIалъэ-пIалъэкIэ хуэлэжьащ я хэкум и зыужьыныгъэм.

КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм, Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм, КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэм зым илэжьам адрейм хигъахъуэу, цIыхубэр къахуэарэзыуэ а къалэн мытыншыр ирахьэкIащ. КIуэкIуэ Юрэ 2018 гъэм сентябрым и 26-м УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым лэжьапIэ ягъэкIуащ икIи УФ-м и Президент Путин Владимир и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ иралъхьащ республикэм и мызакъуэу, УФ-м и Президентым и Администрацэми къулыкъу зэхуэмыдэхэм щыпэрытауэ лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ КIуэкIуэ Казбек. Зы илъэс дэкIри, 2019 гъэм октябрым и 3-м ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу щыхахащ КъБР-м и Парламентым.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу, цIыху щыпкъэу, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэIузэпэщыныгъэм хуэлэжьэным зи гъащIэр тезыухуа КIуэкIуэ Валерэ и къуэу зэрыщытым щхьэкIэ Казбек гугъапIэшхуэхэр ирапхыу цIыхубэр зэрыпежьар. Кавказ Ищхъэрэр щытыкIэ гугъу щита лъэхъэнэм лIыгъэ нэсрэ хахуагъэрэ КIуэкIуэм къызэрызыкъуихар псоми ящIэж. Абы хузэфIэкI псори хилъхьащ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, щIыналъэм мамырыгъэ илъыным, къэралыгъуэ зиIэж республикэ щхьэхуэр хъумэным. Абы ипкъ иткIэ, цIыхухэм я фIэщ хъурт КъБР-м и япэ Президенту щыщытам къызэринэкIа IуэхущIафэхэмрэ дуней тетыкIэмрэ и къуэми щапхъэ хуэхъуу дяпэкIи щIыналъэм зэрызиужьынур, абы и Iуэхухэм иджыри къызэрыпищэнур.

Гугъущ Валерэ къулыкъум щигъэува пщалъэм и лъагагъыр къэплъытэну. Ауэ цIыхухэр зэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ къуэри. Жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъу лъагэр дзыхь зэрыхуащI махуэри и зэмани, къаруи, зэфIэкIи хэкурысхэм къахуегъэсэбэп.

КIуэкIуэ Казбек республикэм къызэрагъэкIуэжу и пащхьэ къит къалэнхэм я инагъыр зыхищIэу лэжьыгъэм пэрыхьащ. ИкIи и мурадхэр зригъэхъулIэн папщIэ IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, и пщэрылъхэм пэлъэщ, цIыху зэпIэзэрыт, лэжьыгъэмкIэ жэуап зэрихьыр зыхэзыщIэ, къыщIидза Iуэхур и кIэм нэзыгъэсыф лэжьакIуэхэр зыбгъуригъэуващ.

Казбек республикэм и IуэхущIапIэ зыбжанэм я унафэщIу зэрылэжьар, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советымрэ КъБР-м и Парламентымрэ я депутату зэрыхахыгъар, КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ къалэным зэрыпэрытар куэдкIэ сэбэп къыщыхуэхъужащ иджырей IэнатIэм.

Къыщынэмыщlауэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм щылэжьащ ди Iэтащхьэр, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм хыхьэ республикэхэм жылагъуэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зытетхэр и нэIэ щIэту щытащ. Абы къыхэкIкIэ, щIыпIэхэм къыщыхалъхьэ проектхэмрэ абыхэм щыщыIэ гугъуехьхэмрэ кууэ хищIыкIырт, ди лъахэми, гъунэгъу хэгъэгухэми щыщыIэ псэукIэм, Кавказ Ищхъэрэ псом и Iуэху зыIутым фIыуэ щыгъуазэт. Арагъэнщ занщIэу лэжьыгъэм хуэижьу щIригъэжьари.

И къулыкъум щыпэрыхьэм цIыхухэр къызэригугъам тету нобэ мэлажьэ Казбек. «УФ-м и Президент Путин Владимир къысхуищIа дзыхьым щхьэкIэ фIыщIэ хузощI. Ар си дежкIэ зэрыпщIэшхуэм хуэдэ дыдэу, жэуаплыныгъэ ини пылъу къызэрыслъытэм шэч хэлъкъым. Си къалэныр згъэзэщIэн папщIэ си зэфIэкI себлэжынукъым, псом нэхърэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI тщIынырщ», – жиIат абы. ИужькIи жиIащ и адэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыунэхурэ абы и унафэщIу щыта цIыху хахуэхэм, щыпкъэхэм, Iущхэм къыхуагъэна къалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ и къаруи, и гуащIи, хуей хъумэ, и гъащIи зэрыщымысхьынур.

Казбек УФ-м и Къэрал Советым хэтщ, щIэх-щIэхыурэ яхуозэ федеральнэ министрхэм, къулыкъущIэхэм, УФ-м къыщызэрагъэпэщ зэIущIэ инхэм ирагъэблагъэ, хьэщIэ лъапIэхэр щыIэу ди лъахэми зэхуэсхэр щрегъэкIуэкI.

Иджыблагъэ КIуэкIуэр хуэзащ УФ-м и Президент Путин Владимир, хуиIуэтащ республикэм и ехъулIэныгъэхэри хъуэпсапIэхэри, зыхунэмысахэри игу щIэныкъуэхэри. Апхуэдэу щIэх-щIэхыурэ ди деж къоблагъэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий. Апхуэдэ зэIущIэхэм IуэхуфI куэд къапокIуэ икIи мыбдеж щахузэфIэмыгъэкI гугъуехь щыIэмэ, хэкIыпIэхэр щаубзыху.

Нэхъыжьым и псалъэр зылъытэ, нэхъыщIэм гъуэгу етыныр зи нэрыгъ Iэтащхьэр яхуозэ республикэм и жылагъуэм, нэхъыжьхэм, чэнджэщрэ ущиерэ къезыхьэлIэм йодаIуэ, зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъазэхэм зэпымыууэ ядоIэпыкъу, къалэхэм, къуажэхэм кIуэуэрэ я псэукIэр зыхуэдэмрэ цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ зыщегъэгъуазэ, ухуэныгъэ щекIуэкI щIыпIэхэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр и нэкIэ зрегъэлъагъу.

ЩIалэгъуалэм гъуазэу, щапхъэу яIэщ ди республикэ Iэтащхьэр жыпIэмэ ущыуэнукъым. Абы и телъхьэр куэд мэхъу, езыми щIэх-щIэхыуэрэ и деж кърегъэблагъэри, гъащIэм мурадышхуэхэр хузиIэ ныбжьыщIэхэр нэхъри трегъэгушхуэ. Абы гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэр лэжьапIэ IэнатIэ Iутыным, я увыпIэ гъащIэм щегъэгъуэтыным, я псэукIэр зэтраухуэнымкIэ ядэIэпыкъуным, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэным хуэунэтIа Iэмалхэр къахузэгъэпэщыным. Мис ахэр

щхьэусыгъуэ хуэхъуащ иджыблагъэ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ щхьэхуэ къыщIызэрагъэпэщами.

И къулыкъум зэрыпэрыувэрэ илъэс еплIанэр екIуэкIыу арами, хузэфIэкIар мащIэкъым КIуэкIуэм. Абы зы махуи зигъэпсэхуркъым, уеблэмэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм къуажэхэр къызэхижыхьурэ жылэдэсхэм я гукъыдэжыр зыхуэдэр, я гуныкъуэхэр зрегъащIэ.

Политик набдзэгубдзаплъэхэм я къалэн нэхъыщхьэр – щIыналъэм и экономикэм зрагъэужькIэрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр – иджырей унафэщIхэм къазэрыдэхъур нэрылъагъущ. Республикэм щофIакIуэ псэуныгъэм ехьэлIа IэнатIэ псори, и чэзум гулъытэ хуащI къыкIэрыху лъэныкъуэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэсищэ ирикъунущ мыгувэу. Абы нэжэгужэу пежьащ цIыхубэр, республикэми екIурэ-ещхьу игъэлъэпIэнущ а махуэр. Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэху дахэр КIуэкIуэ Казбек и къулыкъу пэрытыгъуэм зэрырихьэлIам къалэн нэхъыбэж къызэрыщищIыр къыджиIащ Iэтащхьэр журналистхэм къыщытхуэзам.

– ФIыгъуэшхуэщ мыбы ис лъэпкъ псори зы лIэщIыгъуэ хъуауэ зы унагъуэ хуэдэу зэрызэдэпсэур, зэрызэкъуэтыр. Сытым дежи жызоIэ, ди тхыдэм уриплъэжмэ, зы Iуэхугъуи хэбгъуэтэнукъым дэ дыщIызэмызэгъынрэ дыщIызэкъуэмытынрэ ди зэхуаку къыдэхъуауэ. Абы нэхъри нэхъ ин, лъэщ дещI. Илъэсищэр си лэжьэгъуэм зэрыхуэзар хуабжьу жэуаплыныгъэшхуэщ си дежкIэ. Ауэ нэхъыщхьэр а пIалъэм зыхуей хуэзэу зрегъэхьэлIэнырщ. Пэжщ, абы ирихьэлIэу гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр екIуэкIынущ, ауэ си лэжьэгъухэм яжесIэращи, IуэхукIэ, экономикэ зызыужьакIэ дызыхуэарэзыжу дызэрынэсынращ нэхъапэр.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр сом мелард 60 хъууэ дрихьэлIащ илъэсищэм. 2019 гъэм и щIышылэм сэ жысIауэ щытащ 2024 гъэм ди бюджетыр сом мелард 60-м нэдвгъэгъэс жысIэри. Экономистхэм, IэщIагъэлIхэм абы щыгъуэм къызжаIат апхуэдэ зыужьыныгъэ къэхъункIэ Iэмал зэримыIэр. Ауэ а бжыгъэм нэхъ пасэжу, 2022 гъэм, дыхуэкIуэфащ. Зэман гъунэгъум ар сом мелард 70-м зэрынэтхусыфынуми шэч хэлъкъым. Зи гугъу сщIыр республикэ ахъшэщ, инвестицэ хэмылъу. ЕхъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ доллар мелуан 500-р илъэсищым къриубыдэу доллар зы мелард зэрытщIыфар. Фигу къэзгъэкIыжынщи, 2019 гъэм республикэ бюджетыр зэрыхъуу щытар сом мелард 29-рэщ. Си щхьэкIэ апхуэдэ экономикэ ехъулIэныгъэхэм нэхъ мыхьэнэшхуэ язот. А ахъшэр лъэныкъуэ псоми кIуэнущ, республикэм и зыужьыныгъэм телэжьэнущ», – жиIащ КIуэкIуэм.

Экономикэм нэхъ псынщIэу зегъэужьын зэрыхуейр щIэнэхъыщхьэр зэманым дыдэбэкъуэн, псынщIэу зызыхъуэж дунейм дыхэзэгъэн щхьэкIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди республикэр зэи къикIуэтакъым, дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, иджыпстуи нэхъ псынщIэу зызыужьхэм хабжэ. Си фIэщ мэхъу КIуэкIуэ Казбек Iэтащхьэу щыщыт лъэхъэнэри Iуэху дахэ куэдкIэ республикэ тхыдэм къызэрыхэнэнур.

# Махуэшхуэм дызэрыIущIэр

***Дэ дыщопсэу илъэсищэ гъуэгуанэ къызэзынэкIа, гъащIэм декIуу зызыужь, лъэпкъ куэд зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу щызэхэс щIыпIэ телъыджэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нобэ иIэ ехъулIэныгъэхэр щынэрылъагъущ цIыхухэм я псэукIэр зэрефIакIуэм, цIыхур псэун щхьэкIэ зыхуей Iэмал псори хэгъэгум къызэрыщызэгъэпэщам, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхуаку пщIэ дэлъу, зи къару илъыгъуэр лажьэу, щIалэгъуалэр еджэу, сабийхэр гъащIэм щыгуфIыкIыу зэрыпсэум.***

***Набдзэгубдзаплъэу, жэуаплынығъэ ин яхэлъу зи къулыкъум пэрыт ди унафэщIхэм псом япэ ирагъэщ цIыхубэм я псэукIэр зэIузэпэщ щIыныр, жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр, жылагъуэ зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, властымрэ жылагъуэмрэ я зэгурыIуэныгъэр.***

***Уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэнуми, уи узыншагъэр ебгъэфIэкIуэнуми, удэзыхьэх Iуэхум зыхуэбгъэсэнуми, уи нэгу зебгъэужьынуми республикэм уимыкIыу псори къызэбгъэпэщыфынущ. IэнатIэ псори гъэ къэс ефIакIуэ зэпытщ. Иужьрей илъэсхэм къэралым, республикэм щызэтеубла хъуа ухуэкIэр нэрылъагъуу сэбэп мэхъу псэукIэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ зэтеIыгъэнымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ. Псалъэм папщIэ, дызэрыт илъэсым республикэр хэтщ лъэпкъ проект 11-мкIэ ягъэзэщIэну щIыналъэ проекту 45-м. А Iуэхухэм трагъэкIуэдэнущ сом мелард 11,7-м щIигъу. Республикэм и хэхъуэм къыхалъхьэну инвестицэр сом мелард 56,3-рэ мэхъу. 2022 гъэм щIыналъэм щекIуэкIыну ухуэныгъэхэм сом мелард 38,3-рэ хухахынущ.***

***Бжыгъэхэмрэ IуэхущIафэхэмрэ, псэукIэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ, IэнатIэхэмрэ лэжьыгъэмрэ къызэгъэпэща зэрыхъум, дызыхэпсэукI лъэхъэнэм щекIуэкIым зэпкърыхауэ дыкъытеувыIэнщ. Си гугъэщ илъэсищэ лъандэрэ зэтрагъэпсыхьам къыпэкIуа хъерыр абы нэрылъагъу ищIыну.***

## *Къэрал мылъкукIэ зыщIагъакъуэ*

УнафэщIхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэм защIэгъэкъуэныр, я псэукIэр егъэфIэкIуэныр. Абы хуэунэтIащ зи ныбжьыр илъэси 8-м щегъэжьауэ илъэс 17-м нэс сабийхэм мазэ къэс ахъшэ яхухэхыным теухуауэ федеральнэ IэнатIэм къыщащта унафэр икIи ар майм и 1-м щIадзауэ ягъэзащIэ. А унафэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ унагъуэу мин 63,5-рэ къызэщIеубыдэ икIи абыхэм псори зэхэту сом меларди 7,5-рэ хухахащ.

ПсэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ республикэм ича лъэбакъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ бюджет IэнатIэм щылажьэхэм я улахуэр 2021 гъэм августым и 1-м щегъэжьауэ проценти 10-кIэ зэрыхагъэхъуар. Бюджетым и ахъшэу а Iуэхум лейуэ сом мелуан 504,5-рэ хуаунэтIащ. Псори зэхэту ику иту цIыхухэм зы мазэм къалэжь ахъшэр сом 31679-м нэсащ. 2022 гъэм и августми аргуэру хохъу.

ПсэукIэм и фIагъыр кърибгъэлъагъуэ хъунущ къулейсызхэм я бжыгъэм. Республикэм унагъуэ хуэмыщIауэ исым я бжыгъэр процент 24,2-рэ хъууэ щытамэ, иджы ар процент 18,2-м нэсу ехащ. Ар къэра-

лым и субъект нэхъ пэрыт дыдэхэм яхузэфIэкIам къызэрыкIэрыху щыIэкъым.

Ди нэхъыжьхэр зэи гулъытэншэ зэрымыхъум и щыхьэтщ пенсэм щIэх-щIэхыурэ зэрыхагъахъуэр, ар и чэзум зэратыр. Ди щIыналъэм исхэм псоми зэхэту къаIэрыхьэ пенсэр блэкIа илъэсым къриубыдэу меларди 2-рэ мелуан 55-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

КъулыкъущIэхэм я нэIэ зытетхэм ящыщщ цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр. Къэгъэлъэгъуапхъэщ а къалэным мыIейуэ зэрехъулIари. ЛэжьапIэншэу ятхауэ щыта цIыхухэм я бжыгъэр 2021 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ хуэди 6,7-кIэ нэхъ мащIэ ящIащ.





## *Лъэпкъ проектхэр мэлажьэ*

ЗэрыжытIащи, зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр къытхуэзыхь IэмалыфIхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр гъащIэм хэпща хъуныр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ахэр гъэзэщIэным нэгъабэ сом меларди 8,6-рэ хухахащ. ЩIыналъэ мыхьэнэ зиIэ проектхэм хиубыдэу лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ социальнэ IуэхущIапIэхэр ухуэнымкIэ, ахэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ, капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ, апхуэдэу жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIынымкIэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, IуэхущIапIэу 500 хуэдиз яухуащ е зэрагъэпэщыжащ икIи абыхэм сом меларди 4,2-рэ трагъэкIуэдащ. А проектхэм хиубыдэу школыщIэхэр ящIащ, къуажэ курыт еджапIэу 17-м спорт залхэр къыщызэIуахащ, Бахъсэн Ипщэ къуажэм, Звёзднэ посёлкэм сабий садхэр дащIыхьащ, щэнхабзэ унэу 8 зыхуей хуагъэзащ, спорт комплекс зыбжанэ къызэIуахащ. ЗэIузэпэщ ящIащ цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэу 124-рэ.

## *Санкцэхэм я лъэхъэнэм*

Иджыпсту дызэрыт илъэсыр тхыдэм къыхэнэнущ, ныбжьэгъугъэкIэ къыдгуэмыхьэ къэралхэм дызыхагъэт дэкъузэныгъэхэмкIэ. Абы гугъуехь зыкъом къыпэкIуэнущ мы гъэмрэ илъэс гъунэгъухэмрэ. ИпэжыпIэкIэ зы IэнатIи къэнакъым лъэпощхьэпо гуэрхэм хэмыхуауэ икIи гугъуехь пыухыкIахэр къызэринэкIын хуей мэхъу. Ауэ санк-

цэхэм хэщIыныгъэншэу къапекIуэкIыным егупсысащ ди унафэщI набдзэгубдзаплъэхэр икIи Iуэху нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылащ. Абыхэм ящыщщ экономикэм и зэпIэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыныр, лэжьапIэ IэнатIэхэм я бжыгъэхэм кIэрымыгъэхуныр, цIыхухэм ядэIэпыкъуныр.

А гугъуехьхэм хэхуа цIыхухэм защIэгъэкъуэным, псэуныгъэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ я уасэр зэтеIыгъэным гулъытэ хэха хуащIащ унафэщIхэм икIи оперативнэ штаб къызэрагъэпэщауэ мэлажьэ. Абыхэм я къалэныр экономикэм и IэнатIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм кIэлъыплъынырщ, лэжьыгъэхэр зэблэмыгъэунымкIэ зыхуэфащэ хэкIыпIэхэр убзыхунырщ икIи ахэр я лъабжьэу гугъуехь нэхъ инхэм хэхуа предприятэхэм, IэнатIэхэм ядэIэпыкъунырщ.

Унафэр зыIэщIэлъхэр иджыпсту нэхъыбэу зяужь итхэм ящыщщ нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщащэхуу щыта продукцэр ди деж къыщыщIэгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ Iэмалу щыIэр къэгъэсэбэпыныр. Ар лэжьапIэ IэнатIэхэр хъумэнымкIи, IэнатIэщIэхэр къызэIухынымкIи сэбэп хъунущ.

## *Хьэрычэт Iуэхум зеужь*



Иужьрей зэманым хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ я IуэхущIапIэхэр процентi 7,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ (ахэр псори 19144-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 13965-р щхьэ закъуэ хьэрычэтыщIэхэрщ, хьэрычэт IуэхущIапIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ 5179-рэ мэхъу). Я щхьэ зэрапIыжын IэнатIэ къызэзыгъэпэщхэм къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи ядоIэпыкъу икIи щогугъ. Псом хуэмыдэу иджыпсту дызэрыхуа щытыкIэм елъытамэ, зэрыжытIауэ, нэгъуэщI къэралхэм кърашу щыта продукцэм пэхъун хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ ди деж къыщыщIагъэкIыу зэтраублэныр хэкIыпIэфIщ.

## *Экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэр*

Экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу промышленностым хуабжьу зыщеужь ди республикэм. «Телемеханика», «Севкаврентген-Д» предприятэхэм, апхуэдэу промышленность псынщIэм и IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI продукцэр и куэдагъкIи, и лIэужьыгъуэкIи нэхъыбэ хъу зэпытщ. Тырныауз и вольфрам-молибден къыщIэхыпIэм металлургием и комплекс щызэтегъэувэжыным йолэжь.

Хъыбар гуапэу мы гъэм къэIуащ экономикэм и дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ предприятэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъуным и унафэр. Ди республикэм щыщу апхуэдэхэм хагъэхьащ «Тэрчналмэс» заводымрэ «Воентекстильпром» IуэхущIапIэмрэ. Апхуэдэу экономикэм и дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэхэм хамыгъэхьа IуэхущIапIэхэм ядэIэпыкъун папщIэ Урысейм и Правительствэм сом мелард 550-рэ къиутIыпщынущ. Зи гугъу тщIы предприятэхэм хуэдэу ди деж 18 щыIэщ.

## *Мэкъумэшым увыпIэ щхъэхуэ еубыд*

Сыт щыгъуи гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщщ республикэм и мэкъумэш хозяйствэр. Нэгъабэ къапщтэмэ, агропромышленнэ комплексым дэIэпыкъуным икIи къуажэ щIыналъэхэм зегъэужьыным къэрал ахъшэу текIуэдар сом меларди 2,5-рэ мэхъу. КуэдкIэ абы и фIыщIэщ а IэнатIэм къыщалэжь мэкъумэш продукцэм фейдэшхуэ къызэрыпэкIуэр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ ди республикэр Урысей Федерацэм щыпашэщ. 2021 гъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу тонн мин 535,5-рэ щIыналъэм къыщагъэкIащ.

Шэджэм районым гектари 100 къызэщIэзыубыдэ хуабэщ щаухуэн щIадзащ. Абы хадэхэкIхэр илъэс псом щагъэкIыну Iэмал иIэнущ. А Iуэхум текIуэдэнущ сом меларди 22,5-рэ.

Псы щIэгъэлъэдэнми псынщIэу зеужь. Нэгъабэ щIы гектар мини 9,3-рэ псы зэрыщIагъэлъадэ IэмалхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Гъавэрэ джэш лIэужьыгъуэу тонн мелуан 1,2-рэ Iуахыжащ. 2022 гъэм къэралым мэкъумэш IэнатIэм зыщIигъэкъуэнущ сом меларди 2,3-кIэ. Мы гъэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэу 5-м лэжьэн щIадзэнущ.





## *Ухуэныгъэм зеубгъу*

2022 гъэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэ 70-м щIигъу яухуэнущ, щIэуэ яублэми кърагъэжьахэм пащэми. УнафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, дэтхэнэ зыми текIуэдэнущ сом мелуан 50-м къыщыщIэдзауэ сом меларди 2-м нэс.

Къэбгъэлъагъуэмэ, мы гъэм унэ метр зэбгъузэнатIэ мин 528,5-рэ яухуэну я мурадщ. Псалъэм папщIэ, «Восточный» хьэблэщIэм псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуан къызэщIиубыдэнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы республикэ экономикэм сом мелард 40-м нэблагъэ къыхуихьынущ.

ЦIыхухэр кхъахэ  хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIынымкIэ къэралым дыщыпашэщ. ЦIыху 1029-рэ пэш 393-м къыщIагъэIэпхъукIащ. ДяпэкIэ цIыху 1823-рэ унэщIэхэм ягъэIэпхъуэныр къапэщылъщ.

Гъуэгухэм ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ нэгъаби мы гъэми ирагъэкIуэкI. Зэман гъунэгъум республикэм и гъуэгухэр егъэфIэкIуэным сом меларди 4,2-м щIигъу трагъэкIуэдэнущ. Мы илъэсым зэрагъэпэщыжыну автомобиль гъуэгухэр псори зэхэту километри 170-рэ мэхъу. Iуэху инхэр щрагъэкIуэкIащ гъуэгу ухуэныгъэм и IэнатIэм. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщызэрагъэпэщащ щIыпIи 183-м. Зэрыщыту къапщтэмэ, нэгъабэ гъуэгухэр егъэфIэкIуэным сом меларди 3,2-рэ трагъэкIуэдащ.

Дызэрыт зэманым спортым и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэ физкультурэ комплексрэ лъэрыжэкIэ къыщажыхь стадионрэ Налшык щаухуэ. Ахэр 2023 гъэм хьэзыр ящIыну я мурадщ. ИтIанэ метр зэбгъузэнатIэу мини 6-м щIигъу къызэщIиубыдэу сабийхэм папщIэ «Тритон» спорт-нэгузегъэужьыпIэ центрым и ухуэныгъэр къргъэжьэну траухуащ.

## *Туризмэм – гулъытэ*

Туризм и лъэныкъуэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ хуабжьу зрагъэужьыну я мурадщ икIи ар япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу къалъытэ. Абы кIапсэ гъуэгущIэу 6, бгы лыжэ къэжыхьыпIэу 19, нэгъуэщI ухуэныгъэхэри щащIынущ. Абыхэм сом мелард 15,2-рэ  текIуэдэнущ. КъищынэмыщIауэ, «Ищхьэ Гуэл щхъуантIэхэр», «Шэджэм», «Чегет» зыгъэпсэхупIэхэм я проектхэр гъэзэщIэным къыпащэнущ, «Налшык курортым» нэхъри зегъэужьыным иужь итщ.

Налшык хьэщIэщхэр щыухуэнымрэ псыежэх Iуфэр зэIузэпэщ щIынымрэ ехьэлIа инвестицэ Iуэхухэри мэкIуатэ.

Апхуэдэу псынщIэу зиужьащ туризмэм и IэнатIэми. Иужьрей илъэсым ди республикэм къакIуэ туристхэр зы мелуаным щхьэпрыкIащ. КъызэрабжымкIэ, нобэ туризмэм и IэнатIэм зэфIигъэкI Iуэхутхьэбзэхэр сом меларди 10-м щIегъу. Абы къокI туризмэм и IэнатIэм ди деж щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьу. Туристхэм загъэпсэхун папщIэ зыхуеину Iэмал псори республикэм щызэтеубла хъуащ. Арагъэнщ блэкIа мазихым кърииубыдэу ди деж туристу мин 550-рэ къыщIэкIуари.

Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэи къызэтеувыIэркъым. Иджыпсту туристхэм къыщажыхь гъуэгухэр хаш, щыгухэм зэрыдэкIуей Iэмэпсымэхэр ягъэув. 2025 гъэм нэсыху къагъэсэбэпыну инвестицэхэр сом мелард 14,5-рэ мэхъу.

## *Узыншагъэр хъумэныр псом нэхърэ нэхъапэщ*

ПсэукIэ зэIузэпэщым и лъабжьэ нэхъыщхьэр, шэч хэмылъу, цIыхухэм я узыншагъэрщ, фIагъ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъурщ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм, коронавирус узыфэ зэрыцIалэм  щытыкIэр гугъу зэрищIам емылъытауэ, и лэжьыгъэр зэпIэзэрыту йокIуэкI.

Медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхущыщIэ техникэхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Апхуэдэу, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и къудамэм рентген зэращI компьютер томо-

граф щагъэуващ. Лыщх узыфэм щеIэзэ диспансерым къыIэрыхьащ ягъэIэпхъуэ рентген аппарат, апхуэдэуи рентген зэращI иджырей компьютер томограф лъэщ. Поликлиникэхэмрэ амбулаторэхэмрэ папщIэ автомобиль 25-рэ къащэхуащ.

АбыхэмкIэ сымаджэхэр медицинэ IуэхущIапIэхэм яшэнущ, къищынэмыщIауэ, дохутырхэр зыкIэлъыплъхэм я унэхэм ирикIуэнущ. Мы илъэсми щIэгъэхуэбжьауэ пащэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным, абы и лъабжьэр гъэбыдэным.

Мы зэманым Налшык къалэ щаухуэ гъуэлъыпIэ 250-рэ зыщIэтыну Онкологие диспансеррэ Поликлиникэ инрэ.

2022 гъэм льготэ зиIэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 609-рэ хухах.

ЦIыхум и узыншагъэр хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, гъащIэ узыншэ ехьэкIыным дегъэхьэхыным. Мы зэманым щIыналъэм щолажьэ спорт школу 47-рэ, республикэм и гуп къыхэхам зыщагъэхьэзыр спорт центр. Абыхэм цIыху мин 78-м спорт лIэужьыгъуэ 38-кIэ зыщагъасэ.

## *Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ*

Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыныр, егъэфIэкIуэныр ди республикэ унафэщIхэм мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщщ. Хэгъэгур лъэпкъ проектхэм зэрыхэтым, республикэ программэхэр зэригъэзащIэм Iэмал къет егъэджэныгъэ инфраструктурэр щIагъэбыдэну.



Апхуэдэу «Демография» лъэпкъ проектым хэту 2019 гъэм щегъэжьауэ 2021 гъэ пщIондэ республикэм къыщызэIуахащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 2645-рэ зыщIэхуэн IуэхущIапIэхэр.

А зэманым къриубыдэу еджакIуэ 2414-рэ зэкIуэлIэн школиплI яухуащ, къуажэхэм дэт школищ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжащ. Школи 170-м компьютер техникэу мини 8-м щIигъу къыхуащэхуащ.

Налшык къалэм дэт гимназие №4-м «Иджырей еджапIэ» проектым хэту «Кванториум» технопарк къыщызэIуахащ. Къуажэхэмрэ къалэ цIыкIухэмрэ дэт курыт школ 38-м «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» центрхэр къыщызэрагъэпэщащ.

Нобэ сабийхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр къэхутэнымкIи ахэр дэIыгъынымкIи лэжьыгъэр щхьэпагъышхуэ иIэу зэтеубла хъуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ «Антарес» щIыналъэ центрым. 2021 гъэм олимпиадэхэм щытекIуа, къыщыхэжаныкIа сабийхэмрэ абыхэм ядэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ адэкIи тегъэгушхуэным хуэунэтIауэ КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр иратащ еджакIуэ 55-мрэ педагог 53-мрэ.

Апхуэдэу япэ дыдэу щIэныгъэмрэ инновацэ унэтIыныгъэмкIэ республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтыр щIэныгъэлI ныбжьыщIэу 5-м хуагъэфэщащ. Абыхэм дэтхэнэми сом мини 100 зырыз иратащ.

Дызэрыт илъэсми егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным пащэ. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 380-рэ зэкIуэлIэну IуэхущIапIэу 5 яухуэну, курыт школищым я ухуэныгъэхэр и кIэм нагъэсыжыну къапэщылъщ. Ахэр еджакIуэ 500 зэкIуэлIэну школхэу Куба къуажэмрэ Нарткъалэрэ, сабий 785-м ятещIыхьауэ Прохладнэ къалэм къыщрагъэжьа еджапIэхэрщ.

Мы илъэсым зэуэ школыщIэу 10 щаухуэ ди республикэм, абыхэм ящыщу нэхъ инитIыр Налшыкрэ Бахъсэнрэ дэтынущ, япэр – сабий 1500-м, етIуанэр еджакIуэ 1224-м ятещIыхьауэ щытынущ. Дэтхэнэ зы проектми сом мелардым щIигъу токIуадэ. Ахэр 2023 гъэм къызэIуахыну я мурадщ. Къуажэ школхэм «Зыужьыныгъэм и къэжьапIэ» центру 37-рэ къыщызэрагъэпэщынущ, Налшык дэт школ №11-м «Кванториум» сабий технопарк къыщызэIуахынущ. Курыт школу 54-м компьютерхэр къыхуащэхунущ.




## *Щэнхабзэр иужь къинэркъым*

КъытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымкIэ къалэнышхуэ егъэзащIэ щэнхабзэм. IэнатIэм и мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ нэгъабэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ. Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэу дэт школыр, Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэр, къагъэщIэрэщIэжащ, Дзэлыкъуэкъуажэ щыIэ сабий макъамэ еджапIэм и къудамэр зэрагъэпэщыжащ.

Республикэм и Гуащэ театрым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIащ, Литературэ музейм и Iыхьэ гуэр зэфIагъэувэжащ. Республикэм и библиотеки 159-м я тхылъ фондым хагъэхъуащ.

Налшык къалэ Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым и ухуэныгъэхэр щокIуэкI. Ди хабзэ нэхъыфIхэм тету щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ, лъэпкъхэм я тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымкIэ щэнхабзэм игъэзащIэ къалэным и мыхьэнэм нэхъри зрагъэIэт зэпыту йокIуэкI.

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэсищэ зэрырикъум теухуа тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIыр* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# УДЗ ГЪЭГЪАМ ДЭГЪУЖХЭР

*Рассказ*



И щIалэгъуэм цIыхубз дахэу щытауэ къыщIэкIынущ Даринэ. Иджыри гуакIуэщ: сытым дежи гуфIэжу, дунейм къыщыхъу псори зыфIэхьэлэмэт сабийм хуэдэу, и напщIэр Iэтарэ и нитIыр къилыдыкIыу, щIыфэ хужь щабэм хуэщIыхуфэу къызэпхыщ лъынтхуэхэм ирижэ лъы пщтыр гурыщIэ щэхухэм кърахуэкIыр и Iэпкълъэпкъым иджэгухьу, абы къызэщIигъанэрэ нэкIущхьэплъ гуакIуэ къищIу... Даринэ и ныбжьыр илъэс тхущIым фIэкIами, дэтхэнэ цIыхубзыщIэ цIыкIуми пеуэфыну зэкIэлъыкIуэщ, зэщIэкъуащ. Хъыджэбз Iэпкълъэпкъщ, лантIэщ. Зэи лъхуакъыми, и бгыр зэрыпсыгъуэу къэнэжащ, и бостеибгъэ къихам мащIэу къыдощ и бгъэ дахитIыр. Дунейм иджыри къэс имылъэгъуа тхьэIухуду пхужыIэнкъым, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, ауэ ухуемыплъэкIыжынкIэ Iэмал имыIэу, гуакIуэщ. Гуапэщ, Iущабэщ, бзэIэфIщ.



Апхуэдэхэр сыту ямышэрэ?! Щхьэ унагъуэ яхуэмыухуэрэ? ЦIыхухъухэр дэнэу пIэрэ здэплъэр, Даринэ хуэдэхэм фIэплъыкIыу?! Ар псори насып Iуэхущ, гъащIэм къызэрыпхуихьщ. Насыпыр – хьэжьщ, жиIакъэ пасэрейм. Ар къыздикъуэхунури къыпхуэщIэнукъым. Мис, Даринэ «и жьыщхьэ» къызэрыхукъуэхуам хуэдэу. Пэжкъэ-тIэ, и жьыщхьэкъэ?! Абыи узэреплъщ. ЩыIэщ къуажэдэс фыз, илъэс тхущIым деж и нэкIур зэрыщыткIэ зэлъарэ и фэм имытыжу, и тхыр лэжьыгъэм къигъэшауэ, нысэхэр яIэжу, къуэрылъху-пхъурылъхухэми яхэплъауэ, уеблэмэ абыхэм я быныжи ялъэгъуауэ. Абыхэм я гъащIэр щызу жыпIэ хъунущ, цIыхубзым илъагъун хуей псори ялъэгъуащи.

ЩыIэщ Даринэ хуэдэхэри. Я ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм щхьэпрыкIами, хъыджэбз цIыкIуу закъыщыхъужу, гъащIэ псо иджыри къапэщылъу, зэфэну псыр иджыри къэмыжауэ къащыхъужу. Къащыхъужу! Унагъуэ яхуэмыухуамэ, быным и IэфIагъыр зыхамыщIамэ, къуэрылъхуи ямылъэгъуамэ, абы къикIрэ-тIэ апхуэдэхэм я гъащIэр щымызу е гъащIэ ямыIэу, насыпыншэу?! Насыпыр ара къызэрапщыр? Сыт абы пщалъэ хуэхъур?

Даринэ щхьэ закъуэщ, ади-ани иIэжкъым, дэлъху-шыпхъухэр унагъуэщи, щхьэхуэу мэпсэу, я щхьэ Iуэху зэрахуэжу. Мыр и анэжь и гъусэу псэуащ, абы кIэлъыплъу, ар зэрихьэу. И лэжьапIэр фIэмыкIуэдын папщIэ, пщIэкIэ цIыхубз къищтэри, и анэм махуэм кIэлъигъэплъащ. Къалэдэсхэр зэманым дожэ. КъэувыIэу, фIыуэ ялъагъухэм гу щахуэну, IэплIэ хуащIыну, лейуэ зы псалъэ гуапэ жраIэну хущIыхьэркъым, зэрыжаIэмкIэ. Ахэр бгъэкъуаншэ хъунуи

къыщIэкIынкъым. Ауэ, итIани, уи анэр плъагъуну ухущIэмыхьэну, ар дауэ?! И лIэгъуэр къызэрысар, сымаджэ хьэлъэу зэрыхэлъыр пщIэуэ?!

АтIэ, Даринэ езым и щхьэ Iуэху сытым щыгъуэ щызэрихуэнур? Махуэ псом лэжьапIэ уIутрэ, пщыхьэщхьэм анэ сымаджэм ухуэпIащIэмэ, фIыуэ плъагъу цIыхухъум ущыхуэзэнур дапщэщ?! ЦIыхухъу! ФIыуэ плъагъум... Араи иужьрей зэманхэм Даринэ лъэтэным хуэдэу дамэ къытекIауэ, къыщIикIухьыр. Араи нэхъри нэхъ зыкIэлъыплъыж щIэхъуар, нэхъри зыщIигъэдахэр, зэманым дэкIуэда, пIащIэ хъуа щхьэцыр игъэутIэрэзурэ къыщIигъэбатэр, сэху-сэплъ дахэу щIызыхилъхьэр. МащIэу нэхъ уэди хъуа хуэдэщ, и зекIуэкIэр нэхъ хуэмщ, зы мыхъумыщIэ гуэр (сыт щIэмыхъумыщIэр?!) къыIэщIэщIарэ абы ириукIытэжам хуэдэу, цIыплъ къэхъуауэ, и нэм къыщIоплъ. ПогуфIыкI...

Хьэсэн хуэзауэ къыщIэкIынщ лэжьапIэ нэужьым. Station! Мес, и щхьэцыр мащIэу ехуэкIащ, и Iупэлэри кIэрылъыжкъым, и пщэр плъыжьщ, и жьэпкъыпэр шыпсыранэ сахуэм хуэдэу къилъэлъащ. Псоми гу лъатащ Даринэ зы щIалэщIэ екIу къызэрыкIэлъыкIуэм. ПщIантIэхэм къыщапсэлъ, гъунэгъухэм зэхуаIуатэ. Ар дауэ?! И бын хуэдэщ къыкIэлъыкIуэр, мыукIытэжыххэуи, абы и щыгъынхэр жьыщIыгъэ кIапсэм къредз. Унэ кIуэцIыми щигъэгъущыфынут ахэр, ауэ игъэлъэгъуэну хуейщ. «Сэри зыгуэрым фIыуэ сыкъелъагъу, сыщхьэ закъуэкъым», жыхуиIэу.

Иджыри къэс Даринэ псоми егупсысащ, и щхьэ къиищынэмыщIа, и илъэс нэхъыфIхэр кIуащ, и анэр зэрихьэурэ. Иджы и щхьэ, и гурыщIэ хуэпсэужыну хуиткъэ?! Е бынкъым, е унагъуэкъым. Нобэ къытехуэрэ лIэмэ, Хьэсэн дилъэгъуа IэфIагъымрэ абы хуиIэ лъагъуныгъэмрэщ мы дунеишхуэм здытрихыфынур.

Station иджыпстуи Даринэ зэгупсысыр – Хьэсэнщ. Я зэхуаку дэлъаращ. ЛэжьапIэ нэужьым зэхуэзэрт, дакъикъипщI фIэкIа зэман ямыIэми, а насып-дакъикъэхэм щыгуфIыкIхэрт, яфIэлъапIэт. Иджыщ ар игу ирихь цIыхухъу щыхуэзар. Даринэ Хьэсэн и машинэм зэритIысхьэу зыкъришэкIри... Апхуэдэ дыдэу фIыуэ къилъагъуу пIэрэ? Хьэмэрэ... ФIыуэ къимылъагъумэ, щхьэ къакIуэрэ? Даринэ ар зыкIи къыщыгугъыркъым, е мылъкукъым, е лъапсэкъым, е дыщэкъым.

Даринэ щэхуу ирогузавэ абы. Щизакъуэхэм деж йогупсыс, еукI абы и бэлыхьым. Хьэсэн щIалэщ, щIалэ дыдэщ. Илъэс щэщIрэ плIырэ хъууэ station. Абы и ныбжьымрэ и дахагъымкIэрэ и Iэпэ зыхуиший пщащэр къыдихьэхыфынущ, икIи къыдэкIуэнущ, ауэ Даринэ и гъусэщ. Сыт щхьэкIэ? Сыт щхьэкIэ? А упщIэм псэхупIэ къритыркъым Даринэ къыкIэлъыкIуэ щIалэр зылъэгъуа хьэблэ хъыджэбзхэм. Къыхузэгуоп, зэгуоуд, уеблэмэ. «Щхьэ Даринэ? Щхьэ сэрмырарэ? И къуэ хуэдэщ, на-а-а! УкIытэжыххэркъым фызыжьыр. Тхьэм ещIэ ар абы къызэрыдихьэхамрэ зэриIыгъ щIыкIэмрэ. Iэзэм кIуэуэ къыщIэкIынщ...» – апхуэдэ гупсысэхэр икIыркъым я щхьэм.

Арами, Хьэсэн къокIуэ. Даринэ щIэмысми, къыIухьэурэ шэджагъуашхэ щищIи къохъу, жэщкIи къонэ. Машинэ къыщищэхуам, псом япэ Даринэ деж къэкIуат, иригъэлъагъуну. «Сыту дахащэ, си псэ!

Угъурлы ухъу! Тхьэм куэдрэ уузыншэу уригъэс!» – жиIэу, и нэкIубгъум ба зэрыхуищIыжами гу лъатащ. «ЩIалэжьыр иIыгъын щхьэкIэ, машинэ къыхуищэхуащ», – жызыIаи къахэкIащ. Сыту фIыт ар Даринэ зэрызэхимыхар, кIуэцIрыхунти! Къыхуищэхупэнуми, апхуэдиз ахъшэ Даринэ зэи хузэхуэхьэсынутэкъым. КъызэрыгуэкI лэжьапIэщ зыIутыр... Iэщ дохутыру аращ.

Даринэ и нэгу къыщIоувэ щIалэм и теплъэр. МащIэ дыдэу тхъугъэ зыхидза щхьэц фIыцIэ Iувыр, сытым дежи екIуу тещыхьа жьакIэ мащIэр, дэбгъуэну зы мэскъал зыхэмылъ и Iэпкълъэпкъ уардэр, нэ фIыцIэ пIащэр, Iупэ дахэр... Джинс щIыху зэвымрэ Iэпкълъэпкъым хуэфIыпс джанэ хужьыбзэмрэ зыщыгъ, нэгъуджэ фIыцIэ зыIулъ щIалэ екIур машинэм къикIауэ, Даринэ къыщыхуэкIуэкIэ, мыдэ, кином къыхэкIауэ фIэкIа умыщIэу уIуоплъэ. Иджыри къэс ишэча закъуэныгъэмрэ псэ гугъуехьымрэ пэкIуэжын насыпу гъащIэм къритыжат а цIыхухъур. Ипэхэм, дауи, Даринэ и ныбжьым теукIытыхьыжырт, сэ сыхуэфащэкъым абы, ар нэхъыщIэIуэщ зыхуейр, жиIэурэ, зыщхьэщигъэкIыну хэтт, ауэ мис, зэрыхъуар нэгъуэщIущ.

Даринэ етхуанэ къатым хуэму докIуеиж, IункIыбзэр Iуех, унэ нэщIым щIохьэж, блыным фIэдза гъуджэшхуэм йоплъэ, зыщогуфIыкIыж... Сыхьэт ныкъуэ ипэкIэ фIыуэ зэрылъагъуитIым яку дэлъа лъагъуныгъэ псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэнур игу къокIыжри, «хьым» жеIэри, нэхъри погуфIыкI, укIытэжауэ, икIи и нэгу имыплъэжыфу, гъуджэм къыбгъэдокIыж. И сумкэр лъэгум къыщенэри, ваннэм щIохьэ. Гъэмахуэ хуабэмрэ лъагъуныгъэ лыгъэмрэ къызэщIагъэплъа Iэпкълъэпкъым фIэфIщ псы хуабэпцIыр. Къэукъубея гурыщIэхэр егъэщIыIэтыIэ, уэгум иджэрэзыхьа гупсысэхэр егъэзэгъэж, бгъэм къипкIыну хьэзыр гу пыкIэзызыкIыр егъэсабырыж...

«Нобэ махуэкущ. Мамэ жьэрымэ хуэзгъэуакъым Iэджэ щIауэ. Тхьэв тIэкIу сыпщынщи, нэгъуэщI мыхъуми, си гъунэгъухэм яхуэзгуэшынщ. Дэнэт а тхылъымпIэ кIапэр здэсхьар?! Ар симыIэмэ, схуэпщынукъым. СщIэжкъым зэрапщ, халъхьэхэр... Аращ, пщэфIэныр анэм пщхьэщихыу щытамэ, псори хьэзыру унэм укъекIуэлIэжу уесамэ. Мамэ! Мамэ! Си мамэ дахэ! Сыту Iейуэ сыпхуэныкъуэ! Сыту куэд пхуэсIуэтэнут сэ уэ! Апхуэдэу сегупсыс щхьэкIэ, узиIэжами, си фIэщ хъуртэкъым, сытегушхуэу, Хьэсэн и гугъу пхуэсщIыфыну...

Даринэ и гупсысэхэм аргуэру къыхыхьэжащ Хьэсэн. Хьэсэн... Хьэсэн... Тхьэи сыхуэзат нобэ, мэрем махуэу? Гуэныхь стелъщи, нобэ зесхуэнкъым жьэрымэ Iуэху. Гуэныхьщ. Адрей махуэкум! ГукIи, псэкIи, акъылкIи сыкъабзэу... Хьэсэн къигъэна и щыгъынхэр зжьыщIынщи нэхъыфIщ нобэкIэ».

Езыр шхэн хуейуэ ищIэжрэ сытми?! Емыдзэкъауэ, и щIасэлIым хуэжьыщIэнущ. ЕлIэлIапэу мэжьыщIэ, Iейуэ мыупIышкIун хуэдэу, хуэсакъыпэурэ екъузыжри, дахэу кIапсэм иредз. Аргуэру... Псоми къалъагъуу... ЦIыхубз щхьэзакъуэм и кIапсэм цIыхухъу щыгъын кърedз, ари щIагъщIэлъ нэгъунэ.

Даринэ и чэзу къэсащ иджы насыпыфIэ хъуну. Хуиткъэ?! Къилэжьакъэ?! Зэми мэукIытэ, зэми цIыхум къыхужаIэнур зыуи кърıдзэр-



8 Заказ №1601

къым. ИкIэм-икIэжым, жылэм Даринэ фIэкIа Iуэху яIэкъэ, езыхэр зыкIэлъыплъыжмэ, я напэр къыщIисыкIын Iэджи якъуэлъщ, аддэ гу лъабжьэм щыгъэпщкIуауэ. Мыбы, зи мыхъу, зигъэпщкIуркъым, зыми пцIы хуиупсыркъым.

Аргуэру гъуджэм йоплъэ. Мыр сыт? И нэкIум зэлъагъэ къытридзащ! Дэнэ щыIэ кремыр, апхуэдиз ахъшэ зриту къищэхуа, зэлъар зышэщIыж хущхъуэ лъапсейр. ПсынщIэу, и Iэхэр кIэзызрэ жыпIэу, сумкэм йотIыхь. Къретхъу. Мис! Куэду щехуэ и нэкIум. Хуэсакъыпэу, нэхъри и фэр химышыну, щабэу трелъащIэ. «Пщэдджыжь хъуху хэгъуэщэжын хуейщ, ауэ ныщхьэбэ Хьэсэн къэмыкIуарэт», – жиIащ хущIегъуэжу. Мыпхуэдэу къимылъэгъуамэ арат. И гур къыщыкIынщ. КъэмыкIуэми, хуэзэшынущ, етIуанэ махуэр къыхуэмыгъэсу, зигъэджэрэзу нэху къекIынущ. Сыту бэлыхь мыбы и Iуэхур! Дауэ адэкIэ зэрыхъунур? Дауэ жьыгъэм зэребэнынур? Илъэс пщыкIуийкIэ езым нэхърэ нэхъыщIэ щIалэр зэриIыгъынур дауэ? Нэхъ щIалэ, нэхъ дахэхэмкIэ еплъэкIын щIидзэмэ-щэ? Даринэ, цIыхум яфIэдыхьэшхэну, утыку къинэмэ-щэ? Ауэ, гува-щIэхами аращ къэхъунур. Ар ещIэ Даринэ. Сыт, псалъэм папщIэ, илъэсипщI дэкIмэ ищIэнур?.. Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ жьыгъэр къызэригъэувыIэнур, сыт къигупсысынур? Хьэсэн бын хуейкъэ, щIэблэ иIэн хуейкъэ?! Сыт абы Даринэ иритыфынур, и лъагъуныгъэм къищынэмыщIа?

Апхуэдэ гупсысэ мыфэмыцхэр и щхьэм къызэриджэразэу, нобэрей махуэ IэфIыр цIыхубзым къытоункIыфIэ. ЛъэныкъуэкIэ къоплъ и Iуэхум. Пэжу, сыт зыщыгугъыр? Гузэвэгъуэр телъу жьыгъэм ебэн цIыхубзым сыт Хьэсэн апхуэдизу гурыхьу дилъэгъуар, жиIэр пэжмэ, фIыуэ къыщIилъэгъуар? ЦIыхуфIщ, гуапэщ, щабэщ, пэжщ. Ауэ, ахэра нэхъыщхьэр? УпщIэ, упщIэ, упщIэ... УпщIэ защIэу зэхэлъщ Даринэ и нобэри, и пщэдейри. Зы пэж гуэр къылъэщIохьэри, и гур къоузыкI, и Iэпкълъэпкъыр зэщIекъузэ. Зыгуэр ещIэн хуейщ мы ди Iуэхум, Хьэсэн зыпыгъэкIын хуейщ... Илъэс бжыгъэ хъуауэ къокIуэкI мыр. А зэманым къриубыдэуи, и теплъэм зэрызихъуэжым, нэхъ жьы зэрыхъум Даринэ щэхуу иримыгуIэу зы махуэ хуиту «уэху» жиIакъым. Зэманыр кIуэху, нэхъ Iей хъуну аращ. Хуэхьыжкъым а гупсысэ фIыцIэхэр, къыхегъащIэ Хьэсэн зыпыгъэкIын зэрыхуейм. ХузэфIэкIынукъым. Зыгуэр щIэн хуейщ, ауэ сыт?..

Абы хэту, и жып телефоныр къозу.

– Даринэ, сызэримыгугъауэ, нэхъ пасэу хуит сыкъэхъуащи, сынокIуэ, – жеIэ цIыхубзыр делэ зыщI макъым.

Даринэ щымщ, жиIэнур ищIэркъым.

– Даринэ, сызэхэпхрэ? Сэ сынокIуэ.

– НтIэ, нтIэ, узэхызох, Хьэсэн. КъакIуэ, – жеIэ, «хьэуэ» псалъэр жримыIэфу, и макъыр пымэхыкIыу.

Телефоныр егъэтIылъыжри, и сумкэмкIэ мэпIащIэ. ПсынщIэу пудрэ зыщехуэ (нетIэ къихута зэлъагъэр хигъэгъуащэу), нэбжьыцыр пелыкI, къэрэндащыр и набдзэм ирегъажэ, и Iупэр мащIэу къегъэцIыплъ, дыху тIэкIу зытреутхэ. И Iэр! И Iэми крем фIыуэ щехуэри, иIуэтурэ шэнтым йотIысэх. ЗимыщIэжу еIуэт и Iэр. Сэбэп хъу-

ну сытми Хьэсэн къэсыху. Щабэу щытын хуейщ и Iэхэр. Данэ халат щIыху кIыхьыр, щIым хилъафэрэ жыпIэу, ипкъ псыгъуэм ешэкIащ, и щхьэц фIыцIафэри дахэу жьащ (дыгъуасэ ириIа къудейщ). И ныбжьыр Iуэхушхуэу и акъылым итIысхьащ, армыхъумэ, Даринэ иджыпсту узыIэпишэрэ узыщIишэу дахэ дыдэщ. Мы дунейм теткъым апхуэдиз ныбжь иIэу къызэрыпщIэн. Арами... МэгуIэж.

Бжэм зыгуэр къотIыркъ. Хьэсэну къыщIэкIынщ. Иджыпсту къезыхуэкIа гупсысэ къомыр бзэхыжащи, зимыщIэжу бжэмкIэ мажэ. ХуопIащIэ и щIасэлIым, хуопIащIэ абы и Iэпкълъэпкъ екIум, цIыхухъумэ гуакIуэ къызыкIэрихым, зришэкIыну. И щхьэц Iувым нэкIукIэ зыхиIубэну, и нэкIубгъум ба хуищIыну, «Къеблагъэ, си псэ!» псалъэхэми дэкIуэдыну. ХуопащIэ...

Пэжу, и щIасэлIыращ. И нэгу къызэрыщIигъэхьам хуэдэщ псори: Даринэ щIалэм и  щхьэц Iувым нэкIукIэ зыхеIубэ, и нэкIубгъум ба хуещI, «Къеблагъэ, си псэ!»...

Жэщыр IэфIщ икIи кIэщIщ фIыуэ зэрылъагъуитIым я дежкIэ... Мис, иджыри ара щ. Жэщыр IэфIщ икIи кIэщIщ... Мы дунейм нэгъуэщI зыри теткъым, а тIум нэмыщI. Мы дунеижьыр яфIэмащIэщ. Зыри ищIэжыркъым Даринэ, зыми егупсысыжыркъым икIи иригузавэркъым, Хьэсэн къыщыбгъэдэлъым деж. Даринэ пщэдджыжькIэ нэхъ жьыуэ къызэщоури, щIалэр зэрыжейм йоплъри хэлъщ. ЛъэIэсмэ, къигъэушынкIэ мэшынэри, нэкIэ йодэхащIэ. Арами, зыхуэмышыIэу, щIалэм и напэм и Iэ щабэр делъэри, псынщIэу къыIуепхъуэтыж. ИтIанэ зыкъещIэж, зыкъеIэтри, ваннэм макIуэ. Аргуэру гъэпщкIуауэ зилэнущ, и щхьэцыр ижьынущ, дахэу зыкъихуэпэнущ, пщэдджыжьышхэр игъэхьэзырынурэ, Хьэсэн къигъэушынущ.



И гур тIууэ зэгуоч Даринэ. Лъагъуныгъэ гуащIэмрэ жьыгъэр къызэрытекIуэм и бэлыхьымрэ зэпэщIэувауэ, цIыхубзым игу тхьэмыщкIэр ячатхъэ. Мы дунеягъэм щиIэу хъуар щIитынт, Хьэсэн къыщицIыхуа махуэр и гъащIэм хэмытыну ищIамэ. Нэхъыбэжи щIитынут, и щIалэгъуэмрэ и лъагъуныгъэмрэ ихъумэн щхьэкIэ.

Даринэ и лэжьэгъуэ махуэм нэхъ жьыуэ щIедзэри, нэхъапэ щIокI. Хьэсэн иджыри зы сыхьэткIэ зиIэжьэми хъунущ. ЦIыхубзыр унэм къызэрыщIэкIыу, зы къаткIэ и лъабжьэм щIэс пщащэм IуощIэ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Даринэ! – хьэлэмэт гуэру къыпогуфIыкI, цIыхубзым теухуауэ зы щэху гуэр ищIэм хуэдэу.

– НэхъыфIыжу! – укIытауэ, и нэр егъэпщкIу.

Сыту пIэрэ апхуэдэу щIыпыгуфIыкIар?! Сыту Iэнкун сищIа. Сыту пIэрэ къыздилъэгъуар, хьэмэрэ, зэхихар?! Иджыри къэс схъума си напэмрэ си цIэмрэ си жьыщхьэ щхьэ згъэулъийрэ? Мы унэ зэтетхэм я блыныр пIащIэщ, ину упсчамэ, гъунэгъухэм узэхах. Сэ...

Хъунукъым мыр Iуэху, къэувыIэжын хуейщ. АдэкIэ Iуэхур слъэфыху, си гущхьэм щыщIэр нэхъ шынагъуэж хъууэрэ макIуэ. Ныщхьэбэ сепсэлъэнщ Хьэсэн... КъыгурыIуэн хуейщ. Ди Iуэхум зы кIэ гуэр игъуэтыпхъэщ.

Махуэр пшагъуэ Iувым хэтым хуэдэу хъарпшэру, и Iэпкълъэпкъыр ундэрэбжьарэ, и щхьэр «бэгауэ», и кIэм нос. Тегушхуащ. Нобэ кIэ игъуэтынущ лъагъуныгъэ напэтехым.

... Етхуанэ къатым, и лъэр илъэфу, и фэр пыкIарэ и нэпсыр щIэзу, докIуеиж, унэ нэщIым щIохьэж, блыным фIэлъ гъуджэшхуэм (и псэлъэгъу, и щэху псори зыщIэ и ныбжьэгъу закъуэм) йоплъэ. И тэмакъым къыщIэгъуэлъхьа уз фIыцIэм игъэбауэркъым, жьыр къыпеубыд, и Iэхэр зэщIокIэзызэ. Гъуджэм къищ и нэкIур ичатхъэ нэхъей, и Iэбжьанэ жанхэр «хеукIэ». Гъуэгу тетыху ишыIа и нэпсыр уэру къыщIэжу, хуэмурэ йощэтэх. Лъэгуажьэмыщхьэу гъуджэм пэщысщ. И жьэпкъыпэр покIэзызыкI, и нэкIу дахэр узым зыщIишащ...

«УкIуэцIрыху! Уи лъэужьыр ямыгъуэтыжу, щIы къатиблкIэ укIуэцIрыху уэ жьыгъэр! Мы дунейр мыпхуэдизу дахэу къыщигъэщIым, уэ зыр мыпхуэдэу хьэлъэу, Iейуэ щхьэ укъигъэщIа?! Дауэ сызэрыппэлъэщынур?! Си гъащIэ псор зэIыбгъэхьащ уэ ямылъагъужыным. Си гъащIэр... ГъащIэ псор... ЦIыхубзыр аращ къызыхуигъэщIар – фIыуэ ялъагъуным, лъхуэным, пIэным, дахэу щытыным. Ауэ, плъагъурэ, удз гъэгъа дахэр гъужа нэужь хыфIадзэж, зыри хуейкъым ар и унэ щIигъэтыну. Сыт-тIэ сэ сыкъызыхуигъэщIар? Щхьэ дунейм сыкъытехьэххат мыпхуэдэ насып  фIэкIа щызмыгъуэтынум? Сыт? Сыт укъыщIысщыдыхьэшхыр? Сыт уэсщIар, сыткIэ къэзлэжьа сэ мыпхуэдэ гъащIэ си натIэ хъуну? Ей, гъащIэ, уэращ сэ сызэпсалъэр! Сыт хуэдэми, зы жэуап гуэр къызэт, делэ дыдэ сымыхъу щIыкIэ!» – и макъыр Iэтауэ, губжь хэлъу, йопсалъэ гъуджэм.

Куэдрэ щыса, мащIэрэ щыса, ищIэжыркъым. Ауэ щысащ, и пIэм ижыхьауэ, и нэ зэхэцIэлар гъуджэм къытримыгъэкIыу. Хьэсэн дыгъуасэ къигъэна и щыгъынхэр ижьыщIакъым, IэпэкIэ еIусакъым, къызэрысу иритыжыну къыщIэкIынщ ахэри. Хуейкъым и лъагъуныгъэ «мыкIуэмытэм, дыхьэшхэным» и фэеплъ гуэри и унэ кърынэну. Бжэм зыгуэр къытоуIуэ. Дауи, ар Хьэсэнщ, нэгъуэщI хэт Даринэ къызыфIэIуэхужыр? КъехьэлъэкIыпэу, апхуэдизрэ имыгъэхъейуэ зытеса и лъакъуэ ундэрэбжьахэр щIэщIэу, къотэджри, бжэр Iуех. Зридзакъым, IэплIэ хуищIакъым, «къеблагъи» жриIакъым, баи хуищIыххакъым... Уеблэмэ, къэкIуам и нэгум имыплъэххэу, и щIыбыр хуигъазэри, а зэрещIэкъуауэм хуэдэурэ пэшым щIыхьащ. ГъуэлъыпIэ дзакIэм тетIысхьащ, и теплъэм зыкIи теукIытыхьыркъым. И IитIыр и куэщIым щызэтрелъхьэ, и тхыр къэгъэшауэ щысми, къыфIэIуэхукъым. Кърелъагъу апхуэдэуи. Зи мыхъумэ, и гур къыщыкIынщи, къигъэзэжынкъым, жриIэну игъэхьэзыра псори жриIэмэ. Хьэсэн къэуIэбжьащ. Iэнкунщ. Къэхъуар къыгурыIуэркъыми, и IитIыр едзыхауэ щытщ, и жьэр Iурыхуащ. ЗыкъещIэжри:

– Сыт къэхъуар? – жи, адэкIэ къыпищэнури, Даринэ и щытыкIэр зыхуихьынури къыхуэмыщIэу.

– Хьэсэн... – и макъыр къокIэзызри, зыри къимыкIыжу, мэкIуэд.

– Сыт къэхъуар, Даринэ? Сыт къэхъуар? – цIыхубзым хьэмбыIуу бгъуротIысхьэри, и Iэ «псэншэхэм» щабэу тоIэбэ.

– Уи хьэпшыпу мы унэм щIэлъу хъуар, зэрыщыткIэ, зэрыщыткIэ, зы къыумыгъанэу, зэщIэкъуи... АфIэкIа укъэмыкIуэ, укъэмыпсалъэ икIи зыкъысхуумыгъазэ, – зиIыгъыу, зэрымыгъыным, Хьэсэн илъагъуу, и нэпс къызэрыщIимыгъэкIыным хэту.

– Сыт ар щIыжыпIар? Сыт къызыхэпхар? Сэр щхьэкIэ зыгуэрым зыгуэр къыбжиIауэ ара? – щIалэ къэуIэбжьам зыри къыгурыIуэркъым.

– Хьэуэ, зыми зыри къызжиIакъым...

– НтIэ, сыт? Сыт къызыхэпхар мы жыпIэхэр? Уи жагъуэ зыгуэркIэ сщIа?

– Си жагъуи къэпщIакъым, Хьэсэн. Уэ нэхъ си жагъуэ къэзымыщIа мы дунейм теткъым, – жи, емыплъу.

– Даринэ, мыдэ къызэплъыт, кхъыIэ! КъызжеIэт, иджы, сыт къыпщыщIар? – щэхуу къыжреIэ.

– Хьэсэн, схуэхьыжкъым адэкIэ. Схуэшэчыжкъым. Зы махуэ къэмынэу, си ныбжьым созауэ. ЗэрысхузэфIэкIкIэ, си къарум къызэрихькIэ. Уэ хуэдэ бын сиIэн хуеят сэ, и чэзум унагъуэ сыхъуатэмэ. Сыкъэзыухъуреихьхэм сафIэдыхьэшхэнщ, ди гъунэгъу хъыджэбзыжь цIыкIу нэгъунэ къысщодыхьэшх, тхьэм ещIэ, абыхэм сэр щхьэкIэ жаIэмрэ я гугъэмрэ. Си шыпхъухэмрэ си дэлъхумрэ сакъыгурыIуэркъым, къыскIэлъыкIуэжыркъым, IэщIыб сащIащ, и жьыщхьэ и напэ зытрехыж, жари, – зыхуэмыIыгъыжу, и нэпсыр къыщIож.

Гур хигъэщIу, зимышыIэжыххэу, зимыгъэфэрыщIу, зимыкъузу магъ... Хьэсэни хуэшэчыркъым фIыуэ илъагъу цIыхубзым апхуэдизу и гур зэрыхэщIыр. Зэм и Iупэр зэтрекъузэ, зэм и напIэр ирехьэх, зэми лъэныкъуэкIэ йоплъэкI, къэгубжь хуэдэу и щхьэр игъэкIэрахъуэу.



– Укъэзыухъуреихьхэм жаIэра япэ ибгъэщыр, хьэмэрэ уэрэ сэрэ зэхудиIэ гухэлъра? – Даринэ и нэм щIэплъэу, жеIэ Хьэсэн.

– Аракъым Iуэхур зыIутыр. Апхуэдэу упщIэр умыгъэув, Хьэсэн, – зызэпилъэщIыхьу. – Сэ Iэджэми согупсыс, Iэджи зэхузогъэхъу, уэ уцIыхухъущ, къыбгурыIуэнукъым а псор.

– СыцIыхухъуми, къызгурыIуэнщ, къызжеIэ.

– СоукIытэ... БжесIэфынукъым, – зэщIокIэзызэ.

Хьэсэн абы IэплIэ хуищIыну мэIэбэ. Даринэ идэркъым, зыкъеIэтри, щхьэгъубжэмкIэ мэкIуатэ, мэув, и щIыбыр къэгъэзауэ.

– Зыри къызгурыIуэркъым. КхъыIэ, делэ сумыщIу, къызжеIэ Iуэхур зыIутыр.

– Сэ... Сэ уэ нэхърэ фIыуэ сынэхъыжьщ, Хьэсэн. Си жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыр къысщыдыхьэшхри, нэхъапэIуэкIэ сыкъалъхуат. Сэ куэд мыщIэу жьы сыхъунущ, жьы дыдэ. Уи нэхъапэ сыжэбзэнущ, сызэлъэнущ, къыбгурыIуэрэ? Сэ сыхуейкъым уэ ар плъагъуну. Апхуэдэу сыкъэплъагъуну. УкъыстеукIытыхьу. Псоми уи анэ срагугъэу, – и дамащхьитIыр дэуейуэ, зэщыджэу магъ. – Сыхуейкъым, уфIэгуэныхь сыхъуу, си жагъуэ къыумыщIын щхьэкIэ, укъызбгъэдэсыну, уи зэман, уи гъащIэ, уи щIалэгъуэ дахэр сэ къыстебгъэкIуэдэну.

– Сэ уэ фIыуэ узолъагъу, Даринэ. НэгъуэщIми сыхуейкъым. ИкIи сыптеукIытыхьыркъым, икIи сыптеукIытыхьынукъым. Мы жыпIэхэр къызгурыIуэххэркъым, седэIуэнуи сыхуейкъым. ПсэкIэ укъыхэсхауэ, сыпхуэныкъуэу, си гъащIэр уэрыншауэ си нэгу къысхущIэмыгъэхьэу аращ, армыхъумэ, уэ къэбгупсысхэм зэи си щхьэр хуэкIуакъым.

– Сэри фIыуэ узолъагъу! Аращ ущIэзутIыпщыр, Хьэсэн. ФIыуэ узолъагъури, сыхуейкъым уи гъащIэ дахэр, уи щIалэгъуэр сэркIэ бгъэкIуэдыну. Уэ бын ухуейщ, сэ сыпхуэлъхуэжыфынукъым, блэкIащ си зэманыр. ЦIыхур зыщызгъэдыхьэшхыу, си ныбжьыр здынэсам сылъхуэжыну къекIуркъым. Зэ лIэгъуэщ сщIэлъри, уи гъащIэр зэрызмыуцIэпIар сщIэуэ сылIэмэ нэхъыфIщ, уи закъуэ дыдэу укъэзгъанэ нэхърэ. Си гур къыумытIэщI, Хьэсэн, армырми си щхьэм мыгъуагъэ зэрыхуэсхьыжын куэд къызжьэдэкIащ. Уи щыгъынхэр зэщIэкъуэжи, афIэкIа зэи дызэхуумыгъазэ, – жеIэ хэкъузауэ, ауэ и нэпсыр къызэрежэхым хуэдэу.

– Даринэ! Сэ...

– Уэ адэкIэ жыпIэным сыхуейкъым! Сэ сощIэ закъуэныгъэр зищIысыр, сощIэ бынышэу унэ нэщIым ущIэсыныр зыхуэдэр, сощIэ уэ нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэ гъусэ пхуэхъумэ, цIыхум фэуэ къыуаплъынур... Аращ иджыри илъэс тIощI къыстебгъэкIуадэрэ, сэ уи япэ сищмэ, зыри уимыIэу, утыку укъинэну сыщIыхуэмейр! КъыбгурыIуэрэ?! – и макъым зрегъэIэт.

Даринэ зыкъегъазэри, и щIыбым къыдэт, гъунэгъу дыдэу къыбгъэдэт щIалэщIэм и нэ фIыцIэм щIоплъэ.

– КъыбгурыIуэрэ?!

– Си гум щыщIэр къыпфIэIуэхукъым, дауи! Сэ а псоми сызэреплъым ущIэупщIэркъым. Ди лъагъуныгъэм узэрелъэпауэр, си гум укъызэреуэр зыми щыщкъым, – и жагъуэ хъуауэ, мащIэуи къэгубжьауэ, IуокIуэтыж Хьэсэн.

– Сэ нэхъыбэ къэзгъэщIащи, гъащIэм нэхъ хызощIыкI, жысIэмэ, сыщыуэнукъым.

– Иджыри зэ фIыуэ егупсысыж бжесIэми...

– Зыри къикIынукъым... Уи хьэпшыпхэр зэщIэкъуэжи...

– Тэмэмщ! – зыри къимыщтэжу, зэмыплъэкIыжыыххэу, зы IэплIэ закъуи хуимыщIыжу, къэгубжьарэ и пкъым имызэгъэжу, щIокIыж Хьэсэн.

Даринэ нетIэ щетIысэха дзакIэм деж мэтIысыж. Хоплъэ. И гупсысэхэм хошыпсыхь...

«СыпыкIащ. СыпыкIащ Хьэсэн. Зэи къигъэзэжынукъым. СощIэ. Ар цIыху пагэщ. Абы хуэдэхэр фIы защIэкIэ пIыгъыфыну аращ. Сэ си щхьэм илъу хъуар хуэсIуэтащ, си ныбжьым сызэрытеукIытыхьыр фIыуэ къыгурызгъэIуащ, и гур къысщыкIауи къыщIэкIынщ. Сыту сыделэ! Ар щхьэ апхуэдэ дыдэу къыхэзгъэща?! ЦIыхубз псоми ди зэхуэдэ щэхур наIуэ къэсщIащ... Сыхуитт?.. СыпыкIащ. СыпыкIащ. СыпыкIащ...»

Гур пызылъэсыкI гупсысэхэм хэтурэ, мо еша, зи лъэм имыIыгъыж цIыхубзыр Iурех. Куэдрэ жея, мащIэрэ жея. ИщIэркъым. ИщIэнуи хуейкъым. Зэм-зэм къызэщоу. Пщэдджыжь хуэдэщ. ПшэкIэплъ къищIу щIидзащ. Аращ, пщэдджыжьщ. Къотэдж, и напэр къабзэу етхьэщI, креми щихуэркъым, зилэркъым, и щхьэцри ижьыркъым. Ебэнынукъым афIэкIа жьыгъэм. Куэдщ. Зэран хуэхъунукъым. Дэтхэнэ зыми и къалэн ищIэжу тетын хуейщ мы дунейм. Шхэнуи хуеиххэкъым,

уеблэмэ и къэжьын къокIуэ, шхыным, гъащIэм зэрегупсысу. ЛэжьапIэм псэлъэнщи, зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ зыкърригъэутIыпщынщ. Мыпхуэдэу цIыхухэм закърригъэлъагъуну хуейкъым. Шынагъуэщ езыри, и гум щыщIэри. Жеинщ, зигъэпсэхунщи, гъащIэщIэ иухуэжынщ. И ныбжьым хуэфащэ гъащIэ... Хьэсэн хэмыту. ЗипIытI-зихузу, дэнэ деж сэхусэплъыр щытекIауэ пIэрэ, си нэкIум аргуэру зэлъа къытридзауэ пIэрэ, жиIэу мыгуIэу. Жып телефоныр егъэункIыфI, унэ телефонри къреч, бжэр егъэбыдэ, Iупхъуэхэр зэхуещI, пэшхэр кIыфI ещIри, и лэгъунэм зыщIеубыдэж.

Мэжей. Махуэ. МахуитI. Махуищ. Зэзэмызэ къотэдж, дауи, ауэ ищIи ишхи щымыIэу мэгъуэлъыж. Унэр фIейми, къыфIэIуэхукъым. КъыфIэIуэхужкъым. Япэхэм зэи щигъэтынутэкъым и унэр фIейуэ, щымылъыныпхъэу зы мэскъал зыщIыпIи щигъэлъынутэкъым. Иджыпсту... Щрырелъ, хуейми. Дунейр ирекъутэж. КъыфIэIуэхукъым ари. Абы Хьэсэн иIэжкъым. Ар и акъылым нэсащ, къыкIэлъэщIыхьащи, еукI. Хьэсэн... Хьэсэн и щыгъынхэр къищтэжакъым! Къищтэжатэкъым! Къыщолъэт, уэздыгъэр пегъанэри, делэ хъуам ещхьу къыдэгъэжхэр къыдетхъу. Мэлъыхъуэ. Хьэсэн и щыгъын мэлъыхъуэ. Зи мыхъумэ, и мэ гуакIуэр зэ закъуэ къыщIихьэжынщ. Мис и джанэр. ИжьыщIыну хунэсатэкъым. Сыту фIыт! Сыту фIыуэ имыжьыщIарэт! Махуэ зыбжанэ хъуауэ зыщимыха и халатыр лъэныкъуэкIэ иредзэкIри, Хьэсэн и джанэр зыщетIагъэ, и пщампIэр дришейуэрэ, йопэм. И нэпсыр къожэх.



«Сыту сыделэ!.. Сыту сыделэ дыдэ!.. Мы зэрызысщIыр сыт, хъыджэбзыжь цIыкIу нэхъей...».

Къызыхуогубжьыжри, джанэр щихыжыну хуожьэ. ИтIанэми, и псэм идэркъым, псэм зигъэнщIакъым, акъылыр къэуш хуэдэу хъуами. Щимыхыу мэгъуэлъыж. ШхыIэн лъабжьэм зыщIеуфэ аргуэру. Гъыурэ. Гъуэгыурэ. Гъунэгъухэм зэхахыу пIэрэ? КъыфIэIуэхукъым ари. Зыри къыфIэIуэхужкъым. И гъащIэр екIуэкIащ езыр псоми егупсысу, ауэ зыри къемыгупсысыжу. Иджы хуитщ зэрыхуейуэ зищIыну, зым щхьэкIи мыгузавэу. Хьэлыншэнуми, щIыкIеинуми, гъынуми, кIиинуми хуитщ. Адрейхэр хуити! Дарини хуитщ! Бжэм зэ-тIэу зыгуэр къетIыркъауэ къыщыхъуащ. НтIэ, сыт? Сыхуейкъым зыми. Сыхуейкъым зыри слъагъуну.

Махуэхэр ибжыжыркъым Даринэ, сыхьэтми еплъыжыркъым. СыткIэ хуей? Абы Хьэсэн иIэжкъым. И гъащIэ псом къриубыдэу зэ закъуэ, зэ закъуэ цIыхухъу фIыуэ илъэгъуат... ИгукIи и псэкIи фIыщэу илъэгъуат, илIыкIыным хуэдэу. Ари, мис, IэщIыб ищIын хуей хъуащ. Зэи зыри иIакъым Даринэ. Хы Iуфэм зыщигъэпсэхунуи кIуакъым, къэрал гъуни зэи ебэкъуакъым, мы дунейм илъэгъуаи щыIэкъым. Къритатэкъым гъащIэм апхуэдэ тыншыгъуэрэ фIыгъуэрэ. Зы лъагъуныгъэ закъуэ къыIэщIэкIати, ари цIыхум яфIэдыхьэшхэну къыщIэкIащ. Напэтехыу. ГъащIэкъутэу.

Гъунэгъухэр... Ахэр къыкIэлъыплъыртт Даринэ... ГуфIэнхэщ. Я псэр тыншыжынщ хьэблэ хъыджэбзхэм. Я гур къытезэгъэнщ «фызыжь делэм». Хьэуэ-тIэ! Апхуэдэ тхъэгъуэ абыхэм яритынкъым! И

нитIыр къыщихуауэ къыщолъэт Даринэ. Хьэсэн и щыгъыну къигъэнауэ хъуар зэщIекъуэри, зэрыжьыщIэ машинэм иредзэ, еутIыпщри, щхьэгъубжэIупхъуэхэр Iуехыж. Ахэри ижьыщIынщ, нэхъ нэхутхьэху къищIынщи, къыфIидзэжынщ. Унэри зэлъыIуихынщ, къабзэу. Лы игъэжьэнщ, пщэфIапIэ щхьэгъубжэри Iуихынщ, жьэрымэ IэфIыр уэрамымкIэ ихун хуэдэу. Зигъэкъэбзэнщ, зыкъилэнщи, тыкуэным ехынщ. «Иджыри къэс сыту удмылъэгъуарэ», – жаIэрэ гъунэгъухэр къеупщIмэ, «Хьэсэн сэрэ зыгъэпсэхуакIуэ дыщыIащ дызэгъусэу», – яжриIэнщ. Зыхуей дыдэр ираIуатэ итIанэ.

Игу зэрырилъхьам хуэдэу, унэр зэлъыIуех, лы егъажьэ (щхьэгъубжэр зэIухауэ), зегъэпскI, зыкъегъэдахэри, Хьэсэн и щыгъын жьыщIахэр кIапсэм иредз. Абы хэту, бжэм зыгуэр къытоуIуэ...

Даринэ и гур йохуэх. Хьэсэн къэкIуауэ, и жагъуэ зэрищIар теужауэ къыщохъу. И пIэм ижыхьащ, ищIэнур ищIэркъым. Бжэм адэкIэ къыщытыр IукIыжыну игу илъ хуэдэкъым. Нэхъри нэхъ иныжу къытоуIуэ. Къытрекъутэ. Даринэ тогушхуэри, бжэр Iуех. ЦIыхубз гуэр щытщ. КъекIущ, зэIэщIэлъщ, щхьэц фIыцIэр щхьэкум щышыхьащ. Езым и ныбжьынщ, хьэуэ, тIэкIу нэхъыжьынщ. ЗыщIыпIэ щилъэгъуа хуэдэщ. ИцIыхуу къыщохъу. Дауэ мыхъуами, и нэIуасэ гуэр хуэдэщ. Езыри къоплъ. Къызэпеплъыхь, уеблэмэ. Гузэвэгъуэ гуэр и нэгум къощ, щтэIэщтаблэщ. ЖиIэнуIами, е темыгушхуэрэ, е къыхудэмышейрэ?!

– Даринэр уэра? – щэхуу къыжьэдокI иужьым.

ЦIыху гуапэщ.

– Сэращ, – пыгуфIыкIыну хэтщ Даринэ.

– Сэ... Сынопсэлъэну сыхуейт, – укIытапэурэ жеIэ.

– Къысхуэгъэгъу, дызэрыцIыхурэ?

– Сэ Хьэсэн сриантэщ, – нэхъыщхьэ дыдэр жиIащи, абы и гур дэпсэхуа хуэдэу ину хощэтыкI.

– КъыщIыхьэ, – Даринэ йокIуэтэкIри, фызыр къыщIегъэхьэ.

Мэшынэ. ИкIи мэукIытэ. Сыту пIэрэ къыжриIэнур, хьэмэрэ зыгуэр къэхъуа?! ХьэщIэщымкIэ щIешэри, тIури йотIысэх. Зыри жаIэркъым. Дарини хьэщIэми. Я напIэр ехьэхауэ щысщ.

– КъыщыщIэздзэнур сщIэркъым, – мэгузавэ икIи зекъуз хьэщIэм.

– Уи гум илъ псори жыIэ, сэ зыщIыпIи сыпIащIэркъым, – трегъэгушхуэ икIи зэхихынум щошынэ Даринэ.

– Хьэсэн фэрэ фи Iуэхур къызэрежьэрэ, мызэ-мытIэу уи деж сыкъэкIуэну, си къуэм укIэрыкIыну сынолъэIуну сыхэтащ, пэжыр жысIэмэ. Сытри сщIэнут, абы хуэфэщэн, езым и ныбжь цIыхубз цIыкIу къишэн щхьэкIэ. Си псалъэхэр уи жагъуэ мыхъуу, уи гур ямыуIэу къэнэнукъым, дауи, ауэ псори жысIэну сыхуейт... – Даринэ къоплъ фызыр.

– ЖыIэ, – укIытэпауэ, и щхьэр щIехьэ мыдрейми.

– Iэджэрэ депсэлъащ щIалэм зэлIзэфызыр. ПщIантIэм къыдэдмыгъэхьэжу, дгъэшынэну иужь дитащ. Зыри сэбэп тхуэхъуакъым, зыри къикIакъым ди псалъэмакъхэм.

– Сэ зыри хэсщIыкIакъым абы. Тхьэ дыдэ, хэзмыщIыкIа. Зэи зыри къызжиIакъым абы теухуауэ. КъызгурыIуэрт, дэтхэнэ анэми езым и ныбжь цIыхубз и къуэм пэшэгъу зэрыхуэхъуар фIэфI зэрымыхъунур, ауэ...

– Нэхъ Iеиж гуэр жетIами, зыкъыуигъэщIэнутэкъым. Уэри бощIэ абы и хьэлыр. Ауэ аракъым сэ нобэ сыкъыщIэкIуар. НэгъуэщIщ, – и нэпсыр къытелъэдащ анэм.

– Зыгуэр къэхъуа? – и гур щIэпхъуащ Дарини.

– Къэхъуащ. Хьэсэн зымахуэ машинэ зэжьэхэуэм хэхуащ... КъызэрызгурыIуамкIэ, пщыхьэщхьэм псалъэмакъ фиIащ. И фэм итыжтэкъым. Псалъэ жимыIэу, и пэшым щIыхьэри, пщэдджыжь хъуху къыщIэкIакъым, зыри дызригъэпсэлъакъым. ЕтIуанэ махуэм, лэжьапIэ кIуэуэ, машинэ гуэрым жьэхэуащ.

– Псэу? – зимыгъэхъейуэ, жэуап къыпэкIуэнум щышынапэу щIэупщIащ.

– Псэущ... Яхуэмыгъэхъужын дыркъуэ телъу къахуэгъуэтыркъым, ауэ... зыкъищIэжыркъым. Махуэ зыбжанэ хъуауэ и нэр къызэтрихыркъым. Иджы сегупсысащ, уэ зыгуэркIэ сэбэп ухъуфыну пIэрэ, жысIэри, – и гугъапIэ псори Даринэ къыхуэгъэзам хуэдэу къеплъащ.

– Сыт сщIэн хуейр? – и нэпсым къызэпежыхь.

– НакIуэ сымаджэщым. Къэмыплъэ щхьэкIэ, жытIэхэр зэхихыу, зыхищIэу фэ изоплъ. Си бынinfо соцIыхуж: фи иужьрей зэIущIэм къикIар дыркъуэшхуэ хуэхъуащ. Псалъэр удын мыгъущыну гум къытонэ. Абы ихьыжи щыIэщ. КхъыIэ, накIуэ. СынолъэIу. ЗыкIи зэран сыфхуэхъункъым, фи зэхуакуи сыдэмыхьэну псалъэ узот. Уэ абы фIыуэ укъелъагъу, уэр нэмыщI зыми хуейкъым. Фызэдэпсэунщ, нэчыхь евгъэтхынщ. Бынышэу къэнэнущ жыпIэрэ, къэфхьынщи, зеиншэ гуэр фпIынщ, ахэри адэ-анэ хуейщ. ПсэкIэ, кIуэцIкIэ игъэв удынымрэ машинэ зэжьэхэуэм хихамрэ зэхыхьэжауэ, къимыутIыпщу аращ. Уэ гъунэгъуу узэрыщыIэр зыхищIэмэ, уи макъ зэхихмэ, зыкъищIэжыну си гугъэщ. Си фIэщ мэхъу! АдэкIэ, дохутырхэм я Iуэхущ. Сыт жыпIэр?

– НакIуэ. Сыхьэзырщ, – зызэпелъэщIыхьри, къотэдж Даринэ.

И IэкIэ, и делагъэкIэ щIалэри иукIырт, езыми зиукIыжырт. Псори зэхикъутэрти бетэмалу. ЗымащIэ тIэкIу иIэжатэмэ, зэи хузэмыгъэпэщыжыну, гъащIитI зэIищIэрти!

Даринэ щIохьэ щIалэр зыщIэлъ пэшым. Ар щылъщ. Сытым дежи къарууфIэу, нэжэгужэу щыта лIышхуэр щылъщ зимыгъэхъейуэ, къаруушэу, и фэр пыкIауэ, псэ хэтуи хэмытуи къыпхуэмыщIэу. И щIыфэм фIыцIагъэхэр тезщ, и нэкIум уIэгъэ дыжаи иIэщ, къупщхьэ къутахэри я пIэ ирагъэувэжащ. Удын куэд игъуэтами, зымыгъэпсэун хуэдэтэкъым ахэр, ауэ зигъэхъейркъым. Даринэ и лъэм къызэрихькIэ абы хуэжэу къыщыхъурт, ауэ и лъакъуэхэр ерагъыу зэблихыу арат. Гъунэгъу хуохъу. И нэкIум йоIусэ. Хуабэщ. Псэущ, хуабэмэ. Уэху! Псэущ! Сыт и лажьэми, сыт хуэдэ уз хихми содэ, псэумэ. Дгъэхъужынщ, тхузэфIэкI къэдгъэнэнкъым, ди къарум къихьыр хуэтщIэнщ псэу закъуэмэ.

– Хьэсэн... Си псэ закъуэ... Къысхуэгъэгъу!.. Къысхуэгъэгъу!.. – едэхащIэурэ мэIущащэ. – Хьэсэн...

ЩIалэм и Iупэр мэпIэжьажьэ, зыгуэр жиIэным хуэдэу. И щхьэри мащIэу мэхъей. ПщIыхь Iей илъагъум хуэдэу, и напIэхэр зокIуэ. ИтIанэ къоплъэ. Къоплъэ!..

– ИджыпстукIэ зыри жумыIэ, Хьэсэн. ЗыкъыщыпщIэжакIэ, адэкIэ дохутырхэр къоIэзэнщ, нэхъыфI укъэхъужынщ, – щабэу, гур дэпсэхуу пыгуфIыкIыу, и нэгур зэщIэнэхуауэ, жеIэ Даринэ. – Псори пIэ изэгъэжынщ. Уи нэр зэтумыпIэ закъуэ...

Абы хэту, дохутырыр къыщIохьэ. ЩIалэм щхьэщохьэ, зэпеплъыхьри, и Iуэхур зэрынэхъыфIыр къыгурыIуарэ арэзыуэ Даринэ къыхуоплъэкI:

– Иджыри къэс дэнэ ущыIа?!

Даринэ и щхьэр ирехьэх. Дохутырым зэран хуэмыхъун щхьэкIэ къыщIокI, жэуап гуэрым ежьэу кIэлындорым тет анэм хуогуфIэ, псори хъарзынэщ, жыхуиIэу, къызэтемыувыIэуи, сымаджэщыр ебгынэ.

Гупсысэ къомыр аргуэру толъкъуну къытоуэ... ЗыкъищIэжащ, Даринэ и макъ зэрызэхихыу. Абы сыт къикIыр? Къежьат... ФIыуэ къелъагъу. ПцIы хэмылъу. ФэрыщIагъ къыхэмыкIыу. Езыми елъагъу. И гъащIэм нэхърэ нэхъыфIу. Аращ щIибгынэри. Хуейкъым щIалэм и насып къэкIуэнур икъутэну. Абы и гъащIэм Даринэ хэтын хуейкъым, иджыри къэс хэтами.

Е бын дигъуэтыфынукъым, е зэманым дэщIэрэщIэфынукъым, дэгъужын мыхъумэ. Дуней хабзэхэм зэи зыри пэщIэувэфакъым, зыри текIуэфакъым. Дарини текIуэфынукъым жыгъэм. Абы и къарум къихьынур зыщ: Хьэсэн и гъуэгум текIыу хуит ищIыжынырщ. ЦIыхубз дахэ Iэджи щыIэщ, Iущу, гуапэу, гурыхьу, щIалэу. Даринэрэ Хьэсэнрэ псэунщ... Зырызу.



*Усэхэр*

ГУГЪУЭТ Заремэ

* * *



Уи нитIыр, уэсыр, си тхьэлъэIур,
ГъащIитI зи ныбжь щIымахуэ гъуэгур.
Уигу щIыIэрысым зыдезгъэкIуу,
Уэс налъэ йоткIухьыж си Iэгум.

Мы жэщым уэсыр къыпыщэщу,
Къуажэ жейбащхъуэм йодэхащIэ.
Мы жэщым уи цIэр къиIущэщу,
Мазэр хъыринэ ирегъащIэ.

Уэс налъэ къэс къытощ уи нитIыр,
Уэс налъэ къэс егъэпщкIу зы щэху.
ЩIымахуэ шылэм и кум ситу
Уэс жылэ зыIэпызогъэху…

Уи нитIыр, уэсыр, си тхьэлъэIур
ЩIымахуэ вагъуэхэм яхъумэ.
Жэщыр щыупщIыIукIэ, соплъэ уэгум,
Уэс налъэ къэс щхьэц налъэ тхъуух.
*11.01.2019*

* * *

Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
НэгъуэщI дуней сыхобзэхэж,
НэгъуэщI хьэуа сыхоIубэж.
Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
НэгъуэщI щIымахуэ сытохьэж,
НэгъуэщI зыгуэрым сыхуопэж.
НэгъуэщI уэрэд, нэгъуэщI макъамэ,
НэгъуэщI уэрам, сымыцIыхуауэ,
НэгъуэщI унэбжэ, гъэбыдауэ,
ИгъащIэм зыми Iуимыхауэ.
БжэщхьэIум си лъэр къытенауэ,
Зы гъуджэ гуэр срагъэплъауэ,
Къищар сэрауэ-сэрмырауэ,
Зыгуэрым и Iэр къишияуэ...
Ауэ...
Уи сурэт закъуэр къызощтэжри,
Зэрыдунейуэ къыслъохьэж,
НэгъуэщIу хъуари мэлъэлъэж,
НэгъуэщIу хъуари мэбзэхыж,
НэгъуэщI щIымахуэр Iурехыж,
Уи деж гупсысэм сынехьыж.
*25.01.2019*

## ГУХЭЛЪ УЭЛБАНЭ

Аргуэру уафэр къызогъачэ,
Аргуэру щыблэм зызошэкI.
Гъэмахуэ уэшхыр си IуфакIэу,
Гухэлъ уэлбанэ узоIуэкI.

Гухэлъ уэлбанэм и ткIуэпс уэрхэм
Щыуагъэ мин къыпхурабжэкI.
ЗыщыбгъэпщкIуа пшэ унэ гуэрхэм
Уэшх защIэу зыкъаублэрэкI.

Дыгъэм и нэкIу уримыгъаплъэу,
Лъэныкъуэ зещIри, къыппокIуэкI.

СитIысхьэжауэ уафэ-тахътэм,
Гухэлъ уэлбанэ узощIэкI.
*1.07.2019*

* * *

ЩIымахуэр иштыхьри и пIэм,
Уэс налъэр хьэуам щыщ хъуат.
Иджыри уIутт бжэIупэм,
(Уи щхьэцым тхъугъэ хипхъат).

Къехуэхри щэщат сыхьэтыр,
Зэманыр Iурихыпат.
Хьэлъэу си напIэр сIэтри,
Уи нэIур къэслъыхъуэжат…

ЩIымахуэр щыбзэхт си пэшым,
ЩыIэжыр сыхьэт къутат.
БжэIупэм къыIутт нэгъуэщIи,
ЩIымахуэу имыщIэхат.



Уэс налъэ щыткIужт си Iупэм,
Си нэкIум къытещт зэлъа.
ЩIымахуэкIэ си гур ипIэу,
Уи напIэм сыщIэбгъэпщкIуат.
*30.07.2019*

* * *

Дыщэ хъарыр къызэпхъухи,
Къызбгъэдэс ныщхьэбэ…
Уафэм пшэплъыр ирекъухри,
ЩIы диям тоIэбэ.

Хьэцыбанэ мыщIэ плъыжьыр
ХокIуэсэжыр жэщым.
Махуэм банэу къыхичыжыр
Йощэщэж и куэщIым.

Уафэм пщIыхьу щызэхалъхьэм
ЩIожеикIыр къуажэр.

Си щхьэцыгъуэм Iэ къыдилъэу,
Бжьыхьэм срешажьэ.

Вагъуэ быным сызэхахри,
Уафэм щызэщIоблэ…
Тхьэмпэ хъарыр къызэпхъухи,
Къызбгъэдэс ныщхьэбэ.
*23.09.2019*

* * *

БалигъыпIэ иува си усэр
Лъапэпцlийуэ пщIантIэм къыдохьэж.
Дунейм щыщу зы дурэш къылъысмэ,
Щэхуу кърихьэкIхэр щеIуэтэж.

БалигъыпIэ иува си усэр
Жьыбгъэ мащIэм IэфIу хозэрыхь.
Хадэм йохьэ, жыгхэм ар йоIусэ,
Тхьэмпэ къэс дамыгъэ трещIыхь…

Тетщ бжэщхьэIум, и гупсысэр изу,
Мы екIуэлIэжыгъуэр сыту гугъу…
Къыпэплъа унэбжэ дамэдазэр,
Жьыбгъэр къыщыIухьэкIэ, мэкIыргъ.
*25.11.2019*

* * *

Нэхущым вагъуэ ибжыжти,
ИрикIутэжт уафэ жып.
Пщэдджыжьым и Iупэ плъыжьыр
Хьэуа щIыIэмыл еIубт.

Мы къуажэм щхьэщытт удыгъи,
Жей щIыхуэ иджы ипшынт.
Адакъэм и Iуэгъуэ псыгъуэм
Хьэуам щешэкIат дыжьын.

Згъэзэжти си сабиигъуэм,
Жейбащхъуэу сытетт бжэщхьэIу.

Ирихурт уэнжакъым Iугъуэ,
Къыпихыу щIакхъуэмэ IэфI.
*27.11.2019*

## ХЬЭ БАНЭ МАКЪЫР – ЖЭЩЫМ

Хьэ банэ макъыр жэщым хозагъэ,
Уафэр зэсшэкIыурэ сыббгъэдотIысхьэ.
Мо гъуэгущхьиблым языр ди лъагъуэщ,
ЩыдгъэфIэжыну зэгуэр ди жьыщхьэ.

Хьэ банэ макъым жэщыр йосэжыр,
Бжьыхьэу къэсщIэжым балигъ сохъукI.
ЖэщкIэ уэздыгъэр щыблэ унэжьым
ГъащIэм и макъыр къытхущIоIукI.

Хьэ банэ макъым си гур дотыншыр,
Жэщыр си пэшым къыщохуэбэж.
Къуажэр къысIуплъэурэ нэбэнэушэу,
Щызоущэхур си гум зы пэж.
*17.02.2020*



## ЩIЫМАХУЭ УЭРАМЫР

Уэсым игъафIэрт къалэ уэрамыр,
Мазэ хъурейм тхуигъэтIыгъуэрт насып.
Зэджэр уэрауэ, зэджэр сэрауэ,
Жьым дыкъифыхьурэ уэсыр ищыпт.
Жэщым хэкIуасэрт щIымахуэ уэсыр,
Къалэм зэхилъхьэрт гухэлъ уэрэд.
Лыгъэу си пащхьэм щызэхуэпхьэсыр
Си нэм щIэкIуадэурэ, уэсым дыхэтт.
Къалэ уэрамым щIипщытыкI си гур
Мазэ гуфIакIэм къыщыхуэбэжт.
Уэсыр чэсейуэ исэрт уи Iэгум,
ЩIымахуэ дахэт, щIымахуэ пэжт.
Уафэм гухэлъыр щыунэзауэ,
Жэщым и щIыфэм уэскIэ къеIусэрт.
ЩIымахуэ шылэу дызэхуэзауэ,
Уэсыр ди гъусэт, уэсыр ди гъусэт!
*23.02.2020*

## УИ УЭРАМЫМ

Уи уэрамым иджы сыщогъуащэ,
Уи уэрамым иджы сыщокIуэд.
Пкъо уэздыгъэм иутхыпщI нэху мащIэм
Еукъуэдиижыр уи уэрэд.

Уэшхым IэплIэ защIэу зызошэкIыр,
ТкIуэпсхэри си лъэгу щызогъэджэгу.
Мы уэрамыр уэшхым къозэвэкIыр,
КъыщызэпырыкIкIэ уафэ гъуэгу.

Уэ, зэман, зыщIыпIи умыпIащIэ,
Мы уэшх хуабэр си плIэм тумылъэф.
Мы уэрамым сыдэтащ игъащIэм,
ЖэщкIэ сыщеIубу хьэуа IэфI.

Мы уэрамым умылъыхъуэ и кIэм,
Уэшхыр си гум щызу сытегъэт.
Пкъо уэздыгъэм хэкIэзызэр уи цIэрщ,
Уэшхым щыкIэрахъуэр уи сурэтщ.
*22.03.2020*



* * *

Къызэщыури, уэсэпс еIубауэ,
ЩIыуэпсым зеукъуэдий.
Нэхущ жейбащхъуэм пшэплъым хуищI бахэр
Ещтэжыр дыгъэ лъэдийм.

Зеукъэбзыпэри, хуиту мэбауэ,
Жьыбгъэр щоджэгу и джийм.
Къэрабэ хужьхэр жьым къищыпауэ,
Уэгу къэхъуэпсам хуеший.

Мес, псыIэрышэр бгышхуэм йопсалъэ,
ГуфIэурэ йошкIурэх.
Вагъуэхэм уэгум щызэрат пIалъэм
Уащхъуэр щоумэзэх.
*14.04.2020*

* * *

Щогъагъэ хадэм мэжджытжыг,
Гухэлъыр щыму зэпэтIыгъщ.
Гъатхэкуращ насып лэгъунэр,
Из сощIыр си Iум гъатхэм и мэр.
Жыг хадэм гъатхэр йодэхащIэ,
БэуэкIэ щIылъэм ирегъащIэ.
Псынэпсым къыхэIукI макъ псыгъуэр
Дунейм аргуэру и щIэщыгъуэщ.
Щогъагъэ си гум мэжджытжыг,
Зы гъатхэ тIуми зэпэтIыгъщ.
Мо уафэ къабзэу гухэлъ гъуджэм
Ди вагъуэу дапщэ къыщыуджрэ!
Мы гъатхэм ешэкIащ удыгъэ,
Хьэуам ди плъэгъуэхэр хиIыгъэу.
Сэ гъатхэм Iурыслъхьащ уи макъ,
НыпкIэлъыжысIэу «зыхуэсакъ».



* * *

Си гупсысэр пкъырымызэгъэжу,
МэкIэрахъуэ, мэджэрэз дунейр.
Си Iэр бутIыпщыжмэ, ущIегъуэжу,
УтепшэхъукIынущ щIы хъурейм.

Уафэм си гукъанэу дэспхъеяхэр
Уафэгъуагъуэу, щыблэу къызэгуоч.
Пшэ гуэрэным уэшхыу къыпхитхъахэр
УмыгъэудэIужмэ, ягъэ йокI.

Си гупсысэм игъэундэрэщхъуауэ,
ЩIылъэм зимыщIэжу пыхьэ-пыкIщ.
Си жэуапыр жэщым хэIуэщхъуауэ,
Уафэм вагъуэ мин щоункIыфIыкI.

Уи гъунапкъэм бжыхь къебгъэувэкIахэм
Салъэцырхъмэ, мэкъутэж дунейр!
Си уэлбанэм утеплъэкъукIакъэ,
НыплъэщIыхьэжынущ ар тIэуней.
*4.05.2020*

## ГУЩЭКЪУ

Зэгуэр, гъатхэкуу, тхурабзат гущэкъу,
Дыкъытемыхьэ щIыкIэ мы дунейм.
Пщэдджыжьу дыгъэр къиплъэри ди нэIу,
Ди Iэгум трипхъат лэдэх щыкъуей...

Сэ гъатхэ къэс си Iэгур соIуэтыж,
Пщэдджыжь къэсыхуи дыгъэ тызогъапсэ.
Уи Iэгу лэдэххэм ещхь сымыгъуэтыж,
ГущапIэм къыхэсхауэ, лэдэх кIапсэ...

Аргуэру гъатхэщ. Гъатхэ укIытэхщ.
НысащIэ джанэщ щIылъэм зыщитIагъэр.
Нэхущым гъатхэ дыгъэм сыIуплъэху,
Уи псалъэ жылэ си гум къыщогъагъэ.
*5.05.2020*

* * *

Къуажэр хьэ банэ макъым
Iуэщхъуурэ щIожеикI.
Мы си гупсысэ къакIуэр
Жэщым къыхокIиикI.

Мы си гупсысэ къакIуэм
Уи цIэр изоудэкI.
Жэщым сIэта и кIапэм
ГъащIэ къеублэрэкI.

ПщIыхьым къыхэхуа псалъэр
Жэщым и куэщIым илъщ.
Уафэм къыщыщIэзгъалъэ
Вагъуэхэр щIыIэмылщ.

Жэщым и щIыфэ щIыхум
КъыщытрищIэм нэху,
Си гум ущыIурехри,
Уи нэм сыщIэмыплъэф.
*7.05.2020*

* * *

Уи бгъафэм, лъахэ, сыщIэгъапщкIуэ,
КъыщысхуэщIыIэкIэ дунейр.
Си жэщыр щIэщхъукIэ къыумыгъаскIэ,
Арщ, си лъахэ, сызыхуейр…
Къысщхьэщыувэ къуршу, бгыжьу,
Псыкъелъэу къыстещащэ зэм.
Уи тафэр си гум щыубгъужи,
КъыхэзгъэщIыкI сурэтхэр пшэм.
Илъэсхэм Iуащхьэу заупэпцIыр,
Си лъахэ, узошалIэ псэр,
Си щхьэцыр тхъуарэ, сэ сылъапцIэу,
КъезбжэкIыу уи лъэс лъагъуэу сщIэр.
Уи щIыфэр мэзмэ, сыныхохьэ,
Уи псыжьхэр нэпсмэ, сырахьэх.
Уи бгыжьхэм я щхьэщыгуи сохьэ,
Сыкъемыхыжу, сыкъохуэх.
ИтIани, жьыбгъэкIэ сыпхъуати,
Лажьэншэу, лъэгум сынехьэх.
УзгъэфIэжыну сыкъэплъхуати…
Уэ узогъафIэ, сыджэлэху.
Уи бгъафэм, лъахэ, сыщIэгъапщкIуэ,
Уэ къыздэпхъумэурэ си щэху.
Уэ къыппощэщыр вагъуэр, хъуаскIэу,
ПщIыхь гъуэгукIэ уафэм сынихьэху.
*16.05.2020*

* * *

Псалъэу щыIэр щIэкIуэдэжт уи нитIым,
Макъыу щыIэр зэщIэувыIыкIт.
Щыбэуэжт дунейр уи нитIым хуиту,
Щыкъабзэжти, уэщIым зэпырыкIт.

СыIурихырт, уи нэ кугъуэм ситу,
СыIурихти, мы дунейм зихъуэжт.
КъызэупщIыжынутэкъым нитIыр,
Сэ си пэжыр щIылъэми щыпэжт.

Си илъэсхэм сызэпырыкӀыжти,
Уи нэхэм мы си гур щӀэспӀыкӀыжт.
Уэ гъуэгуанэ жыжьэр уигу къэкӀыжти,
НапӀэм сыщӀэбгъапщкӀуэу, уӀукӀыжт.
*30.05.2020*

* * *

Уи псэм сытехутэ псалъэ гугъэфӀэжкӀэ,
ГъащӀэм ику сыносри… сыкъоувыӀэж.
Си гум, щхьэл мывэжьурэ, мы дунейр щихьэжкӀэ,
КъыхищыпыкӀыжыр уэ къызэпта пэжщ.
Жэщ мыжейр къощӀытэ, пщӀыхь емыдэӀуэжу,
Нытызогъэзэжри, укъызолъыхъуэж.
Жэщыр мэукӀытэ, пщӀыхьым тхьэ хуиӀуэжурэ,
ГъащӀэм ику сыносри… Къэхъуа псор мыпэж.
Уи псэм сытехутэ, гъуэгу сытемыхуэжми,
Мы сигу уэгурытыр уигу къыщегъэуэж.
Вагъуэ-щӀыӀу къищэщхэр уафэм изыдэжу
Си жэщ пыхьэ-пыкӀыр къэгъэувыӀэж.
*3.06.2020*



## УЭШХ ЛЪЭУЖЬ

Сэ сынырокӀуэжыр уэшх лъэужьым,
Уафэм зэпырыздзу лэгъупыкъу.
ЩӀылъэр гъэмахуэпэм къыщоушыр,
Удзыр щыуфафэу и гущӀыӀу.
Сэ сыныӀуотӀысхьэ гъэмахуэпэм,
Къыпхуизгъахъуэу псынэпс щӀыӀэмыл.
Къытеуви къаплъэ гухэлъ бжьэпэм,
Псынэпс щӀыфэр дыгъэм егъэкӀыл.
Уэ си гъэмахуэпэм упэжыжьэщ,
Пхуэзубгъуами удз гъэгъа щыкӀ гъуэгу.
Уэ укъытоувэ уэшх лъэужьми,
Лэгъупыкъур къыболъхьэж си Ӏэгу.
*5.06.2020*

* * *

Чыщбалъкъ къыдоIукIыж си сабиигъуэр,
Бгы нэпкъым къыщычэжу дыхьэшх макъ.
Бзий пщтырым ириджэгут гъэмахуэ дыгъэр,
Псыр щыпIейтейт Iуфитым я зэхуаку.

Зэдэжэу дыдэкIуейрти бгым и щыгум,
Ди IэплIэ идгъэхутэрт къуажэ псор.
Щынэхурт Къармэхьэблэ махуэм и кум,
Гъэмахуэм щыгуфIыкIырт, джэгурт, псэут.

Аргуэру Iузощ Iэж ди зыгъэпскIыпIэр,
Псыпыхухэр си Iэпкълъэпкъым къоIусэж.
Бгым ущхьэдэхмэ, зыщеубгъури хъупIэм,
Iэщ хъушэри аргуэру къоуэсэж.

Бгы лъапэм щыбэгъуауэ щIымэракIуэр,
Тхьэмпабгъуэм къыщIагъэплъырт я нэ плъыжь.
Бгы нэпкъ дыщырихьэлIэмэ бжэн лъакъуэ,
Диувэрти, дрикIуэрт и лъэужь.

Жьы мащIэр хьэуа хуабэм зэм арижэрт,
Абы телъэтыкIыжт хьэндрабгъуэ хужь.
Гъэмахуэм и уэрэдыр бзум къыджиIэрт,
Бзум и бзэм сабий макъкIэ зыпэтщIыжт.
*10.06.2020*

* * *

Мы илъэсхэр къыщочэ си бгъэчым,
НыпкIэлъысхьурэ уэ си тхьэлъэIу.
Си гупсысэу жэщ кIыхьым ишэчыр
ЩоуцIыплъыр нэхущым и нэIу.
Хьэуа дэпым соIубри, сомэхыр,
Мы дунейм сыщыщыну сощхьэх.
ГукъэкIыжхэр сигу лъащIэм къохуэхыр,
Си жэщ-махуэр йопхъуэж дуней щхьэхь.
Си тхьэлъэIур къызонэ уи ужьым,
Хьэуа пщтырым къыхонэ уи щэху.

Си Iур гуащIэ къещIыж балий плъыжьым,
Дыгъэр къащтэурэ, бзий къыIэпоху.
*23.06.2020*

* * *

СфIэщIати кIэншэ мы жэщыр,
Пшэплъ пщтырым хесхьэж и кIапэр.
Мы си гум нэхуу щыбгъэщыр
Пщэдджыжьым плъыжьу ехуапэ.

Сэ уи цIэр хэсIыгъэщ пшэплъым,
Жэщ къэскIи иджы сыкъалъху.
Уэсэпсым мы си псэр хэлъу,
КъысщIэту лIыхъужьхэм ялъ.

Дунейри хьэуам хожабзэ,
Си макъри жьым сIэщIепхъуэт.
Пщэдджыжьым и хьэуа къабзэм
Уи нитIыр бэуэгъуэу хэтщ.
*25.06.2020*

* * *

Си щыуагъэм хесхьэжри си гур,
Дэпым сепщэурэ, зэщIостыж.
СыдэкIуеймэ гупсысэ щыгум,
Сахуэ фIыцIэ щIызогъэпщыж.

Сыту куэд илъэгъуа мы щIыгум,
ИутIыпщхэм якIэлъыплъыжу!
Сэ сокIуадэ мы гъащIэм и кум,
Си гуи си бгъэм щымыузыжу.

МэкIэрахъуэри махуэр, жэщыр,
ЩIылъэр си лъэм щIоджэрэзыкI.
Мы си гъуэгур уи гъуэгум хэщIу,
Жэщым мазэр щоункIыфIыкI.
*30.06.2020*

* * *

Сэ щIылъэм къуэпс пщыкIутIкIэ сыхокIэж,
Сыджалэурэ, щIыгулъым сесэжауэ.
Си псалъэхэр си пащхьэм къыщочэж,
Си макъым зырызыххэу епцIыжауэ.
Уи гъуэгум дунеӣ гуэрым сыщоплъыж,
Куэд щIауэ нэщIрэ, пэжым щыужауэ.
Сэ тыншу уи IэмыщIэм сощэщыж,
Уи деж къутахуэ защIэ сыщыхъуауэ.
Сощэщри, щIылъэм хуиту сытохуэж,
Аргуэру гъащIэ гуэр къыщысIущэщу.
Сэ щIылъэм къуэпс пщыкIутIкIэ сыхокIэж,
Иджы укъызогъанэри IэнэщIу.
*7.06.2020*

## СУРЭТ



Зэгуэр къэзгъуэтыжауэ уи сурэтыр,
Сигу мафIэм жэщ къэсыху пэрызодзэж.
ЩIэщыгъуэ къызжимыIэ блын сыхьэтым,
Къылъысыр екIу, аргуэру къыщIедзэж.

Жьы мащIэр си щхьэцыгъуэм къопэщэщыр,
Жэщ ныкъуэм ныпхуихьыну си хъыбар.
Илъэсу пызбжыкIар си Iэгу йощэщыр,
Къеуэжу си гум жыдмыIауэ хъуар.

Жэщ куэщIым хьэуа щIыIэ сыщоIубыр,
Вагъуэбэм си гупсысэр изогъэщI.
ЩIалэгъуэр ежьэжауэ сехь зыщIыпIэ,
Гухэлъыр щыпсэуауэ зы пэш нэщI.
*1.08.2020*

## ПЦIЫЩ

ПцIыщ. ГъащIэ ныкъуэр пцIыщ.
Къыщежьар мо си гъуэгур сщIэжкъым.
Сыпсэуауи сылIэнуи щIы,
КIакхъур щIэпчри — сыщыIэжкъым.

Сыщы Iэжкъым уи дежи, щIы гъуни,
Укъызэплъурэ, сохъу нэкъыфIэщI.
Си кIэ гуэрым къихуа щIыIу нэгъунэ
ЗэщIэскъуэжу сыпIэщIощэщ.
Уэ уосэж, уэ уосэж нэкъыфIэщIым,
Махуэ къэскIэ хущIэпчу зы кIакхъу.
Пщэдджыжь къэс ухохуэж махуэ нэщIым,
Зэхэпх хуэдэурэ си псалъэмакъ.
*6.08.2020*

* * *

Щыуагъэ щащIэр хокIэзызэ жэщым,
КъызиудэкIыу бжезмыIауэ хъуар.
Щхьэхынэу жеIэ си цIэри нэгъуэщIым,
КъыхигъэщтыкIыу сигу бэлэрыгъар.
Сэ сыкъытонэ гъуэгуу сызытехьэм,
Си ныкъуэжыIэу псалъэхэм сопхъуэж.
Мы гъэмахуэкIэм бжьыхьэ къыщысщохьэ,
Мы гъэмахуэкIэм сэ езыр сехъуэж.
Къыхэсчыжыну си гум уи цIэр, соIэ,
Илъэсу кIуам тхьэ нэпцI ятызоIуэж.
ИтIани, си гур нысIэщIокIри нокIуэ,
Илъэсу зэздэкIахэм сахохуэж.
Гухэлъым гукъанэщIу соупщIыжыр,
ХэсIыгъэу уи цIэр IукIэ пщэдджыжь пшэплъ.
ГукъэкIыж гъэрхэр сигу изопIыкIыжыр,
Си гъащIэр къытенауэ гъуэгущхьибл.
*13.08.2020*

* * *

Мы бжьыхьэм зызэхуишэурэ,
КъыIэпощэщыр тхьэмпэ.
ТкIуэпс щIыIэхэм укъищурэ,
ЩIым уэшхыр къытоIэбэ.

Ди псалъэр ныкъуэжыIэурэ,
Дытести бжьыхьэ кIапэм,
Си IитIыр, мылу, щIыIэми,
Дыпэплъэу бжьыхьэ пшапэм…

Жыг хадэм нэзгъэзэжурэ,
СоIубыр хьэуа щIыIэ.
Мы бжьыхьэм сыщызэшми,
Уи нитIыр дэнэ щыIэ?!
*29.08.2020*

* * *

Мы сигу щIыIэм ущысфIопIыщIэ,
Мы сигу щIыIэм ущыIурех.
Жэщ щIыхуу, уафэм нэкIэ сыIущIэм,
Вагъуэ дияхэр абы Iэпоху.
Жэщыр си нэгум щIызоубыдэ,
Сэ си нэбжьыцым сытхъу къыпощэщ.
Мы сигу щIыIэм и гъадэщIыдэм
Уэ укъыщожьэри, сэ сыщокIуэщI.

* * *



Уи нитIым сыщIокIуадэри собзэх,
Усэпкъыу фIэкI, нэгъуэщIу сыщыIэжкъым.
ЩIымахуэ шылэм уи нэхэр псэхэх,
Жэнэтым лъапэпцIийуэ срашэжу?!

НэгъуэщIу сыпсэунути, сощхьэх,
Си джийм хьэуа Iубыгъуи схуемыгъэхыу.
Уи напIэр Iэти, уи гум сегъэхуэх,
Жэщ къэскIэ хуабэу сыщыIуребгъэхыу.

Уи напIэр Iэти, уи гум сегъэхуэх,
Гукъуэпсхэм саубыдрэ сахэкIэжу.
Сэ уи щымыкIэр, пщIэрэ, си фIэщ мэхъу,
Сэ уи щымыкIэм псэкIэ сыщопэжыр.

Уэ уи щымыкIэм сэри сыхохьэж,
Уигу пцIанэм си тхьэлъэIур есшэкIауэ.
Уи нитIым мы си гъащIэм сыщоплъыж,
Нэ кугъуэм си псэр IэфIу щыхэкIауэ.

# БИЦУ АНАТОЛЭ И УСЫГЪЭР: ЗЫТЕУХУАМРЭ ЗЭРЫУХУАМРЭ



Иужьрей лъэхъэнэм «Сыт литературэр зэрытщIынур? ЩIэттхынур? ЩIэдджынур?..» жаIэу куэдрэ зэхыбох. Апхуэдэ упщIэхэм жэуап иумытыжми хъунущ, сыту жыпIэмэ литературэм, щэнхабзэм, бзэм зегъэужьыным и мыхьэнэр зыхэзымыщIэм, а гупсысэхэм пасэу щIамыпIыкIам къыгурыбгъэIуэфын щIагъуэ щыIэкъым. ИтIани псоми ящIэну щхьэпэт литературэр дунейр зэтезыIыгъэ, я нэхъ мащIэрауи, лъэпкъыр къэзыхъумэ лъапIагъэхэм зэращыщыр. Бзэр зыгъэлажьэмрэ абы и зыужьыпIэмрэ литературэрщ, апхуэдэу щыщыткIэ, ар щымыIэмэ, бзэри зэрыкIуэдыжынум шэч хэлъкъым. Бзэр зыфIэкIуэда лъэпкъым къэкIуэну зэримыIэри щыхьэт лей хуэныкъуэкъым. И лъэпкъыр щымыIэжрэ и бзэри щыгъупщэжамэ, цIыхур, КIыщокъуэм зэритхыгъауэ, «абгъуэншэ бзууэ» губгъуэм къонэ... Зэрынэрылъагъущи, псори зэпыщIащ. Литературэр дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм гуэхыпIэ имыIэу епхащ, ар езым зыхищIэ е зыхимыщIэ емылъытауэ.



Адыгэ литературэм и тхыдэм лъэхъэнэ зыбжанэ къыхагъэщхьэхукI: зэхэублапIэр (XX лIэщIыгъуэм и 20 – 30 гъэхэр), зауэ зэманыр (1945 – 1956 гъгъ., 1960 гъэхэм къэсыху щыхрагъэубыди урохьэлIэ), XX лIэщIыгъуэм и 60 – 80 гъэхэр, совет нэужь лъэхъэнэр (1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ нобэ къэсыху). Нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьар блэкIа лIэщIыгъуэм и 60–80 гъэхэрщ. А пIалъэм къриубыдэу адыгэ (къэбэрдей, шэрджэс, адыгей) литературэм усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэм я творчествэр къыщызэщIэрыуауэ щытащ: Гъубжокъуэ Л., Тхьэгъэзит З., Цеикъуэ Ю., Хьэнфэн А., Нало А., Мамий Е., Дудар Хь., Бещтокъуэ Хь., Бемырзэ М., IутIыж Б., Къуиикъуэ Н., Уэрэзей А., Нэхущ М., Дыгъужь Къу., Ацкъан Р., Мыкъуэжь А., н. Мы гупым ящыщщ ноби лъэпкъым жыджэру хуэлажьэ усакIуэ Бицу Анатолэ.

* * *

Бицу Анатолэ Мурат и къуэр 1946 гъэм июлым и 26-м Советскэ (иджы Шэрэдж) районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. 1963 гъэм курыт еджапIэр къиуха нэужь, Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм илъэситIкIэ щеджащ. ИужькIэ Горький А.М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щIэтIысхьэри, 1971 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. А гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс куэдкIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къулыкъу зэхуэмыдэхэр щрихьэкIащ. И IэнатIэм псэемыблэжу зэрыпэрытыр къалъытэри, Урысейм

ПечатымкIэ и къэрал комитетым и дипломыр, «Печатым и лэжьакIуэ нэхъыфI» дамыгъэр къыхуагъэфэщащ.

1974 гъэ лъандэрэ Бицур Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэтщ, 1977 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэува комсомол саугъэтым и лауреат хъуащ. Апхуэдэуи «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» (1997), «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ» (2015) цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

Бицу Анатолэ и тхыгъэхэр блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я пэщIэдзэхэм дунейм къытехьэу хуежьащ. 1968 гъэм и усэ зыбжанэ Москва къыщыдэкI «Дружба народов» журналым къытехуащ. Абы и пэублэ псалъэм КIыщокъуэ Алим щитхыгъат: «Бицум и усэхэм фIагъыу яхэлъщ ахэр къуэпсыбэкIэ лъахэм зэрапыщIар, апхуэдэуи усакIуэм акъыл жанкIэ и лъэхъэнэгъухэм я гурылъ-гупсысэхэр къипхъуатэурэ, гурыщIэ инкIэ зэщIиузэдэжурэ, щIэджыкIакIуэхэм гурыхьу зэрабгъэдилъхьэжыфыр».

Бицу А. «ГуфIапщIэ» зыфIища и япэ усэ тхылъыр 1969 гъэм дунейм къытехьащ. АдэкIэ, 70 гъэхэм къыщыщIэдзауэ, абы и IэдакъэщIэкIхэр Налшыки Москваи къыщыдэкIащ, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуащ, хамэ лъэпкъыбзэхэмкIэ зэрадзэкIащ, езыми нэгъуэщI лъэпкъхэм я усыгъэхэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къригъэзэгъащ. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, анэдэлъхубзэкIи урысыбзэкIи тхылъ щхьэхуэу пщIы бжыгъэхэр дунейм къытехьащ: «Зы дакъикъэ» (1971), «Стремление» (1973), «Фэеплъ» (1975), «Псалъэ быдэ» (1977), «Человек и небо» (1979), «Гуэл щхъуантIэ» (1981), «Сквозь сердце» (1983), «Мотив» (1984), «От весны до весны» (1986), «Усыгъэхэр» (1997), «Позывные жизни» (2000), «Псэм и дуней» (2003), «КIуэцIрыкIыбжэ» (2008), «Къосыр уэс...» (2016). УсакIуэм зэридзэкIахэр зэрыт «Балъкъэр пшыналъэ» тхылъыр 1987 гъэм Налшык къыщыдэкIащ.



Бицу Анатолэ жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ, и усыгъэр темэ куэду зэтопщIыкI, ауэ сыт хуэдэ тхыгъэ къимыгъэщIми, ар лъэпкъымрэ хэкумрэ я тхыдэм, нобэрей гъащIэм къуэпс быдэкIэ пыщIащ.

УсакIуэм и творчествэм щIыпIэ ин щеубыд зауэм теухуа лирикэм. Дызэрыщыгъуазэщи, 1941 – 1945 гъэхэм дуней псор бэлыхь мыухыж хэзыдза Хэку зауэшхуэм и лъэужьыр игъащIэкIи хэмыгъуэщэжыну цIыху куэдым я гъащIэм къыхэнащ. Ар зэриухрэ илъэс 77-рэ дэкIыжами, зауэм ижь зыщIимыхуа, абы и гуауэр и щхьэкIэ, и бынкIэ, къэзылъхуакIэ е къыдалъхуакIэ зымыгъэунэхуа зы цIыху закъуи ди къэралым иису къыщIэкIынкъым. Апхуэдэщ абы и фэбжьыр зылъыса е зи сабиигъуэр зауэ нэужь зэман гугъум хиубыда усакIуэ, тхакIуэхэри, абыхэм ящыщу зауэм хэтыну къызыхуимыхуа, ауэ а мафIаем къихьа насыпыншагъэхэр псэкIэ зыхэзыщIэу зи тхыгъэхэм къыщызыгъэлъэгъуэжахэри.

Ди къэралым бийр къыщытеуа япэ махуэхэм щегъэжьауэ къэбэрдей усакIуэхэм, тхакIуэхэм, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм ящыщ Iэджэ Хэкум и щIыхьымрэ щхьэхуитыныгъэмрэ яхъумэжыну зауэ IэнатIэм Iухьауэ щытащ. Абыхэм яхэтащ ЩоджэнцIыкIу А., КIыщокъуэ А., КIуащ Б., ЩоджэнцIыкIу I., Шортэн А., Къардэн Б., Нало А., КъардэнгъущI З., Гъубж М., Тубай М., Тау Б., Шэру Н., ТIажь

Ш., Къэжэр И. сымэ, н. Зауэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэм къыдэкIуэу, зи цIэ къитIуахэм я къалэмыр фIым, текIуэныгъэм ехьэлIа гупсысэхэмрэ къыхуеджэныгъэхэмрэ хуагъэлажьэкIэрэ, Хэкур хъумэжын Iуэхум я гуащIэ тIуащIэ халъхьащ. Абыхэм ди къэралым и лъэпкъыбэ зэкъуэтым и текIуэныгъэкIэ иуха Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIащ.

КъищынэмыщIауи, зауэм ехьэлIа лирикэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ ар зи щхьэкIэ зымыгъэунэхуа, ауэ абы кърикIуахэр къэгъэлъэгъуэжын, лIыхъужьхэр гъэлъэпIэн, хэкур фIыуэ лъагъун икIи хъумэн мотивхэр зи тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуа усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ: Теунэ Хь., Щомахуэ А., ХьэхъупащIэ А., Къашыргъэ Хь., ЩоджэнцIыкIу Н., ХьэхъупащIэ Хь., Нало З., н. НыбжькIэ абыхэм я лъэмбым къиувахэри зауэм теухуа темэр нэсу, зыубгъуауэ къызэкIуэцIыхыным, мамырыгъэр, цIыхугъэр, зэныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр гъэбыдэным хущIэкъуащ, нобэкIи а Iуэхум псэемыблэжу толажьэ. Апхуэдэщ зи сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум хиубыда Бицу Анатолэ.

Хэку зауэшхуэ екIуэкIам Бицур зэрыщыгъуазэр нэхъыжьхэм къаIуэтэжа хъыбархэмрэ зэджа тхыгъэхэмкIэщ, ауэ зауэм и бэлыхьхэмрэ мамырыгъэм и лъапIагъымрэ усакIуэм псэкIэ зыхищIащ, ахэр и тегъэщIапIэуи тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ: «Ди хадэр къуалэбзухэм къыдоуш...», «Сэлэт», «Зауэ», «Нэф», «Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат...», «Абыхэм ящIэрт я псэр щIатыр...», «Сурэт», «Анэм и гур», «Зауэ нэужь», «И махуэт ТекIуэныгъэм – майм и бгъут...», «Ялъэгъуат тIэкIу ефауэ дыгъуасэ...», «Гъунэгъу фыз», «Фызабэм и псалъэ», «Си къуэш» усэхэмрэ «Фэеплъ», «Псалъэ быдэ» поэмэхэмрэ. Мыхэр зэзышалIэу зы щхьэхуэныгъэ яхыболъагъуэ – зауэм и удын зылъэIэсахэм я щхьэ кърикIуахэр къыщыIуэтэжа сюжет пыухыкIа яIэщ.



«Си къуэш» (1968) усэм деж зауэм зы унагъуэм, нэхъ пэжу жыпIэмэ, зэкъуэшитIым къахуихьа насыпыншагъэр къыщыгъэлъэгъуэжащ. Абыхэм я нэхъыжьыр ныбжькIэ щIалэ дыдэу шэ къэуэжым къигъащтэри, дэгу-бзагуэ хъуащ. Ауэ а къэхъугъэм и мыгъуагъэр зыгъэвыр шынэхъыжьым и закъуэкъым, атIэ шынэхъыщIэми и гур хощI – анэкъилъхур никъуэдыкъуэ зэрыхъуамкIэ и щхьэ къуаншагъэ хуехьыж, и зэран лъэпкъ абы хэмылъми.

Философие гупсысэ куурэ психологие лъэщкIэ псыхьащ «Сурэт» (1967) усэри. Абы и сюжетыр, зэ еплъыгъуэкIэ, къызэрыгуэкIыу къыпфIэщIынущ: зауэ гущIэгъуншэм анэ куэд бынкIэ игъэгуIащ. Апхуэдэхэм языхэзщ а мафIэ лыгъейм хэкIуэда къуэм къыщIэна сурэт закъуэр зи гурыфIыгъуэу усэм къыхэщыж анэри: «а сурэтыр нанэм хуехь и Iупэм, и нэм», «и псэм химыхынур щIекъузэ и бгъэгу», «аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщIэкIами», «аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкIуэтам». Сурэт псэншэмрэ анэмрэ я зэхуаку дэлъ гурыгъухэр усакIуэм «фэбжькIэ гъэнщIа» иджырей дунейм и нэщэнэу къегъэлъагъуэ: *«Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым – / Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ».*

Хэку зауэшхуэр къызыхэщыж тхыгъэ куэдым къащхьэщыкIыу, Бицу Анатолэ и лирикэм зы щхьэхуэныгъэм, бгъэдыхьэкIэ

щIэщыгъуэм ущрохьэлIэ: зауэм къиша гузэвэгъуэм усакIуэр цIыху зэхуэмыдэхэм я нэкIэ хоплъэ. Зи гугъу тщIыр ищхьэкIэ къэтхьа уситIым деж зи шынэхъыжьыр зауэм никъуэдыкъуэ ищIа щIалэмрэ зи быныр зыгъеиж анэмрэ я образхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ. «Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат...» (1967) усэм къыхэщ персонаж нэхъыщхьэри абыхэм зыкъомкIэ яподжэж. А образым нэIуасэ дыщыхуищIкIэ япэ сатырхэм деж усакIуэм щетх: *«КъикIыжат ар зауэм никъуэдыкъуэу – / Абы и щхъэм игъуэтат сэкъат»*. Ауэ а фэбжьымкIэ зэфIэкIакъым лIыжьым зауэм къыхуихьа насыпыншагъэр: абы «и къуэ закъуэри Iихат». Апхуэдэ гуауэшхуэр зи натIэ хъуам игъэвахэр Бицум гущIыхьэу икIи художественнэ Iэзагъ ин хэлъу къигъэлъэгъуэжащ: «*... Арат дадэм, и щхъэм къищхъэрыуэу, / КъыщIикIухьыр унащхъэчэзууэ / Къуажэр, лъаIуэу: / «Си къуэр къызэфтыж», / «Итт ар куэдрэ кIуэрти ди къуажэкхъэм, / Къыщилъыхъуэу ар сынхэм я къуагъ...»*. Усэм и сюжетым зиужьыхукIэ и психологие лъэщагъми хохъуэ, кIэух сатырхэм деж щыщIохуабжьэ:

*... Ехыжащ дунейм ар и гур никъуэу.*  
*Сэ а лIыжьым нобэми сопщIыхь:*  
*ЩIы щIагъ кIыфIым къыщилъыхъуэу и къуэр*  
*СфIощI иджыри хэту ар бэлыхь.*



«Нэф» (1967) усэм дежи зауэм и мыгъуагъэхэр гъэщIэгъуэну, куууэ икIи щIэщыгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ. Мыбы и лирикэ лIыхъужьым зауэм фэбжь хихащ – и нитIыр нэфу къигъэзэжащ. «Нэфу а зауэм сэлэт къикIыжам» къытепсыха кIыфIыгъэ мыухыжымрэ, «бийр езым зэщIищIа мафIэм хисхьэжу, щIэрыщIэу ди щIым дыгъэ къипсэжамрэ» усэм щызэпэщIоувэ икIи абыхэм я зэхуаку къыдокI иужьрей сатырхэм дызыщрихьэлIэ зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэныр:

*Уо, сыту гуфIэу*  
*Iуплъэжынт ар нобэ*  
*Зэгуэр мафIэсым*  
*Щихъума дунейм!*  
*... КъекIухьыр нэфым*  
*БашкIэ Iэбэрабэу,*  
*ФIэкIуэда нитIыр*  
*Къилъыхъуэж нэхъей.*

«Зауэм и кIэр хьэдагъэщ» щIыжаIэр «Ди хадэр къуалэбзухэм къыдоуш...» (1965) усэми IупщIу къыхощ. Абы и пэщIэдзэ сатырхэм гъатхэ пщэдджыжьым и теплъэр, хадэм къыщыIу бзухэм я пшынэбзэ дахэр, дунейм и щIэрэщIэгъуэр бзэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ. Усэм и лирикэ лIыхъужьыр хадэм здилэжьыхьым, и гур лъэмыкIыу фIобзэрабзэ, бзухэм ядежьууэ игукIэ уэрэд къреш. ГъащIэр къэувыIакъым... Дыгъэр къопс, псыр йожэх, уэшх къошх, жыгхэр мэгъагъэ, ауэ а псори зыхэзымыщIэ щыIэщ – гъунэгъу фызабэр гухэщIышхуэм ехь, «щIозэшыхь и унэ цIыкIу лъэбышэм». Абы гу лъызыта лирикэ лIыхъужьым фызабэр фIэпсэкIуэдщ, и гуауэр псэкIэ

дегъэв, ар илъагъухукIи игукIэ жеIэ: *«СфIэдийуэ си пкъыр занщIэу сохъур бзэнщэ, / Зауэ, уи фэбжьыр сэ щыслъагъум дей...»*.

МафIаем хэту хэкур зыхъумэжахэм, текIуэныгъэр лъыкIэ къэзызэуахэм я лIыгъэр Бицу А. «Абыхэм ящIэрт я псэр щIатыр...» (1974) зыфIища усэм щеIэт икIи щегъэлъапIэ. ЗауэлIхэм я хахуагъэм, бэшэчыгъэм, лъэпкъымрэ хэкумрэ хуалэжьа къалэнышхуэм я гугъу щищIкIэ усакIуэм етх: *«Абыхэм ящIэрт я псэр щIатыр, / Абыхэм я щхьэр ямыгъейт...»; «ЯщIами шэм кхъузанэ я бгъэр, / ПэщIэтхэт хъыжьэу бий ерум...»; «Тетахэу блыну бийм и гъуэгум, / КъэкIуэнум хуагъэжауэ ялъ...»*.

ИщхьэкIи наIуэ зэрыщыхъуащи, зауэм теухуауэ Бицу Анатолэ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм лъэпкъ усыгъэм щIыпIэ ин щаубыд, а Iуэхугъуэшхуэр къызэригъэлъэгъуэжа кууагъкIи, темэм зэрызригъэубгъуа мардэкIи зыпэбгъэув хъуну щыIэри, дэ дызэреплъымкIэ, КIыщокъуэ Алим и зауэ лирикэрщ.

Бицу А. и творчествэм зыужьыныгъэ нэхъ ин щызыгъуэтахэм ящыщщ лъагъуныгъэ, пейзаж лирикэ лIэужьыгъуэхэри. Языныкъуэхэм деж ахэр зы тхыгъэм и кIуэцIкIэ щызэхэухуэнауэ къокIуэ. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуащ «Къосыр уэс...» усэр. Ар, щIэджыкIакIуэхэм я мызакъуэу, уэрэдусхэми ягу дыхьащ икIи зэтемыхуэу макъамищ хуатхащ. Къардэн Хьэсэнрэ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ урысыбзэкIэ зэдзэкIа текстым макъамэ щIалъхьамэ, Жырыкъ Заур зыгъэусар анэдэлъхубзэ вариантырщ.

Усэм лъабжьэ хуэхъуар уэсым хуэдэу ткIужа гухэлъ жэуапыншэрщ. Абы щытепщэ образыр – уэсыр – лъагъуныгъэ къабзэм и фэеплъуи, лирикэ лIыхъужьым и гухэщIым и инагъыр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэуи, гъащIэр зэрыкIэншэм, блэкIам къэгъазэ зэримыIэм и щыхьэтуи къокIуэ. Иужьрей едзыгъуэм дыкъыщоджэ:

*Къосыр уэс...*
*Уэ си гум укъэкIауэ*
*Гурыгъу мафIэ щэхум*
*Си бгъэр ес.*
*Сэ уизгъэхужынут сигу*
*Куэд щIауэ,*
*Сэ уизгъэхужынут си гум,*
*Ауэ,*
*Къосыр уэс...*
*Къос пIащэу, щабэу уэс...*

Дызэрыщыгъуазэщи, лъагъуныгъэм фащэ куэд иIэщ: абы хеубыдэ цIыхухъумрэ бзылъхугъэмрэ я зэхуаку къыдэхъуэ гурыщIэ дахэри, адэ-анэмрэ бынымрэ я гухэлъ къабзэри, хэкур, укъызыхэкIа лъэпкъыр, гъащIэр, зэрыдунейуэ фIыуэ лъагъунри. УсакIуэ нэсым и гур сыт щыгъуи лъагъуныгъэм и хэщIапIэщ, аращ ар зыгъэусэри.

Бицу А. и усыгъэм ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа лъагъуныгъэ лIэужьыгъуэ псори щызэхэгъэшыпсыхьащ. Псом хуэмыдэжу анэм теухуа усэхэр усакIуэм къехъулIащ икIи адыгэ лирикэм и фIыпIэ хъуащ. Хэпхыни хэплъхьэни щымыIэу, и бзэкIи, образ ухуэкIэкIи

къызыхуэтыншэу гъэпсащ «Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ...» усэ цIэрыIуэр. Абы и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ сатырхэр:

*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Ухэтми дэпым –*
*Уэ зэщIэувыIыкI.*
*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Ажалу щытми къожьэр –*
*КъызэплъэкI.*

*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Сэр никъуэкъихмэ сампIэм –*
*Ар илъхъэж.*
*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Шэ бутIыпщар,*
*ЛъэщIыхьи, къэубыдыж...*

Апхуэдэ гурыщIэ къабзэхэмкIэ псыхьащ Бицу А. анэм хуиуса дэтхэнэ зы тхыгъэри: «Мамэ», «Телеграммэ», «Анэм и гур», н.

Бицу Анатолэ и творчествэм хэкупсэ мотивкIэ зэщIэузэда усэхэми (псом япэу къыхэгъэщыпхъэщ «Тырку щIыналъэ» циклым хыхьэхэр: «Истамбыл», «Хасэ», «КъэфакIуэ», «Кхъухь тедзапIэ», «Уэрам», «Мыл кIанэ», «Хэкум», «Мэшаллыхь», «Ежьэжыгъуэ», «Уэрэд», «Псалъэ закъуэт...»), философие гупсысэ куу зыщIэлъхэми («Сэ къэзгъэкIыркъым мэш...», «КIуэцIрыкIыбжэ», «ЩIичащ фоч кIакхъур...», «Хъунущ упсэу гу лъумытэу...», «ЩызэгурыIуэтэм цIыхухэр...», «Хуэчэмщ ди гъащIэр куэдым нобэ...», н.) щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд. Зэрынэрылъагъущи, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм лирикэ лIэужьыгъуэ псоми зыужьыныгъэ щагъуэтащ.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, Бицу А. жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ. Абы нэхъ гугъусыгъуурэ зызыужь балладэм и тхыдэм хуищIа хэлъхьэныгъэм гу лъытапхъэщ, ауэ ар къэтхутэн ипэ къихуэу, а жанрыр адыгэ литературэм зэрыщызэфIэувам, и зыужьыкIэ хъуам, и гъэпсыкIэ-ухуэкIэ хабзэхэм кIэщIу къытеувыIэн хуейщ.

Дэтхэнэ лъэпкъ литературэри здынэса лъагапIэхэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къызэрапщ пщалъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жанр и лъэныкъуэкIэ абы зэрызиужьар. Зы лIэщIыгъуэм къриубыдэу адыгэ литературэм жанр псори къигъэIэрыхуэн лъэкIащ, миниатюрэмрэ усэмрэ я деж къыщыщIэдзарэ жыпхъэ пIащэхэу повестымрэ романымрэ, апхуэдэуи нэхъ гугъу дыдэу зэхэлъ сонетымрэ сонет Iэрамэмрэ я деж щиухыжу. Абы щыгъуэми дэтхэнэ жанрми езым и зыужьыныгъэ гъэщIэгъуэн игъуэтащ. Роман къудейр къэтщтэнщи, нобэкIэ диIэщ абы и лIэужьыгъуэ куэд: усэу тха роман (ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ»), роман-миф (Бещтокъуэ Хь. и «Мывэ лъэхъэнэ»), лирикэу гъэпса роман-дневник (Бещтокъуэ Хь. и «Дыщэхурэ фIамыщIрэ»), роман-поэмэ (Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ»), роман-арабескэ (Бещтокъуэ Хь. и «МэзылIымрэ мацIэмрэ»), роман-дилогие, роман-трилогие (КIыщокъуэ А. и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ»; «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ»), роман-

тетралогие (Нало А. и «Нэхущ шу», Шортэн А. и «Бгырысхэр»), новеллэу зэхэт роман (Къуиикъуэ Н. и «Мыпсэужхэм я шагъыр»), тхыдэ роман (ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм я нэхъыбэр, апхуэдэуи Мэлбахъуэ Е. и «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», Адыгэ Т. и «Тибард и мэIуху», МэшбащIэ И. и «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпIэ», Адзын М. и «Си псэ нэщхъейм и Iуфэм»), н.ку. Романым хуэдэу, дэтхэнэ жанрри ди лъэпкъ литературэм щыкъуэпсыбэщ.

Адыгэ (къэбэрдей) усыгъэм лирикэри лиро-эпикэри зы лъэхъэнэм – XX лIэщIыгъуэм и 20 – 30 гъэхэм – къыщызэдэунэхуащ, зэгъусэуи къызэдэгъуэгурыкIуащ. Абы и щыхьэт наIуэщ ПащIэ Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я творчествэр. Усэхэм нэмыщI, абыхэм япэ поэмэхэри я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Иужьрейхэм (поэмэхэм) я фIыгъэкIэ лиро-эпикэм и зыужьыныгъэр ешэжьа хъуащ, ауэ абыхэм балладэр гуэгъу щахуэхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ. Япэ адыгэ (къэбэрдей) балладэр дунейм къыщытехьар нобэкIэ зэхэгъэкIыжыгъуейми, шэч зыхэмылъыр зыщ – жанрым пэублэ лъэбакъуэхэр ичын щыщIидзар Хэку зауэшхуэм иужь лъэхъэнэрщ.

XV лIэщIыгъуэм балладэм и ухуэкIэр хабзэ ткIийхэм тетащ. Ар рифмэ зэщхь зиIэ строфаищу зэхэлъын хуейт. Строфар сатырийуэ зэхэтынкIэ хъунут, апхуэдэм деж сатыр къэскIэ пычыгъуий хъурт, рифмэр *ababbcbc* ухуэкIэм тетыпхъэт. Строфар сатырипщIу щызэхэти къэхъурт, абы щыгъуэм сатырхэр пычыгъуипщI хъу хабзэт, рифмэр *ababbccdcd* ухуэкIэм тетт. ЦIыхухъу рифмэмрэ цIыхубз рифмэмрэ зэблэдзауэ, зыр адрейм ихъуэжу зэкIэлъыхьыпхъэт. Апхуэдэ гъэпсыкIэ фащэ иIэу балладэр япэ дыдэу франджы усакIуэ Вийон Франсуа и творчествэм щызэфIэуvауэ щытащ.



КъыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэхэм жанрым и ухуэкIэ хабзэхэр нэхъ къэтIэсхъащ икIи XX лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу нобэкIэ иIэ нэщэнэхэр зэтеува хъуащ. Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ теориемрэ зэрыщыубзыхуамкIэ, балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ усэу зэрыгъэпсар, сюжет зэриIэмрэ конфликт зэрыхэлъымрэ. Апхуэдэуи тхыгъэр драматизмкIэ гъэнщIа къэхъугъэ гуэркIэ, нэхъыбэрэ – лIыхъуэжь нэхъыщхьэм и лIэныгъэкIэ иухын хуейщ. Абы щыгъуэми лIыхъужьым и иужьрей гъуэгуанэр пщIэрэ щIыхькIэ гъэнщIауэ, абы и лIэныгъэм лIыгъэ хэлъу, гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэ щIэлъу, щапхъэгъэлъагъуэу щытыпхъэщ. КъищынэмыщIауэ, балладэм уэрэдымрэ макъамэмрэ я нэщэнэхэр е и купщIэкIэ, е и фащэкIэ (нэхъыбэрэ – етIуанэмкIэ) къыпкърыщыпхъэщ.

Къэдгъэлъэгъуахэр жанрым и хабзэ, нэщэнэ нэхъыщхьэхэр аркъудейщ, ауэ абыхэм нэмыщI, къэзыгъэщI лъэпкъ (лъэпкъ гупсысэкIэ), усакIуэ (щхьэзакъуэ дуней лъагъукIэ), къызэрагъэщI бзэм и зэхэлъыкIэ-ухуэкIэ, н. елъытакIэ балладэм щхьэхуэныгъэ зэхуэмыдэхэр иIэнкIэ хъунущ. Ахэр наIуэ щыхъур зы тхыгъэ хэха е зы усакIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ кууэ щызэпкърах, сюжетымрэ поэтикэмрэ къызэщIэкъуауэ щадж къэхутэныгъэ щхьэхуэхэрщ.

Иджырей балладэр, поэмэм хуэдэу, лиро-эпикэм и зы жанр лIэужьыгъуэщ. Ар поэмэм къызэрыщхьэщыкIыр абы нэхърэ «нэхъ цIыкIуу зэрыщытырщ», лирикэ уэрэдым къыщхьэщызыгъэкIыр – сюжет зэриIэрщ. Абы щыгъуэми балладэр сюжет зиIэ усэм хэгъэгъуэщэн

хуейкъым. Иджыри зэ къытедгъэзэжынщи, ар лиро-эпикэ жанрщ, абы и ухуэным ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа хабзэ псори, нэщэнэхэри щызэдэлэжьапхъэщ.

Адыгэ литературэм и деж балладэр щызэфIэувэ лъэхъэнэм абы тегъэщIапIэу тIу иIащ: япэр – балладэ ухуэкIэ зиIэу лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхэщыж уэрэд гупырщ, етIуанэр – урыс балладэм и щапхъэхэрщ. Ди лъэпкъ балладэм а тIум я нэщэнэхэри зыщIишащ, ауэ щыхъукIи езым и зыужьыныгъэ лъагъуэ хишыжащ.

Балладэ жанрым и зыужьыныгъэм зи гуащIэ ин езыхьэлIахэм ящыщщ Бицу Анатолэ. УсакIуэм «къэбэрдей поэзием хуищIа хэлъхьэныгъэр нэхъ щызу къэбгъэлъэгъуэн щхьэкIэ лиро-эпикэ жанрхэм я гугъу щIыпхъэщ», – етх щIэныгъэлI Гъут Iэдэм. Поэмэхэри хъарзынэу къехъулIами, Бицум и балладэхэр а жанрыр зэрыгъэлэжьэн хуейм и щапхъэ нэсщ. Ахэр илъэс зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьащ, иужькIэ, псори къызэщIэкъуэжауэ, 2016 гъэм къыдэкIа «Къосыр уэс» тхылъым хыхьащ. Апхуэдэхэщ: «Бгырысыр къызэралъхуар», «ЩIакIуэкIапэ», «Жамболэт», «НэхъыщIэ», «Лъагъуныгъэ», «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ». Адрейхэм я тхыгъэхэм къащхьэщызыгъэкIыу абыхэм зы щIэщыгъуагъ яхэлъщ – лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ я нэпкъыжьэ ятелъщ, бгырысым и дуней лъагъукIэкIэ, щыIэкIэ-псэукIэкIэ, жыпIэнурамэ, адыгэ хьэлкIэ псыхьахэщ. Щхьэтечауэ я гугъу дымыщIурэ дриплъэмэ, балладэ псоми адыгэ лIыгъэр, бэшэчыгъэр, ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэ екIур, цIыхугъэ лъагэр къапкърыщащ. Иджыри зы щхьэхуэныгъэм гу лъытапхъэщ: тхыгъэхэр романтизмэм и нэщэнэхэмрэ мотивхэмкIэ гъэнщIащ, абыхэм зи пIалъэ имыкIыж лъапIагъэхэр – напэр, щIыхьыр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр – щытепщэщ.

Бицум и балладэхэр я купщIэкIи фащэкIи апхуэдизкIэ зэгъэпэща-зэщIэузэдащи, языхэзми къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ; щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм къапкърыпхыныр куэдщ, тхылъеджэр дэзыхьэх сюжеткIи къулей защIэхэщ. Зи гугъу тщIыхэр нэрылъагъу хъун папщIэ, «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ» балладэм нэхъ кууэ дыхэплъэнщ.

Тхыгъэм хэлъ конфликтыр и фIэщыгъэм деж къыщожьэ: зэрыгурыIуэгъуэщи, хъунщIакIуэр – гурымыхь персонажу щыт хабзэщ, джэгуакIуэр – фIым и джакIуэщ, лъэпкъым и набдзэщ. А тIур зэрызэпэщIэувэр фIэщыгъэм къыбжеIэ, ауэ щIызэпэщIэувэ щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ щыхъур сюжетырщ.

Залымхъан «хъунщIакIуэ» цIэр теIукIами, ар захуагъэм и телъхьэщ, лIыгъэ зыхэлъщ, цIыху пэжщ. Апхуэдэ цIэр къыщIилэжьари, абрэджу ежьэжын хуей щIэхъуари мырат: лей зытехьа лIыщIэм къыщхьэщыжу къуажэпщым и лъапсэр игъэсри, абы мылъкуу къиугъуеяр лъэщыгъэкIэ къызытрихахэм яхуигуэшыжауэ щытат. Абы лъандэрэ ар мэз гуэрэнхэмрэ бгъуэнщIагъхэмрэ щопсэу, бейхэр къихъунщIэурэ я мылъкухэр тхьэмыщкIэхэм яхуегуэш. Залымхъан и образым романтизмэм и пкъыгъуэхэр хэлъщ: зэрыхахуэм, жыру псыхьа хьэлщэн зэтеубыда зэриIэм къыдэкIуэуи, IэпэIэсэщ – пхъэм сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къыхебзыкI, мывэм хьэпшыпхэр къыхеIущIыкI,

нэгъуэщIу жыпIэмэ и пхъашагъэм пэшачэ псэ къабзагъи дахагъи пкърылъщ.

Iыхьитхуу зэхэлъ балладэм и япэ Iыхьэр хъунщIакIуэм и образым теухуамэ, етIуанэм джэгуакIуэхэр – Къамботрэ Агънокъуэ Лашэрэ – къыхохьэ. Япэрейм и унагъуэцIэр тхыгъэм къыхэщырқъым, ауэ щыпсэуа лъэхъэнэ (Агънокъуэ Лашэ и лъэхъэнэгъущ), щIыпIэ (Джылахъстэнейм щыщщ), иуса гуэрхэм я кIапэлъапэхэр къызэрыгъэлъэгъуамкIэ, ар зэры-Абазэ Къамботыр гурыIуэгъуэ мэхъу. Мыбдежым къыщегъэжьауэ, усакIуэм балладэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм языхэзу уэрэдымрэ макъамэмрэ тхыгъэм къыхешэ, лъэпкъ Iэмэпсымэхэм (шыкIэпшынэ, бжьамий), уэрэд-гъыбзэхэм я гугъу ещI, иужьрейхэм щыщ пычыгъуэхэр абыхэм хеухуанэ.

Ещанэ Iыхьэм деж Лашэ и фитон гъэщIэрэщIам ису Къамбот Джылахъстэнейм здэкIуэжым, Залымхъан и гупыр къытоуэри гъэр ящI, апхуэдэ щIыкIэкIэ дахагъэмрэ (джэгуакIуэм и образыр, абы къыпкърыкI эстетикэр) лIыгъэмрэ (хъунщIакIуэм и образыр) зэпэщIоувэ, икIи япэрейм и къарур нэхъ лъэщу къыщIокI, фIыр, дахагъэр токIуэ. ДжэгуакIуэм и уэрэдым зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъщ, ар захуагъэм и телъхьэщ, джатэми полъэщ, Залымхъан хуэдэ я нэхъ лIы пхъашэми и гур къегъэтIасхъэ. Ар къыхэщу тхыгъэм дыкъыщоджэ:

*ШыкIэпшынэр мэбзэрабзэ,*
*Абы хэлъщ джэгуакIуэм и псэр...*
*Залымхъан умэзэхащ,*
*И напIитIыр ехуэхащ.*



Балладэм къызэрыхэщымкIэ, уэрэдымрэ макъамэмрэ Залымхъан гъуэгу захуэ трашэж, хъунщIакIуэнымрэ абрэджынымрэ IэщIыб ещIри, скульптор Iэзэ къыхэкIауэ, Къуэжьыкъуей Ищхъэрэ къуажэм щопсэу, кIэщIу жыпIэмэ, къызэрыгуэкI мамыр псэукIэм хуокIуэж.

Тхыгъэм и кIэух Iыхьэм уэрэдым и мыхьэнэмрэ джэгуакIуэм и лIыгъэ-лъэкIыныгъэмрэ иджыри зэ дигу къегъэкIыж, усакIуэм и IэдакъэщIэкIым хуиубзыхуа жанрыр къыщIыхихам и щхьэусыгъуэми щхьэтечауэ дыщегъэгъуазэ:

*Мы хъыбарым щIыфIэсщар*
*Сыт-тIэ нобэ сэ балладэ? –*
*Зэрытеухуарщ уэрэдым,*
*Уэрэд нэсым иIэ пщIэм.*
*Ар щреIу мычэму щIылъэм,*
*ЩреIу уафэм, – къигъэпсалъэу,*
*Абы щIэлъ макъамэм, псалъэм*
*ЯлъэкIынум щIэткъым щIэ.*

Тхыгъэр зыхуихьа жанрым ехьэлIа гупсысэхэмкIэ усакIуэр къызэрыддэгуашэри лейкъым, уеблэмэ гъэщIэгъуэнщ, ауэ мыпхуэдэу зэIухауэ къыджимыIэми, «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ» зэрыбалладэр абы и ухуэкIэми, лъабжьэ хуэхъуа сюжетымрэ мотивхэмкIи гурыIуэгъуэщ.

Балладэм лъагъуныгъэ мотивыр лъабжьэ щыхуэхъур зэзэмызэххэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Бицум и «Лъагъуныгъэ» балладэм щIэщыгъуагъ хэлъщ. Тхыгъэм къиIуэтэж хъыбарым «гъэ мин» бжыгъэхэр и ныбжьщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, сюжетыр къызэрыгуэкIщ: фIыуэ зэрылъагъуа ныбжьыщIэхэр – Къетыкъуэрэ Сулимэрэ – фIэкIыпIэ зимыIэ лъэпощхьэпохэм зэпэIэщIэ ящI, ахэр зэхуозэш, псэм и бэлыхь ягъэв, ауэ зэщIэбэгыу ирахьэкI гъащIэм а тIум я гъуэгуанэхэр зэикI щызэхуэзэжыркъым. Идее нэхъыщхьэм лейуэ егупсысын хуэмейуэ, балладэм и кIэм деж усакIуэм къыхегъэщ:

*... И кIэухыр мыращ хъыбар щыпкъэм:*
*Жъы къепщэхукIэ ди къуршхэр мэдым.*
*ЖаIэр ар Сулимэ и гыз макъыу...*
*Аращ лъагъуныгъэм и къарур.*

Жанрым зэрихабзэу, тхыгъэм мифологие мотив хэухуэнащ: Псыхъуэгуащэ, и анэ къызэрилъхуауэ, псыхъуэм дэлъ мывэшхуэм тесу зыIэщIэлъэгъуа Къетыкъуэ, *«Уи нитIыр иугъукI!»* жиIэу къриутIыпща гыбзэр къытохуэри нэф мэхъу, абы къыхэкIкIи я къуажэ игъэзэжыну, фIыуэ илъагъу Сулимэ дахэм хуэзэжыну дзыхь ищIыжыркъым, гъадэщIыдэм хохьэж.

Бицу А. и балладэхэм я фIагъыр зыщылъагъупхъэр жанрыр Iэзэу къызэригъэIэрыхуэфам и закъуэкъым, атIэ абыхэм адыгэм и дунейр къызэрыщигъэлъэгъуарщ, адыгэ хабзэм и дахагъыр психологизм куу, драматизм лъэщ хэлъу и тхыгъэхэм зэрыхиухуэнарщ.



«Жамболэт» балладэм лъабжьэ хуэхъуар «Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ» псалъэжьым щIэлъ философиерщ. Абрэджу, зекIуэлI хахуэу зи гъащIэр езыхьэкIа Жамбот дадэ зэрымыщIэкIэ бэлыхь хэхуа щIалэщIэр къыщыхуепсыхым, ар егъэхьэщIэ, пщIэ хуещI, къыкIэлъыпхъэра бийхэм щихъумэн папщIи езым и псэр ет. Адыгэм хьэщIэм пщIэшхуэ хуищIу зэрыщытар усакIуэм и тхыгъэм щхьэтечауэ щыжеIэ:

*Зи напэр изыгъэщт*
*Псэм япэ а лIыжь хахуэр.*
*И напэр ихъумащ –*
*И хьэщIэр ихъумащ.*
*Бгырысым хьэщIэм пщI*
*Дунейм темыт. Ар нахуэщ.*
*А хабзэм щытекIа*
*Ди лъэпкъыр къэмыхъуа.*

Бицум и IэдакъэщIэкI нэгъуэщI балладэ зыбжанэми – «ЩIакIуэкIапэ», «НэхъыщIэ» – лъабжьэ яхуэхъуар адыгэм и дуней тетыкIэ екIурщ, аращ а тхыгъэхэр лъэпкъ тхыдэм и гъуджэу къыщIэлъытапхъэри.

Дызыхэплъахэр къызэщIэткъуэжмэ, Бицу Анатолэ адыгэ балладэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа усакIуэу зэрыщытыр наIуэ къэхъуащ. УсакIуэм жанрым и хабзэ гугъухэр къигъэIэрыхуэн

лъэкIащ, абы щыгъуэми и тхыгъэхэр псоми къызэдащта къупхъэм ихузакъым, атIэ езым и щхьэзакъуэ хъэтIрэ художественнэ Iэзагъырэ къапкъырощ.

Бицу А. и усыгъэр нэхъыбэрэ къызэпкърыпхыхукIэ нэхъ ину къызэкIуэцIыкIыурэ макIуэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм фащэ и лъэныкъуэкIи, я купщIэ теухуауи, зэрытха бзэкIи яхужыпIэныр куэдщ, зы статьям и кIуэцIкIи къыщыпхузэщIэкъуэнукъым. Аращ абы кандидат диссертацэ псо щIытрагъэпсыхьари: Багъ Иринэ итха «Бицу Анатолэ и усыгъэр: мотив нэхъыщхьэхэмрэ жанрхэмрэ» лэжьыгъэр 2005 гъэм пхигъэкIауэ щытащ. Ауэ абы лъандэрэ илъэс 17 дэкIыжащ, а пIалъэм къриубыдэу Бицум и творчествэм зыужьыныгъэ икIи зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр игъуэтащ, и тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ. Абы къыхэкIкIэ, усакIуэм и тхыгъэхэр къызэщIэзыкъуэн диссертацэ е монографие къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ, апхуэдэ лэжьыгъэр нобэкIэ лъэпкъ литературэ щIэныгъэр зыхуэныкъуэщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

# АДЫГЭУ УКЪАЛЪХУНЫР НАСЫПЩ

Гур здэкIуэм кIуэфыр лIыфIщ, жиIащ пасэрей адыгэм. ЛIыфIым къыщымынэу, абы насып къызэрыдэкIуэри, гупсэхугъуэрэ берычэтрэ къызэрыпэкIуэри щынэрылъагъущ Тыркум къыщалъхуа, зи адэжь щIыналъэм къэкIуэжауэ тыншу щыпсэу Къетыкъуэ Мухьэрэм и гъащIэм. Хэхэсыныр зи натIэ хъуа адыгэ мелуанхэм ящыщт Мухьэрэм. Тхьэм фIыуэ илъэгъуахэм я бжыгъэм хэту къыщIэкIри, хэкужьым унагъуэ щыхъужыну, и щхьэ Iуэху зэрихуэжу гъащIэр щрихьэкIыну къыхуэупсэжащ.



АтIэми, адэжь щIыналъэм къызэрыкIуэжа гъуэгур тыншу икIи кIэщIу щытауэ пхужыIэнукъым. НыбжькIэ щIалэ дыдэу къэкIуэжыну мурад ищIами, а пIалъэр къэмысу къезышэжьэжа щхьэусыгъуэшхуэ иIащ.

Езыр 1965 гъэм Тыркум и къухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэ Эскешехир къалэм къыщалъхуащ. А лъэхъэнэм абы дэс адыгэхэм я насып къиихьауэ къалъытэрт Эскешехир къызэрыщалъхуар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ нэхъыбэ зыдэс къалэу Тыркум итхэм ар язт. Адыгэ къуажэхэм щыпсэуа унагъуэхэм я щIэблэм къызэрыхэкIар ящIэжу, я анэдэлъхубзэр яIурылъу къэхъурт. ЩIыпIэр пхыдзами, уи лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр щыпхъумэжыфырти, абыкIэ я гур ягъэфIырт ди лъэпкъэгъухэм. Абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур нэхъ гугъут къалэдэсхэм. НэгъуэщI лъэпкъхэм укъаухъуреихьу уи быныр адыгэбзэкIэ псалъэу, хабзэм тету бгъэсэныр гугъут. Гугъум къыщымынэу, ар зэрыпхузэфIэмыкIынум и щыхьэту щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ, хамэщI нэс умыIэбэми... ИтIани, укъэзылъхуар хэкупсэ-лъэпкъыпсэу щытмэ, уэри абыхэм ещхь уохъуж. Мухьэрэм и адэ-анэм щIалиплIрэ зы хъыджэбзрэ яIэт, я анэшхуэр я жьантIэм дэсти, езыхэм я адыгэ дуней яIэжу къэхъурт.

– Абы щыгъуэм диIа берычэтымрэ унагъуэм илъа хабзэмрэ зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым, иджыри къыздэсми, срихьэлIакъым, – игу

къегъэкIыж Къетыкъуэм. – ЕтIуанэрауэ, Алыхьым и фIыщIэу къызолъытэ сэ сыкъызыхэкIа лъэпкъым урибыну ущытыныр, адыгэу укъалъхуныр. Насыпу гъащIэр къызэрысхуэупсам я нэхъыщхьэр аращ. Ар къыщыбгурыIуэр балигъ ухъуа нэужькIэщ, адрей лъэпкъхэм уахэсрэ зебгъапщэу укъыщыхъум дежщ.

Укъыщалъхуами ущапIами емылъытауэ, адыгэгу пкIуэцIылъмэ, адыгэ цIыху нэс узэрыхъур хьэкъыу уи фIэщ ещIыф Мухьэрэм. Эскешехир къалэм дэс тыркухэр и дэджэгуэгъуу къэхъу щIалэ цIыкIум зы махуи щыгъупщакъым езыр зэрыадыгэр. Апхуэдэу къагъэхъуащ ар и адэ-анэм.

– Си къуэш нэхъыжь дыдэмрэ си шыпхъумрэ адыгэбзэр фIыуэ ящIэрт. Дэ, нэхъыщIэхэр, тыркубзэм нэхъ дыхуэшэрыуэт. Илъэси 5-6 ди ныбжьу уэрамым дыджэгуу дыщыдэтым, ди ныбжьэгъухэм дарещхьтэкъым дэ. Ди адэ-анэр къекIумрэ къемыкIумрэ, хабзэмрэ абы къемызэгъымрэ махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къытхутепсэлъыхьырти, абы дызэрытетыным иужь дитт. Ауэ щыхъукIи, ди ныбжьэгъухэм сыт ящIэми хъурт, абыхэм а псори къыхуадэрт. Мис ар къыдгурыIуэртэкъым абы щыгъуэм, дэ «уэ уадыгэщ» – жыхуиIэм дыкъигъэувыIэрт.

Сэ сытым дежи жызоIэри, бзэракъым нэхъыщхьэр! Нэхъыщхьэр гуращ! Алыхьым апхуэдэгу, апхуэдэ щхьэ, апхуэдэ гупсысэ къыдитати, адыгэу дыкъызэтенэфащ, ди анэдэлъхубзэр зэдгъэщIэфащ, дызыхэт тыркухэм ядэтлъагъу хабзэм дытехьакъым, дэ езым ди дуней тетыкIэ диIэжащ сыт щыгъуи – дыджэгуу уэрамым дыщыдэтми, дылажьэу балигъхэм дащыхэтми.

Ди адэр губзыгъэт, бын гъэсэныгъэмкIэ ткIийт. ФэрыщIыгъэ илътэкъым ди унагъуэм. Абы дигъэтIысырти, дыкъызыхэкIа лъэпкъыр зыхуэдэм къытхутепсэлъыхьырт, хъунумрэ мыхъунумрэ къыдгуригъаIуэрт. ДыпсэухукIэ фIыщIэ хуэтщIынущ абы, къыдбгъэдилъхьа псом щхьэкIэ.

Школым кIуэн щыщIэддзам ди зэхэщIыкIыр зэфIэувакIэт. Абы ущыщIэтIысхьэжкIэ, япэу еджакIуэхэр къыщызэхуэсыжым деж, зы къыхуеджэныгъэ жаIэрт: «Сэ сытыркущ, Тыркум сыхуэпэжщ!». Сэ фIыуэ седжэрт, нэхъ жыджэрхэм сащыщт, еджапIэм си къалэн псори фIыуэ щызгъэзащIэрт. Ауэ а къыхуеджэныгъэр жысIэну си гум зэи къысхуидакъым. Ар къэспсэлъын хуейуэ си чэзур къыщысам, «сэ апхуэдэу жысIэнукъым, сэ сытыркукъым», – жысIэри псалъэмакъ къэсIэтауэ щытащ. Си адэр ираджат школым, ауэ ар си телъхьэу дыкъэкIуэжащ. ИужькIи, тыркухэр апхуэдэу щыкIийм деж, сигукIэ «сэ сышэрджэсщ» жысIэ зэпытт. Тыркум сыщыпсэуху тырку ныбжьэгъу сиIакъым зэи. Адыгэт си гъусэхэри, си ныбжьэгъухэри, сызыдэлажьэхэри.

1974-1979 гъэхэм хэкум къакIуэ-кIуэжыр нэхъыбэ хъуат, тхылъ, журналхэр нахьырт. Хэкум щыхъыбархэр, дызэджэнухэр къытIэрыхьэ хъури, дыкъызыхэкIа лъэпкъым худиIэ пщIэр, зэхэщIыкIыр нэхъри бэгъуащ.

Илъэс 14-м ситу хасэм кIуэн щIэздзащ. Куэд мыщIэу ансамблми сыхыхьащ. Пасэу лэжьыгъэми сыпэрыхьащ, иджыпсту зи ужь сит хьэрычэт Iуэхур абы щыгъуэм езгъэжьащ. Ухуэныгъэ Iуэхухэм сыщы-

хыхьам махуэм тыркухэм пщIэкIэ сахуэлажьэрт, жэщым адыгэхэм, абхъазхэм я унэхэр пщIэншэу яхузесхьэрт. Адыгэ щIалэ гупыфI дызэныбжьэгъути, дызэгурыIуащ, ахъшэ къэдлэжьыр зэхэтлъхьэу хэкум дызэрыкIуэжын автобус къэтщэхуу, гъуэгу дыкъытеувэжыну. Абы щыгъуэм, 1991 гъэм, си къуэш нэхъыжь дыдэр къэкIуэжауэ щыпсэурт мыбы. ИкIи адэжь щIыналъэми дыщыпсэуфыну, дыщылэжьэфыну зэрыщытыр къызжиIэурэ сытригъэгушхуауэ сыкъыхуеIэрт.

Лъэпкъым, хэкум я пащхьэ щиIэ къалэныр игъэзащIэу, и анэдэлъхубзэмкIэ псалъэу, и лъэпкъэгъухэм яхэту, хабзэр зэрихьэу тыншу Тыркум ис пэтми, Мухьэрэм игури и псэри здэщыIэр Къэбэрдейрт. Хамэ щIыналъэм къыщилэжь ахъшэми, ухуакIуэ лъэрызехьэм къыхуащI пщIэми, бзэкIи, къэрал хабзэкIи хэзагъэми, ар а щIыпIэм зыми щиIыгътэкъым, и хэкужьыр къеджэрти.

Уэ хуэбгъэфащэми, Тхьэм зэрыхъунум хуэдэу ещI. Къетыкъуэм Iуэхуу иIэр зэпилъытщ, зыдэлажьэхэми зэгурыIуэныгъэ ярищIылIэри, и адэжь хэку къыщигъэзэжыну пIалъэр иубзыхуащ. АрщхьэкIэ, гъащIэм арат и хабзэри, зыри зыпэмыплъа насыпыншагъэр абхъазхэм къажьэхэуащ. Куржы-абхъаз зауэр къыщыхъея пщыхьэщхьэм къытеуvауэ жыпIэ хъунущ ар хэкум къэкIуэж гъуэгум. А жэщым къызэщIигъэуIащ и Iэгъуэблагъэм адыгэрэ абхъазу исыр. Гъунапкъэр къызэпиупщIын щхьэкIэ дэфтэрхэр зэригъэпэщын хуейти, зытемыуIуа бжэрэ зыхуэмыза унафэщIрэ къигъэнакъым. Езыми и ныбжьэгъухэми лъагъуэр яхухишри, и къуэшхэм я щхьэхуитыныгъэм щIэзэуну 1991 гъэм Абхъазым къэкIуащ.

– Тырку телевиденэм куржыхэр Абхъазым зэрытеуар къигъэлъагъуэу къызэрыслъагъуу сыкъыщылъэтащ, – игу къегъэкIыж абы. – Баларбаши Хасэм деж зы гуп дыщызэхуэзащ а жэщ дыдэм. А махуэхэм Абхъазым дынэмысыфми, Тыркум деж пэкIухэр къыщызэдгъэпэщыну дызэгурыIуат, гъуэгухэр, посольствэхэр, абы щыпсэу куржыхэр дубыдыну щIалэгъуалэр дызэрызехьэрт. Ауэ сыт хуэдэ Iуэху иужь димыхьами, къытхуадакъым, тырку полицэм дигъэбэуакъым. Куэд къеткъутэкIащ а махуэхэм. Сытми, Тыркум щыпсэу адыгэ-абхъаз щIалэхэр, Сыхъум щыщу Тыркум щеджэхэр, концерт ятыну нэкIуа абхъаз артистхэр гъусэ дызэхуэхъури, шыщхьэуIум и 24-м Абхъазым дыкъэсащ, зауэм и кIэм нэси дыхэтащ.

ЗауэлIым и нэгу щIэкIа псор иIуэтэж и хабзэкъым. Гузэвэгъуэ, гущIыхьэ, нэщхъеягъуэ куэд илъэгъуащ Мухьэрэм а лъэхъэнэм. И гъусэу зауэ губгъуэм ихьа щIалэхэм ящыщ бийм къаукIри, щIилъхьэжащ. Езыри уIэгъэ хьэлъэ хъури, госпиталым щIэлъащ. Дохутырхэри сымаджэщхэри хуэхьэзыртэкъым биишэм къиуIэ щIалэхэм еIэзэнуи ягъэхъужынуи. КъыхуащIэшхуэ зэрыщымыIэм гу лъитэри, тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу бийм пэщIэувэжащ Къетыкъуэр. ИужькIэ Санкт-Петербург къикIа зы дохутыр щIалэ пэщIэхуэри, и пащхьэм къыщыуа гранатэм и къутахуэ 27-рэ къыхахыжауэ щытащ и щхьэм. УIэгъэр хьэлъэми, Мухьэрэм зауэм и кIэ хъуху я гъусащ икIи 1992 гъэм фокIадэм и 30-м пщэдджыжьым сыхьэтыр 7.30-м Абхъазым и бэракъыр Ингур щызыIэтар аращ.

Гъунапкъэхэр зэрыгъэбыдам къыхэкIыу, щIалэхэр занщIэу къикIыжыфакъым Абхъаз Республикэм. Къетыкъуэр Гагрэ мазищкIэ

щыпсэуащ, щылэжьащ. Апхуэдэ псэзэпылъхьэпIэм ита щIалэм хамэ хэку игъэзэжыфынутэкъым, дауэ имыщIми, и хэкужь къигъэзэжын хуейти, и цIыхугъэхэр дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъури, ди лъахэм къэкIуэжащ.

– Хэкум сыкъэкIуэжа нэужь, уIэгъэшхуэ зэрыстелъым къыхэкIыу, япэу цIыхугъэ схуэхъуахэм ящыщт дохутыр цIэрыIуэу щыта Былымгъуэт Борис. Абы деж си къуэшым сишэри, си Iуэху зыIутыр жриIат. Си гум IэфIу къыхуинащ мыр: операцэм ихьыну ахъшэм дыщыщIэупщIэм, «уэ ди къуэшхэм я щхьэхуитыныгъэм уи щхьэр хэплъхьэну ухьэзыру укъэкIуащ, сэ ахъшэ абы щхьэкIэ къыпIысхыну щхьэ уи гугъэ?» – жиIат. Си адыгэбзэр някъуэти, «зы мазэ узот бзэр зэбгъэщIэжыну, адыгэбзэкIэ укъызэпсэлъэн щIумыдзауэ, операцэ усщIынукъым», – жеIэри къысхуигъэуват. Тхылъ куэду седжэрт, Зеикъуэ щыщи къыздыщIэлъти, а къалэныр къызэгугъуэкIакъым, – игу къегъэкIыж Мухьэрэм.

Сыт хуэдиз гугъуехь иримыхьэлIами, лъэпощхьэпо Iумыуами къикIуэтакъым Мухьэрэм. И узыншагъэри адэжь хэкум щызэфIигъэувэжащ, и тхылъ Iуэхухэри зэфIигъэкIащ, хьэрычэт Iуэху ин къыщызэIуихащ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу лъэ быдэкIэ хэку гъащIэм хэувэжащ. Тыркум щызригъэгъуэта IэщIагъэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ мыбдежи къыщегъэсэбэп, зы махуэ зыгъэпсэхугъуи имыIэу мэлажьэ. Нэхъыщхьэращи, унагъуэ дахэ хъуащ. Джэрмэншык щыщ ЛIупхэ я пхъур щхьэгъусэу къишэри, хъыджэбзитIи зэдагъуэтащ. Абыхэм адыгэ пщащэ нэс къищIыкIащ, ехъулIэныгъэфIхэр яIэу курыт еджапIэр къаухащ. Зым урысыбзэмкIэ ита ЕГЭ-мкIэ – балли 100, адрейм урысыбзэмкIи инджылызыбзэмкIи балли 100 къахьащ. Ахэр иджыпсту Тыркум и университет нэхъыфIхэм щоджэ.

Хамэ хэку ущытхъэ нэхърэ, уи хэкужь уисыжмэ зэрынэхъыфIым и щыхьэтщ Къетыкъуэхэ я унагъуэр. ПсыхэкIуадэ хъуакъым Мухьэрэм и нэхъыжьхэм къыхалъхьамрэ зэрагъэсамрэ. А псори гъащIэм дахэу хипщэфащ, нэхъыщхьэрати, езым и гур здэкIуэм и лъэр нихусыфри, къуэпс быдэу адэжь лъахэм щыхэкIэжащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

*Рассказхэр* ОСЕЕВЭ Валентинэ

# КЪУЭХЭР



Псыкъуийм псы къырахыу щыт цIыхубзитIым къабгъэдыхьащ ещанэ цIыхубзыр. Абыхэм япэгъунэгъуу, мывэшхуэм деж зы лIыжь цIыкIу щетIысэхащ, зигъэпсэхуну.

ЦIыхубзитIым щIадзащ я къуэхэм щытхъуу. Зыр къопсалъэри жеIэ:

– Сэ си къуэр апхуэдизкIэ къарууфIэщи, абы къыпэлъэщын щыIэкъым.

– Сэ сысейм зыуэ дахэу уэрэд жеIэри, уэрэдбзу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. Зыми иIэкъым апхуэдэ макъ дахэ, – жи етIуанэм.

Ауэ ещанэ цIыхубзым зыри жиIэртэкъым, щымт.

– Сыт уэ уи къуэм теухуауэ зыри щIыжумыIэр? – къоупщI абы модрей цIыхубзитIыр.

– СщIэркъым жысIэнур. Сэ си къуэр адрейхэм зыкIи ефIэкIыркъым.

Я пэгунхэр из зэращIу, цIыхубзхэр къежьэжащ, кIуэжыну. ЛIыжь цIыкIури къэтэджыжри, абыхэм я ужь иуващ.

Пэгунхэр хьэлъэщи, къэувыIэм, загъэпсэхуурэ, макIуэ цIыхубзхэр. Я Iэхэр, я щIыбыр мэуз, псыри пэгуным къреутхыкI.

Абдеж занщIэу щIалэ цIыкIуищ къыкъуож.

Зым зыщхьэпридзурэ блокI, цIыхубзхэри абы кIэлъоплъ, гуфIэу.

ЕтIуанэри блокI, уэрэд дахэ къришу. Абы и макъым, дихьэхауэ, йодаIуэ цIыхубзхэр.

Ещанэ щIалэ цIыкIур и анэм къыбгъэдолъадэри, пэгун хьэлъитIыр къыIэщIех. Псыкъуийм деж ещанэу къыIухьа цIыхубзырат ар зи къуэр.

Зи къуэхэм щытхъуа цIыхубзитIыр, загъэщIагъуэу, йоупщI лIыжь цIыкIум:

– НтIэ, дауэ къыпщыхъуа ди къуэхэр?

– А жыхуэфIэхэр дэнэ здэщыIэр? – жи лIыжь цIыкIум. – Сэ зы къуэщ слъэгъуар!

# ТХЬЭКIУМЭКIЫХЬ ПЫIЭ

Еуэщ-еIэри, зы тхьэкIумэкIыхь гуэр псэурт. И цыр щабэт, и тхьэкIумэр дзасэт. КIэщIу жыпIэмэ, адрей тхьэкIумэкIыхьхэм ар зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым. ТхьэкIумэкIыхь къызэрыгуэкIт. Ауэ апхуэдизкIэ щхьэщытхъути, мэз псом щIэбгъуэтэнутэкъым абы ещхь.

Зы махуэ гуэрым ар ирихьэлIащ тхьэкIумэкIыхь цIыкIухэр тафэм деж щыджэгуу: жыг лъэдакъэ лъахъшэ цIыкIум къелъэ-нелъэу.

– Сытым щыщ а фэ фщIэр! – жери къокIий ар. – Сэ, зыуи къысщымысхъуу, мо уэздыгъейм селъэфынущ!

«Хэт нэхъ лъагэу шыкIуртIымыр дримыдзейрэ?» – жаIэу ахэр щыджэгуми, мыращ яжриIар:

– Сытым щыщ а фэ фщIэр! Сэ сыхуеймэ, пшэм техуэу дэздзеифынущ шыкIуртIымыр!

ТхьэкIумэкIыхь цIыкIухэр абы къыщодыхьэшх: «Щхьэщытхъу цIыкIу!» – жари.

Зы махуэ гуэрым щакIуэр мэзым къэкIуауэ, а тхьэкIумэкIыхь щхьэщытхъур къиукIащ, икIи и фэм пыIэ къыхищIыкIащ. ЩакIуэм и къуэ цIыкIум а пыIэр зэрызыщхьэритIагъэу, зыщытхъужу, и ныбжьэгъухэм захуигъэлIу щIидзащ:

– Сэ псори сощIэ, уеблэмэ езы егъэджакIуэ дыдэм нэхърэ нэхъыфIу. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ къыдимытми, сыпэлъэщынущ.

– Щхьэщытхъу цIыкIу! – къыжраIэ абы и ныбжьэгъухэм.

Ауэ еджапIэм къакIуэу и тхьэкIумэкIыхь пыIэр зэрызыщхьэрихыу, абы зыкъищIэжащ:

– Сытым щхьэкIэ сызыщытхъужа! – жи абы, укIытэжауэ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэу ар и ныбжьэгъухэм я гъусэу бгым IэжьэкIэ къежэхыну кIуэрти, и тхьэкIумэкIыхь пыIэр зыщхьэритIэгъащ. Арати, аргуэру щIидзащ зыщытхъужу.

– Сэ иджыпсту мы бгым сыкъежэхынщи, сыкъэмыувыIэу сынэсынщ гуэлым и адрей Iуфэм нэс.

Ауэ ар бгым къыщежэхым и Iэжьэр щхьэпридзащ, и тхьэкIумэкIыхь пыIэри къыщхьэрыхури, уэс куум хэкIуэдащ. Дапхуэдизрэ мылъыхъуами, игъуэтыжакъым.

Зы махуэ гуэрым хъыджэбз цIыкIухэр мэзым кIуэну ежьащ, чыху къэтщыпынщ, жаIэри. ЗэкIэрыху зэрымыхъунум тепсэлъыхьурэ здэкIуэм, зы хъыджэбз цIыкIу гуэрым къелъагъу пыIэ хужь бацэ уэсым хэлъу.

ПыIэр къиштэри, занщIэу зыщхьэритIэгъащ. Арыххэуи, къыпхуэмыцIыхужыну зэуэ зэкIуэкIащ, и пэр дригъэзеящи, зыщотхъуж:

– Сыт сэ фэ сыщIывигъусэр? Фэ псоми зэхэту зэхуэфхьэс чыхум нэхърэ нэхъыбэ сэ си закъуэ зэхуэсхьэсынурэ фи япи унэм сынэсыжынущ!

– КIуэ-тIэ уи закъуэу, – къыжраIэ абы и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм. – Сыту Iейуэ укъызыфIэщIыжа, щхьэщытхъу цIыкIу!

Абы зыкъыхуагъэгусэри, и ныбжьэгъухэр ежьэжащ.

– ЗыкIи сыфхуэныкъуэкъым! – якIэлъокIий ар хъыджэбз цIыкIухэм. – Зыгу из хъун нэслъэфауэ фэзгъэлъагъунщ!

И пыIэм уэсыр тригъэлъэлъыну зыщхьэрихри, ихъуреягъкIэ зыкъиплъыхьащ.

– Сыт сэ си закъуэу мы мэзым щысщIэнур? – къэгужьеящ ар. – Си закъуэмэ, гъуэгури къысхуэцIыхужынукъым, чыхуи схузэхуэхьэсынукъым.

ПыIэр хыфIидзэри, ар якIэлъыжащ и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм. ПыIэр чыцэ лъабжьэм къыщIэнащ. Ауэ ар абдеж куэдрэ

щIэлъакъым. Хэт блэкIами, абы къигъуэтащ. Хэт къилъэгъуами, абы къищтащ.

ЦIыкIухэ, фи хъуреягъкIэ зыфплъыхьыт, фэ фщыщ зыгуэрым щхьэрымыгъыу пIэрэ тхьэкIумэкIыхь пыIэ?

# ПСОРИ КЪОЗЫГЪЭХЪУЛIЭ ПСАЛЪЭ

ЖьакIэ хужь кIыхь зытет лIыжь цIыкIу тетIысхьэпIэм тест, иIыгъ жьауэмкIэ сурэт гуэрхэр пшахъуэ гущIыIум щритхъэу.

– КIуатэ, – жери Павлик абы къыбгъэдыхьэри, тетIысхьэпIэм и кIапэмкIэ къыпытIысхьащ.

ЛIыжь цIыкIур кIуэтащ. ЩIалэ цIыкIур къызэрыгубжьамрэ и нэкIур къызэрызэщIэплъамрэ щилъагъум, мыпхуэдэу къыжриIащ:

– Сыт, зыгуэр къыпщыщIауэ ара?

– А-а, зырикIщ ар! Ауэ сыт уэ абы уи Iуэхуу хэлъыр? – нэбгъузкIэ еплъащ абы Павлик.

– Пэжщ, абы сэ си Iуэху хэлъкъым. Ауэ сэ сощIэ уэ зыгуэр щхьэкIэ укъызэрыгубжьар, узэрыкIияр, узэрыгъар, зыгуэрым узэрыфIэнар...

– ДауикI! – губжь хэлъу жиIащ щIалэ цIыкIум. – Сэ куэд мыщIэу сыдэкIынущ ди пщIантIэм, зэи къэзмыгъэзэжыну.

– УдэкIыпэуи?

– СыдэкIыпэу! Ленэжь цIыкIу и закъуэ урикъунщ унэм зэи умыгъэзэжыну, – жери, Павлик IэштIым ищIащ. – Сэ абы сеуэным зытIэкIущ иIэжар. Сурэт зэращI краскэ и куэдщи, абы щыщу зы закъуи къызитыркъым.

– Къыуимытуи? НтIэ, абы щхьэкIэ унэм ущIэкIуэсыкI хъурэ?!

– Абы и закъуэкъым. Зы пхъы закъуэ къэсщтати, нанэ къысщIэгубжьэри, пщэфIапIэм сыкъыщIихужащ, ари хъыданыжь иIыгъымкIэ къызэуэурэ...

Павлик, ар Iейуэ и жагъуэ зэрыхъуар IупщIу, и пэр дрилъэфеящ, къэгъын хьэзыру.

– Ар зырикIщ! – жиIащ лIыжь цIыкIум. – Зыр къошхыдэми, адрейм уфIэгуэныхь хъунщ.

– Сэ зыми сыфIэгуэныхькъым! – къэкIиящ Павлик занщIэу. – Си къуэшыр кхъуафэжьейкIэ зыплъыхьакIуэ кIуэрти, сыкъыздищтэн идакъым. Ар щимыдэм, мыпхуэдэу жесIащ: «Сыкъыздэщти нэхъыфIщ, армыхъумэ, сыпкIэрыкIынукъым: уи кхъуафэжьей хьэнцэхэр къэздыгъунущ, уи кхъуафэжьейм сынипщхьэнущ».

Павлик IэштIымкIэ еуэщ зытес тетIысхьэпIэми, зытэлайкIэ зиущэхуащ.

– Сыт уи къуэшым укъыздищтэн щIимыдэр?

– Сыт уэ псоми ущIыщIэупщIэр?

ЛIыжь цIыкIум и жьакIэм хуэму и Iэр дилъэри, жиIащ:

– Сэ уэ сыбдэIэпыкъуну сыхуейщ. Уэ пщIэркъым псори къозыгъэхъулIэ псалъэ зэрыщыIэр.

Павлик и жьэр Iурыхуауэ йоплъ лIыжь цIыкIум.

– Сэ бжесIэнщ ар сыт хуэдэ псалъэми, ауэ мыр быдэу уи гум иубыдэ: а псалъэр макъ щэхукIэщ зэрыжыпIэн хуейр, ари узэпсалъэ

цIыхум и нэм ущIэплъэурэ. Зыщумыгъэгъупщэ: макъ щэхукIэ, и нэм ущIэплъэурэ.

– Ар сыт хуэдэ псалъэ?

ЛIыжь цIыкIум Павлик и тхьэкIумэм гъунэгъу зыкъыхуищIащ, и жьакIэ щабэр щIалэ цIыкIум и нэкIум еIусэу. Абы щэхуу зыгуэр къыжриIэри, ину дыщIигъужащ:

– Мис а псалъэр жыпIэмэ, псори къохъулIэнущ. Ауэ зыщумыгъэгъупщэ ар зэрыжыпIэн хуей щIыкIэр.

– Хъунщ, – къэгуфIащ Павлик. – Иджыпсту сыкIуэжынщи, сеплъынщ ар пцIырэ пэжрэ.

Павлик псынщIэу къыщылъэтри щIэпхъуэжащ.

Ар унэм къыщысыжам и шыпхъу Ленэ цIыкIу стIолым бгъэдэст, сурэт ищIу. Краскэ зэмыфэгъу куэд – хэт плъыжьу, хэт щIыхуу, хэти удзыфэу – абы и пащхьэм илът. И дэлъхур къызэрилъагъуу, краскэхэр къызэщIикъуэри, IэхэмкIэ быдэу иубыдыжащ.

«СыкъигъэпцIащ лIыжь цIыкIум, – жиIащ Павлик игукIэ. – Мыбы хуэдэм къыгурыIуэну псори къозыгъэхъулIэ а псалъэр?!»

Павлик и шыпхъум хуэмурэ бгъэдыхьэри, Iэщхьэм мащIэу къекъуащ. Ленэ къыщызэплъэкIым, Павлик абы и нэм щIэплъэурэ макъ щабэкIэ жиIащ:

– Ленэ, зы краскэ закъуэ къызэт... кхъыIэ.

Хъыджэбз цIыкIур, и нэр къихуу, къеплъащ и дэлъхум, абы жиIар и фIэщ мыхъу хуэдэ.

И IитIымкIэ щIихъумэу, Павлик щигъэпщкIуа краскэхэр къызыкъуихыжри, Ленэ жиIащ:

– Сыт хуэдэра узыхуейр?

– ЩIыхуращ, – жиIащ Павлик, темыгушхуащэурэ.

ЩIалэ цIыкIум краскэр къиищтэщ, ар иIыгъыу, къикIукIникIукIыу, пэшым зыкъомрэ щIэтри, и шыпхъу Ленэ иритыжащ. Павлик зыкIи хуейтэкъым а краскэм. Иджыпсту ар зэгупсысыр зыт: псори къозыгъэхъулIэ псалъэ «кхъыIэ» жыхуиIэм къаруушхуэ зэриIэрт.

«Иджы нанэ и деж сыкIуэнщ. Ар иджыпсту пщэфIапIэм щIэтын хуейщ, шхын игъэхьэзыру. СыкъыщIихужыну пIэрэ иджыри?»

Павлик пщэфIапIэм и бжэр хуэмурэ Iуихри, щIыхьащ. Нанэ хьэлывэ хуабэхэр зэрылъ тепщэчышхуэр Iэнэм къытригъэувэрт. ЩIалэ цIыкIур абы бгъэдэлъадэри, езым дежкIэ къригъэзэкIащ, икIи, и нэм щIэплъэурэ, щэхуу жиIащ:

– Зы хьэлывэ къызэт ... кхъыIэ.

Фызыжьыр захуэу къызэфIэуващ. Абы и нэгур зыуэ къигуфIыкIырти!.. Псори къозыгъэхъулIэ псалъэ «кхъыIэ» жыхуиIэм нанэм и нэгур зэщIигъэнэхуащи, и Iупэр фIызэтож, и нэхэр къогуфIыкI.

– Пщтыру ... нэхъ пщтыру узыхуейр, си псэ тIэкIу? – жиIэрт абы гуфIэжу, и къуэрылъху цIыкIум хьэлывэ нэхъыфI дыдэр, нэхъ тхъуэплъу жьар къыхухихыурэ.

Павлик апхуэдизкIэ къэгуфIати, дэлъеящ, дэпкIеящ, и анэшхуэм бгъэдэлъадэри, и нэкIум лъэныкъуитIымкIи ба хуищIащ.

«Удыгъэ хэлъщ а псалъэм! Удыгъэ хэлъщ!» – къытригъэзэжурэ, игукIэ жиIэрт Павлик лIыжь цIыкIум кърита чэнджэщыр игъэщIагъуэурэ.

Шэджагъуашхэ щащIым, Павлик щэхуу щысащ, и къуэшым жиIэ дэтхэнэ зы псалъэми гупсэхуу щIэдэIуу. КхъуафэжьеймкIэ ежьэну щыжиIэм, Павлик абы и дамэм и Iэр трилъхьэри, макъ щабэкIэ елъэIуащ:

– Сэри сыкъыздэщтэ... кхъыIэ.

Iэнэм бгъэдэсхэр псори зэщIэщымащ. Павлик и къуэшым и набдзэхэр дригъэуейри, къыпыгуфIыкIащ.

– Къыздэщтэ, – жиIащ Ленэ. – Уэ зыри пхэщIынукъым абы щхьэкIэ!

– Сыт къыщIыздумыщтэнур? – къыпыгуфIыкIащ нани. – Дауи, къыздэпщтэнщ.

Павлик и къуэшыр гуапэу къыпыгуфIыкIри, щIалэ цIыкIум и дамэм къытеуIуащ, и щхьэцри къыхуигъэцыбырыбащ.

– Ей, уэри уэ, зыплъыхьакIуэ! – ЖиIащ абы ину. – Хъунщ-тIэ, зыгъэхьэзыр.

«КъыздэIэпыкъуащ! Аргуэру къыздэIэпыкъуащ!»

Павлик Iэнэм къыпэрыжыжщ, уэрамым дэлъадэри, занщIэу иунэтIащ лIыжь цIыкIум щыхуэза щIыпIэмкIэ. Ауэ сыт, игъуэтыжакъым. Ар зытеса тетIысхьэпIэр нэщIт. Къэнар лIыжь цIыкIум и жьауэмкIэ пшахъуэ гущIыIум щритхъа сурэт мыгурыIуэгъуэхэм я закъуэт.

*ЗэзыдзэкIар* **МЫКЪУЭЖЬ Людмилэщ**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз






*ЕкIуэкIыу:* **7.** Зы ... дзэ псор егъэкIуэд. **8.** Дэрбзэрым ущытхъумэ, ... джанэ къыпхухех. **10.** АжалитI щыщымыIэкIэ, а зэ ... лIыгъэ хэлъхьэ. **11.** Уи жагъуэгъум уи псэр ептми, уи щэху ... . **12.** МафIэншэри шхыныншэри ... . **15.** Щхъухьышхуэри ..., щхъухь цIыкIури щхъухьщ. **16.** Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и ... . **18.** ... дыгъужь хуэлъэщ. **19.** ... и нэгу щIэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ. **20.** ... IэфIщ. **24.** Закъуэнычгъэ ... Iэл къыбдис. **25.** ... лъэджажэ нэхъей. **26.** Шыр ... и гъусэмэ, шыд хьэл зыхелъхьэ. **28.** Уи жьэр инрэ уи щхьэр цIыкIумэ, ... . **32.** Нэм щIэтыр псэм ... . **33.** ... мыгъуэ мэхъу. **34.** Джанэ ... лажьэ мыIуэтэжрэ щыIэкъым. **35.** ЛIыфI и щытхъу ... .

*Къехыу:* **1.** Дунейр шэрхъщи, ... . **2.** ... дыгъужьибл къегъапцIэ. **3.** Хьэдрыхэ кIуэрэ зи дыщ ... хэт иубыда? **4.** ... пэт жьэкIэ хьэмбылу и шырхэм къахуехь. **5.** ... щигуфIэгъуэм, дыгъуэм и гуIэгъуэщ. **6.** Къамылъху ... . **9.** Хъуэжэ лIыщIэ къиштэри лIыщIакIуэ ... . **13.** Къуэш ... башым IэплIэ ирешэкI. **14.** ... нэхърэ накъэпакъэ. **16.** ... хабээжьым укъемыкъуж. **17.** Игурэ и ... зэтелъщ. **21.** Игурэ и жьэрэ ... . **22.** Гъэмахуэм гупкIэ ... унэщ. **23.** Быным ... хабээкъым. **27.** ... гъэбжьыфIэщ. **29.** ... уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым. **30.** ... пшахъуэщи, гъащIэр пцIащхъуэщ. **31.** Лырэ ... мацэ тIа яку дэлъщ.

---

**Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Псышэд. **7.** Хуэдэщи. **9.** Уэс. **10.** ЖамыIэ. **11.** Акъылыр. **12.** Сабырым. **13.** Щхъухьщ. **14.** Щхьэм. **20.** Бабыщ. **22.** Аркъэн. **23.** Нэгъуджэ. **24.** Пэжым. **27.** Башщ. **32.** Унэм. **33.** ЛэжьэнкIэ. **34.** Зэхэшэ. **35.** ГуфIэгъуэм. **36.** Хьэку. **37.** Игъуэтыр. **38.** Хьэрэмщ.



*Къехыу:* **1.** Былымщ. **2.** ГъэIэси. **3.** ЛъэкIамэ. **4.** Нэмысщ. **5.** ПцIащхъуэ. **6.** Гуэдзыр. **8.** ИкIыгъуэм. **15.** ЯпэкIэ. **16.** Щанэр. **17.** Фызым. **18.** Гъунэгъум. **19.** Гурэ. **21.** Еджа. **25.** Гуапэми. **26.** Бэшэчщ. **28.** ЩхьэкIуэм. **29.** Блэжьын. **30.** ХьэщIэм. **31.** IэгунэщI. **32.** Уэзджэр.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№4**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 05.08.22. Выход в свет 31.08.22
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.043 экз. Заказ №1601
Подписная цена на 2 месяца 37р. 60к.
Подписная цена на 6 месяцев 112р. 80к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».


НАВЕКИ
С РОССИЕЙ